

# Preskole



[ pwofesè ]

ane  
1



*Liv pwofesè timoun preskolè yo (4-5 ane).*

# PreSkole

**Louie Bustle**, Direktè Misyon Mondyal

**Mario J. Zani**, manadjè jeneral

**Marcelo Laffitte**, Editè jeneral kay Piblikasyon Nazareyen

**Ana M. Zani**, Editè Literati pou timoun yo nan kay Piblikasyon Nazareyen yo

Ki ekri pou komite Entenasyonal Literati Timoun yo.

**Sevagraf - Longseller**, Grafik ak Enprime yo.

**Absolu Kesner** – Tradikté (Creole)

**Nixon Lima** - Mise en paj

Leson sa yo te tradi epi yo gen rapò ak materyèl oriijinal ki te pibliye an Anglè pa WordAction Publication.

Koresponn a premye sik 2 ane Preskolè a.

Pibliye pa  
Kay Nazareyen pou Piblikasyon yo  
Bwenozè, Ajantin Dwa yo rezève dirèk nan lalwa.

Premye dokiman, 2016

Pèsonn pa gen dwa repwodwi tout oswa yon pati nan nenpòt ki fason.





# **Kontni**

## **ÈD POU PWOFESÈ**

5

Entwodiksyon chak inite  
 Aspè jeneral lesон an  
 Chak lesон genyen sijesyon yo nan itilizasyon memorize mo a  
 Timoun nan, kondit li ak pwofesè a  
 Nou konnen elèv preskolè yo  
 Resous didaktik  
 Enpòtans promosyon elèv yo nan pwochen klas  
 Sètifika Pwomosyon

## **ENTWODIKSYON INITE I: JEZI TE GRANDI**

13

Leson	1	Fanmi Jezi ale Ejip	14
Leson	2	Jezi vizite tanp la	16
Leson	3	Jezi geri yon timoun malad	18
Leson	4	Jezi vizite Zache	20

## **ENTRODIKSYON INITE II: MIRAK JEZI YO**

22

Leson	5	Jezi geri yon ansyen	23
Leson	6	Jezi ede yon predikatè	25
Leson	7	Jezi kalme gwo van an	27
Leson	8	Jezi bay moun yo manje	30

## **ENTWODIKSYON III: BONDYE MONTRE LANMOU LI**

32

Leson	9	Bondye montre lanmou nan papa yo	33
Leson	10	Bondye montre lanmou li nan gran papa yo	35
Leson	11	Bondye montre lanmou li nan frè legliz yo	37
Leson	12	Bondye montre lanmou li nan Jezi	39

## **ENTRODIKSYON INITE IV: JEZI, PITIT BONDYE A, VIVAN**

41

Leson	13	Jezi resisite Laza	42
Leson	14	Jezi geri yon nonm avèg	44
Leson	15	Jezi pale avek Pyè	46
Leson	16	Jezi ale Jerizalèm	48
Leson	17	Jezi vivan!	50

## **ENTWODIKSYON INITE V: BONDYE SE KREYATÈ NOU**

53

Leson	18	Bondye te fè mond lan	54
Leson	19	Bondye te fè moun yo	56
Leson	20	Adan ak Èv te dezobeyi Bondye	58
Leson	21	Noe te obeyi Bondye	60

## **ENTWODIKSYON INITE VI: BIB LA PALE NOU SOU ABRARAM**

62

Leson	22	Bondye te fè Abraram yon pwomès	63
Leson	23	Lo pran yon desizyon	65
Leson	24	Bondye akonpli pwomès li te fè ak Abraram	67
Leson	25	Jou Izarak fêt	69
Leson	26	Elyezè jwenn yon fanm pou Izarak	71

<b>ENTWODIKSYON INITÉ VII: BIB LA PALE NOU SOU JOZÈF</b>	<b>73</b>
Leson     27     Jakòb renmen pitit li Jozef	74
Leson     28     Jozèf rankontre Frè li yo	76
Leson     29     Jozèf ede fanmi li	78
Leson     30     Jakòb renmen pitit li yo	80
<b>ENTWODIKSYON INITÉ VIII: BIB LA PALE NOU SOU MOYIZ</b>	<b>82</b>
Leson     31     Bondye pwoteje Moyiz	83
Leson     32     Moyiz obeyi Bondye	86
Leson     33     Moyiz konfyé nan Bondye	88
Leson     34     Moyiz montre moun konfyé nan Bondye	90
Leson     35     Bondye bay manje pou pèp li	92
<b>ENTWODIKSYON INITÉ IX: BONDYE PALE AK NOU PA MWAYEN BIB LA</b>	<b>94</b>
Leson     36     Jozafa voye mèt yo avèk pawòl Bondye	95
Leson     37     Moyiz resevwa pawòl Bondye a	97
Leson     38     Jozyas li pawòl Bondye a	99
Leson     39     Jeremi pwoklame pawòl Bondye a	101
<b>ENTWODIKSYON INITÉ X: BIB LA NOU SOU POUVWA BONDYE</b>	<b>103</b>
Leson     40     Pouvwa Bondye nan Jeriko	104
Leson     41     Pouvwa Bondye lè lapli pa tonbe	106
Leson     42     Pouvwa Bondye nan mòn kamèl la	108
Leson     43     Pouvwa Bondye nan fou dife a	110
Leson     44     Pouvwa Bondye avèk Danyèl nan fòs lyon an	112
<b>ENTWODIKSYON INITÉ XI: BIB LA PALE NOU SOU PYÈ</b>	<b>114</b>
Leson     45     Pyè pale sou Jezi	115
Leson     46     Pyè ede yon nonm kokobe	117
Leson     47     Pyè rakonte bòn nouvèl yo avèk Konèy	119
Leson     48     Zanmi Pyè yo priye pou li	121
<b>ENTWODIKSYON INITÉ XII: BONDYE VOYE YO AVÈK PITIT LI</b>	<b>123</b>
Leson     49     Bondye pwomèt l'ap voye pitit li	124
Leson     50     Bondye voye pitit li	126
Leson     51     Bèje yo vin wè Jezi	128
Leson     52     Simeyon ak Àn wè pitit Bondye a	130
<b>MATERYÈ L EDIKASYON KRETYÈN POU TIMOUN YO</b>	<b>132</b>

# **ÈD POU PWOFESÈ**

## **ENTWODIKSYON CHAK INITE**

Nan li n'ap jwenn objektif inite a, tèks biblik, mo kle yo ak yon gid jeneral pou tout lesон yo.

### **I. ASPÈ JENERAL LESON AN**

#### **Baz biblik**

Siyale pasaj biblik ke lesон an pote. Li kapab refere ak youn ou plizyè liv, oswa anpil pasaj nan Bib la. Ou dwe li pasaj la epi familyarize ak li.

#### **Objektif lesон an**

Fè yo wè klè kote yo dwe dirije yo avèk frè yo epi sa yo dwe jwenn pa mwayen pwosesis ansèyman aprantisaj la.

#### **Tèks pou aprann**

Li pi bon pou itilize yon sèl vèsè biblik pou tout inite a, avèk yon bi pou mete aksan sou verite santral la.

### **II. PREPARASYON POU PWOFESÈ A**

Dezyèm seksyon sa a prezante yon èd pou pasaj etid biblik la, kote li pral ogmante konesans pwofesè a sou tèm nan. Yon kontèks biblik enkli tou e fason timoun yo aprann nan laj sa. Pou yon pi bon efikasite, sonje sa ki aprè yo:

- ❖ E Priye epi mande Bondye direksyon.
- ❖ E Li pasaj nan Bib la plizyè fwa epi pran nòt nan yon kaye ide santral ke ou jwenn.
- ❖ E Gade lòt vèsyon nan Bib la, kòmantè biblik, diksyonè biblik, elatriye.
- ❖ E Konpare ide yo avèk sa yo ki prezante nan liv sa.
- ❖ E Medite sou chak ide sa yo, epi reflechi kòman aplike pasaj la nan pwòp lavi ou epi nan lavi elèv ou yo.

### **III. DEVELOPMAN LESON AN**

Isit la moman nan devlopman lesон yo idantifye pi gwo pèfòmans aprantisaj la.

#### **Atansyon**

Se moman kle pou kapte enterè elèv la. Bay timoun nan premye ide yo sou sa ki adrese sijè sa a nan lesон an. Ou pral jwenn tou aktivite diferan, tankou: kesyon revizyon, ti konesans bazik oswa refleksyon, aktivite nan elèv la, elatriye.

#### **Istwa biblik**

Istwa biblik la dwe devlope avèk metòd nan kote elèv yo aktivman angaje. Sa asire w ke pwen kle yo klè nan lespri timoun yo. Ou ka pratike nan kay la prezantasyon tèm nan pou ou ka genyen yon pi gwo sekirite kont etidyan yo. Ankouraje! Travay la se pou Seyè a, epi ou se yon zouti nan men li pou pote ou..

#### **Aplikasyon pou lavi**

Sa se tan pou elèv la reflechi sou lavi chak jou yo. Li se tan pou gide ou mande kijan lavi ou ye fas avèk sa Bib la anseye. Anjeneral sa yo, se aktivite avèk kesyon ke yo reponn yon fason pèsonèl. Dirije timoun yo nan refleksyon men se pa nan manipile. Repons yo, tankou sa yo dwe otantik e pèsonèl.

### **IV. KONEKSYON**

Nan seksyon sa a n'ap jwenn lòt aktivite ranfò pou lesон an, tankou devwa nan liv yo ak jwèt yo

## **V. ANÈKS**

- a. Memorize tèks la, jwèt yo.
- b. Pou fini: moman priyè yo ak refleksyon.

**Sijesyon yo:** Tanpri note ke lesion an pa sèlman nan klas la, men se pratik pou prepare pandan tout semèn nan.

- ◆ Vizite elèv yo omwen yon fwa chak semès.
- ◆ Priye e kominike avèk etidyan yo pa mwayen lèt, rele nan telefòn yo, envite yo, oswa vizite yo si yo pa vini nan klas la ankò.
- ◆ Voye yon lèt oswa mansyone evènman espesyal nan lavi elèv la, tankou fèt anivèsè yo, jou espesyal, elatriye.
- ◆ Ankouraje elèv yo pa mwayen konkou pou motive yo asiste, aprann, memorize tèks yo, envite yo avèk zanmi yo, elatriye.
- ◆ Rive byen bonè pou jwenn sal la pare.
- ◆ Nan lè y'ap prepare sal yo, pran an kont laj yo, bezwen yo ak pwoblèm elèv yo.

## **CHAK LESON GENYEN SIJESYON YO NAN ITILIZASYON MEMORIZÉ MO A.**

### **1. KISA VÈSÈ A DI?**

Elèv yo dwe wè epi eksprime ak sans yo.

#### **Koudèy**

Nan Bib la.

Nan kat yo, papye bristòl, fèy, èd vizyèl yo oswa nan tablo.

#### **Son**

Li l byen fò. Pou timoun yo ka li l tou.

#### **Vwa**

Repete li aprè koute. Li l avèk lòt yo e chak moun. Lekti koral oswa yon group.

Chante li.

#### **Men yo**

Ekri vèsè a nan tablo, kat yo, katon yo, bann papye yo oswa papye bristòl koulè yo. Ranpli espas vid yo.

Kase tèt

### **2. ¿KISA SA SIYIFI?**

#### **Eksploré definisyon yo**

Timoun yo eksprime sa yo konprann nan vèsè biblik la. Eksplike mo

Timoun yo pa konnen.

#### **Kòmantè kontèks la**

Yo kapab ede yo avèk kòmantè biblik, diksyonè oswa kesyon oubyen lòt. Chache istwa vèsè biblik yo.

Kiyès ki pale e ak ki moun oswa ki moun yo pale? Kòmantè evènman yo oswa faktè ke yo te devlope.

#### **Ilistre vèsè a**

Montre desen oswa desen anime. Fè desen yo.

Itilize langaj avèk siy oswa jès.

### **3. ¿KÒMAN MWEN APIKE LI NAN LAVI MWEN?**

Diskite sou sa ki aprè yo:

Aplikasyon vèsè biblik la genyen nan lavi chak jou.

Nan ki sikonstans l'ap ede ou, ki konsekans l'ap pote nan lavi ou epi nan lavi lòt yo.

#### **Sonje yon vèsè**

Lè ou tante.

Lè ou nan pwoblèm.

Lè ou ankouraje lòt moun.

## **TIMOUN NAN, KONDIT LI AK PWOFESÈ A**

### **1. Konprann elèv yo epi pèmèt yo gen yon konpòtman nòmal.**

Timoun yo aktif epi kirye.

Pa trete yo tankou modèl gramoun. Yo dwe toujou fè diferans ant move konpòtman ak enkapasite.

### **2. Yon atmosfè favorab nan klas la kapab antrene bon konpòtman.**

Lèse timoun yo kwè ke ou remnen yo epi apresye yo. Demontre enterè nan sa y'ap jwenn andeyò klas la.

Swa òganize nan sa k'ap fèt ak kijan elèv yo okipe.

Bay yon gid kle ak konsistan, ki ka fè timoun yo konnen sa w'ap tann nan yo. Pa demontre genyen ou plis renmen.

### **3. Ekzèse wòl pwofesè ou.**

Sa dwe anchaje nan klas la.

Ou dwe bay yon figi otorite nan sa elèv yo ap repete. Fè tankou ou zanmi elèv yo.

Bay yon bon ekzanp sou sa w'ap tann de yo.

### **4. Itilize metòd ki genyen pou timoun yo epi ki pran enterè yo.**

Sa ki prepare a epi rive nan salon an avan elèv yo.

Bay plizyè aktivite ki apwopriye pou laj piti yo. Itilize aktivite ki pran enterè yo ak kapasite yo.

Pèmèt ke yo chwazi kèk nan aktivite yo.

### **5. Konsantre ak yon konpòtman pozitif.**

Limite nimewo règ la.

Lè ou korije yon elèv, fè paran yo konnen sa, pwofesè prensipal yo oswa moun ki responsab yo. Mande èd asistans yo.

## **¿KISA KI KA RIVE LÈ YON TIMOUN KONPÒTE LI MAL?**

### **1. Chache koz pwoblèm nan.**

- Èske timoun nan gen yon pwoblèm aprann oswa lasante ki anpeche li patisipe aktif nan klas la?
- Èske li eseye kontwole li sèlman nan klas la?
- Èske li genyen talan espesyal oswa yon nivo depase nan rès yo, ki fè li nwi nan klas la?
- Èske lè li konn sa ki lakoz pwoblèm nan, èske li petèt kapab aranje li pandan ou pa di sa avèk paran timoun yo.

### **2. Pran kontwòl sitiayson an.**

- Pa inyore konpòtman ki pa anpeche klas la.
- Mete timoun nan nan aktivite pou li aprann.
- Fè li wè ou obsève move kondit yo.
- Rapwoche timoun nan.
- Di li, ak vwa fèb, sa ou vle li fè.
- Anseye elèv la konsekans kontinite mal kondit la.

### **3. Avèk paran yo oswa moun ki anchaje timoun nan.**

- Si ou konnen ke ou pral pale ak paran yo oswa anchaje yo, pran li soti.
- Kòmanse di paran yo sa ou renmen nan timoun nan.
- Deklare pwoblèm nan epi mande pou solisyon an respektif.

## **NOU KONNEN ELÈV PRESKOLÈ YO**

- ❖ Aktif, yo kapab eksite sou chanjman yo epi nouveau espereryans yo, men yo ta dwe ankouraje souvan.
- ❖ Gen atansyon ki limite nan yon ti tan, sitou nan aktivite ki mande toujou kanpe oswa chita.
- ❖ Anjeneral, genyen 2 minit nan atansyon, ki double chak ane nan laj yo.
- ❖ Se renmen konnen, pou fè anpil kesyon. Sa yo prefere se “poukisa” ak “kijan”.
- ❖ Aprann fè plis ke tandé. Aprantisaj sa li sansoryèl, sa vle di, li baze sou sans yo.
- ❖ Pa genyen okenn memwa lwen. Anjeneral, yo pa sonje enstriksyon pou peryòd pwolonje.
- ❖ Se egoyis epi manke konprann, men yo kòmanse ap devlope nan aspè sosyal yo, tankou respekte dwa lòt moun yo, pataje epi tann lè pa yo.
- ❖ Travay pi byen nan ti group.

Lè nou konsidere karakteristik sa yo nan etap devlopman elèv yo, kèk konsèy kapab amelyore

- ❖ dinamik yo nan klas la:
- ❖ Chanje aktivite chak 8 a 10 minit. Aktivite altène trankil avèk jwèt aktif yo, tou bay peryòd repo.
- ❖ Lè elèv preskolè poze kesyon, reponn li avèk klète epi avèk verite. Pa ofri plis enfòmasyon pase sa li te mande a.
- ❖ Angaje elèv yo nan eksperyans ki gen ladann itilizasyon sans dirèk yo.
- ❖ Sèvi ak repetisyon, tankou rakonte yon istwa sou kòman bay enstriksyon.
- ❖ Sèvi ak èd vizyèl yo nan estimile sans yo nan lekòl preskolè. Sa ap ede yo sonje pi fasil.
- ❖ òganize jwèt epi aktivite ki mande koperasyon.
- ❖ Bay yon atmosfè trankil epi san rapidite.
- ❖ Rete kalm lè gen yon twoub oswa konfizyon
- ❖ Bay ekzanz espesifik nan kijan yo kapab “gen konpasyon”, “demontre lanmou ak lòt” epi “pataje”.
- ❖ Aplike ide jeneral yo nan aksyon espesifik yo, nan lòd fè rapò konesans biblik avek lavi chak jou.

# **RESOUS DIDAKTIK**

## **Chè pwofesè:**

*Nou te prepare seri resous didaktik sa yo k'ap ede ou amelyore dinamik klas ou a.*

*Nan kèk lesion, nan seksyon aktivite a, li rekòmande itilizasyon materyèl sa yo pou ankouraje timoun nan fè ekzèsis abilité motriz yo ak mennen yo nan yon direksyon plis enpòtan.*

*Prepare aktivite siplemantè ak atizana pou timoun yo vizite klas ou.*

## **RESÈT PLASTILIN OSWA MAS POU MODÈL**

### **MAS FARIN AK SÈL**

#### **Engredyan:**

2 ou 3 tas farin frans komen.

3/4 tas sèl fen.

1/2 tas dlo tyèd.

Koloran vejetal.

#### **Enstriksyon:**

Melanje farin frans la ak sèl, e mete de tanzantan yon ti dlo tyèd pandan w'ap brase li. Si ou vle ajoute koulè, ajoute kèk gout koloran vejetal pandan l'ap brase. Konsistan farin nan pral depann sou kantite dlo ki ajoute. Esto ke farin ki fini an nan yon resipyen fèmen nan frijidè a.

### **MAS KI KWIT**

#### **Engredyan:**

2 tas farin.

1 tas sèl.

1 kiye lwil vejetal.

2 tikiyè krèm tiran.

3 koloran vejetal.

#### **Enstriksyon:**

Melanje engredyan sèk yo; aprè ajoute dlo ak lwil vejetal la. Mete melanj la nan dife minimòm jouk preparasyon an fini, brase toujou. Retire li nan dife epi kite li frèt. Pou rive jwenn koulè ke ou vle, ajoute kèk ti gout koloran vejetal la pandan melanj la. Konsève li plis pase yon mwa si li esto ke nan yon resipyen fèmen.

### **MAS NAN PLAT**

#### **Engredyan:**

2 tas te.

2 tas farin frans.

1/2 tas sel.

Dlo.

#### **Enstriksyon:**

Melanje te a, farin frans la epi sèl la. Aprè ajoute dlo a, detanzantan, jis pou genyen konsistans ki bon an pou modèl.

## PENTI DAKTILE (DAKTILOGRAFIK OSWA DAKTILIK)

### Engredyan:

1 a 1/4 tas amidon.  
1/2 tas fab.  
3 tas dlo bouyi.  
1 kiye gliserin.  
Koloran vejetal yo oswa tanperati.

### Enstriksyon:

Fonn lanmidon an nan dlo fre. Aprè vide li tou dousman nan dlo bouyi a, pandan w'ap brase li tout tan pou evite li fè boul. Ajoute savon an, epi ajoute gliserin nan aprè. Pou ba li koulè, ajoute koloran vejetal la oswa tanperati. Jwenn yon preparasyon jèl ki pa toksik. Si paske penti sa nan boutèy plastik lan ap rete pandan plizyè jou.

## LAKÒL BLAN

### Engredyan:

4 tas dlo.  
1 tas farin ble.  
1/2 tas sik.  
1/2 tas vineg.

### Enstriksyon:

Bouyi twa tas dlo. Pandan se tan, nan yon bòl melanje yon tas dlo, farin ble a, sik la epi vinèg la. Lè dlo a ap bouyi, ajoute melanj la epi brase li dousman sou dife a jiskaske li lage premye bouyi a. Si gen boul ki rete, ou kapab mete ti dlo. Si li twò epè, ajoute dlo; si li gen plis dlo, mete li bouyi plis. Konsève kòl la nan yon boutèy fèmen.

## PAPYE POU KAT AK MANYÈL

1. Tranpe nan dlo cho 6 fèy papye oswa paj revi koupe an moso.
2. Moulen nan yon blenndè papye a avèk yon tas farin avwàn, oswa flè, oswa bagas fri oswa legim, tankou kawòt, seleri, elatriye.
3. Fè melanj la, epi ajoute 4 kiyè gliserin epi 6 kiyè kòl blan.
4. Avèk papye a ou kapab fè kat, montre, fèy papye, elatriye.
5. Gaye pat la sou yon plastik, ak yon woulo oswa woule plato a, jouk li rete mens epi menm.
6. Kite li seche nan solèy pandan 2 jou.

# **ENPÒTANS PROMOSYON ELÈV YO NAN PWOCHEN KLAS**

*Chè lidè ak pwofesè edikasyon kretyèn yo:*

*Tankou nan lekòl primè, timoun yo nan legliz la ta dwe fè pwomosyon nan “grad oswa klas ki pi wo a”. Tankou pwofesè, li tre enpòtan pou ou prepare pou ankouraje elèv yo nan fen ane ekleziastik la oswa sa ki ta pi fasil la, nan fen ane eskolè a. Pou fè sa, pale avèk lide edikasyon kretyèn yo nan legliz ou oswa avèk pastè ou.*

*Ou ka prepare davans yon “seremoni” pwomosyon, epi bay yon sètifikasi avèk chak elèv ki pase nan pwochen klas la.*

*Seremoni an kapab fèt nan tanp la pou tout moun legliz la patisipe.*

*Envite paran yo ak fanmi elèv yo. Li pral yon bon moman pou ou konnen yo, epi pou ou ka rete nan rès sèvis la epi koute pawòl Bondye.*

*Kòm patisipan espesyal, pwofesè klas yo dwe la pou ankouraje elèv yo. Li pral yon moman siyifikatif pou yo tout lè ou bay yo chak yon akolad, epi pwochen pwofesè a ap resevwa li, menm jan an tou, avèk yon akolad byenveni nan nouvo klas ou.*

*Li tap pi bél si ou te prepare yon papye bristol avèk foto elèv yo, ki te fèt pandan ane klas la, pou montre nan seremoni an. Li t'ap bon tou pou ekspose, nan fòm korèk, kèk souvni nan lavi elèv la pandan li te la avèk ou: priyè espesyal ou te fè a, lè ou te konvèti, temwayaj ou te rakonte, kesyon ou te fè, epi moman jwa oswa tristès ou te fè eksperyans pandan ane a. Prepare devan elèv yo. Esplike detay sa yo, ki donk pou dakò sa ou panse de kòmantè sa epi pa sezi oswa mete ou nève devan tout legliz la.*

*Pale avèk responab ministè edikasyon kretyèn nan oswa klas yo, pou seremoni sa fèt pou elèv yo nan nouvo liv etid pou pwochen ane. Pou sa ankouraje fanmi legliz la bay yon liv a chak elèv, sitou sa yo ki pat gen paran yo nan legliz la oswa avèk sa ki defavorize ekonomikman. Nan ckak legliz li gen fanmi ki, avèk anpil jwa, ki ta renmen bay yon liv ak elèv yo.*

*Nou swete yon benediksyon ki pi rich nan defi yo nan ministè ansèyman reprezante pou ou epi Legliz ou.*

*Lè sa a Seyè ap ba ou favè epi beni ministè enpòtan ou.*

*Ekip editoryal KPN*

*Sertifica suuomosyon*

(Non timoun nan)

*Monte pi wò nan klas la*

*(Legliz )*

*Dat*

**“Ptit mwen, tandé pawòl mwen...” Pwovèb 4:20<sup>a</sup>**

Lide lekol Dominikal

Pwofese

## ***JEZI TE GRANDI***

**Objektif inite a:** Inite sa a ede elèv preskolè yo konprann Bondye te avè Jezi pandam li t'ap grandi.

**Tès pou aprann:** Timoun nan te grandi epi te pran fòs (Lik 2:40).

**Mo lafwa: Jezi:** Se ptit Bondye, e li te vini sou tè a pou montre nou lanmou papa li.

**Leson inite a:**

**Leson 1** Fanmi Jezi ale Ejip

**Leson 2** Jezi vizite tanp la

**Leson 3** Jezi geri yon timoun malad

**Leson 4** Jezi vizite Zache

**Anseye lesон yo pou elèv preskolè yo:**

- ❖ Konnen ke Bondye te proteje Jezi epi fanmi li.
- ❖ Konnen ke Bondye te avèk Jezi le li t'ap grandi.
- ❖ Konnen ke Jezi te grandi epi ede lòt yo.
- ❖ Remesye Bondye paske li te voye Jezi ptit li.

Istwa inite sa a montre Jezi tankou yon timoun 12 ane, e aprè tankou yon grannoun. Atravè yo, elèv preskolè yo pral aprann ke yo te pase yon etap kwasans tou epi devlope menm jan ak lòt moun yo.

Jezi te konnen ke Bondye se te papa li, epi te montre lanmou sa ak lòt yo. Li te demontre li pandan l'ap anseye. Li te montre tou konpasyon pou moun ki te gen bezwen espirityèl oswa fizik.

Rakonte elèv yo koman Jezi te grandi. Y'ap devlope epi bezwen konnen ke ptit Bondye a te timoun tou, tankou yo.

Bondye te avèk Jezi, epi li avè nou tou.

Ptit ou yo kapab asire nan renmen Bondye nan lavi yo, jan yo grandi epi aprann plis de Bondye

# FANMI JEZI ALE EJIP



## ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Matye 2:13-15, 19-21.

**Objektik lesoun an:** Ede timoun yo konnen Bondye te pwoteje Jezi epi fanmi li.

**Tès pou aprann:** Timoun nan te grandi epi devni fò (Lik 2:40a, RV95).

## PREPARE POU ANSEYE!

Levanjil Matye a kòmanse ak deskripsiyon filyasyon Jezi, ki moun ki se pwotagonis prensipal liv sa a. Premye chapit la fè nou sonje kontni akonplisman pwofesi a nan Ansyen testaman. Li di nou tou jan Bondye akonpli pwomès li nan nesans ak lavi Jezi, li asire nou li toujou avèk nou, li ba nou lavi, lapè, pitye epi espwa. Jezi se akonplisman liv la.

## KONTÈKS

Pandan y'ap prepare lesoun inite a, panse ak swen epi proteksyon Bondye nan ti bebe Jezi, e rapò ki genyen ak lavi elèv yo.

Eske ou te janm gen esperyans swen ak pwoteksyon Bondye nan moman difisil yo? Di timoun yo jan Bondye renmen ou epi ba ou tout sa ou bezwen. Yo bezwen santi yo renmen epi pwoteje.

Nan istwa sa yo sou lavi Jezi yo konprann pi byen siyifikasyon lanmou Bondye.

Ansèyman se toujou yon defi, paske chak timoun nou fè fas avan, eksperyans yo ak abilité diferan yo. Sepandan, nou ka simonte defi sa a prepare nou nan lapriye ak reyinyon group nou.

Mari ak Jozèf te fè fas tou ak defi anseye Jezi, ptit Bondye a, fè sa ki dwat.

Nan laj sa a se nòmal pou timoun yo fè esperyans difisil pou fè sa ki byen, akoz manke matirite ak eksperyans. Pandan devlopman lesoun yo, elèv yo aprann ke Bondye te ede Jezi lè li te grandi, epi li te ede yo.

Li te fini yon semèn selebrasyon fêt nwèl, e petèt kèk nan elèv yo kontan pou rakonte esperyans yo.

Eske gen timoun nan klas la ki gen pwoblèm lakay li? Pandan klas la ba yo chak yon kote yo renmen, ki pwoteje epi ki aseptab.

Li bon pou timoun yo nan laj sa a malad pi fasil. Pemet ke yo bay gwoup la sa yo bezwen lè yo bezwen sa. Asire yo, menm si maladi fizik yo trè frekan nan laj yo, yo kapab konfyé nan pwoteksyon renmen Bondye. Li konnen lè yo malad e li akonpaye yo tann lè yo fè mye.

Konnen prezans epi konpayi Bondye nan chak etap nan lavi se yon konsèp espirityèl

ki enpòtan anpil pou elèv preskolè yo dwe aprann.

## DEVELOPMAN LESON AN

### Atansyon

Pran kèk nan akivite sa yo pou gen atansyon elèv yo epi nan fason sa, angaje yo nan lesoun jodi a.

### Foto penti

Nou sijere ou fe yon foto penti nan papye bristol oswa gwo papye. W'ap kapab mete retret pa yo si li posib, depi lè Jezi te bebe jis jodi a; li pa te gen anyen, kounye a ou kapab koupe kèk revi (foto bebe, adolesan, jèn, ak granmoun).

Envite timoun ou yo gade penti a, epi mande yo: Eske nou konnen moun ki nan foto sa yo?

Avèk èd sa yo, esplike diferan etap kwasans nan lavi lòm.

Fè yon entwodiksyon nan istwa biblik la. Di elèv yo jodi a yo pral aprann yon bagay ki te pase lè Jezi te bebe.

### Men nou

Mande timoun yo reyalize desen lè yo piti, oswa pou yo pote nan klas la yon foto. Ba yo kòl epi kreyon koulè.

Nan papye bristol oswa yon moso papye, kole oswa fè desen ki sanble ak Jezi nan mitan an, pou elèv yo kole toutotou foto yo oswa desen yo. Yo kapab dekore avèk kreyon koulè pati blanch ak pentire bòdi a. Ekri tèks la pou aprann pa kè, nan pati anba sa.

Aprann timoun yo wè kote yo jwenn chak ak kòman yo wè foto yo. Apre sa di yo: Nan penti a nou wè yo tou piti, men yon ti tan y'ap grandi. Jezi te yon bebe tou, e li te grandi jouk li vin gwo timoun e aprè yon nonm. Nan istwa jodi a nou pral tandé istwa lè Jezi te piti yon bagay ki pi gran pase nou. Nou pral etidye kòman li te grandi jis li te vin yon gwo nonm, e kòman ou kapab ede nou grandi tou.

### Yon vyayaj

Pou aktivite sa a n'ap bezwen vye papye journal, kòl epi papye konstriksyon oswa papye bristol.

Ede elèv yo chèche epi koupe nan papye journal yo, yon ilistrasyon ki gen pou we ak vwayaj (malèt, avyon, otobis, bato, elatriye.). Pandan y'ap kole yo nan papye konstriksyon an, Fè komantè sou vyayaj yo. Mande ak sa yo ki te vyayaje a rakonte ou espéryans yo, epi pale yo de vyayaj Jezi te fè lè li te piti.

## BIB

Aktivite ki anba yo ap bon pou ede timoun yo prepare pou koute, aprann ak repase istwa biblik la.

### Istwa biblik: Nwit sipriz la

Ou bezwen kèk manto oswa kouvèti ki cho, ti zorye, poupe epi yon lanp oswa bouji.

Mande timoun yo ki al kouche nan salon an, kote w'ap rakonte yo istwa a.

Kòmanse rakonte ak vwa piti, tankou si ou t'ap pale nan dòmi.

Ede yo reflechi sou istwa a pandan w'ap fè jès ak modèl vwa, selon sa istwa a mande.

Kesyon: Konbyen nan nou ki renmen vwayaje? Mwen renmen li anpil, a chak fwa mwen vwayaje mwen aprann tout mond la. Jodi a nou pral pale sou vwayaj yon moun espesyal te fè. ? Nou konnen ki moun sa? (Kite timoun yo reponn). Konsa menm! Jodi a nou pral pale sou vwayaj Jezi te fè lè li te timoun.

Istwa mwen te vle rakonte nou an te rive nan mitan lannwit. Jezi ak fanmi li te nan yon gran dòmi; li te genyen 2 ane konsa.

Pandan w'ap kontinye ak istwa a, mete elèv yo nan anbyans pou koupe fèy la oswa fè tankou w'ap dòmi, pandan y'ap kontinye koupe l. Timoun yo kapab soutni poupe yo epi panse ke yo se manman. Si sa posib fèmen kèk

Limyè nan salon an, pou genyen fènwa.

Kontinye avèk istwa a:

Nwit sa a te gen yon moun ki te vin vizite yo, se pat yon moun. Se te yon zanj! Li te apwoche kote Jozèf pandan li t'ap dòmi, e li te di li: "Leve e ale Ejip ansanm avèk fanmi ou, paske wa Ewod ap chèche Jezi pou touye li". Jozèf te obeyi lòd Bondye, e konsa ti Jezi te vin sove. Bondye pran swen lavi Jezi e fanmi li, l'ap pran swen ou ak paran ou yo tou.

### Jwèt pase

Montre timoun ou yo rekreye istwa biblik la. Mande yo pou yo fè tankou y'ap dòmi, pandan ou fè papye zanj lan epi bay yo direksyon ale Ejip. Yo dwe pran byen yo epi mache alantou salon an plizyè fwa, tankou se te yon long vwayaj. Lè yo tèmine, pou yo chita atè. Reflechi antre yo sou fason Bondye te pran swen pitit li Jezi.

Di yo: Bondye renmen Jezi anpil e fanmi li. Se konsa li te ede Jozèf konnen sa li dwe fè pou pwoteje yo. Li menm tou li renmen nou, e li deside ede nou viv anba pwoteksyon li. Sèl sa nou dwe fè se obeyi pawòl li, konsa menm Jozèf e Mari te fè li. Apre anpil tan, lè lavi yo te nan danje, Bondye di yo tounen Izrayèl.

## KONEKSYON

### Liv mwen an anvizaje Jezi

#### Fanmi Jezi ale Ejip

Remèt kòl, kreyon koulè yo epi fèy liv elèv yo. Divize yo selon enstriksyon pou fè liv la gen pòtre Jezi, se sa ou pral itilize tou nan lòt klas yo. Ale nan seksyon koupaj la, e di timoun yo pou yo koupe sa ki koresponn a jou sa a, lè Jezi te bebe. Klas yo ap avanse nòmal, liv la pral plen figi.

Lòt mitan fèy la koresponn nan tablo fanmi Jezi lè li te Ejip. Mande elèv yo ba li koulè, epi ede yo double fèy la, jan ekzanz lan montre a. Li enpòtan pou timoun yo al lakay yo ak aktivite sa a pou repase l'avèk paran yo pandan yon semèn.

#### Sote si repons la wi!

Fè tout timoun chita sou fòm yon wonn e bay enstriksyon sa yo:

W'ap di yo kèk bagay sou Jezi jodi a ki se verite e lòt ki pa verite. Lèm di fraz verite yo, ou

Dwe kanpe e sote epi di wi! N'ap pratike yo ti kras: Jezi pitit Bondye (yo kapab sote e di wi).

Kontinye jwèt la avèk fraz sa yo: (1) Bondye renmen Jezi e li se pitit li. (2) Bondye renmen ou e tout moun. (3) Bondye renmen sèlman papa nou yo. (4) Bondye te pwoteje lavi Jezi e fanmi li. (5) Bondye twò okipe li pa ka pran swen nou. (6) Yon zanj Bondye te ekri Jozèf yon lèt pou di li sa l te gen pou l fè. (7) Jozèf te koute e te obeyi sa zanj Bondye a te di li. (8) Nou kapab konfyé nan Bondye. Li renmen nou e li pran swen nou.

## ANÈKS OSWA MEMORIZE

### Fason pou vezikile

Anseye epi pratike ansanm ak timoun yo jès pou memorize vèsè biblik la.

"E timoun nan (vire men yo tankou danse yon bebe) grandi (bo tè a pou ba yo espwa ak) epi kouraj" (montre li nan men yo) (Lik2:40a).

### Pou fini

Envite elèv yo nan lòt klas, e pataje ke Bondye te pran swen Jezi ak tout fanm li lè li te piti.

Di yo: Bondye pran swen ou tou e fanmi ou nan tout moman. Li avèk nou pa mwayen pawòl li, e li tann obeyisans nou nan tout bagay.

## JEZI VIZITE TANP LA



### ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Lik 2:39-52.

**Objektif leson an:** ke timoun yo aprann ke Bondye te avèk Jezi pandan li t'ap grandi.

**Tèks pou aprann:** *timoun nan te grandi e te pran fòs* (Lik 2:40a).

### PREPARE POU ANSEYE!

Levanjil selon Lik la se sèl levanjil ki pale sou anfans Jezi. Brèf istwa lè li te gen 12 ane ou jwenn li nan vèsè yo. Li fè nou konnen kèk bagay sou kwasans ak devlopman li tou. Li di li te grandi ak entelektyèl, moral, fizik e espirityèl.

Selon ekriti yo, Jezi te pase etap nòmal kwasans yon timoun.

Daprè koutim, Jozèf e Mari te asiste nan fèt pak Jerizalèm chak ane. Lè Jezi te gen 2 ane li menm avèk paran li vizite tanp lan.kòm se te tradiksyon, etidyan yo te resevwa enstriksyon nan itilize metòd kesyon ak repons youn nan lide relijye yo. Se te pandan youn nan seksyon kesyon ak repons Jezi sa yo. Jezi te konvenk direkchèlalwa yo avèk konesans li yo.

### KONTÈKS

Nan preparasyon leson sa a konsidere manm klas yo. Chak timoun twouve nan yon etap devlopman diferan.Li kapab akable pou konsidere bezwen chak elèv yo; men rann kont yo vini nan klas ak bezwen diferan. Sonje pwòp anfans ou.Li te sanble difisil pou grandi? Pafwa gen timoun ki jwenn difikilte, men ou menm, kòm pwofesè ou kapab make li pou tout lavi.

Fè anfaz nan lide ke Jezi te grandi nan zòn diferan, se konsa tou yo fè l yo menm. Retire nan kè yo dezi k'ap grandi tankou li, nan sajès, fòs ak prensip.

Timoun yo viv ansanm moman empòtan kwasans yo. Yo prè pou eksteryorize avèk antouzyas reyisit ak viktwa yo.

Li empòtan ke yo konnen Jezi te grandi tankou yo epi te pase menm difikilte yo. Fè esperryans nan anfans Seyè oswa ki siyifi pou elèv yo, relasyone li avèk pwòp lavi ou.

Elèv preskolè yo bezwen konnen ke tanp se yon kote ki bon kote fanmi, zanmi, e kote

yo tout yo renmen. epi asepte. Fè anpil atansyon nan fason elèv yo e ki esperryans yo pandan klas la. Eske yo jwi ak kamarad yo nan klas la?

Eske pou yo tanp la se yon kote ki bon?

Pou timoun nan laj sa yo tanp la se yon kote espesyal. Pou kèk se yon kote yo kapab rankontre zanmi yo. Pou lòt yo se kay Bondye.

Daprè timoun yo, yo aprann esperryans pozitif e bon nan tanp la, dezi pou asiste grandi chak jou. Men si yo te negatif, rezistans pou ale kay Bondye t'ap plis. Asepte elèv yo kòm manm fanmi legliz. Montre aseptasyon sa a nan pawòl ak aksyon, pou ede yo grandi e pran fòs nan lafwa.

### DEVELOPMAN LESON AN

Pran kèk nan aktivite sa yo pou kapte atansyon elèv ou yo:

#### Kase tèt

Ou bezwen yon fèy blan, anvlòp, kòl e kreyon koulè.

Nan fèy blan an fè desen yon tanp. Fè kopi pou chak timoun e koupe figi an tankou yon tèt koupe. Rantre pati koupe yo nan yon anvlòp, pou envite yo mele, pataje youn a chak elèv. Ede yo monte tèt ki koupe yo epi kole yo. Lese kòl la seche e aprè ba yo koulè. Mande yo pou yo rann kont kiyès ki pi fè yo plezi pou asiste nan tanp la.

Aprè sa di yo: Semèn pase nou te aprann kòman Bondye te pran swen Jezi epi fanmi li lè yo t'ap vwayaje Ejip. Jodi a nou pral aprann sak te pase Jezi lè li te vin pi gran.

#### Ou konnen diferans yo

Ou bezwen yon papye bristòl oswa gwo papye, figire timoun yo ak adolesan ( ou kapab koupe papye jounal yo.

Prepare yon miral avèk tit la: "Timoun

nan te grandi epi li te gen fòs”.

Pale ak elèv yo sou diferans ke yo fè nan mezi ke timoun yo grandi, tankou pale, mache, kouri, Panse, elatriye. Mande pou yo bay ekzant, ede yo konprann mo “grandi”

## BIB

### Istwa biblik

Reyini ak timoun yo pou koute istwa biblik. Separe liv foto ki sou Jezi a, di yo koupe sa ki koresponn ak lesion sa a (ti Jezi nan tanp lan). Mande:

Konbyen ane yo kwè Jezi te genyen la? (Ba yo tan pou yo reponn). Kontinye: Aprè Jezi ak fanmi li te ale Ejip yo te pase anpil ane. Kounye a sa gen douz ane.

Pale sou kwasans Jezi ak tout sa li kapab fè kounye a. Pemèt elèv ou yo kole imaj la kote li koresponn, e sere ti liv yo. Di yo istwa jodi a pale sou lòt vwayaj Jezi te fè avèk fanmi li. Yo te fè yon long mache a pye jouk Jerizalèm pou vizite tanp lan. Rakonte istwa a e itilize kòm ekzant fèy aktivite liv elèv la.

### Yon vizit ki espesyal anpil

Mande davans kolaborasyon yon elèv nan klas primè a, pou vizite klas ou a e pou li rakonte timoun yo espreryans li yo nan etap sa nan lavi li. Eklèsi timoun yo davans pouki ou envite yo ak objektif aktivite a.

Nan fen an rakonte istwa biblik la, mande yo pou yo envite ou randre nan salon an epi rakonte yo kèk responsabilite ou genyen nan moman sa. Pran yon tan pou timoun yo epi fè yon kesyon. Fè anfaz sou enpòtans istwa jodi a pou elèv ou yo.

Di yo: Jodi a nou aprann sou jou Jezi te vizite tanp la epi li te pale kèk moun sou Bondye.

Nan finisman tan sa, remèsyé vizitè a pandan w'ap fèl ale avèk yon bravo.

## KONEKSYON

### Vizit tanp lan

Mande otorisasyon davans lidè legliz yo pou reyalize aktivite sa a, pran prekosyon pou pa twò nwi klas yo.

Di elèv yo: Jodi a nou pral pale sou yon aktivite.

Byen espesyal. Nou pral vizite tanp la e nou pral konnen klas yo ak moun yo ki fè pati legliz la. Mwen vle pou ou kolabore pandan aktivite sa a, rete an silans e nou dwe nan lòd, lòt timoun yo ak granmoun yo etidye Bib la nan klas yo.

Nan konklizyon, pemèt elèv ou yo poze kesyon e kòmantè sou sa yo aprann pandan pasaj la.

### Jezi vizite tanp lan.

Remet timoun yo yon fèy aktivite liv elèv la, e di yo kontinye enstriksyon yo tankou yo ye a. Refòse yo ide ke Jezi te vizite tanp lan paske li te renmen Bondye e li te vle konnen plis de li menm.

Di yo: tanp la se yon kote espesyal pou adore Bondye. Moun ki renmen Bondye ap ale avèk anpil jwa pou koute, aprann e adore Seyè a.

## ANÈKS

### Travay manyèl

Ou bezwen fèy blan ak koulè, kreyon ak kòl.

Mande elèv yo desine tanp lan. Yo kapab itilize koulè yo epi fèy koulè yo pou dekore li. Pandan y'ap reyalize aktivite sa a, mande yo kisa ki plis alèz ke rete lakay Bondye, e poukisa nou panse li espesyal.

Di yo pote desen an lakay yo, pou yo sonje lakay Bondye se pi bon kote nan mond lan.

### MEMORIZE

Pandan timoun yo fini aktivite manyèl la, ekri tèks pou aprann nan fèy la kote yo te fè desen tanp la, e repete li ansanm ak yo. Di yo repase li lakay yo avèk paran yo oswa frè yo, e motive yo pou yo aprann li pa kè.

### POU FINI

Gide elèv yo nan lapriyè, di Bondye mèsi pou opotinite aprann plis sou pawòl li. Aprann yo fè atansyon nan kay Bondye e konpòte yo menm jan Jezi te fè l.

## JEZI GERI TIMOUN MALAD



### ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Lik 8:40-42; 49-56.

**Objektif de la lesон an:** ke timoun yo konnen Jezi te grandi e te ede lòt yo.

**Teks pou aprann:** *Pitit la menm t'ap grandi epi li t'ap devlope* (Lik 2:40a).

### PREPARE POU ANSEYE!

Ekriti yo pale nou sou anpil moun ki te repouse ansèyman Jezi yo. An menm tan, gen lòt ki vini pou tandem li lè l'ap preche e yo te kwè nan mesaj li. Sa se menm ka istwa nou jodi a. Jarijis te mande Jezi pou l'ale tou swit lakay li pou wè pitit douz ane li kite prêt pou mouri a.

Nan wout la nan kay moun sa te gen yon fanm ki t'ap kriye ak rele nan jan tradisyon Ebre plenyen pou mò yo. Lè Jezi te rive e li te wè tifi a, li te di leve, e li te mande paran yo pou ba li manje. Yo kontan anpil, yo te di Seyè a mèsi paske li te leve tifi ki mouri a .

### KONTÈKS

Leson sa a prezante opòtinite pou sonje timoun yo sou pwomès Bondye a ki toujou ak nou. Fòme yo ak santiman lanmou, konpasyon epi sekirite pandan klas la.

Eske elèv ou yo mande priyè pou yon zanmi oswa pou yon fanmi ki malad? Lè ou wè timoun yo nan lapenn priye pou yo pandan klas la sanse ap fè menm bagay la pou lòt yo. Yo kapab gen bonte pa rapò ak ekzanz ke yo wè nan paran yo epi pwofesè yo.

Elèv Preskolè yo konnen sa ki malad ak sa ki kouche sou kabann. Tankou kèk okazyon yo montre yo okipe pa yon paran oswa yon zanmi ki malad. Esklike timoun yo nan istwa sa a se te yon maladi ki grav. Jezi te okipe li pou fanmi sa a e li te ede yo pandan tan ki difisil anpil la.

Pandan etap sa a, timoun yo ap aprann yon pakèt maladi. Doktè yo di kapab genyen sis a wit refwadisman pa ane. Lè yo antre nan kèk kesyon y'ap fè fas ak yon bann maladi. E mete elèv yo pou yo pa deside malad, konsèp sentete istwa sa a se yon bagay ki bon pou yo konprann. Demontre lafwa nan pwomès Jezi ki avè nou nan tout moman, ni nan tan malad yo.

Estimile timoun yo pou yo kapab, daprè istwa biblik sa a, aprann mete konfyans nan Bondye lè yo malad, e priye pou fanmi yo oswa zanmi yo ki bezwen gerizon.

### DEVELOPMAN LESSON AN

#### Atansyon

##### Nou konnen diferans yo.

Prepare miray klas la avan: “ Pitit la menm t'ap grandi li t'ap devlope”, konsa tou koupe jounal lè li granmoun, diferan pwofesyon yo oswa anplwaye yo.

Montre elèv yo nouvo figi yo ki pote nan klas la, kite yo eksprime yo, kiyès ki kwè ke se responsabilite yo. Mande yon moun ki gen volonte pou kole yo nan miray la. Pale avèk yo sou kòman Jezi te grandi: premye a se te bebe, aprè yon gwo timoun, Jouk li rive granmoun.

Di yo: Nan istwa jodi a nou pral aprann kèk bagay ke Jezi te fè lè li t'ap grandi. Se te yon nomm ki te renmen tout moun e ki ede yo. Li te geri malad yo a tout timoun yo tankou ou menm. An nou ale wè sa ki rive nan priyè sa a

#### Yon bebe malad

Ou bezwen yon poupe ak yon kouveti bebe. Ak poupe a nan men ou, mete timoun yo sou brigad yo, fè tankou se yon manman avèk bebe malad; montre okipasyon. Mande yo ba ou konsèy kisa ou dwe fè pou ede bebe a. Pemèt timoun yo bay ide yo sou sa pou ou fè. (rele doktè, ba li yon medikaman, elatriye.).

Ekspoze ide sa ki la a: Kèk fwa nou malad tou e nou bezwen lòt moun pou ede nou. Sonje kèk fwa lè nou te malad? Kilè nou te malad? Kòman nou te santi nou? Kisa paran yo te fè pou ede nou pou nou ka santi nou byen?” Bay tan pou elèv yo eksprime yo.

Pale avèk yo sou lanmou Bondye ak gran dezi li pou nou tout bon. Di yo si gen kèk moun ki malad, Bondye kapab geri yo.

Rakonte istwa jodi a sou yon tifi tankou yo ki te malad anpil, men te gen yon bagay ki te pase ki chanje istwa li.

### **Miray: “Mwen kapab grandi tankou Jezi”**

Pou aktivite sa a, prepare davans yon gwo bwat katon, koupe moun ki malad yo oswa etène, yon foto Jezi epi kreyon koulè.

Pwodwi yon miray avèk figi Jezi a nan mitan. Si pa gen yon sèl, lè sa a, ekri mo a “Jezi” avèk gwo lèt. Kole divès foto moun malad alantou Jezi ak nan pati anba a, tape tit la nan miray la: “ Mwen kapab grandi tankou Jezi”.

Pale avèk elèv yo sou divès maladi ke yo wè nan foto yo epi kijan moun sa yo santi (fè mal, tris, fèb, elatriye.) Pale sou lanmou Jezi pou moun yo, ak dezi li ke tout moun kontan. Se pou yo di nou kijan yo t'ap kapab ede nou ak moun sa yo pou yo ta santi yo pi byen. (Vizite yo, priye pou yo, li Labib pou yo).

Di yo: Jezi te entèrese nan moun paske li te renmen yo anpil. Dezi li se te pou tout moun byen epi li te vle ede yo pou yo santi yo pi byen. Jodi a nou pral aprann sa Jezi te fè avèk yon tifi malad.

## **BIB**

### **Istwa biblik**

Mete timoun yo yon kote ki dezinye pou istwa biblik. Dezinye kèk nan elèv yo pou ede yo reprezante istwa biblik la. Mande yon timoun pou reprezante ptit fi Jariyis la ki kouche sou dra a; Lòt timoun yo kapab fè fanm yo ki t'ap rele a. chwazi de timoun, youn ki fè tankou Jariyis e lòt la reprezante Jezi. Gide elèv yo pandan w'ap rakonte istwa a.

Lè fini, poze kèk kesyon refleksyon:

E Kòman nou ka imajine ke fanm nan te santi li lè li te vin konnen ke ptit li te malad grav?

E kòman Jariyis ta pral santi li ak madanm li?

E Kiyès Jariyis te mande èd?

E Kisa Jezi te fè?

Pale ak elèv ou yo sou kè kontan ke Jezi te pote kay la ak fason nou ka ede nou menm jodi a nan maladi nou yo.

## **KONEKSYON**

### **Liv foto mwen an sou Jezi**

Bay elèv yo fèy la avèk figi ki koresponn avèk lesон an.

Fè yo enimere nan lòd ki korèk la.

### **Jezi ede ptit Jariyis la**

Bay chak timoun yon fèy kopi aktivite liv elèv yo, epi di yo kontinye enstriksyon yo. Fè yo koupe kat yo epi melanje yo, mete yo nan lòd ak revize istwa biblik la. Poze kesyon ki nan pòsyon nan pati dèyè kat yo epi kite timoun yo patisipe.

### **Mwen kapab grandi tankou Jezi**

Ou bezwen yon fèy kaye blan pou chak elèv ak kreyon koulè.

Bay yon fèy ak chak timoun, mande yo pou yo fè yon desen sou fòm ki kapab ede lòt moun yo. Sijere kèk panse tankou èd swen pou timoun yo, ede gran paran yo, vizite yon moun ki malad, netwaye chanm pou li, elatriye.

Envite yo kole desen an yon kote vizib nan kay la. Epi sonje nou dwe ede lòt tankou Jezi te fèl avèk tifi a ki te malad la

## **ANÈKS**

### **MEMORIZE**

#### **Jès pou vèsè**

Montre yo ak pratike ansanm jès ki endike lesón 1 pou memorize vèsè. Repete yo plizyè fwa pou elèv preskolè yo kapab konnen plis. Mande paran yo pou yo ede yo nan kay la epi fè yo repase tèks yo avèk elèv yo.

### **POU FINI**

Avan fen an, mande timoun yo si gen kèk demand priyè. Petèt youn nan yo ki gen yon zanmi oswa yon fanmi malad. Sa se yon bon opotinite istwa pou nou ka mete an pratik sa nou aprann nan klas la. Di yo met ajenou, epi priye selon demand ke yo fè. Ba yo tout gras Bondye paske li geri malad moun yo ki te malad. Lè ou fini ak priyè a, mande tout ansanm pou yo di Seyè a byen fò: “Mèsi Bondye paske nou konnen ke ou tande nou!”

## JEZI VIZITE ZACHE



### ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Lik 19:1-9.

**Objektif leson an:** Timoun yo dwe aprann di Bondye mèsi pou Jezi pitit li ke li te voye.

**Tèks pou aprann:** *Pitit la menm t'ap grandi epi li t'ap devlope* (Lik 2:40a).

### PREPARE POU ANSEYE!

Timoun yo ak granmoun yo konnen istwa zache, men chak fwa nou tande li nou jwenn yon nouvo ansèyman sou kòman gras Bondye travay nan lavi nou.

Ekriti a di nou ke Zache te vle wè Jezi, li te ale kote Jezi t'ap pase a pou li te ka wè Jezi nan mitan tout foul moun nan. San dout, nonm sa a te motive pou li konnen. Lè li te rann kont ke li pa te ka wè mèt la paske te gen anpil moun, li te deside monte yon pye bwa. Se konsa lavi nonm sa a te vin chanje. Li te fè yon rankont pèsonèl avèk Jezi. Kòm rezulta lavi li chanje epi pran fòs nan yon nouvo direksyon.

### KONTÈKS

Nou kapab relasyone istwa sa a avèk lavi espirityèl timoun yo, nan fason diféran. Yo sonje trè byen lè yo te tande avèk atansyon e aprann. Timoun 4 ane a jwe anpil avèk jwèt mo ki ritme yo, li vle tande afimasyon yo e jwenn repons avèk kesyon yo, pandan lòt yo nwi lè y'ap tande li.

Konsa menm, timoun 4 ane yo, yo poze kesyon anpil "poukisa" tout, nan chache enfòmasyon e konpreyansyon.

Pou fini initie sa a eseje rezoud tout dout ke elèv yo genyen sou Jezi, e istwa yo sou sa yo te etidye nan semèn sa yo. Afime elèv ou yo nan kwasans ak konesans Bondye.

Tout timoun yo santi Bondye renmen yo. Nan istwa jodi a, lè Zache te rive envite Jezi pou kòmanse yon relasyon ak li, nou wè lanmou Bondye fè aksyon, l'ap chèche nou. Pa mwayen istwa sa a timoun yo pral aprann lanmou e asepte

Jezi. Lè yo konprann li, ak asepte atitud li yo ak konpòtman li, y'ap kòmanse chanje tankou Zache te chanje a. Timoun yo pral kòmanse reflete lanmou Bondye nan lavi yo.

Pandan etap sa a timoun yo kòmanse yon pwoesisis aprantisaj entansif. Entansite sa a kapab reflete nan pawòl yo ak aksyon yo.

Nan dènye leson initie a, pran tan pou obsève elèv ou yo, pran nòt ke yo grandi chak jou, menm jan ak Jezi nan anfaz li. Yo chanje fizik, emosyon, sosyal ak espirityèl.

Chak jou yo pral pran plis konsyans nan bezwen lòt yo; Yo pral kòmanse kite timidite e yo pral aprann kisa sa siyifi pou yo grandi menm jan Jezi te fè li a. Afime kwasans ou, pran yon tan espesyal, kote ke paran yo kapab vizite klas la epi swiv devlopman pitit yo.

### DEVELOPMAN LESSON AN

#### Atansyon

#### Mwen kapab pale lòt moun yo sou Jezi

W'ap bezwen fèy blan, kreyon koulè, kòl, kreyon nwa, e fèy jounal koupe nan sa ki nan fanmi an, fanm sèlman, timoun, jèn, gason ak ansyen. Prepare yon bon kantite pou chak elèv ou yo pran de oswa twa imaj.

Montre plizyè imaj nan klas la e di: gade konbyen moun ki genyen la: Gason, Fanm, gran papa ak timoun; men yo menm jis kounye a yo pa konnen Jezi.

Rakonte kèk ekzanp lavi pesonèl ou, sou kèk fanmi oswa zanmi ki yo menm jis ka preznan pa konnen Jezikri.

Kesyon: Kèk nan nou gen fanmi oswa zanmi ki pakò konnen Jezi?

Ba yo tan pou yo reponn. Separe yon fèy bay chak moun, avèk tit nan pati anlè a, di: "mwen kapab pale lòt moun yo sou Jezi".

Pemèt ke yo chwazi ant koupe foto ke yo vle yo, e kole yo nan fèy yo a. Mande yo pou eksplike a kisa yo reprezante, ede yo ekri non moun yo anba imaj yo (ekzanp: kouzin mwen Karin).

Di timoun yo nan istwa Jezi jodi sa a tou nou te jwenn avèk yon moun ki pat konnen Bondye.

## BIB

### Istwa biblik

### Istwa zache a

Gide timoun yo nan pati ki te dezinye pou tande istwa biblik.

Di yo: Ki mirak! Pandan semèn sa yo n'ap aprann sou kòman Jezi te grandi. Nou menm tou nou grandi plis e plis chak jou. Nan istwa biblik jodi a Jezi pa yon bebe ni yon timoun. Li déjà yon gwo nonm, e li te fè kèk bagay espesyal: Li te ede yon nonm yo te rele Zache.

Elèv preskolè yo santré atansyon avèk anpil fasilité si yo genyen estimilan vizyèl. Si ou pa konte avèk materyèl didaktik pou eksplike leson sa a, ou kapab fè li pi fasil. Ou bezwen yon fèy bristòl ki gen bon otè ladan w'ap fè desen imaj yon gran pye bwa ak yon kamyon, foto moun yo, yon foto Jezi epi yon foto Zache (sa yo kapab fè desen epi aprè koupe yo), konsa tankou adezif.

Itilize fèy bristòl la tankou fon ak foto yo pou rakonte istwa a. Premyeman, mete foto Jezi a epi pale sou ministè ansèyman li ak moun yo, e kòman foul moun yo t'ap swiv li pou yo tande li. Ajoute foto moun yo, tou prè Jezi, pou prezante foul la.

Apre sa, montre foto a pi piti, ki reprezante Zache. Pale sou sa ki te difisil pou nonm sa a wè Jezi, paske li te yon nonm kout.

Rakonte ide a ke Zache te genyen pou li monte yon pye bwa pou li kapab wè mèt la. Fini istwa a, rapwoche foto Jezi sou pye bwa a, e ekri sa ki te pase aprè. Montre kòman li te rankontre ak Jezi e lavi Zache te chanje.

Rakonte istwa biblik avèk chanjman nan ton vwa ou, selon moun ke w'ap pale a.

### KONEKSYON

Remèt timoun yo liv foto Jezi a ki koresponn yo. Koupe dènye foto referans Zache

a epi, pandan y'ap repase istwa biblik, pemèt ke yo kole foto ki te rete a.

Pale yo sou fason ou kapab ede lòt yo ki pa konnen pawòl Bondye.

Di yo: Deja nou fini liv la. Nou kapab pote li lakay pou rakonte fanmi nou.

Epi rakonte zanmi nou tout sa nou te aprann sou kòman Jezi te grandi ak ede nou grandi nou menm.

### Zache, Desann!

Avèk plizyè sizo piti, avèk pwent won, kite timoun yo koupe foto zache, nan pati anba fèy aktivite a liv elèv la.

Pa mwayen aktivite sa a, y'ap repase istwa biblik epi rakonte li a lòt moun. Lè yo fin koupe foto Zache yo, mande yo, kisa nou kwè plis de istwa biblik la, mete Zache anlè pyebwa a, lè li t'ap eseye pou wè Jezi, e aprè tou pre mèt la. Lè Jezi mande li desann pye bwa a.

### Jwèt Zache

Sonje pou gwoup li yo Zache se te yon nonm kout, sa vle di piti. Mande yo pou fè yo piti, beze sa ki plis posib. Aprè, bay lòd sa yo, yo dwe obeyi pandan y'ap rete kole, wotè Zache: Mache tankou Zache! Vole tankou Zache! Fè yon vire tankou Zache!

Mete anpil lòd tankou tan ak dispozisyon timoun yo sa ap pemet yo.

### ANÈKS MEMORIZE

Repase ansanm ak timoun yo jès pou tèks biblik la.

Itilize menm sa yo te travay la depi premye leson an. Ede yo aprann li pa kè, ede lòt ki gen difikilte pou aprann li.

Si ou vle, ou kapab pale avèk paran yo e mande yo èd yo pandan semèn revizyon tèks lakay la pou aprann pa kè ansanm avèk timoun yo.

### POU FINI

Avan ou ranvwaye, pale avèk elèv yo e di yo: Nou te aprann sou kòman Jezi te grandi depi lè li te bebe. Bondye te pran swen lavi li depi nan kòmansman, e pran swen nou tout. Pandan tout lavi li, Jezi te montre lanmou pou moun yo, e dezire pou nou renmen menm jan an tou. Li pale ak nou pa mwayen pawòl li, e li tann nou obeyi nan tout sa li di nou. Mande timoun yo fèmen je yo, e ou menm fè priyè ranvwa a.

## **MIRAK JEZI YO**

**Objektif inite a:** Inite sa a pral ede elèv preskolè yo konprann, atravè mirak Jezi yo, nou konnen ke li se pitt Bondye, li okipe li de nou.

**Teks pou aprann:** *Lage tout tèt chaje nou yo ba li, paske l'ap pran swen nou (1 Pyè5:7, RV95).*

**Pawòl lafwa: Mirak:** Se yon bagay espesyal ke sèlman Jezi ki kapab fè sa, paske li se ptit Bondye.

**Leson inite a:**

**Leson 5** Jezi geri yon ansyen

**Leson 6** Jezi ede yon pechè

**Leson 7** Jezi kalme gwo van an

**Leson 8** Jeszi bay foul moun yo manje

**Ansèyman lesон yo pou elèv preskolè yo:**

- ❖ Jezi la avèk yo lè yo te malad.
- ❖ Jezi la avèk yo nan sa y'ap fè.
- ❖ Jezi akonpaye yo lè yo gen perèz.
- ❖ Jezi okipe li pou bezwen yo.

Leson inite sa a abòde yon devwa espesyal ke Jezi te devlope nan ministè li. Timoun yo pral kòmanse rann yo kont li te kapab fè sa ke pesonn pa te ka fè.

Mirak yo nan Bib la fasil pou konprann pou elèv preskolè yo. Yo aksepte yo epi kwè nan yo avèk facilite, tankou pati mèvèy ak sipriz nan lavi a.

Ede yo distenge mirak yo tankou ak sinatirèl ke sèlman Bondye ki kapab fè yo.

Mirak Jezi yo non sèlman montre pouwva Bondye gran, men yo reflete lanmou ke Jezi genyen pou moun ki nan bezwen yo. Anseye yo ke se opotinite pou konnen plis sou Jezi ak gran lanmou pou lòt yo.

## Lesson 5

# JEZI GERI YON ANSYEN



### ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Mak 1:29-31.

**Objektif lesson an:** Elèv preskolè yo dwe aprann ke Jezi, ptit Bondye a, la avèk yo lè yo malad.

**Tèks pou pou aprann:** *Lage tout tèt chaje nou yo ba li, paske l'ap pran swen nou* (1 Pyè 5:7).

### PREPARE POU ANSEYE!

Jezi te viv epi travay nan kapenawoum. Twa evanjelis yo (Matye 8:14-15; Mak 1:29-31 e Lik 4:38-39) y'ap ekri yon tablo tann nan li avan kondisyon bëlmè Pyè: "li te bese devan li"; "Li te rekòmande lafyèv la"; "li touche men li", e "li pran men li, li leve li". Mètòd trankil li ak touche dous li te angaje anpil avèk metòd gerisè e gwo lam gerisè yo nan moman sa.

Bèlmè Pyè a te geri konplètman e tou swit. Li pat gen yon feblès prolonge ni efè segondè, ni trètman yo tou. Mirak sa a montre ke Jezi se te ptit Bondye, li kapab fè tout sa pèsonn moun pa te ka fè. Li demontre ke li genyen pouvwa sou fizik; maladi pa te kapab separe li avèk pouvwa Bondye.

### KONTÈKS

Menm si nou konnen ke Bondye ap pran swen nou epi reponn priyè nou, nou rekonèt tou ke sentete a pa janm pwodwi nan fason oswa nan tan ke n'ap tann nan.

Kòman nou kapab dekri pouvwa Jezi sou maladi yo, san bay fo enpresyon. Eske Senyè a toujou reponn priyè nan jan ke nou t'ap tann nan? Mande Bondye sajès diven pou trete tèm sa a, e manifeste lanmou li epi pran swen elèv yo ki genyen sou responsabilite li.

Timoun piti yo asepte epi kwè nan mirak yo nan Bib la. Jezi kapab fè bagay ke nou pat panse paske li se ptit Bondye. Difikilte a gen pou wè avèk fason ke timoun yo relasyone mirak biblik yo avèk konsèp lavi a. Sonje yo viv moman an, tan evenman yo ap vini kounye a menm. Lè yo priye pou santi meyè rezilta imeda ke y'ap tann. Sa se tip lafwa ke Jezi t'ap pale a. Lafwa tankou "lafwa yon timoun".

Se pandan, Bondye pa janm aji rapid.

Ede timoun yo konprann ke, menm si

chak demand pa reponn nan moman ke nou vle a, Bondye tandé, li pran swen epi li avèk nou chak fwa ke nou malad e bezwen li.

**Kesyon:** Èske nou kapab sonje kèk fwa ke nou te pale avèk Jezi lè nou te malad? Èske nou te resevwa sentete diven pou kò nou?

Sa yo se siyal atravè yo lè yo rekonèt Jezi kòm yon moun espesyal nan lavi yo, tankou yon moun ki pran swen yo lè yo te malad oswa geri.

**Anime** elèv yo pou pratique konpasyon: Èske yo priye youn lòt? Priye Bondye pou malad yo? Èske yo ekri an absans kamarad klas yo lè yo pa preznan tanp la? Sa yo se siyal ki montre nou ke timoun yo separe yo de konsèp egois nan mond la, e yo kòmanse konnen bezwen lòt yo.

Di yo ke lanmou Jezi se pou tout, li kapab geri moun paske li se ptit Bondye, e nou kapab priye an favè lòt yo, paske nou konnen ke Seyè a enterese pou tout.

### DEVELOPMAN LESON AN

#### Atansyon

Pran kèk nan aktivite sa yo pou kapte atansyon timoun yo, e itilize yo pou yo aprann lesoun jodi a.

#### Mwen Pran swen bebe mwen

Ou bezwen yon poupe ak yon tèmomèt jwèt oswa papye ou menm ou ka fè, dekore yon kreyon oswa yon ti bwa.

Kite timoun yo ekzamine tanperati poupe a pandan y'ap itilize tèmomèt la. Mande yo: Èske bebe a malad? Èske Li gen lafyèv? kòman nou kapab ede li? (Bay tan pou repons yo).

Di yo: Nou genyen medsen ki ede nou santi nou byen lè nou malad. Istwa biblik jodi a gen pou wè avèk yon ti granmoun ke Jezi te geri. Nan yon moman plis n'ap al dekouvri kòman li te fèl.

## **Enstriman doktè a**

Prepare yon miray pandan w'ap itilize e dekoupe medsen ak enfimyè yo. W'ap bezwen yon ti malèt medsen (si ou pa jwenn li, itilize youn nan jwèt yo) Avèk eleman ke doktè yo itilize tankou: alkòl, dezenfektan, gaz, elatriye. Mete tout sa sou yon tab, kesyone timoun yo:

Kiyès ki itilize tout sa yo? (Medsen yo). E poukisa yo itilize yo? (pou geri malad yo). Èske nou konnen ke Bondye okipe li de nou lè nou malad?

Lè nou malad piga nou panse ke nou pou kont nou; nou kapab pale avèk Bondye e l'ap tande nou. Vèsè biblik la di: Lage tout tèt chaje nou yo ba li, paske l'ap pran swen nou. (1 Pyè 5:7).

## **BIB**

Pran kèk nan aktivite sa yo pou ede elèv yo prepare kè yo pou yo tande, aprann e repase istwa biblik la.

### **Istwa biblik:**

#### **Kisa k'ap pase si...**

Genyen nan men ou kouvèti pou

Aranje yon kabann, epi tou yon temomèt.

Kouche sou kouvèti a epi di: Kisa ki t'ap pase si jodi a ou malad? Kòman mwen te kapab ede nou? Pafwa nou kapab pran tanperati mwen.

Pran tanperati a avèk tèmomèt la epi kite timoun yo konte jouk rive 36. Pandanw'ap tann, kite tèmomèt la epi di yo: Jodi a mwen pa malad epi tanperati mwen byen, men si mwen te malad mwen t'ap vizite yon klinik oswa pran medikaman. Nan istwa biblik jodi a nou pral pale sou yon moun malad.

Moun sa a te yon ansyen. Li te malad anpil ke li pat kapab leve. N'ap dekouvri sa Jezi te fè pou ede li. Li kapab fè bagay espesyal ke pesonn pa te kapab fè. Èske nou konnen poukisa? Paske li se pitit Bondye! Koute avèk anpil atansyon istwa a, e lè mwen di mo "mirak" aplodi twa fwa.

Rakonte istwa biblik la epi, si ou kapab, ilistre li pandan w'ap itilize poupe, oswa desen espektak. Sa pral fè ke timoun yo kapab imajine plis sèn nan.

#### **N'ap jwe teyat**

Timoun yo renmen rakonte istwa biblik anpil avèk pwòp mo pa yo. Yon metòd ekseлан pou repase sa yo te aprann se yon reprezantasyon ki sanble ak teyat. Si l'ap posib,

pran diferan rad pou yo degize yo oswa fè papye degize senp.

Kite elèv yo reprezante istwa a, nan jan ou te fè li a.

## **KONEKSYON**

Aktivite sa yo pemèt elèv yo konprann vrite biblik la nan lavi yo chak jou.

#### **Yon vizit espesyal**

Si andedan legliz ou a gen kèk medsen oswa yon enfimyè, envite yo avèk antisipasyon pou yo rakonte esperyans yo avèk goup la.

Pran tan pou ou esplike nan kisa travay ou baze, e kisa ou renmen fè plis. Pemèt ke elèv ou yo poze kesyon ke yo vle, di lesson jodi a pale nou de yon okazyon ke Jezi te ede yon ansyen ki te malad. Li pat bezwen medikaman pou geri moun, paske li se pitit Bondye, e li kapab fè sa pèsonn moun pa ka fè.

Montre elèv ou yo enpòtans espesyalis sante yo genyen tankou enstriman Bondye pou geri moun. Ankouraje yo konfye nan Jezi tankou Medsen diven, ki kapab geri tout maladi yo.

#### **Jezi geri yon ansyen**

Remèt fèy travay liv elèv yo, sizo (fè atan-syon ke pyent la pa file) ak tep adezif. Ede timoun ki pi piti yo koupe foto ansyen an pou liy ki pwentiye a, pen ke yo jwenn nan sek-syon lè y'ap koupe a. Siveye tou pwoesisis.

Avèk yon sizo pi gwo koupe sou liy pyentiye yo ki montre fèy travay elèv ou yo. Yo dwe sere foto granmoun sou kabann nan, pandan y'ap fè fent moman malad la, aprè kanpe an-sam ak Jezi. Avèk tep adezif la, kole pen nan men ansyen yo, tankou yo montre nan ekzanp la.

Itilize aktivite sa a pou raple sa ou te aprann nan istwa biblik.

## **MEMORIZE**

Mande timoun yo fòme yon sèk, e ou menm mete nan sant la avèk yon boul eponj k'ap lanse a chak timoun. Moun ki resevwa li l'ap genyen

Pou resite tèks memwa a. Ede sa yo ki gen pwoblèm pou di li. Repete jwèt la jouk tout manb group yo patisipe.

## **POU FINI**

Si ou andedan posibilité ou yo, pataje avek elèv ou yo yon senp dine. Jwe avèk yo, e avan ou ranvwaye yo fè yo chita epi fè yon rale sou kòman yo kapab konfye nan Bondye lè y'ap pase maladi. Priye pou manb klas yo e legliz ou ki tonbe malad, konsa menm tou pou fanmi ou yo.

## Lesson 6

# JEZI EDE YON PECHÈ

### ASPÈ JENERAL

**Baz bibliK:** Lik 5:1-11; Mak 1:29-31.

**Objektif leson an:** Montre timoun yo ke Jezi toujou avè yo nan tout sa y'ap fè.

**Teks pou memorize:** *Lage tout tèt chaje nou yo ba li, paske l'ap pran swen nou.* (1 Pyè 5:7).



### PREPARE POU ANSEYE!

Pasaj biblik sa a montre nou jan Simon ak zanmi li yo te obeyi avèk Jezi, lè li te di yo nou pral pouse bak la nan dlo a pi fon e n'ap lage senn nan, nan lanmè a pou nou peche pi byen. Premye repons Simon se te: "Mèt, tout nwit la n'ap travay e nou pa pran anyen menm; men sou pawòl ou m'ap lage senn nan" (v. 5).

Byenke pechè yo pat konnen ke nan nwit se te pi bon lè pou pechè, poutan, Simon Pyè te deside obeyi. Kòm rezulta, pwason yo te anpil kote bak la te kòmanse ap desann nan lanmè a, e yo rele yon dezyèm bak pou vin ede yo nan chajman sa.

Li enpòtan ke nan moman sa a Simon Pyè sezi epi etone. Li te anfas yon nonm ki te fè sa pèsonn pa te kapab fè. Poutan, Jezi te ofri yo amitye li epi posibilité pou konveti nonm nan kòm pechè lòm. Ki gran chanjman! Simon te yon senp pechè pou vin yon sèvitè Bondye, nan yon sèl maten.

### KONTÈKS

Pandan w'ap rakonte bèle istwa sa a, considere chanjman Bondye te fè nan lavi ou. Li rele ou sevite li atravè ministè ansèyman an; pakonsekan mande obeyisans ak responsabilitè.

Leson sa a fondamantal pou ede timoun yo konnen ke Jezi, pitit Bondye, li toujou akonpaye yo nan tout sa y'ap fè. Lè ou ede yo konprann sa ki siyifi prezans Bondye nan lavi yo, yo pral fòme pou yon lavi sèvis, obeyisans e konpromi avèk Jezikri.

Atravè pawòl yo ak aksyon yo, ede timoun yo konnen ke Bondye renmen yo, e li entèresse nan desizyon nou pran yo ak nan tout sa n'ap fè. Di yo ke Bondye toujou avè yo.

Elèv preskolè yo kapab aprann ekzanz Simon an. Li te fè sa Jezi te di li fè a.

Refleksyon sou lavi espirityèl nan klas, pandan n'ap konsidere kesyon sa yo: Èske ou montre elèv yo yon konfyans ki grandi nan Jezi? Èske ou pale yo de moman ke yo kapab santi lanmou Bondye? Èske yo patisiye nan priyè a ?

Tout sa montre yon relasyon ki grandi nan Bondye, pa mwayen pitit li Jezi.

### DEVELOPMAN LESON AN

#### Atansyon

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou kapte atansyon elèv yo, prepare kèk nan aktivite pou kapte atansyon elèv yo, prepare yo pou aprann lesson jodi a.

#### Pwason plizyè koulè

W'ap bezwen yon papye bristòl blan oubyen fèy koulè blan tou pou chak elèv, tankou kreyon koulè tou, briyantin, papye koulè ak kòl.

Kreyativite a se youn nan kalite timoun preskolè yo. Ede yo estimile li, pandan w'ap prepare aktivite yo nan sa ke yo kapab patisipe e jwi pandan y'ap kolabore.

Mande timoun yo fè desen nan papye bristòl la tout tip pwason ke yo renmen. Lè yo fini, ede yo dekore desen yo pandan y'ap kole papye koulè, briyantin oswa ba yo koulè.

Kesyon: Kisa peche yo fè? (Peche). Kisa k'ap rive si nou pa janm fè peche? (Nou pa fè lajan). Men byen, istwa biblik jodi a pale nou sou yon jou ke Jezi te ede plizyè pechè.

#### An nou fè yon bak !

Prepare avèk antisipasyon materyèl sa yo: kòl, kreyon koulè ak materyèl resiklaj, tankou bwat fresko, boutèy, bwat lèt, bwat soulye, katon, moso twal, elatriye.

Pemèt timoun yo itilize imajinasyon ak kè yo, avèk èd materyèl resiklaj, fè yon ti bak. Ou kapab ede yo, gide yo nan chemen yo gen pou swiv.

Lòt opsyon se fè bak yo ak papye oswa journal.

Anfen, envite yo tout monte bato yo, e di yo:

Istwa jodi a te pase nan yon bak. Jezi te ede plizyè pechè pandan yo t'ap travay. Li te gen yon bagay mevèye ke Jezi te kite a tout moun ki briye anpil. Èske nou ta renmen konnen kisa ki te pase a?

## BIB

### Istwa biblik

Fè yon brèf entwodiksyon sou klas pase a.

Di: Semèn pase nou te tande ke Jezi te geri yon ti granmoun malad. Semèn sa a nou pral aprann sa ki te rive yon jou pandan Jezi te ede plizyè pechè. Li te entèrese nan ti granmoun nan epi tou nan pechè a, menm jan tou li entèrese nan ou ak nan mwen.

Chwazi kèk aktivite sa yo pou ede timoun yo prepare pou koute ak repase istwa biblik la.

### Peche nan nwit

Si li posib, eseye jwenn ilistrasyon ki refere ak lesoun an. Li fasil anpil pou prepare materyèl vizyèl pandan n'ap itilize moso jounal ansyen (nan ka sa a li kapab yon bak, pwason ak de moun avèk aspè pechè). Kole yo sou papye bristòl pou fè yo plis rezistan, epi nan pati dèyè a, kole moso papye a oswa papye lis. Nan fason sa a li kapab kole yon franèl ki kapab sitiye sou tablo a.

Fè timoun yo chita epi fòme yon sèk. Rakonte istwa biblik la itilize ilistrasyon ke ou te fè a.

### Pechè pwason

Nou bezwen pwason fèt ak papye epi panye. Avan klas la, sere pwason yo nan yon kote ki apa nan lye salon an. Nou dwe genyen yon pwason pou chak timoun. Mete panye vid la nan mitan epi di timoun yo: panye a vid. Nou bezwen plen li pwason. Nan tout salon an gen plizyè ki kache. Chak nan yo dwe jwenn youn epi mete li nan panye a.

Lè yo fini aktivite a, fè yo chita alantou panye a, epi poze yon kesyon nan yon environman senp nan istwa biblik la

### EKONEKSYON

Chwazi kèk aktivite, kisa nou jwenn nan aktivite sa yo, se pou elèv ou yo relasyone nan verite biblik nan lavi chak jou.

### Fè yon pwason

Pou aktivite sa a nou sijere ou itilize papye bristòl, papye, kreyon koulè, twal, bryantin epi kòl.

Remèt elèv yo materyèl la, eksplike chak elèv fè pwòp pwason pa yo. Ou kapab pote bòdi koupe yo avèk sa ki te pase a, oswa ede timoun yo pou yo fè li. Aprè dekore pwason an parapò ak gou chak. Nan pati avan an, ekri vèsè biblik pou aprann nan.

Di timoun yo pote pwason yo lakay ou, e mete yo nan yon lye kote yo kapab wè tout.

Nan fason sa a n'ap kapab sonje rakonte istwa a nan klas la epi tèks biblik la, an menm tan.

### Peche mirak la

Remèt klas ou a yon fèy liv aktivite elèv. Koupe desen oswa foto pwason (Seksyon koupe), kreyon ak kòl. Bay yon tan pou timoun yo mete non yo epi make mo lafwa (mirak). Di yo: Jezi se pitit Bondye, e li kapab fè bagay espesyal ke pèsonn moun ankò ka fè. Sa a se bagay espesyal yo rele "mirak". Ki mirak ki te fèt nan istwa biblik la jodi a? (Li te ede Pyè peche anpil pwason ke bak li te kòmanse ap inonde). Kisa Jezi te di nan istwa biblik semèn pase a? (Li te geri yon ti granmoun malad).

Pou fini, pemèt elèv ou yo kole pwason yo nan senn nan epi y'ap repete tèks pou aprann pa kè a.

### N'ap kontinye ak Jezi

N'ap bezwen papye pwason (nou kapab menm jan ke sa li te itilize), yon panye, yon bagèt oswa lèn epi kòl oswa tep adezif.

Kole papye pwason yo nan bagèt oswa lèn, ak panye metal la, lese youn deyò kòm gid. Mande ak yon moun ki gen volonte pou pouse ak dousè bagèt epi ale konte pwason yo pou konnen konbyen yo ye.

Di: Jezi se inik moun ki kapab fè mirak nan lavi nou. Sèlman li menm ki kapab fè sa nou pa kapab fè. Li entèrese li de moun yo, li te geri yon ti granmoun e li te ede Pyè lè li t'ap peche. Men non sèlman sa, okontré tou li vle ede ou nan bezwen ou. Èske ou Sonje kisa Jezi te mande Simon Pyè pou li te fè? (Pou li lage senn nan epi li te fè l, pou pale lòt moun yo sou lanmou Bondye e swiv Jezi chak jou nan lavi yo.

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

Divize group la an de, epi envite yo chak pou yo di vèsè a epi fè jès ansanm, nan fason sa a: mete (etann men ou) tout bagay ansyen ou yo (touche fon an ak men ou) sou (siyal pou ale anlè avèk dwèt ou), paske li pran swen (travèse men yo sou pwatrin ou pou endike lanmou) ou (siyale li konsa)" (1 Pyè 5:7).

### POU FINI

Remèt timoun yo tout travay yo te fè yo pandan klas la, epi envite yo nan lòt lesoun. Si ou kapab, ofri kèk dous, tankou prim efò travay ou. Reyini yo nan yon sèk, epi dirije yo nan priyè. Ou kapab mande ke moun ki gen volonte pou priye byen fò.

## Leson 7

# JEZI KALME TANPÈT LA

### ASPÈ JENERAL

Baz biblik: Matye 8:23-27.

Objektif lesoun an: Ede timoun yo konnen Jezi, ptit Bondye l'ap la avèk nou le nou pè.

Tèks pou aprann: *Lage tout tèt chaje nou yo ba li, paske l'ap pran swen nou* (1 Pyè 5:7).



### PREPARE POU ANSEYE!

Lanmè Galile se yon gwo lanmè dous ki mezire 26 km. Longè ak 14 pou lajè. Li sitiye nan vale Jodann, 200 mèt nan nivo lanmè. Li antoure ak kolin e kot. Lè van soufle, kolin yo fòme yon espès antonwa ki rive jis nan dlo a, e van an detache avèk tout fòs li. Lanmè sa a leve pou tanpèt k'ap rive ak enprevi ki menm kapab yon sipriz avèk pechè ki gen anpil eksperyans yo.

Pi gran pati ministè Jezi sou tè a se te tou prè etan dlo sa. Kèk nan disip yo, tankou Simon Pyè, se te pechè ki gen eksperyans yo te ye e ki te konnen byen danje ki genyen kote sa a pandan moman gwo tanpèt. Konesans sa a te ogmante sou perèz yo; pou sa nou pa te kapab konprann kòman Jezi te kapab dòmi avan sitiyasyon sa a.

E nan moman kote perèz ak dezespwa disip yo te pi gran, Lè Jezi wè li antoure ak gran vag, Jezi te pase gwo van an lòd pou li te rete. Van an te fò anpil, vag yo ak lapli a te akonpli manda ptit Bondye. Mirak sa a revele nou avèk klète ki se Jezi. Sèlman Bondye, kreyatè, ki gen kontwòl sou lanati.

### KONTÈKS

Se yon imajinasyon etonan ke disip yo dwe genyen san obsève pouvwa Jezi. Pa-fwa menm bagay sa rive nou.

Èske nou etone devan majeste absoli Seyè nou an? Kòman nou reyaji devan demonstrasyon pouvwa Bondye? Reyalite a sèke nou toujou ap genyen perèz reverans-yèl devan sent prezans li.

Konsa menm nou aprann pouvwa Bondye nan lavi nou, nou dwe ede elèv nou yo konprann majeste pouvwa Bondye nou an.

Laperèz, reyèl oswa imajine, li preznan lavi timoun yo nan laj preskolè. Yo travèse yon pwosesis ki rele "panse majik", nan sa a yo kwè ke tout se reyalite, enkli

fantòm ke kèk moun te di yo ke yo kache anba kabann oswa amwa a. Pou rezon sa a yo dwe konnen pouvwa repantans Bondye. Li pi pisan ke ranpa yo; Li pi pisan ke yon gwo touman oswa fènwa nan nwit ki fè anpil fantòm. Men sa ki pi bon sèke Seyè a toujou avèk yo, sa pa fè anyen kèlkeswa sitiyasyon an.

Èske ou idantifye perèz elèv ou yo genyen: Kòman w jere perèz sa yo? Èske yo kache, nou rele, nou chèche paran nou yo?

Èske nou itilize kèk objè ki ba nou sekirite?

Pandan timoun yo ap patisipe nan klas ou, pale avèk yo sou perèz yo, e fè yo konnen swen ak pwoteksyon Bondye toujou akonpaye yo. Gide yo nan lapriyè, epi make chan-jman yo lè yo kòmanse konfyé nan Bondye nan tout perèz yo. Pandan laj sa a timoun yo dwe afime ide ke Jezi se kamarad yo pou etènite.

Nan lesoun sa a, ede elèv preskolè yo konnen Jezi reyèl epi li preznan tout tan. Lè yo konprann ide sa a k'ap rive nan li nan moman ke yo santi yo pè. Elèv yo ankouraje pou yo konnen ke gen moman yo santi yo pè tou epi mande Bondye pou li retire santiman sa yo.

### DEVLOPMAN LESON AN

#### Atansyon

Pran kèk nan aktivite sa yo pou kapte atansyon timoun ou yo epi prepare yo pou aprann lesoun jodi a.

#### Bak la sekwe vag yo

Ou bezwen yon gwo resipyen avèk dlo, yon ti bak jwèt epi kiyè.

Pemèt timoun yo itilize kiyè yo pou bwase dlo epi sekwe ti bak la nan vag yo. Pandan y'ap fè li, mande yo: Èske kèk fwa nou te nan yon bak? (Kite yo reponn). Jodi

a m pral rakonte nou de yon jou Jezi ak disip li yo te nan yon bak epi te gen yon gwo tanpèt. Kisa nou kwè ki te rive? (Bay tan pou yo reponn).

Timoun nan laj sa a renmen jwe anpil avèk dlo. Kite yo vire pou sekwe dlo a, epi sipèvize yo pou yo pa koule anpil. Si li nesesè, kouvri atè a avèk yon plastik.

### **Yon gwo tanpèt!**

Eksplike kisa yon tanpèt ye, pataje yon fèy a chak timoun epi di yo fè desen yon tanpèt.

Mande yo: Kòman yo t'ap santi yo si yo ta nan mitan yon tanpèt? (Kite yo reponn). Istwa biblik la pale nou sou yon gwo tanpèt ke Jezi ak disip li yo te twouve yo. Èske nou imajine kòman disip yo te santi yo? Jodi a nou pral aprann kèk bagay espesyal ke Jezi te fè nan sitiyasyon sa a. Pa blyi ke li kapab fè sa pèsonn lòt paka fè, paske li se pitit Bondye.

## **BIB**

### **Istwa biblik**

Pran kèk nan aktivite sa yo pou elèv yo prepare pou tande epi repase istwa biblik la.

### **Son tanpèt la**

Bay timoun yo fèy papye resikle yo oswa ize yo, kòn papye oswa papye jounal, woulo papye oswa selofàn ke ou p'ap itilize. Di yo ke yo kapab itilize materyèl sa yo pou asimile bri tanpèt la nan mitan lanmè a, kòm nan istwa biblik. Pliye papye a epi boule yo, yo kapab bay son kout tonè, soufle kòn yo, epi van ap soti.

Pandan w'ap rakonte istwa sa a pemèt ke, moman ki presize a, timoun yo fè diféran son epi eksprime kisa yo te santi si yo te nan yon sitiyasyon konsa. Mete elèv yo nan distraksyon silans epi kalm ke Jezi te bay disip li yo lè li pase lòd pou van yo ak lanmè a kalme. Pou timoun yo kapab konnen diferans, lè ou di mo sa a "tanpèt" yo ta dwe fè bri, epi lè ou di mo a "mirak" yo dwe fè silans.

### **Yon lanmè toumante**

Ou bezwen yon kouvèti, bale, vye jounal ak riban adezif.

Envite elèv yo patisipe lòt fwa kòm aktè. Yo menm yo renmen, epi ede yo ranfòse konesans yo. Prepare yon ranje chèz, epi kole avèk adezif fèy jounal la toutotou, pou l similiè avèk bak la.

Kèk timoun ak disip yo. Yo dwe genyen bale nan men yo pou yo itilize tankou ram, pandan youn anplis pral reprezante Jezi, l'ap dòmi epi l'ap avèk kouvèti. Lòt timoun yo kapab fè son van ki redouble.

Nan fason ke ou rakonte istwa a, timoun yo dwe reprezante li. Lè ou fini di yo: Disip yo te pè pandan tanpèt la, men nou konnen ke Jezi kapab fè sa pèsonn lòt pa kapab fè, paske li se pitit Bondye. Disip Jezi yo te aprann ke yo te kapab konfyè nan li, li te ede yo lè yo te pè. Nou kapab konfyè tou nan Jezikris nan moman perèz yo epi traka.

### **KONEKSYON**

Pran kèk nan aktivite sa yo pou ede elèv ou yo relasyone verite biblik la nan lavi yo chak jou.

### **Chèche ti bak yo**

Avèk antipasyon, pran yon ti bak jwèt, oswa byen fè kèk papye; Genyen youn pou chak elèv. Rive nan salon an avan elèv yo epi sere yo. Nan moman ke w'ap reyalize aktivite sa a di yo: Mwen vle chak moun jwenn yon bak epi pote li pou mwen. Lè yo ban mwen li, m'ap di yo yon sekrè espesyal anpil.

Lè timoun yo pote bak yo, di yo koute ak vwa ba: Jezi avèk ou nan tout tan, menm lè ou pè.

Pemèt elèv ou yo pote ti bak yo lakay ou, kòm yon souvni istwa biblik la

### **Tanpèt la kalme**

Remèt timoun yo fèy aktivite liv elèv la, sizo, kòl epi kreyon.

Di yo ekri mo "lafwa", epi ekri non li nan fèy la.

Aprè sa, ede yo fè koupaj vètikal pou liy pwenti yo, kòm li montre nan fèy elèv la. Pemèt timoun yo koupe ti pati enferyè a, epi sere li nan pati do nan bòdi fèy aktivite a. Nan fason sa a y'ap kapab glise band desen an epi repase istwa biblik la.

Montre yo desine je ouvè nan vizaj Jezi.

Divize klas la an group de, epi montre yo itilize fèy aktivite ou a pou yo ka rakonte istwa a youn ak lòt.

## **Travay manyèl: Bak mwen ak Jezi**

Nou dwe gen nan men nou yon plat katon pou chak timoun. Mande timoun yo desine mwatye enferyè lanmè a epi nan pati siperyè solèy la ak nyaj yo. Nan lanmè a yo dwe desine yon bak e andedan li desine moun avèk vizaj tris oswa nan lajwa, reprezante disip yo. Di yo kapab itilize travay manyèl ou a pou rakonte lòt moun istwa biblik la.

## Konfyans nan Jezi

Ou bezwen yon balon gòm, twal oswa gòm mous (li dwe swa anpil pou evite kou).

Chita avèk timoun yo fè yon sèk, epi voye avèk swen balon an bay yo chak mande yo: Èske nou panse kèk moman ke nou te konfye nan Jezi lè nou te santi nou nan gwo perèz?

Kite timoun yo retounen balon an, nan menm tan an pou yo reponn (Lè mwen nan yon chanm fè nwa, elatriye.).

Envite chak elèv ou yo patisipe nan jwèt la. Sa ap ede yo manifeste kòm Jezi kapab ede yo lè yo pè.

ANÈKS

## **Moman priyè pou demand espesyal yo**

Lapriyè li fondamantal nan lavi tout kreyen. Se yon disiplin ke nou dwe rantre nan timoun yo depi lè yo kòmanse ap pale.

Kòm pwofesè a gen responsabilite pou anseye elev li yo pou dirije priyè yo devan Bondye.

Mande yo rakonte ak lòt yo sa yo mande nan priyè yo, epi montre yo defann papa yo, zanmi yo, pwofesè ak vwazén yo.

MEMORIZE

Itilize jès yo pou repase vèsè biblik la. Mande moun ki gen volonte ki ta vle dirije group la pou repase ansanm tèks inite a.

POU FINI

Si li posib, pataje yon senp dine avèk élèv ou yo epi bay Bondye glwa pou repa sa a. Envite yo nan lòt reyinyon, epi sonje yo pou yo kapab konfyé nan Bondye nan moman lè yo santi yo pè.



## Lesson 8

# JEZI BAY YON FOUL MOUN MANJE



### ASPÈ JENERAL

Baz biblik: Jan 6:1-14.

Objektif leson an: Montre timoun yo ke Jezi okipe li pou bezwen yo.

Tèks pou aprann: *Lage tout tèt chaje nou yo ba li, paske l'ap pran swen nou.* (1 Pyè 5:7)

### PREPARE POU ANSEYE!

Manje pou senk mil moun nan la se sèl mirak ki te anrejistre nan tout levanjil yo. (Matye 14:13-21, Mak 6:30-44, Lik 9:10-17 epi Jan 6:1-15). Evènman mèvèy sa yo ke Jezi te reyalize te demontre pouvwa li te genyen pou sipliye bezwen moun yo, konpassyon li e, sitou, nati diven li. Sèlman Bondye ki te kapab fè sa Jezi te fè a.

Nan mirak sa a, Jezi te demontre ke li te kapab itilize nenpòt eleman li te gen pou li fè ak men li. Menm si li te kapab genyen li tou fèt san li pat itilize dine moun. Kisa ki te genyen nan senk pen ak de pwason. Pandan tan sa a, lè nou touprè Jezi n'ap gen anpil, epi n'ap gen rès rete.

### KONTÈKS

Nan vèsè 14 la nou kapab obsève ki repons moun yo devan mirak sa a. Reflechi sou pwòp vi ou: Kisa sa siyifi pou ou? Kòman w reponn devan gras epi mirak Bondye fè yo nan lavi pesonèl ou?

Kòman ou kapab rakonte sa ak timoun yo nan klas ou? Eseye ogmante konfyans ke timoun yo genyen nan Jezi. Ede yo konprann ke Jezi pa yon moun ki toujou ap ba nou tout sa nou bezwen. Pandan sa, se yon zanmi ki renmen nou e ki pran

swen nou nan tout moman. Pandan leson sa , pale avèk timoun yo sou èd epi pwovizyon ke nou resevwa nan men Bondye. Pa konsekan, timoun yo fè zanmi pi fasil, travay sa p'ap deranje yo, idantifye Jezi kòm zanmi yo. Yo pa okipe yo sou pwosesis afèktif yo, konsa tankou sou fason paran yo ba yo rad ak manje. Estimile nan yo dezi pou remèsyé Bondye pou tout sa yo genyen. Li enpòtan pou elèv yo gen asirans ke tout sa yo genyen vini nan Bondye, tankou yon kado lanmou Bondye pou nou. Sonje ke pwosesis aprann li diferan pou chak ti-

moun, konsa gade elèv yo epi idantifye ki fason yo konprann ansèyman an. Swiv ak-syon yo, koute Diskisyon yo epi pale avèk yo pou konnen sa yo dekouvri nan Jezi.

### DEVELOPMAN LESSON AN

#### Atansyon

Pran kèk nan aktivite sa yo pou kappe atansyon elèv ou yo epi prepare yo pou aprann.

#### An nou fè manje !

Ou bezwen tout bagay kwizin, e jwèt manje oswa rès aliman.

Timoun piti yo gen yon gou espesyal lè yo eseye prepare manje; Yo renmen imajine manje yo epi sèvi yo.

Di: Imajine jodi a anpil zanmi pral vini pou yo dine. Kisa nou kapab kwit pou yo? (Kite yo prepare manje yo panse). Kontinye: Yon jou, lè Jezi t'ap anseye disip li yo, anpil moun ki gen plizyè ide te vini pou tande li. Men lè a te rive e yo te kòmanse santi grangou. Èske nou konnen sa Jezi te fè? Yon bagay espesyal an nou dekouvri li nan istwa biblik jodi a.

#### Manje prefere mwen

Mande timoun yo fè desen manje yo renmen. Pandan y'ap fè travay yo, pale avèk yo sou benediksyon aliman yo reprezante.(pa ekzanp, ki ede yo grandi, nourri , elatriye).

Lè yo fini, fè yo montre travay yo nan klas la.

#### Konbyen?

Ou bezwen yon panye, koupe anfòm pen e pwason papye.

Mete panye a epi lot ilistrasyon yo sou yon tab.

Mande: Konbyen pen ak konbyen pwason ou te kapab manje pou kont ou? (Bay tan pou yo reponn). Konbyen pen ak

konbyen pwason fanmi ou kapab manje? (Kite yo reponn).

Konbyen pen ak konbyen pwason ki nesesè pou bay tout legliz la, (Kite yo kalkile kantite yo). Konbyen ki t'ap nesesè pou bay tout vil la?

(Kite yo reponn). Nan istwa biblik jodi a nou pral pale sou yon okazyon ke Jezi te bay mil moun manje avèk yon tikras manje.

## BIB

### Istwa biblik

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou timoun yo ka prepare yo pou koute epi repase istwa biblik la.

### Kisa ki gen pou manje?

Reyini elèv yo pou kòmanse istwa biblik la epi kesyone: Kiyès ki kapab dim kisa y'ap manje jodi a? (Kite yo reponn, e ou menm tou di sa ou pral manje). An nou dekouvri kisa foul moun ki te reyini pou tande Jezi a te manje.

### Panye pen

Prepare avèk antisipasyon senk moso pen ak yon panye. Mete pen an andedan panye a epi mande: Kisa ki genyen andedan panye a? An nou kontwole moso pen ke nou genyen.

Trè byen, yo senk! Kounye a an nou koute yo, kòm Jezi te bay anpil moun, plis pase sa ki genyen nan legliz la, avèk sèlman senk pen ak de ti pwason.

Si ou kapab fè de pwason an papye epi itilize yo pou konplete ilistrasyon an

### KONEKSYON

Prepare kèk nan aktivite sa yo pou ede timoun yo relasyone verite biblik la nan lavi yo chak jou.

### Dine nan yon panye

Remèt timoun yo fèy aktivite liv elèv la, kreyon, sizo, ak kòl. Ba yo tan pou ekri mo lafwa e pou yo ekri non yo nan fèy travay la. Ede yo koupe pen yo ak pwason yo nan

sekson koupaj la, epi, pandan w'ap sonje yo istwa biblik

Yo dwe kole yo nan panye a ki koresponn nan. Vizite yo pandan y'ap koupe pou pa gen aksidan.

### N'ap pataje pen an

Si ou kapab fè li, pataje avèk elèv ou yo yon ti dine nan salon an. Ou kapab itilize pen oswa bonbon. Di Bondye mèsi pou manje yo, epi pale avèk yo sou enpòtans lè yo remèsy Seyè a pou akonpayman li chak jou. Montre yo bay manje ak moun ki nan bezwen, konsa menm Jezi te fè.

Ou kapab mande tou avèk antouzyas kolaborasyon paran elèv yo, pou yo kolabore avèk sa ki nesesè pou dine a.

### ANÈKS MEMORIZASYON

Yon chemen pwason. koupe anpil pwason nan papye

konstriksyon oswa papye bristòl. Itilize riban adezif, kole yo atè pou yo fòm yon chemen pwason. Pandan timoun yo ap kouri nan yon chemen, resite ansanm vèsè biblik la.

Kenbe pwason yo

Montre jwèt sa a avèk elèv ou: y'ap asimile pwason yo epi ou menm pechè. Pandan y'ap naje trankil, ou menm, kòm pechè, deside jete senn yo nan dlo epi lè ou di: "Senn nan dlo!", tout pwason yo dwe eseye antre.

Premye timoun nan ki kenbe pral yon pechè.

### POU FINI

Tèmine klas la epi fè yo mete aksan sou li, konsa menm Jezi te bay yon foul moun manje, ou gen pouvwa tou pou diminye tout bezwen nou yo. Ekzòte timoun ou yo konfyé nan pwovizyon epi swen Bondye pou lavi yo. Chante kèk kè aksyon de gras, epi tèmine klas la avèk yon priyè.



## **BONDYE MONTRE LANMOU LI**

**Objektif inite a:** Inite sa a ap ede elèv preskolè yo konnen Bondye renmen yo epi itilize lòt moun pou montre amou li.

**Tèks pou aprann:** Men kòmandman m'ap ba nou: Se pou nou youn renmen lòt, menm jan mwen renmen nou.: (Jan 15:12, RV95).

**Pawòl lafwa:** Bondye: Li se souveren epi kreyatè tout sa ki ekziste.

### **Leson inite a**

**Leson 9** Bondye montre amou li atravè paran yo

**Leson 10** Bondye montre lanmou li atravè gran papa yo

**Leson 11** Bondye montre lanmou li atravè frè legliz yo.

**Leson 12** Bondye montre lanmou li atravè Jezi

### **Ansèyman lesон yo pou elèv preskolè yo:**

- ◆ A travè paran yo Bondye montre li renmen yo.
- ◆ Lanmou Bondye manifeste tou atravè gran papa yo.
- ◆ A travè frè legliz yo, Bondye montre lanmou li.
- ◆ Jezi se maksimòm ekspresyon lanmou Bondye pou yo.
- ◆ Tout timoun yo bezwen konnen ke kèk moun renmen yo san kondisyon.
- ◆ Bondye renmen chak timoun nan mond lan, epi li mete moun espesyal tankou enstriman pou eksprime lanmou ak timoun piti yo.

Pandan tan sa a, li enpòtan ke andedan klas la gen timoun ki gen karans afeksyon. Mete swen espesyal pou detekte yo epi ba yo api nesesè. Fè yo santi ke lanmou Bondye pou yo p'ap janm fini, san pè sa ki pral rive.

Mete plis siyifikasyon.

Sonje ekzanp li epi ansèyman fondamantal yo pou konprann ak pran siyifikasyon lanmou Bondye pou yo.

## Lesson 9

# BONDYE MONTRE AMOU LI ATRAVÈ PARAN YO

### ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Lik 1:5-20, 57-66.

**Objektif leson an:** Ede timoun yo pou yo konnen ke Bondye montre lanmou li atravè paran yo.

**Tèks pou aprann:** *Men kòmandman m'ap ban nou: Se pou nou youn renmen lòt, menm jan mwen renmen nou.* (Jan 15:12)



### PREPARE POU ANSEYE!

Zakari te yon prêt, li te ale de fwa Jerizalèm pa ane pou ekzèse devwa sasèdòs li yo. Yon jou, pandan li te nan tanp lan pou ofri lansan, te gen yon zanj Seyè a ki te parèt ki te anonse Mesi ke yo t'ap tann nan ap vini. Yon pitit li epi madanm li Elizabèt te anonse rive Mesi a. Li te di yo tou ke pitit la y'ap ba li non Jan. Lè Zakari te mande kòman sa t'a pral rive, li te rete bèbè.

Fanmi ak vwazen yo selebre ansanm avèk jwa e antouzyas nesans pitit la. Paran yo te konnen ke bebe sa a se te yon kado Bondye te bay. Daprè lalwa, sou wityèm jou yo ta dwe sikonsi timoun nan. E Zakari te di non li ap Jan. Pou sa a, Bondye te restore vwa Zakari, ki te ansanm ak madanm li ap adore Bondye ak kè kontan.

### KONTÈKS

Nan 1 Jan 4:7 li di: "Mezanmi, se pou nou youn renmen lòt, paske renmen soti nan Bondye. Tout moun ki gen renmen nan kè yo se pitit Bondye epi ki konnen Bondye" (RV95).

Èske lanmou Bondye eksperimente ou? Èske ou konnen volonte li pandan jou sa yo? Bay glwa pou lanmou li ak èd pou prepare leson sa a. Mande timoun yo eksprime yo nan fason yo santi yo renmen fanmi yo. Leson sa bay opotinite pou yo sonje lanmou papa yo genyen, epi Bondye tou, pou yo. Konnen lanmou Seyè a esansyèl pou kone-sans espirityèl yo.

Pafwa gen elèv nan klas ou a ki pa santi yo gen renmen pou kèk nan paran yo. Ede yo eksperimente epi konprann lanmou Bondye pou yo, atravè aksyon yo, atitud yo e pawòl yo.

### DEVLOPMAN LESON AN

#### Atansyon

Itilize aktivite sa yo pou pote atansyon elèv yo, epi prepare yo pou kapte ak aprann verite biblik la.

#### Okipe bebe a

Prepare kèk poupe, kouvèti epi objè ki gen rapò avèk bebe yo.

Gen yon tan jwèt avèk elèv yo. Tan sa a ap reprezante paran ki pran swen timoun yo. Di yo ke paran yo renmen yo epi pran swen bebe yo. Istwa jodi a pale sou yon fanmi ki te genyen yon timoun byen espesyal.

#### Fanmi mwen

Pou aktivite sa a w'ap bezwen atik sa yo: Yon tablo, yon papye bristòl, fèy ak kreyon koulè.

Ekri sa a: "Bondye montre lanmou li atravè de..." epi nan leson sa a ajoute mo "papa". Pemèt timoun yo fè yon desen fanmi yo. Mande yo pale de li, epi plase chak desen nan tablo a ke ou te prepare a. Sonje yo ke Bondye montre lanmou li pou nou atravè fanmi an (papa, gran papa, pitit).

#### BIB

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou ede yo leve pou prepare pou tandem, aprann epi repase istwa biblik.

#### Yon vizit espesyal

Avèk anpil tan, mande kèk sè nan legliz la ki gen yon bebe ki vizite klas ou a. pèmèt elèv yo mande li sou swen yon ti bebe piti bezwen.

#### Istwa biblik

Zakari ak Elizabèt te renmen epi te obeyi Bondye. Yo te ere, men yo pa te genyen pitit. Yon jou, Zakari te nan tanp la, yon zanj te parèt e li te di: "ou menm

ak madanm ou pral gen yon pitit; se pral yon timoun espesyal. Lè li grandi l'ap pale moun yo de Jezi.

W'ap rele non li "Jan".

Zakari te sezi anpil, konsa li te mande zanj la: "Kòman ou fè konnen sa?" e zanj la te reponn li: "Bondye te voye mwen pou m ba ou bon nouvèl sa yo. Pa konsekan ou pa kwè pawòl mwen yo, li te rete san pale e li pa te ka pale jis rive jou timoun nan fêt".

Pandan Zakari ak madanm li t'ap tann timoun nan fêt, konsa li pa te kapab pale.

Yo tout te kontan ak prezans bebe a nan fwaye a. 8 jou aprè nesans bebe a se te yon tan pou bay timoun nan non. Kèk moun te di: "Rele li menm jan ak papa li", men Elizabèt te di: "y'ap rele li Jan". Fanmi yo ak zanmi yo t'ap gade avèk sipriz a zakari, epi li te ekri sou yon ti tablo: "Non li se Jan". Nan tan sa a Zakari te kapab pale, e Zakari ansanm ak madanm li t'ap adore Bondye pou nesans pitit yo a. Pale timou yo sou lanmou papa yo pou pitit yo. Mande manman ki te vizite an kòman li montre lanmou li pou bebe li a.

Pemèt elèv yo poze li kesyon epi sonje yo ke Bondye montre nou lanmou li atravè fanmi nou.

Mande: Kòman paran yo montre ke yo renmen yo? (Bay tan pou yo reponn).

### Jwèt men yo

Mande elèv yo jwèt sa a, epi di yo pou yo montre fanmi yo.

A la yon jwa pou fanmi ki viv nan fwaye sa a! (Itilize de men, youn nan de dwèt yo sou fòm yon triyang).

Fanmi an vin genyen twa pitit, papa ak manman.

Sa a se manman ki pran swen nou epi ki ban nou manje (leve dwèt pouz la).

Sa se papa k'ap travay (leve endèks la).

De frè sa yo ap ale lekòl (leve dwèt sa yo).

Epi ti pi piti a ap ret jwe (leve orikilè).

Nan nwit fanmi an te renmen reyini (men yo ouvè asanm) pou li labib epi fè yon sèl ak Bondye pou priye. (Men yo ansanm nan aksyon priyè).

### KONEKSYON

Itilize aktivite sa yo pou relasyone verite biblik nan lavi elèv yo chak jou.

### Bebe Jan an

Remèt timoun yo fèy aktivite liv elèv la. Mande yo reyini pwen yo pou fòme desen bebe Jan an. Bay fèy aktivite a koulè epi, pandan y'ap fè li, eksplike yo ke zakari ak Elizabèt te kontan paske yo te vin paran. Yo renmen bebe Jan an paske se te pitit yo. kòman yo te kwè ke y'ap montre lanmou yo pou bebe a? (kite timoun yo bay opinyon).

Ede lòt yo ki apenn aprann ekri pou ekri non yo kote li dwe ye.

Vire fèy la epi make mo Lafwa (Bondye). Separe ti papye koulè yo ak kòl la, pou ka ranpli lèt yo ki fòme mo "Bondye".

### Papa nou renmen nou

Mande timoun yo desine sou kòman paran yo montre lanmou pou yo. Lè yo fini pou yo montre li ak lòt yo.

Mete atansyon espesyal nan timoun sa yo ke paran yo mouri oswa paran yo lwen yo. Di yo ke Bondye se yon papa ki gen lanmou ki vle pran swen yo epi pwoteje yo, menm si papa sou tè a pa ka jwenn yo prè. Montre yo afeksyon oswa fè yo santi yo espesyal.

### ANÈKS

#### Moman priyè

Envite elèv yo konte eksperyans yo nan aktivite nan jou sa a, oswa sa yo te reyalize avèk papa yo. Y'ap chita avèk men yo ansanm, nan atitud priyè, mande yo fè demand yo. Montre yo priye pou manm fanmi yo.

#### MEMORIZASYON

Repase tèks biblik la: "Men kòmandman m'ap ban nou: Se pou nou youn renmen lòt menm jan mwen renmen nou" (Jan 15:12).

Mete yo nan sèk, mache dèyè timoun yo pandan w'ap touche zepòl yo, mande yo repeète tèks biblik la. Dènye timoun ou touche a, lè li fini di tèks la, reyini li avèk li. Mache ansanm avèk li toutotou lòt yo epi y'ap repeète aksyon an jis tout vini dèyè ou pou y'ap di vèsè a.

#### POU FINI

Lèse timoun yo pote travay yo te reyalize nan klas la lakay yo, epi remèsyé asistans yo. Sonje yo pou yo remèsyé paran yo ak fanmi yo, epi pou yo obeyisan tankou Jezi.

# BONDYE MONTRE LANMOU LI ATRAVÈ GRAN PAPA YO



## ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** 2 Timote 1:3-5; 3:14-15.

**Objektif leson an:** Ede elèv preskolè yo konprann ke Bondye kapab montre yo tou lanmou li atravè gran papa yo.

**Tèks pou aprann:** “Men komandman m’ap ban nou: Se pou nou youn renmen lòt menm jan mwen renmen nou” (Jan 15:12).

## PREPARE POU ANSEYE!

Ekriti yo pale nou yon ti kras sou anfans Timote. Poutan, 2 Timote 1:3-5; 3:14-15 fè nou konnen ke manman enik ak grann li Loyida te fòme li nan bagay espirityèl depi lè li te timoun. Ansèyman sa a te rantre nan relasyon li avèk Bondye epi nan ministè li avan.

Nan moman pase, Timote te rive konvèti yon ouvriye ke Pèl renmen anpil. Sa se louwanj lafwa manman epi grann Timote, epi yo te aprann li pa blye verite ekriti yo ke li te aprann nan timoun.

## KONTÈKS

Nan 1 Jan 4:11 li di: “Mezanmi, si Bondye renmen nou konsa, nou youn renmen lòt” (RV95). Lanmou epi enflyians manb fanmi yo ekzèse nan timoun yo kapab prepare relasyon avèk Bondye nan tout long lavi yo. Panse ak kèk manm nan fanmi yo ke ou ede grandi espirityèl. Pandan moman priyè a, remèsyé Bondye pou sa yo ki gen anpil enflyians nan lavi yo.

Nan semèn sa a pèmèt timoun yo rete ak moun ki gen laj avanse nan legliz la. Mande ansyen sa yo ekri mesaj ke ou kapab bay timoun yo nan klas yo. Timoun yo pral aprann lanmou moun ki majè nan legliz la, epi y’ap kapab relasyone ak lanmou sa yo avèk Bondye.

Elèv yo bezwen dekri mwayen pou yo relasyone avèk gramoun yo. Ede yo ekri pwòp mesaj yo. Pale yo sou fason Bondye vle ke tout moun renmen epi pran swen youn lòt.

## DEVELOPMAN LESON AN

### Atansyon

Itilize aktivite sa yo pou pran atansyon elèv yo epi prepare yo pou aprann verite biblik la.

### Fanmi mwen

Pou leson sa a ekri mo”gran papa” nan tablo ki te prepare nan klas pase a. Lèse timoun yo fè yon desen granpapa yo. Si ou vle, ou kapab voye avan yon nòt pou paran yo voye yon foto gran papa yo lè yo te piti, oswa lòt manm granmoun nan fanmi an. Fè yon desen gran papa yo. Di elèv yo, k’ap desine a, pou yo rakonte kèk bagay sou fanmi yo. Plase desen yo nan tablo pou yo afiche.

### Kolye Gran papa yo

Ou bezwen boul yo fè kolye yo, sizo 60 cm. Gwo fil pou chak timoun epi granmoun vizitè yo (ou kapab redwi sereyal pa nenpòt materyèl ke ou gen nan men ou epi k’ap pèmèt ou reyalize aktivite a).

Envite plizyè gran frè pou vizite klas la. Pandan timoun yo rive, di yo pase sou tab epi pou yo komanse fè yon melanj avèk sereyal la. Pèmèt granmoun yo ede yo. Mande yo tout (timoun ak Granmoun) rakonte istwa sou fanmi yo, pandan y’ap fè melanj la. Di: Gran papa yo se moun espesyal. Y’ap kapab di nou kòman Bondye renmen nou. Èske gen kèk bagay ke ou pran plezi fè avèk gran papa ou? (Lèse timoun yo bay repons avèk lòt yo pandan y’ap travay).

### BIB

Itilize aktivite sa a pou repase istwa bibli la.

### Yon vizitè espesyal

Envite plizyè gran papa davans oswa granmoun ki vizite klas ou pandan moman

istwa biblik la. Prezante yo devan timoun yo, epi kite timoun yo rakonte eksperyans yo. Aprè rakonte istwa biblik la.

### Istwa biblik

Si li posib, prepare davans kèk tranch pou ilistre klas ou. Nan

Premye a, desine Pòl lè li ekri yon lèt. Nan dezyèm nan, yon jèn ki prezante Timote; Nan twazyèm nan, de fanm ki reprezante Enik ak Loyida.

Reyini elèv yo pou yo tandé istwa, epi montre yo premye tranch la.

Mande yo: Èske yo konnen kiyès li ye? (Bay tan pou yo reponn).

Kòmanse avèk relans istwa a: Nonm sa a ki ekri lèt sa a se Pòl, yon disip ki te renmen Jezi epi kite preche pawòl li. Li te gen yon zanmi ki te chè pou li, li te tankou yon ptit pou li, li te rele Timote. Se li kite ekri lèt la (montre tranch Timote).

Pandan Pòl te ekri lèt sa a avèk bon zanmi li, sonje sa, menm si li te yon timoun, li te renmen Bondye. Epi Pòl te di Bondye mèsi pou Timote.

Pòl sonje Enik tou, Manman Timote, epi grann li Loyida, ki yo menm te anseye Timote depi nan anfans pou li konfye nan Bondye.

Montre twazyèm nan epi li di: Pòl ekri Timote. Ou sonje ke manman ou ak grann ou te renmen Bondye? Yo te transmèt lanmou Bondye pandan ou t'ap grandi, epi ou te konvèti de timoun ak grandi moun.

Pòl te vle anime zanmi li, epi li te ekri: "Timote, ou dwe kontinye ansèyman yo ke ou te aprann depi lè ou te piti a. Li bon pou ou aprann ekriti yo. Tout moun ki konnen ou ap ede lafwa ou grandi nan Jezi".

Kite timoun yo chwazi yon tranch epi pou yo rakonte istwa ki gen rapò ak istwa sa a. Pòl te resevwa remèsiman bò kote manman ak grann Timote zanmi li. Mande ki fason yo te temwaye lanmou Bondye ak Timote pandan li te tou piti. Sonje yo ke Bondye montre nou lanmou li atravè paran yo ak gran paran yo.

### KONEKSYON

Itilize aktivite sa yo pou relasyone verte biblik la nan lavi elèv yo chak jou.

### Mèsi Bondye pou gran papa yo

Mande timoun yo pou yo chita sou fòm yon sèk. Eksplike yo lè ou bay boul la ak youn nan yo, l'ap genyen pou li retounen epi rakonte kèk bagay espesyal ke gran papa yo oswa kèk

Manm nan fanmi an ki montre li kòman li remen li. Aprè tout timoun yo patisipe, repete priyè sa a: Mèsi, Bondye, pou gran paran yo, ki montre nou lanmou epi ki pran swen nou. Mèsi pou lanmou mèvèye ou tou.

### Timote epi grann li

Ou bezwen fèy ki koresponn ak lesan an: "Bondye montre nou lanmou li atravè gran paran yo" nan liv elèv la, kreyon, sizo ak kòl.

Bay chak elèv yo fèy aktivite yo, epi ede yo koupe foto Timote (we seksyon Koupaj la), epi kole li kote grann li Loyida.

Pèmèt ke yo ekri mo lafwa (Bondye), epi rakonte elèv yo tankou grann Timote te montre li lanmou li. Mande timoun yo eksprime yo sou kòman yo panse grann Timote te ede yo konnen epi renmen Bondye.

### Moman lapriyè

Repase lesan an ak aktivite joune yo. Si gen kèk vizitè, envite yo reyini pou lapriyè ansanm. Timoun yo dwe transmèt tout demand priyè yo, epi mande yo priye pou fanmi yo. Ede yo nan lapriyè sa a: Mèsi, Bondye, pou lanmou ou. Mèsi paske ou montre nou li atravè gran paran nou. Nou renmen ou.

Pèmèt timoun yo pote fèy aktivite yo bay papa yo pou yo kapab rakonte yo lesan an.

### ANÈKS MEMORIZASYON

Mete timoun yo nan ran epi pandan y'ap mache nan salon an, repete tèks pou aprann nan: "Men kòmandman m'ap ban nou: Se pou nou youn renmen lòt menm jan mwen renmen nou" (Jan 15:12).

### POU FINI

Chante kèk chan louwanj, epi di Bondye mèsi pou gran paran yo ak lòt gran frè legliz la. Aprann timoun yo aji avèk lanmou epi respè pou granmoun majè yo. Dirije group la nan yon priyè, envite yo nan klas pwochen semèn.

# BONDYE MONTRE LANMOU LI A TRAVÈ FRÈ YO LEGLIZ LA

## ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Travay 1:7-9; 2:31-33; 4:32-35.

**Objektif leson an:** Elèv preskolè yo dwe konnen Bondye montre nou lanmou li tou atravè frè yo legliz la.

**Tèks pou aprann:** “Men komandman m’ap ban nou: Se pou nou youn renmen lòt menm jan mwen renmen nou” (Jan 15:12).

## PREPARE POU ANSEYE!

Nan 1 Jan 4:8 li di: “Moun ki pa gen renmen nan kè yo, yo pa konn Bondye, paske Bondye se renmen menm” (RV95). Premye kreyen yo te montre lanmou Bondye de fason pratik. Prezans lespri sen nan lavi yo te ba yo pouwva pou reponn ak lanmou epi jenerozite avèk pwochen yo. Gras Bondye te ede yo kreye kamarad kote manm yo te pran swen lòt moun ki nan bezwen avèk lanmou e konpasyon. Don konpasyon sa a te lakoz yon chanjman aktitud epi yon aksyon pozitif nan yo. Refleksyon: Èske kreyen sa yo te dwe vann byen yo epi remèt yo ak legliz? Repons la se non.

Nan sa yo pwosede epi richès yo, yo te considere yo tankou yon bagay kite tout pou legliz yo itilize yo lè li nesesè (Travay 2:44-45).

Nan fason sa a, premye kwayan yo te angaje pou bezwen moun yo ke yo renmen, tankou frè ak sè yo nan Kris.

## KONTÈKS

Kòman legliz la montre lanmou li pou pwochen? Èske yo te itilize Bondye pou montre lanmou yo avèk manm legliz la? Kòman lanmou ak konpasyon Seyè a revele atravè aksyon nou yo?

Pandan lesson sa a, timoun yo pral dekou-vri kòman premye kreyen yo te montre lanmou yo pou pwofi pwochen yo nan bezwen. Yo dwe konnen jodi a legliz kontinye pran swen pwochen yo. Ede timoun yo dekouvri nan ki fason legliz kapab ranpli devwa li ak lòt moun. Fè plan pou elèv yo patisipe nan kèk pwojè èd pou sa yo ki nan bezwen. Nan menm fason sa a timoun yo te wè lanmou yo te montre pou moun legliz yo, yo pral reser-vwa yon ansèyman sou kòman pran swen ak pataje avèk pwochen ki nan bezwen yo.



## DEVELOPMAN LESON AN

### Atansyon

Itilize aktivite sa yo pou kapte atansyon elèv yo epi prepare yo pou aprann verite bibrlik la.

### Fanmi mwen

Ou bezwen fèy Blanch sa yo, kreyon koulè epi tablo klas pase yo.

Pou lesson sa a ajoute fraz sa a: “Frè legliz la” nan tablo a oswa mi an.

Pèmèt timoun yo fè yon desen moun legliz la, ajoute yo nan tablo a. Aprann elèv yo pale sou amitye avèk frè yo nan legliz la.

### Afich amitye a

Ede timoun yo fabrike yon afich avèk desen yo menm, ladann y’ap reprezante aktivite ke yo reyalize ansanm avèk frè yo legliz la (priye, li laBib, chante, elatriye.). Mande pèmisyon pou mete afich la yon kote vizib nan tanp la, pou moun nan kongregasyon an ka wè li.

### BIB

Itilize aktivite sa yo pou anseye epi repasse istwa biblik jodi a.

### Bonbon sere

Avèk anpil tan, bay senk valiz ki gen anpil bonbon pou tout timoun yo nan klas la.

Avan elèv yo rive sere valiz yo nan salon an. Chwazi senk nan yo pou yo chèche valiz yo epi pou pote yo kote yo te jwenn tout te reyini yo. Pran yon valiz pou kòmanse rakonte istwa biblik la.

### Istwa biblik

Pandan aktivite sa a, gen nan men ou yon resipyen pou mete bonbon yo ak kèk sèvyèt.

Mande elèv yo: Kisa ki t’a pral pase si sa yo ki te jwenn valiz bonbon yo epi te deside rete ak yo?

(Pèmèt yo reponn). Èske nou kwè sa t'ap jis? Kòman nou kapab asire ke nou tout jwenn bonbon? (Pèmèt timoun yo manifeste ide yo).

Mete resipyen an nan mitan, epi mande timoun yo mete andedan tout bonbon yo te jwenn yo. Aprè sa, remèt chak timoun yon sèvyèt epi pataje bonbon yo egal. Pale yo sou enpòtans pou pataje sa yo genyen avèk pwochen.

Kòmanse pasaj biblik: Istwa jodi a pale sou ansyen legliz oswa legliz primitiv, ke disip Jezi yo te fonde. Kwayan legliz sa yo te renmen Jezi epi te pataje youn avèk lòt tout sa yo te genyen.

Aprè Jezi te monte nan syèl, Pyè, Jan epi lòt disip yo te kontinye pale pèp la sou bòn nouvèl Sali a. Yo te di moun yo ke Jezi vivan epi li renmen yo. Anpil moun te kontan tan-de levanjil la, epi yo te kòmanse reyini nan kay yo pou priye.

Kwayan sa yo te pran swen youn lòt e yo te gen tout bagay ansanm. Yo te vle montre lanmou yo, men yo te konnen ke Jezi te renmen yo.

Yo te pran angajman pou bay pòv yo manje, abiye yo epi kouvri yo tou. Si gen kèk moun ki te gen bezwen ekonomik, tout sa yo te posede tèren oswa yon kay yo te vann yo epi pote bay legliz lajan pou ede yo.

Pafwa nou anvi epi nou pa renmen bay lòt sa nou genyen. Men Bondye voye èd pou moun ki nan bezwen epi moun ki gen lanmou avèk pwochen yo, menm jan frè legliz primitiv yo.

Bay tan pou élèv yo eksprime dout yo, epi tèmine avèk priyè sa a: Bondye, nou di ou mèsi pou frè legliz yo k'ap pran swen nou. Mèsi pou manje sa a ke ou ban nou. Nou renmen ou, amèn.

Pandan timoun yo ap manje bonbon yo, ede yo di sa yo plis renmen nan istwa biblik la. Di yo, yo dwe nan lajwa, paske frè yo legliz la montre lanmou Bondye pou yo.

### **Mwen menm tou mwen fè pati legliz la**

Soulinye enpòtans frè yo andedan legliz la. Mande yo sonje non kèk frè nan legliz la. Di pastè a se yon frè legliz la, menm jan avèk mèt lekòl dominikal oswa anchaje ofrann yo. Kòman pastè a montre lanmou Bondye? (Pèmèt yo reponn).

Sonje yo dwe di Bondye mèsi pou frè legliz yo.

## **KONEKSYON**

Itilize aktivite sa yo pou relasyone verite biblik la nan lavi timoun yo chak jou.

### **Nou renmen frè nou yo!**

Ou bezwen fèy ki koresponn a lesion an: "Bondye montre lanmou li atravè frè yo legliz la" liv elèv la, kreyon koulè epi kreyon nwa.

Remèt timoun yo fèy aktivite a epi yon kreyon. Bay tan pou make mo lafwa epi ekri non yo. Ede yo idantifye kisa ki reprezante chak desen, epi pèmèt yo bay koulè. Eksplike elèv legliz yo pou patisipe nan menm aktivite sa yo.

Mande: Èske nou kapab mansyone kèk aktivite ke n'ap reyalize ansanm avèk yon frè nan legliz la? (Bay tan pou yo reponn).

Tèmine pandan w'ap di yo: lafwa nou se pawòl Bondye. Li renmen nou, frè nou yo ki nan legliz la tou.

### **Nou konnen frè legliz yo**

Envite nan diferan klas moun nan legliz ou davans, epi pèmèt yo di ou kèk bagay sou travay ke yo reyalize andedan legliz la. (ramase ofrann, netwayaj, anseye, chante, reyalize travay ofis, bay byenveni, elatriye...), epi bay tan pou timoun yo poze kesyon.

Eksplike elèv yo ke chak moun legliz la gen yon travay diferan pou yo fè epi tout enpòtan. Frè legliz yo montre nou lanmou Bondye epi nou dwe renmen yo tou.

Envite yo di vèsè pou aprann nan pa kè anfas vizitè yo.

## **ANÈKS MEMORIZASYON**

### **Jwèt pou aprann**

Avan nou soti nan salon klas la, repete ansanm tèks pou aprann nan: "Men kòmandman m'ap ban nou: Se pou nou youn renmen lòt, menm jan mwen menm mwen renmen nou." (Jan 15:12, RV95). Bay tan pou youn pa youn di tèks la.

### **POU FINI**

Reyini timoun yo ansanm avèk vizitè yo pou gen yon moman priyè.

Chante yon chan remèsiman ak Seyè a, epi pèmèt élèv yo prezante demand priyè yo. Mande youn nan vizitè yo pou priye pou tout moun yo.

Avan yo soti, di kèk frè ki vizite yo mèsi. Pèmèt timoun yo pote lakay yo fèy aktivite pou rakonte lesion sa a avèk paran yo.

Ranvwaye élèv yo avèk yon akolad avan ou soti nan salon an.

## Lesson 12

# BONDYE MONTRE LANMOU LI ATRAVÈ JEZI



### ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Mak 10:13-16.

**Objektif lesson an:** Ede timoun yo konrann ke Bondye montre nou lanmou li atravè Jezi.

**Tèks pou aprann:** “Men komandman m’ap ban nou: Se pou nou youn renmen lôt menm jan mwen renmen nou” (Jan 15:12).

### PREPARE POU ANSEYE!

Nan pèp Izrayèl te gen koutim pou mennen timoun yo bay Rabi oswa Prèt yo pou yo beni timoun yo. Ekriti a rakonte yon okazyon kote yo mennen timoun yo nan pye Jezi, epi reyaksyon ki te genyen revele ke timoun yo enpòtan pou Jezi.

Jezi renmen timoun yo epi rekonèt enpòtans yo; li te di wayòm Bondye a se te pou sila yo ki gen lafwa tankou yon timoun, yo menm yo konfyé epi renmen san kondisyon lôt yo.

Lè disip yo te tounen timoun pou yo apwoche kote Jezi, li te montre yo enterè li epi pran swen timoun piti yo, e li te beni yo.

### KONTÈKS

Reflechi sou enpòtans ke elèv yo genyen nan responsabilite yo. Èske ou Demontre enterè jenyal epi amou pou administre timoun yo? Èske reyèlman sa demontre timoun piti yo enpòtans ak lanmou ke Jezi genyen pou yo? Kòman Bondye kapab montre lanmou li atravè ou menm?

Elèv yo ki genyen responsabilite ki vini nan diferan fwaye. Li pwobab ke kèk nan yo asiste lekòl dominikal la tout tan epi lôt yo dwe ale chak fwa. Pou kèk elèv, klas ak legliz la se yon eksperyans nouvo.

Èske Li gen timoun nan group la ki konnen depi lontan? Kòman nou reyaksyone lè nou resevwa yon novo timoun? Li enpòtan pou demontre yo ke Jezi renmen yo menm jan a chak timoun nan klas la.

Sonje chak elèv bezwen konnen lanmou Jezi. Pou sa, pawòl yo ak aktitud yo pral detèmine nan fòmasyon espirityèl timoun piti yo.

Pandan devlopman lesson sa a, ede timoun yo transmèt lanmou Jezi avèk lôt yo.

Pale yo sou Jezi epi Bondye, Papa a.

Di yo: Bondye renmen nou anpil pou li bay pitit li a Jezi pou nou kapab zanmi li.

### DEVELOPMAN LESON AN

#### Atansyon

Itilize aktivite sa yo pou kapte atansyon elèv yo epi prepare yo pou aprann verite biblik la.

#### Jezi renmen mwen

Chante ansanm avèk elèv yo chante a: “Kris renmenm”. Li posib, fè li pandan w’ap fè jès. Di yo: Jezi renmen nou chak paske nou espesyal pou li.

Après di fraz sa: Jezi renmen a... (utilize non chak elèv yo).

#### Fanmi mwen

Ou bezwen fèy blan, kreyon koulè epi tablo ke ou te itilize nan lesон pase yo.

Ajoute nan tablo a mo “Jezi”, epi pèmèt timoun yo fè desen li. Pandan y’ap fè desen, di yo, ke yo komèt kèk bagay sou zanmi yo Jezi.

#### BIB

Itilize aktivite sa yo pou anseye epi repase istwa biblik la.

#### Istwa biblik

Anseye elèv yo fè siyal lanmou, mete men yo kwaze sou pwatrin yo. Di yo chak fwa yo tandé mo “Jezi” nan istwa biblik la fè siyal sa a.

Relate istwa a.

Jezi t’ap mache nan mitan yon foul moun. Anpil moun te eseye rapwoche li. Tout te vle wè li, tandé li, epi touche li. Yo te gen anpil dezi aprann sou wayòm Bondye a.

Kèk moun te pote pitit pou Jezi te kapab touche yo epi priye pou yo. Disip seyè

yo pat konprann poukisa Jezi te bay tan li pou timoun sa yo. Yo pat konnen si yo te enpòtan pou li. Antouka yo te kòmanse pèdi espwa epi moun yo t'ap di fè li yon lòt kote: "pa dèyè! Mèt la okipe!" Sa yo te di a, pandan y'ap repouse moun ki te gen timoun yo lwen Jezi.

Pandan Jezi wè sa, li fache epi li di disip li yo: "Kite timoun yo vin jwenn mwen pa anpeche yo, paske wayòm Bondye a sanble ak yo" (Mak10:14).

Lè Jezi te anbrase timoun yo epi li te di yo sa.

Sa montre nou lanmou Bondye pou tout, gran ak piti. Bondye renmen nou epi pou tèt sa li te voye pitit li Jezi nan mond sa a kòm yon kado lanmou pou nou.

### **Yon mesaj sekré**

Mande timoun yo pou yo leve kanpe, youn bò kote lòt nan vwa ba di nan zorèy premye timoun nan ran an: "Jezi renmen ou". Di li ke li dwe repete mo sa yo nan vwa ba avèk pwochen kamarad li, e konsa jis tout resevwa mesaj sektré a. Dènye nan ran an dwe di byen fò mesaj la: "Jezi renmen ou".

Envite elèv yo bay mesaj sa a avèk zanmi yo ak fanmi yo pandan semèn nan.

### **Jwèt valiz la**

Ekri mo yo "papa", "gran papa", "frè legliz la" epi "Jezi" nan ti papye separe, epi mete yo andedan yon valiz.

Eksplike elèv yo la li gen yon ti papye ki gen ekriti mo pase yo. Chak timoun dwe pran youn epi, aprè sa, montre mo a avèk lòt yo, yo dwe di sa yo sonje nan fason ke Bondye montre lanmou li atravè moun sa yo. Sa ap ede timoun yo sonje leson pase yo epi relasyone youn avèk lot.

### **KONEKSYON**

Itilize aktivite sa yo pou elèv yo relasyone verite biblik la nan lavi yo chak jou.

### **Jezi ak timoun yo**

Remèt chak timoun yo fèy aktivite liv elèv la. Yo dwe make mo lafwa epi ekri non yo. Pandan y'ap bay desen yo koulè, pale yo sou kòman Bondye montre nou lanmou li atravè Jezi.

Lè yo fin pentire, ede elèv yo kole fèy papye konstriksyon yo oswa papye bristòl la. Sa ap fè fèy la solid. Asiste timoun yo pandan y'ap koupe pyès

Fèy yo pou fòme yon tèt koupe.

Aprè sa, bay tan pou yo renmen li epi sonje istwa jodi a. Plase chak tèt koupe sa yo nan yon anvlop, epi ekri non timoun nan, pou li kapab pote li lakay li epi refere sa ke li te aprann nan klas la.

### **Kolye lanmou**

Prepare yon papye bristòl pou chak elèv nan klas ou a, remèt li ansanm avèk koulè yo. Bay tan pou sa yo ki konn ekri pou yo note vèsè pou aprann nan: "Men kòmandman m'ap ban nou: Se pou nou youn renmen lòt menm jan mwen renmen nou" (Jan 15:12).

Pandan tan sa a, ede sa yo ki pakò kapab ekri byen.

Aprè, timoun yo fin bay kè yo koulè epi dekore yo jan yo dezire. Lè yo fini, avèk èd yon egiy, fè yon orifis nan pati siperyè kè a, epi entwodwi estanb la pou fè yon kolye.

Anime timoun yo pou yo itilize kolye yo, pandan y'ap di vèsè pou aprann nan.

### **ANÈKS MEMORIZASYON**

Mande elèv yo pou yo repete tèks biblik la pa kè. Ede sa yo menmsi yo pa te konnen li. Si sa posib, bay yon ti prim a moun ki reponn, oswa fòse pou reponn li.

### **POU FINI**

Pemèt elèv yo eksprime yo nan fason Bondye montre yo amou li. Fè yon brèf rezime nan ansèyman inite yo, pandan y'ap prepare pou retounen lakay. Pale avèk timoun yo sou fason ke Bondye montre nou lanmou li atravè paran yo, gran paran, frè legliz yo ak Jezi.

Chante yon kantik ki pale sou lanmou Bondye, epi mande timoun yo prezante demand priyè yo. Nan priyè a, Louwe seyè a paske li demontre nou lanmou nan fason diferan.

## ***JEZI, PITIT BONDYE A, VIVAN!***

**Objektif inite a:** Inite a ap ede elèv preskolè yo konnen Jezi te demonstre ke li se pitit Bondye atravè tout sali te fè. Nou dwe selebre Jezi vivan jodi a!

**Tèks pou aprann:** Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an (Matye 16:16b, RV95).

**Pawòl lafwa:** Semèn Sent la: Se yon moman espesyal pou kretyen yo, paske nan semèn sa a nou selebre Jezi vivan epi li se sovè nou.

### **Leson inite a:**

**Leson 13** Jezi resisite Laza

**Leson 14** Jezi geri yon nonm avèg

**Leson 15** Jezi pale avèk Pyè

**Leson 16** Jezi ale Jerizalèm

**Leson 17** Jezi vivan!

### **Ansèyman lesон yo pou elèv preskolè yo:**

- ◆ Jezi te bay Laza yon nouvo vi.
- ◆ Jezi gen pouvwa pou geri.
- ◆ Pyè te kwè ke Jezi se te pitit Bondye a.
- ◆ Yo pral aprann eksprime lanmou yo epi louwe Jezi.
- ◆ Yo pral Reyafime konesans yo ke Jezi se pitit Bondye, nan selebrasyon avèk jwa semèn sent la.

Se moman pou selebre! Jezi, Pitit Bondye a, vivan. Li resisite pami mò yo, jan li te di a.

Inite sa a genyen istwa, jwèt ak aktivite ki pral ede elèv preskolè yo rapwoche atan-syon yo nan prensipal siyifikasyon semèn sent la, epi tou l'ap ede yo konnen tou ke Jezi pran swen nou.

Timoun nan laj sa a kapab konprann pandan semèn sent la nou selebre evènman Jezi, Pitit Bondye, vivan pou toujou. Li kreye verite biblik sa a se esansyèl pou kapab genyen yon relasyon pèsonèl avèk Jezi Kris.

Leson sa yo ofri yo yon bon opotinite pou prezante plan Sali a avèk sa yo ki pa menm ko fè rankont pèsonèl avèk Kris. Yo selebre ansanm rezireksyon Jezi atravè ansèy-man inite sa yo.

## JEZI RESISITE LAZA



### ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Jan 11:1-23, 34-35.

**Objektif lesoun an:** Ede timoun yo konprann ke Jezi te bay Laza lavi.

**Tèks pou aprann:** *Ou se Kris la, Ptit Bondye vivan an* (Matye 16:16b).

### PREPARE POU ANSEYE!

Jezi te gen anpil zanmi pandan moman ke li te nan mond la. Kèk nan yo te douz disip li yo, epi tou Mat, Mari, ak Laza, ki te nan Beta-ni. Li te vizite fwaye frè sa yo, ak pataje avèk yo manje, li te pale epi li te manifeste lanmou li. Pa mwayen amitye sa a, Jezi te revele kòm pitit Bondye pa zanmi li yo epi moun ki t'ap swiv li yo.

Istwa biblik sa a montre de (2) nati Jezi: Kòm zanmi ki te soufri epi koman Bondye te restore li. Li pa te la lè Laza te mouri, men poutan absans li te bay opotinite pou revele divine li.

Lè Jezi te rive lakay Mat ak Mari li te pran swen yo epi li te kriye ak yo. Aprè sa, Kòm pitit Bondye, li te fè sa ke pèsonn lòt zanmi pa te kapab fè: Li te rele Laza pou li soti nan tonnnan, epi li te soti.

Se te yon moman klè nan ministè Jezi, kote ke anpil jwif te asire li te diferan: Li te ka fè mò yo jwenn lavi ankò. Nan fason sa a, yo te kòmanse genyen lafwa nan Jezi. Nan menm moman an, se te yon pasaj pou lakwa, paske lidè reliye yo te reponn ak pèsekisyon e planifye lanmò li.

### KONTÈKS

Zanmi Jezi yo ak lidè reliye yo te reponn yon fason diferan sou mirak yo ke Jezi te reyalize. Kòman ou kapab tandem istwa biblik la? Kòman ou reponn ak kado lanmou ke Jezi ofri ou a?

Sonje ke lavi epi lanmò se yon mistè pou timoun yo. Lanmò pa parèt tankou yon bagay ki kapab rive yon moun ki sèlman t'ap viv yon ti moman kout; konsa pou yo istwa Laza kapab sanble depase konpetans yo.

Li gen kèk moman li te anseye menm istwa sa a. Yon tifi ki te tann kat ane. Jezi di: "Laza, leve". Epi Laza te leve mache soti nan tonnnan. Li te kontan, li leve men li epi li di: "Mèt, gran papa mwen te mouri e mwen konnen ke lè yon moun mouri, li mouri nèt".

Tifi sa a te konnen lanmò epi li te konnen ke sa pat ka chanje. Lè yon moun mouri yo paka wè li ankò nan mitan nou, menm si li viv ak Jezi.

—Poukisa yo te panse ke Jezi te kapab resisite Laza? Mwen te kesyone elèv mwen yo.

—Petèt Laza pat mouri jan sa te parèt la.

—Te gen yon timoun ki te reponn byen fò.

—Papa mwen di ke Jezi se inik pitit ki kapab fè sa paske li se pitit Bondye

—Yon lòt tifi te di.

—Sa se bon repons la —mwen te reponn—, sèlman Jezi kapab bay mò yo lavi paske li se pitit Bondye.

Mwen te aprann verite tewolojik yo ki te parèt difisil yo te senp pou timoun yo. Li sèten ke lè nou mouri nou mouri tout bon, men an-yen pa ka detounen Jezi, Ptit Bondye a.

### DEVELOPMAN LESON AN

#### Atasyon

Itilize aktivite sa yo pou kapte atansyon timoun yo epi prepare yo pou aprann verite biblik la.

#### Yon long chemen

Nan yon papye bristòl desine 12 pè ti papye diferan koulè, epi koupe yo. Kole yo nan yon etaj, mache depi mitan nan salon an pou rive nan kwen yo. Mande elèv yo kouri nan chemen sa yo. Lè yo pase nan tras yo di yo ke istwa biblik la pale sou yon moun ki te gen pou fè yon long chemen pou rankontre jezi, epi aprè Jezi te gen pou mache anpil fwa pou rive lakay zanmi li yo.

#### Jwa oswa tris?

Pandan semèn nan, koupe yon sèk papye pou chak elèv nan group yo. Nan klas la, pataje yo epi mande timoun yo: Nan yon kote desine yon vizaj tris epi yon lòt vizaj kontan. Si ou vle, ou kapab pote ti moso bwa pou kole sèk yo.

Di yo: Jezi pitit Bondye a. Li pran swen nou tout tan. Jodi a m' pral rakonte nou yon istwa reyèl sou de sè ki te tris. Jezi te vizite yo epi li te ede yo. Li te chanje vizaj tristès yo (Kisa vizaj tris montre nou. Nan vizaj souri (kiza vizaj kontan an montre)).

## BIB

Itilize aktivite sa yo pou ede timoun yo konprann verite biblik la jodi a.

## Kisa kite rive Laza?

Pou aktivite sa a ou bezwen kèk bandaj oswa bon papye ijyenik. Reyini timoun yo pou tandé istwa biblik la. Vlope bandaj la oswa papye ijyenik la nan men ou epi nan bwa ou, mande yo: Poukisa yo kwè mwen mete bandaj la? (Pèmèt yo reponn). Mwen fè li tankou yon souvni istwa biblik jodi a. Nou pral pale sou yon nonm ki te rele Laza, kite ansanm avèk sè li yo, mari ak Mat, se te zanmi Jezi, epi li te pran swen yo. Men yon jou te gen yon bagay kite rive Laza kite fè tout moun tris. Prete anpil atansyon avèk sa mwen ap di a.

## Istwa biblik

Mari, Mat epi Laza te viv nan yon vil kite rele Betani e li te bon zanmi Jezi. Yo te renmen li epi yo te konnen ke li te renmen yo tou.

Yon jou Laza te malad anpil. Mari ak Mat te toumante, epi yo te konnen Jezi se te inik ki te kapab ede frè yo, konsa yo te voye yon zanmi ale cheche li.

Zanmi sa a te mache anpil tan pou chèche Jezi, jis nan fen li te jwenn Jezi epi li di: "Laza malad anpil, Mari ak Mat bezwen ou ale Betañi pi vit ke posib". Pandan setan, Jezi te rete de jou an plis kote li te ye a. Nan twazyèm jou a, li te di disip yo: "Nou bezwen ou ale Betani, zanmi nou Laza déjà mouri".

Jezi ak disip li yo te mache anpil tan pou rive Betani. Laza te mouri li gen kat jou. Sè li yo te tris anpil.

Lè Mat te wè Jezi, li di: "Seyè, si ou te la avan frè mwen patap mouri. Men tou mwen konnen kounye a ke tout bagay ou mande Bondye, l'ap ba ou li". Mat te konnen ke Jezi te kapab ede frè li.

47

Aprè, Jezi te rapwoche kote Mari ki t'ap kriye, epi li di pou yo mennen li nan tonm Laza a. Lè li te rive tou prè kavo a, li te mande yo deplase ròch ki te kouvri nan rantre a, men Mat te di li ke Laza te gen kat jou la a epi li kòmanse santi.

"Jezi te di li", ou pa bezwen okipe ou, "sèlman kwè nan mwen". Moun yo te deplase ròch la, apre Jezi te priye Bondye epi li te di: "Papa, paske mwen konnen ou toujou tandem mwen". Apre li te kanpe nan rantre tonm nan epi li t'ap kriye: "¡Laza, leve!" menm moman an, Laza te soti e pran mache epi moun yo te sezi anpil lè yo rann kont gwo pouvwa Jezi a.

## KONEKSYON

Aktivite sa yo pral ede timoun yo aprann verite biblik la nan lavi yo chak jou.

## Rezireksyon Laza

Remèt fèy aktivite liv elèv la epi kreyon koulè yo. Kite timoun yo ekri mo yo: "Kris vivan!", epi yo te kontinye chemen pou Jezi ka rive nan tonm Laza a. Nan nyaj Blanch adwat la nou dwe desine Laza ki te soti nan tonm nan.

Pandan y'ap travay, fè yo mete aksan kote Jezi t'ap pran swen zanmi li Laza, Li te re viv. Sèlman pitit Bondye a ki kapab fè yon mirak konsa.

## Ti drapo viktwa

Prepare ti mwayen moso papye bristòl oswa bon fèy blan. Remèt elèv yo koulè yo, fèy yo oswa papye bristòl yo, epi ekri ladan yo fraz la: "Jezi se pitit Bondye". Bay tan pou yo kolore ti drapo yo, epi ede yo kole ladann menm yon ti baton bwa ki pral branch. Nan fason sa a y'ap monte yo.

Di yo ke Jezi kapab fè bagay mèvèy paske li se pitit Bondye. Li disponib pou ede nou, konsa menm li te fè avèk zanmi li Laza epi se li yo.

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

Memorizasyon tèks biblik la enpòtan anpil pou developman lesyon yo. Elèv preskolè yo aprann pa mwayen sans yo. Pou rezon sa a li enpòtan pou rann aktivite yo vizib pou yo kapab gen siyifikasyon pou yo.

Eki tèks biblik la avèk gran lèt nan yon papye bristòl. Asire ke lèt yo klè pou sa yo k'ap kòmanse li pou yo pa genyen difikilte. Eksplike li, epi ede yo pandan y'ap li lantman. Si yo pa konnen siyifikasyon kèk mo, fè akclarasyon ki koresponn. Repete li plizyè fwa pou yo kapab familyarize avèk li.

Kole papye bristòl la kèk kote vizib pou yo kapab wè li.


### POU FINI

Reyini elèv yo pandan y'ap fòme yon sèk, epi pran men yo. Priye pou chak nan yo e pou demand yo fè yo. Mande yo priye youn pou lòt pandan semèn nan, epi di yo ke ou entèsede chak jou pou yo. Sa ap fè yo santi yo motive epi beni.

Avan yo soti, mete aksan pouvwa mèvèy Jezi epi benediksyon ki reprezante pou zanmi li. Remèt travay yo pou yo fè epi envite yo nan pwochen klas la.

## Lesson 14

# JEZI GERI YON NONM AVÈG



### ASPÈ JENERAL

Baz biblik: Mak 10:46-52.

Objektif leson an: Ke timoun yo konprann Jezi gen pouvwa pou geri.

Tèks pou aprann: *Ou se Kris la, ptit Bondye vivan an* (Matye 16:16b).

### PREPARE POU ANSEYE!

Jezi ak disip li yo te rive nan dènye etap nan vwayaj yo Jerizalèm pou selebre pak la. Lari yo te plen moun ki t'ap prale nan vil sent la. Vyayajè yo t'ap chante,vwa yo te rezone tout kote. Malgre tout bwi,vwa yo t'ap kouri ke Jezi te nan mitan foul moun yo.

Batime te yon nonm kite avèg nan nesans ki te chita bò yon chemen. Lè li te tande ke Jezi t'ap pase bò la, li te kòmanse kriye: "Jezi, ptit David la, gen pitye pou mwen!" (Mak 10:47b, RV95). Nonm sa a te anvi wè, epi li te vin jwenn mèt la pou geri li.

Sa se premye fwa ke yo te rele Jezi nan piblik ptit David. Nonm dosil sa a te entwodwi Jezi nan Jerizalèm, epi li ban nou kle pou rantre triyonfe. Jwif yo te konsidere David se te papa li, ke youn nan desandan li yo se te Mesi.

Jezi te mande moun yo ki te antoure li pou yo te mennen Batime ba li. Mèt la di li pou li mete lafwa epi konfye nan pouvwa li. Jezi reyalize mirak la, epi nonm sa a te wè. Reyaksyon Batime se jwisans ak lajwa, pou sa li deside swiv Jezi, adore li pou mirak li te fè pou li. Jezi, anverite, se sovè, Ptit Bondye, men li te tande apèl Batime, menm lè li t'ap mache tout Jerizalèm.

### KONTEKS

Nan tèt anpil timoun lavi plen ak mèvèy e ke prèske anyen pa enposib pou yo. Yo obsèvre sitiyasyon yo pat panse nan televizyon epi jwet videoyo. Lavi se yon mistè, e evenman sa nou pa konnen kòman kèk bagay rive epi nou pa konn siyifikasyon sak pral rive.

Ide Jezi a te fè Batime wè touswit se yon bagay fasil pou asepte oswa pou kwè. Li se Jezi, pesonalite li pa dwe se yon ministè pou timoun yo. Yo dwe konnen ke Jezi gen pouvwa pou geri. Pi byen menm, elèv yo kapab pale avèk li epi mande pou li renmen nou e pran swen yo chak jou. Jezi, Ptit Bondye a, li vle rantre de fason pèsonèl nan lavi yo.

Elèv preskolè yo eksprime etonman yo yon fason natirèl anpil. Eske ou te wè relasyon ou devan kèk trik maji? Je yo ouvri nan lonbraj!

Obsèvre timoun yo pandan moman semèn sent la. Eske ou eksprime kouvèti pou mirak yo Jezi te fè pou benefis moun yo?

Eske nou pa rann kont semèn sent la se yon moman selebrasyon pou lavi Jezi? Anseye yo eksprime lanmou yo pou Jezi atravè priyè ak aktivite yo nan klas.

### DEVELOPMAN LESON AN

#### Atansyon

Aktivite sa yo pral ede yo santre atansyon elèv yo epi prepare yo pou tande istwa biblik la.

#### Chanm fè nwa

Reyini timoun yo pou anseye yo istwa biblik la. Mande yon moun ki gen volonte fèmen limyè nan chanm nan. Si sa pa fasil, mande tout timoun ki byen fèmen je yo, de fason pou yo pa wè anyen.

Di: Sa pa sèten li difisil pou wè nan fè nwa?

Limen limyè nan chanm nan oswa mande elèv yo ouvri je yo.

Mande: Eske Limyè ede nou wè byen? (Pèmèt yo reponn).

Istwa jodi a pale nou sou yon nonm ki te rele Batime, ki te yon avèg ki pa te ka wè lè limyè limen oswa etenn, avèk je ouvri oswa fèmen. Sa te fè li soufri anpil, men te gen yon moun ki te ede li we limye.

### BIB

#### Istwa biblik

Si ou gen yon envite espesyal pou rakonte istwa biblik la, remèt li devan elèv yo. Nan fason sa a yo pral fè anpil atansyon ak moun sa a.

#### Avèg Batime a

Semèn sent la se yon moman byen espesyal.

Ladann n'ap selebre Jezi, Ptit Bondye a. Nou kapab selebre pandan n'ap sonje istwa yo. Istwa sa a rakonte okasyon kote li te konnen yon nonm avèg, ki te rele Batime.Nou wè kòman Jezi te ede nomm sa a.

Batime t'ap viv Jeriko, li te avèg epi li pa te kapab wè anyen. Chak jou li te chita bò che-

men an. E menm si li pa te kapab wè lòt yo ki t'ap pase, men li te tande yo. Li pat gen travay fas avek maladi li, poutèt sa li t'ap mande moun k'ap pase bò kote li lacharite.

Yon jou, Jezi ak disip li yo t'ap mache tou prè kote Batime te ye a. Li te tande bri anpil moun ki t'ap mache, epi li te konnen gen kèk bagay ki kapab rive.

—Kisa ki rive? —li te mande.

—Kèk moun enpòtan ap pase la a —yo reponn li.

—Kiyès li ye? —li te retounen mande.

—Jezi! —te reponn li.

—Jezi, Jezi! Ede mwen! — Batime te kòmanse ap rele.

—Shhh! Pa kriye, fè silans —moun yo ki te la di li.

—Jezi, Jezi! —Batime te kontinye ap kriye pi fò—. Ede mwen, Jezi! Ede mwen, Jezi!

Jezi te retounen, epi tout moun yo tou.

—Yo rele Batime —Jezi di li.

— moun yo te di Batime :Ou pa bezwen pè, pran kouraj, Jezi ap rele ou, Li te vrèman kontan jis li te kanpe. Li te prese pou eseye rive kote Jezi te ye a.

— Jezi te mande li :Kisa ou vle mwen fè pou ou? —.

Batime te konnen ke Jezi se te yon moun espesyal, Pitit Bondye a, epi ki te kapab fè kèk bagay espesyal.

—Batime te di: —Mwen ta remen wè.

—Jezi te di li: Ou kapab ale lakay ou! Paske ou kwè nan mwen, ou geri, kounye a ou kapab wè.

Batime te kapab wè! ki mèvèy! Kounye a li kapab wè Jezi, ak moun yo, solèy, epi ranpli jwa pou te swiv Jezi nan chemen an.

## Revizyon

Elèv yo dwe santi yo nan sèk, epi bay youn nan yo kèk linèt fè nwa pou yo mete, menm jan Batime te ye a.

Mande yo: Kisa ki te rive lè Batime te konnen Jezi èske lavi li te chanje pou janmen? (Li te wè paske Jezi te geri li). Jezi kapab fè mirak paske li se Pitit Bondye. Li te ede moun nan tan sa a epi ede nou tou jodi a.

Poze lòt kesyon ki gen relasyon avèk lesон pou ranfòse aprantisaj la.

## KONEKSYON

Pran kèk nan aktivite sa yo pou timoun yo kapab aplike verite biblik la nan lavi yo chak jou.

## Nou pa kapab wè

Elèv yo dwe fè yon ranje, epi mande yo pou yo mache vin jwenn ou avèk je yo ouvè. Lè ou

endike yo, pou fèmen yo. Aprè sa, y'ap kòmanse ba ou aksè. Lè yo fin mache yo dwe ouvri je yo epi avanse jis kote ou jwenn yo.

Mande yo: Kisa yo santi lè y'ap mache san yo pa wè? Kòman nou kwè Batime te fè pou li mache chak jou pou retounen lakay li? (Bay tan pou yo reponn).

## Idantifye objè yo

Nan yon valiz nwa rantre plizyè objè (ki pa pwenti oswa koupe) timoun yo kapab idantifye pa mwayen touche. Di yo ke moun avèg depann anpil nan sans sa a. Fè tout mete men yo nan bous la epi idantifye yon objè ke yo sèlman manyen.

## Liv Batime a

Remèt timoun yo fèy aktivite liv elèv la, kreyon koulè epi sizo. Di yo bay kat tablo yo koulè enstriksyon yo, e aprè koupe yo nan liy pwenti yo. Lè yo fini mande aranje yo nan lòd siksesyon tablo yo pandan y'ap repase istwa a. Kole oswa aranje kat tablo yo pou fòme yon liv. Si yo vle, nan yon fèy blan y'ap kapab fè yon kouvèti epi kole li nan tablo yo avèk tèks la pou aprann pa kè.

Mande timoun yo itilize ti liv sa a pou yo kapab rakonte avèk zanmi yo ak fanmi yo istwa Batime a.

## ANÈKS MEMORIZASYON

Ekri mo yo ki fòme tèks la pou aprann plizyè gwo kat,

Epi melanje yo pou elèv yo ka alèz epi li tèks la konplè. Sonje ke elèv preskolè yo kòmanse pwosesis aprantisaj la, pou sa ki nesesè pou fè gwo lèt. Ede yo reyini silab yo pou fòme mo. Lè yo gen tèks la konplè repeète li plizyè fwa ak yo.

## Jwèt chèf avèg

Si ou gen yon gran espas, kite timoun yo jwe ak chèf avèg. Avèk anpil atansyon, bouche je yon moun ki gen volonte avèk yon mouchwa oswa bandaj epi di li eseye kenbe oswa touche yon lòt timoun.

Elèv la ke li touche a ap pran plas chèf avèg epi l'ap repeète teks biblik la pa kè.

## POU FINI

Fòme yon sèk avèk timoun yo, epi pèmèt yo chak fè yon brèf priyè aksyon de gras. Konkli ak louwanj pou Bondye pou mirak sentete yo.

ki fè pa mwayen pèp li a. Chante yon chan avan yo ranvwaye, epi envite timoun yo nan pwochen

celebrasyon espesyal semèn sent la. Sonje yo pou yo priye pandan semèn nan, epi repase yo lakay yo tèks pou aprann nan.

# JEZI PALE AVÈK PYÈ

## ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Matye 16:13-16.

**Objektif leson an:** Timoun yo dwe konnen ke Pye te kwe nan Jezi se te Pitit Bondye.

**Tèks pou aprann:** *Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan* (Matye 16:16b).



## PREPARE POU ANSEYE!

Jezi tèmine ministè piblik li nan Galile. Chemen pou ale lakwa a apèn te kòmanse. Jou sa a, pandan disip yo t'ap mache tou prè rejyon sezarefilip, Jezi te mande yo sa ke moun yo te panse sou kilès Pitit lòm nan ye. Li posib anpil nan yo dekonekte epi kesyone sou sa yo te tan-de. Kèk nan yo te di pafwa se te Jan Batis, lòt yo te panse se te Eli, genyen ki te di se Jeremi oswa youn nan pwofèt yo.

Li sèten ke Jan Batis te prepare chemen an pandan li t'ap preche repantans epi batèm, men li pa te ka ofri yo kado Sali a. Eli se te yon nonm priyè epi ki te fè mirak sentete, men se pat avèk pwòp fòs li, men pa pouvwa Lespri Bondye ki abite nan li. Jeremi se te yon ekzanz pasyans ak soufrans, menm jan ak tout pwofèt yo, lòm kon-sakre e Fidèl, men li pa te pwòp Pitit Bondye.

Jezi te pran swen moun ki t'ap swiv li yo pou yo te konnen kiyès li te ye. Pyè te reponn kesyon sa a yon fason senp, men ki te fonde: "Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an" (Matye 16:16). Li se te youn nan premye nonm ki te konnen Kris se Bondye, e te mete li nan plas ki te koresponn ak li kòm inik pitit Bondye.

## KONTÈKS

Se yon bagay jeneral ke anpil moun pèdi pèspektif sou pèsonalite Kris. Anpil moun wè li kòm yon nonm relijwe, yon saj oswa yon pèsonaj istorik. Pandan se tan, Apòt Pyè sonje nou karaktè diven Jezi lè li di nou se Kris la, Pitit Bondye vivan an.

Reflechi sou eksperyans pèsonèl la. Èske Pawòl ou ak aksyon ou kòm kretyen pwoklame klè devan Jezi kòm Kris la, Pitit Bondye vivan an? Èske elèv yo wè reyalite sa a nan ou? Èske se yon ekzanz vivan ke Jezi renye nan lavi ou?

Youn nan moun ki gen plis enfliyans nan lavi elèv preskolè yo san dout, Mèt lekòl dominikal la. Yo depann de aksyon yo epi pawòl yo. Chèche nan lapriyè gid Lespri sen an, toujou yon temwayaj efikas pouvwa pitit Bondye a ki grave nan lavi elèv yo.

Pa mwayen istwa biblik la, aktivite yo ak espesyal trètman amoure yo, ap kapab kondi elèv yo gen yon rankont pèsonèl ak Jezi.

Li te vini sou tè sa a, Li te fèt tankou bebe, li te grandi jis li vin gwo timoun epi aprè li vin gran moun, li te mache, li te pale, li te manje ak moun yo. Li te ede epi te pran swen pwochen li yo ak moun kite malad yo. Li te mouri sou bwa kalvè, li te resite pami mò yo epi viv nan kè sa yo ki vle resevwa li.

Daprè verite sa yo, timoun yo kapab konnen Jezi epi santi ke li renmen yo. Itilize tout sa kòm baz, nou pral kondwi elèv nou yo pou yo prè, menm jan ak apòt Pyè: "Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an".

## DEVELOPMAN LESON AN

### Atansyon

Pran kòm baz aktivite sa yo pou kapte enterè timoun yo epi prepare yo pou koute istwa biblik la.

### Kiyès mwen ye?

Eksplike timoun yo jwèt sa a. Yo dwe koute mo kle ke ou pral di pou yo devine kiyès k'ap pale. Di yo: Mwen wè yon tifi abiye an rouj. Kòman li rele? (timoun yo dwe di non kamarad yo).

Kontinye jis pou mansyone kèk bagay ki idantifye chak manm nan klas yo. Aprè fè entwodiksyon ak klas la epi di: Mwen panse avèk kèk moun nan Bib la, ki se Pitit Bondye epi nou selebre nesans li nan fèt nwèl, Nou konnen kiyès? (Jezi).

Mande elèv yo koute istwa a, kote yo pral aprann sa ki te pase yon jou ke Jezi te kesyon disip li yo.

### Zanmi mwen Jezi

Nan yon fèy mande elèv yo fè yon desen sou istwa biblik yo renmen an ki gen relasyon ak zanmi yo Jezi. Pandan y'ap reyalize travay yo, di yo: "Simon pyè se te zanmi epi disip Jezi. Jou sa a, Jezi te poze Pyè yon kesyon ki enpòtan anpil. Nou konnen kisa li te di li? Nou pral antere repons Pyè a nan istwa biblik jodi a.

## BIB

Envite elèv yo pou montre yo desen ke yo te fè sou istwa biblik yo renmen an. Yo dwe di sa ke yo renmen plis nan istwa sa a. Montre apresyasyon pou travay yo reyalize, epi kole yo toutotou salon an pou dekore li.

Di yo: Jezi te pale avèk disip yo epi li te rakonte yo istwa espesyal yo.

Istwa jodi a pale sou yon jou ke Jezi t'ap mache nan yon chemen ak zanmi li yo. Fwa sa a li pa te rakonte istwa, men li te poze yo yon kesyon. Mwen pral rakonte nou de kisa li t'ap pale.

### Istwa biblik

#### Ou se Kris la Pitit Bondye

Semèn Sent la se yon épòk espesyal, kote nou selebre jezi ki se Pitit Bondye a. Nou kapab selebre ak rakonte istwa sou li.

Istwa sa a pale sou yon okazyon lè Pyè t'ap pale ak Jezi.

Jezi ak zanmi li yo t'ap mache nan yon long chemen pou rive nan yon zòn. Yo te ale nan rejyon Filip epi yo te genyen pou mache anpil tan.

Pandan yo t'ap mache, Jezi te pale ak zanmi li yo. Li t'ap pale yo sou Bondye, epi yo te koute li avèk atansyon.

—Jezi mande yo, lè moun yo pale sou mwen, kisa yo di mwen ye?

Disip yo te gade youn lòt epi yo te rete ap panse sou kesyon sa a ke mèt la te poze yo a, epi yo te reponn:

—Youn nan disip yo di: Gen moun ki di ou se Jan Batis.

Jan Batis te pale moun yo sou Jezi.

—Yon lòt reponn: Yo di ou se Eli, epi gen lòt ki di ou se Jeremi.

Eli ak Jeremi te de nonm plen lafwa epi lanmou sa te fè yo viv anpil tan. Yo menm tou yo te pale moun yo sou Bondye.

Jezi di yo: E nou menm, kiyès nou di mwen ye? Disip yo ap gade li san yo pa konnen kisa pou yo reponn. Tou swit, pawòl yo te koupe.

Se te Pyè ki te reponn avèk asirans: Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an.

—Jezi te reponn li: Sa ou di a se verite Pyè, Bondye te revele ou ke mwen se Pitit li.

Nan fen an rakonte istwa a, bay yon tan brèf sou kesyon ak repons yo.

Fè parèt istwa a, yon fason pou bay rezulta entèresan pou elèv preskolè yo.

#### Fanmi Bondye

Ranfòse ansèyman biblik la avèk kesyon sa

yo: Kiyès ki kapab di mwen kèk bagay sou istwa biblik jodi a? (Pèmèt yo reponn).

Poukisa yo kwè nan Jezi ak disip li yo? (Paske yo te gen pou ale ak yo yon kote). Yo t'ap mache Jerizalèm, pwochen semèn n'ap dekouvri poukisa yo te ale. Nou rele Jezi: Pitit Bondye, paske se sa li ye.

Kiyès ou ye? (Pèmèt yo di non yo).

Kontinye di yo: Nou gen yon non paske nou sòti nan yon fanmi. Jezi fè pati fanmi Bondye a, li se pitit Bondye. Lè nou kwè nan li ak lè nou renmen li li fè nou manm bél fanmi sa a.

### KONEKSYON

Aktivite sa yo pral ede timoun yo relasyone verite biblik la nan lavi yo chak jou.

#### Kiyès Jezi ye?

Remèt timoun yo fèy aktivite a. Mande yo make mo lafwa, epi pou yo ekri non yo. Vire fèy la epi itilize kreyon koulè yo pou dekore kib yo ki fòme non Jezi.

#### Travay manyèl

Ekri nan fèy diferan, avèk gran lèt fraz la: “Jezi se Pitit Bondye”, epi remèt yon fèy a chak manb nan group yo. Bay papye yo, estanb, figi, kreyon koulè epi kòl pou dekorasyon an ka nan gou yo.

Ekzateman lè yo pral fini, kole yon lis doub nan fòm sèk, nan pati dèyè a, pou yo kapab mete ankadreman an yon kote vizib nan fwaye yo, kòm souvni Jezi se pitit Bondye.

### ANÈKS

#### MEMORIZASYON

Montre yon lam Jezi, pèmèt chak timoun repete tèks biblik la pandan siyal la oswa frape a. Ede sa ki pi piti yo ki genyen difikilte ak aprann pa kè.

#### POU FINI

Envite timoun yo eksprime poukisa Jezi, Pitit Bondye a, li espesyal pou yo. Mande yo prezante demand yo, epi chwazi yon moun ki gen volonte pou gide group priyè a. Ou menm tou priye e remèsyé Bondye pou pitit li Jezi epi pou pèmèt yo fè pati fanmi li.

Remèt travay ke timoun yo te reyalize yo nan klas la, oswa byen, si ou vle ou kapab mete yo toutotou salon an, epi prezante yon ti ekspozisyon pou envite paran yo epi manm kongregasyon yo ke yo te vizite.

Motive timoun yo aprann plis sou Jezi, pou yo pa janm manke nan pwochen klas la. Mande yo vini ak yon envite, si li posib.

## **JEZI ALE JERIZALEM**



### **ASPÈ JENERAL**

**Baz biblik:** Matye 21:1-11, 15-16.

**Objektif leson an:** Ede timoun eksprime lanmou yo epi louwe Jezi, Pitit Bondye.

**Tèks pou aprann:** *Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an* (Matye 16:16b).

### **PREPARE POU ANSEYE!**

Jezi epi disip yo te kontinye vwayaj yo pou Jerizalèm. Aprè yo te fin obsève jou repo a, Jezi te voye de nan yo pou al chèche yon bourik pou li, li ba yo anpil ens-triksyon. Pandan Jezi pran Bourik la li te revele klas mesi a.

Yon lidè militè gen pou itilize yon bon cheval, men Jezi te prefere yon Bourik dou. Sa se yon demonstrasyon plis sou imilite ak jantiyès kòm Mesi a, ki ofri yo opòtinite pou priye, pou fè desen Jezi ak manifeste sou kòman yo santi lanmou Seyè a nan lavi yo.

Lè Jezi te desann sou mòn olivye a pou ale Jerizalèm, anpil moun t'ap swete li byen vini avèk kantik louwanj, y'ap kriye: "ozana pou pitit David la! Beniswa moun k'ap vini nan non Seyè a ! Ozana ki pi wo!" (v. 9, RV95). Moun yo te tann rad yo nan chemen an epi lanse branch palmis kòm senbòl viktwa ak louwanj pou wa a. Kèk nan yo ki t'ap glorifye li te konnen li tou kòm pitit Bondye, men lòt yo non epi yo t'ap di anpil bagay kont li.

Epizòd istwa biblik sa a montre diférans ant sa yo ki asepte Kris kòm sovè e wa, ak moun ki repouse majeste ak glwa li.

### **KONTÈKS**

Louwanj nou pou Jezi dwe ale pi lwen de sa nou kwè ke li kapab fè pou nou. Pi bon louwanj la se rekonèt li kòm Seyè tout lòt yo, sèl pitit Bondye a ki Sovè a. Nou selebre Dimanch Women tankou yon evènman ki make kòmansman semèn sent la. Men nou dwe konnen rantre Mesi a se tankou glwa nan vil sent la, ak kòmansman redanmsyon peche a atravè lanmò Kris.

Nou selebre glwa pitit Bondye a avèk elèv nou yo. Anpil nan yo gen yon relasyon espesyal ak Jezi, yo pa janm doute ke li reyèl, konprann ke Bondye espesyal e Jezi se pitit li.

Timoun nan laj sa a tou kapab santi yo anfòm pou pale yon lòt moun sou Jezi. L'ap fasilité yo rakonte an detay lavi yo lè y'ap priye.

Leson sa a ap ede ou ranfòse relasyon pèsonèl elèv yo ak Jezi, Pitit Bondye a. ofri yo opòtinite pou priye, pou fè desen Jezi ak manifeste sou kòman yo santi lanmou Seyè a nan lavi yo.

Louwe Seyè a devan yo, epi di yo kòman Kris pran swen yo tout.

### **DEVELOPMAN LESON AN**

#### **Atansyon**

Itilize aktivite sa a pou kapte atansyon elèv yo ak prepare pou aprann verite biblik la.

#### **Palmis louwanj lan**

Fè kèk palmis ak elèv yo, oswa byen pran palmis reyèl la.

Pou fè yo, ou bezwen moso papye palmis ak koulè vèt pou elèv yo pentire epi aprè pou yo rekoupe yo.

Di yo: Jodi a se Dimanch Women an nou rakonte yon istwa byen espesyal.

Sa yo se palmis. Ozana!" Tout te emos-yone anpil e kontan, paske yo t'ap louwe Jezi.

Ou kapab ajite palmis ou a epi kriye: Ozana!

N'ap louwe Jezi pandan istwa biblik la ak kantik louwanj yo.

#### **BIB**

Avek aktivite sa yo ou kapab rakonte ak repase istwa biblik la.

#### **Ann louwe Seyè a!**

Reyini group la pou tande istwa biblik la. Chante yon kantik louwanj, pandan y'ap ajite palmis yo epi mache tou prè salon an.

Mande timoun yo mete palmis yo sou janm yo, lè y'ap tande mo "Ozana", pandan istwa a ap rakonte, palmis yo anlè.

## Istwa biblik

Avan ou kòmanse rakonte, montre Bib la epi di yo: Sa se Labib, pawòl Bondye a. Nou aprann konnen Bondye plis lè n'ap koute istwa yo ki genyen nan liv presye sa a.

Semèn sent la se yon bon moman espesyal. Nan semèn sa a nou selebre Jezi, Ptit Bondye a. Nan istwa jodi a n'ap aprann sa ki te rive avan premye semèn sent la, lè timoun yo t'ap chante ak louwe Jezi.

Jezi ak disip li yo t'ap mache nan vil Jerizalèm pou selebre pak la. Avan yo rive, yo te vin touprè alde, Jezi di de nan yo: "Ale alde, e n'ap jwenn yon ti bourik. Delage li epi pote l' pou mwen. Di mèt li ke mwen bezwen bourik la e aprè m'ap retoune li ba li".

Disip yo te ale epi yo te fè tout bagay jan Jezi te montre yo a. Yo te mennen bourik la epi yo te mete rad yo sou li pou Jezi te kapab chita.

Lè Jezi te rantre Jerizalèm sou yon bourik, moun yo te di youn lòt: "An nou al wè Jezi!"

Yo te emosyone anpil, epi mete rad yo nan chemen an pou Jezi pase.

Yo te koupe branch palmis. Kèk nan yo lage branch palmis sou chemen an, epi lòt yo t'ap balanse yo avèk fòs: "Ozana Ptit David la! Beniswa moun ki vini nan non Seyè a! Ozana ki pi wo a" (v.9).

Moun yo te renmen Jezi. Yo te reyèlman kontan pou yo te kapab wè mèt la. Kèk moun mande: "Kiyès nonm sa a ye ?" "Se Jezi Nazarèt", moun yo t'ap kriye.

Nan tanp Jerizalèm lan timoun yo t'ap chante epi fè louwanj pou Jezi. Yo kontan anpil pou yo wè mesi a. Gen kèk nan yo ki te la nan tanp la ki pat dakò kantik timoun yo, e yo te vle fè yo fèmen bouch yo. Pandan setan, Jezi te kontan pou li tandem yo, epi di moun sa yo: "Timoun yo fè sa ekriti a di tout dwe fè, yo t'ap louwe Bondye".

## Mach louwanj lan

Chante ansanm avèk elèv yo kantik louwanj pou Bondye, epi lanse avèk fòs palmis yo pandan y'ap louwe. Aprè sa, di yo chita, epi mande kòman yo kwè moun yo santi yo lè Jezi rantre Jerizalèm.

Menm jan avèk yo, nou santi nou nan lajwa lè n'ap louwe Jezi, Ptit Bondye a.

## KONEKSYON

Aktivite sa yo pral ede timoun yo relasyonne verite biblik la nan lavi yo chak jou.

## N'ap louwe Jezi!

Remèt timoun yo fèy aktivite liv elèv la, epi ede yo koupe foto palmis ki koresponn avèk lesyon sa yo ke y'ap jwenn nan seksyon koupaj la. Sonje itilize sizo ki pa gen fil pou evite aksidan.

Elèv yo dwe bay tinik moun yo koulè ke y'ap louwe Jezi, epi kole kèk palmis nan men yo ak lòt sou chemen an.

Di yo make mo Lafwa, epi sonje yo istwa biblik la pandan y'ap reyalize aktivite a.

## Miray louwanj

Pandan semèn nan, prepare kèk ilistrasyon nan fason ke elèv preskolè yo reponn louwanj Bondye nan lavi yo chak jou. Fè kèk desen timoun k'ap ede paran yo, lòt yo menm nan aktitud priyè, sa k'ap chante oswa li la Bib, sa ki avè zanmi yo, elatriye.

Montre desen sa yo, epi di yo ke yo kapab louwe Bondye nan fason diferan: Chak nan sa yo se yon fòm pou ba li adorasyon nou yo ak louwanj. Pandan w'ap kole desen yo nan kèk mi, pale avèk timoun yo sou enpòtans ki genyen pou kretyen yo k'ap louwe Bondye nan tout sikontanss.

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

Fòme gwoup de pou ede youn ak lòt pou sonje tèks pou aprann. Chak gwoup de dwe pase anfas epi di tèks la byen fò pandan y'ap balanse avèk fòs palmis yo.

### POU FINI

Pou lesson sa a, timoun yo dwe familyarize yo avèk moman priyè yo. Anpil ladan yo pral pote bay klas la demand espesyal zanmi yo ak fanmi yo.

Si ou vle, ou kapab fè yon afich pou note tout demand pou sa yo t'ap priye a, epi mete yon vizaj kontan nan sa yo te resevwa repons la.

Anseye tout manm gwoup yo pou priye epi plede youn pou lòt.

Nou kòmanse semèn sent la. Timoun yo dwe konsyan sou moman espesyal ke nou selebre Jezi. Envite yo asiste ak lajwa nan sèvis espesyal ak di Bondye mèsi pou benédiksyon li ke nou resevwa.

## Leson 17

# JEZI VIVAN!

## ASPÈ JENERAL

Baz biblik: Jan 20:18.

**Objektif lesoun an:** Timoun yo dwe selebre avèk lajwa semèn sent la, epi reyafime konesans yo ke Jezi se Ptit Bondye.

**Tèks pou aprann:** *Ou se Kris la, Ptit Bondye vivan an* (Matye 16:16b).



## PREPARE POU ANSEYE!

Nan plizyè jou rantre viktwa li Jerizalèm, Jezi ke yo te krisifye a. Moun ki te renmen li yo te santi yon gran doulè lè yo te wè li mouri.

Manman li Mari, epi Jan ak Mari Magdala tou, yo t'ap kriye ansanm a lòt yo lè yo wè li t'ap bay dènye soupi li aprè li te fin soufri doulè yo.

Josèf Arimate, yon nonm rich ak bon kè te mande kò Seyè a pou antere li. Kòm li te ta avan jou repo a, sèlman yo te vlope li nan yon dra epi yo te mete li nan tonm nan. Tradiksyon an te entèdi moun nan kontak avèk kò moun mouri pandan jou sa a.

Lè jou repo a pase, Mari Magdala te ale nan tonm Jezi a, byen bonè, avan li rantre, epi li te rann kont ke wòch ki te bouche nan rantre a tè deplase; kounye a li te panse ke yo te vòlè kò mèt la, li te kouri al di disip yo. Pyè ak Jan te dekouvrir yo menm si Jezi pa te nan kavo a. Tonm nan te vid, yo te jwenn dra yo avèk sa ki te vlope kò li, double ansanm.

Mari te nan lye sa a, li t'ap panse ke yo te vòlè kò Jezi, epi li te rete ap rele.

Pandan l'ap kriye, Jezi te vini kote li epi rele li nan non li. Rapidman li te tandem li konnen ke Jezi vivan. Repons li se te: "Raboni", ki vle di "mèt". Fanm sa te asire ke Jezi, Ptit Bondye, te resisite pami mò yo.

## KONTÈKS

Jezi te soufri pa pwòp volonté li yon lannò kriyèl pou peye pou peche mond la. Sa se yon istwa tris epi difisil pou elèv preskolè yo konprann. Li enpòtan pou yo konprann ke li te mouri pou nou paske li renmen nou;

Ke li resisite twazyèm jou a paske li se Ptit Bondye epi pouvwa li gran pou tout depi li ekziste.

Istwa rezireksyon an te andeyò reyalite a ak sa yo konprann, paske yon moun ki mouri pa ka reviv ankò. Poutan, nou konnen ke rezireksyon se yon verite santral e enpòtan pou lafwa kretyen an. Nou pa kapab blye li, menm si nou pa kapab konprann li non plis nan tout totalite li. Konsa li vin pi konplike lè yo eseye eksplike konsep sa a avèk elèv preskolè yo. Yo aprann pa mwayen sans yo ak eksperyans yo, nan fason, yon ide abstrè tankou sa ki parèt difisil pou konprann.

Menm si nou pa kapab eksplike timoun yo kòman rezireksyon an te rive fèt, wi nou kapab mete aksan sou "mirak" ke Jezi te resisite epi vivan, menm si nou pa konnen kòman sa rive.

Anfaz ke Jezi fè sa ke nou menm, kòm lòm, nou pa kapab fè.

Pa mwayen lesoun sa a timoun yo pral aprann ke Jezi te resisite pou bay lavi etènèl pou tout.

## DEVLOPMAN LESON AN

### Atansyon

Itilize aktivite sa yo pou kapte enterè elèv yo ak prepare yo pou aprantisaj verite biblik la.

### Lavi Jezi

Itilize materyèl klas pase yo, epi fè yon brèf repase sou evenman plis enpòtan nan lavi Jezi. Ede elèv yo sonje ministè yo ak fason li te ede moun yo.

Di yo ke semèn sent la se tribilasyon lavi Jezi isi sou tè sa a; epi tou se kòmansman istwa viktwa ak triyonf ke n'ap konnen jodi a.

## **Eksperyans**

Pafwa majorite manm nan klas yo te partisipe ansanm ak fanmi yo nan sèvis espesyal semèn sent yo. Bay tan pou kèk nan yo rakonte eksperyans yo epi sa yo te aprann pandan jou espesyal sa yo.

Remake evènman semèn sa a se yon moman ke nou selebre sakrifis ak rezireksyon Jezi, Ptit Bondye a.

## **BIB**

Itilize aktivite sa yo pou prezante istwa biblik la avèk klas ou.

## **N'ap pale sou semèn sent la**

Reyini elèv yo pou tandé istwa biblik la. Yo dwe chita nan yon sèk.

Di yo: Mwen gen yon gran nouvèl pou ou ki gen pou wè avèk premye semèn sent la: Jezi, Ptit Bondye a, vivan epi li renmen yo.

Nou menm tou nou kapab renmen li, konnen li zanmi nou epi pale avèl nenpòt moman.

Pèmèt timoun yo repete ansanm avèk ou bòn nouvèl la plizyè fwa.

Fè yon entwodiksyon nan istwa a epi di: Jodi a nou pral konnen kisa ki te rive nan premye semèn sent la. Lè mwen mansyone mo: "sote", "mache" oswa "kouri" pandan istwa a ap rakonte, ou kapab sote, mache oswa kouri, epi apre chita pou kontinye tande.

## **Istwa biblik**

Si ou rakonte avèk materyèl vizyèl pou ilistre leson an, itilize li. Sa t'ap yon gran èd. Chanje son vwa ou, epi met aksan nan pawòl yo pou bay plis reyalite sou istwa a.

Sa fè lontan, premye jou rezireksyon an te kòmanse yon demen tris anpil. Mari te leve byen bonè, byen ke li te fè nwa. Li te dekontwole paske zanmi li Jezi te mouri.

Li t'ap mache tou dousman pou ale nan tonm nan kote Jezi te antere a. Li te panse li pa te ka janm wè Jezi, kè li te tris anpil.

Pandan yo rive nan lye a, li te rann kont ke gen yon bagay diferan ki te rive. yo te retire wòch lou ki te kouvri rantre kavo a. Tonm nan te ouvri! Mari kouri jis pou rive kote Pyè ak Jan te ye a, de nan disip Jezi yo epi li te di yo: "Yo pran kò Seyè a nan

kavo a. Mari t'ap kriye epi li t'ap di "Ki kote yo mete li".

Pyè ak Jan te kouri pou ale nan tonm nan, yo wè twal ke yo te itilize pou vlope kò Jezi a, men Jezi pa te la.

Disip yo te retounen lakay yo, men Mari te rete ap kriye bò kavo a. Rapidman, li te wè de zanj chita andedan kavo a.

—Yo mande li: Poukisa w'ap kriye?

—Li te reponn: paske yo te pran kò Seyè mwen an, mwen pa konnen kote yo te mete li.

Nan moman sa a, Mari te wè yon nonm ki te kanpe dèyè.

—Nonm lan di Mari: Poukisa w'ap kriye?

Li te panse se te ouvriye ki te konn pran swen tonm yo.

—Li di li: Èske ou te pran zanmi mwen Jezi?

Rapid, je mari te vin ouvri, epi li vin rann kont se te avèk Jezi li t'ap pale a. Li pat mouri, li te resiste! Mari te vin konnen mèt la lè li te tandé ke Jezi te rele li non li. Kounye a li pa te tris ankò, kè li te ranpli ak jwa lè li konnen ke Jezi te vivan.

## **KONEKSYON**

Aktivite sa yo pral ede ou anpil pou timoun yo relasyone verite biblik la nan lavi yo chak jou.

## **Kris vivan!**

Bay timoun yo fèy aktivite liv elèv la, moso papye nwa pou ranplase wòch yo, sizo ak kòl.

Y'ap make mo lafwa, epi kole yo sou tonm nan moso papye yo pou reprezante wòch yo. Pandan y'ap travay, fè yon repase sou sa ke yo te aprann nan. Aprè, vire fèy la, epi bay glòb yo koulè ki gen yon mesaj espesyal.

## **Jwe ak wòch**

Prepare avèk antisipasyon vye journal, epi remèt de fèy a chak timoun. Mande yo woule papye a epi fòme yon boul avèk li. Mete tep adezif la toutotou yo pou evite ke yo dewoule.

Di yo boul sa a reprezante wòch ki te nan rantre tonbo Jezi lè li te resiste a.

Endike yo mete yo nan yon salon, epi lè ou di fraz la: "Jezi te resiste!", yo dwe antoure boul yo ak pye yo jis yo rive nan lòt ekstrèm. Aprè, yo dwe retounen nan pwen yo te pati a.

Ou kapab varye dinamik jwèt sa a pandan w'ap bay diferan enstriksyon (pa ekzanp:

Pouse boul la ak men, ak je fèmen,

Avèk nen, mete li sou pye epi pote li konsa lòt kote a, elatriye).

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

Pou dènye lesон inité sa a la epi Dimanch

Rezireksyon, mande pèmisyon pou timoun yo di tèks la pou aprann avan

kongregasyon an; oswa tou yo kapab chante yon kè apwopriye ak komemorasyon sa a. Sa ap ede timoun yo santi ke yo genyen fòs yo; epi tou paran yo pral kapab nan lajwa pou timoun yo aprann.

### POU FINI

Anime timoun yo eksprime demand priyè yo. Pafwa kèk ki gen volonte ak dezi priye byen fò. Sa ap ede yo ogmante konfyans priye yo nan piblik.

Ou menm bay Bondye glwa pou rezireksyon Pitit li Jezi.

Inité sa a gen anpil aprantisaj pou élèv preskolè yo; epi li pwobab pou anpil nan yo tandé pou premye fwa plan Sali a. Envite yo asiste avèk regularite, epi valorize travay ak dedikasyon yo.



## BONDYE SE KREYATÈ NOU

**Objektif inite a:** Inite sa a pral ede elèv preskolè yo konnen ke Bondye se Kreyatè tout sa ki ekziste; epi l'ap tann nou pou pran swen mond la.

**Tèks pou aprann:** Bondye te wè tout sa li te fè, te bon nan tout fason. (Jenèz 1:31a, RV95).

**Pawòl Lafwa: Kreyatè:** Bondye se Kreyatè. Nan kòmansman sèlman li menm ki te ekziste, epi pa te genyen, pèsonn ni anyen plis. Li te fòme mond la, limyè a, syèl, lalin, soleyl la, etwal yo, tè a, pwason yo, zwazo yo epi moun. Bondye te kreye tout!

### Leson inite a:

- Leson 18** Bondye te fè mond la
- Leson 19** Bondye te fè moun yo
- Leson 20** Adan ak Èv te dezobeyi Bondye
- Leson 21** Noye te obeyi Bondye

### Anseye lesон yo pou elèv preskolè yo:

- ❖ Timoun yo pral aprann:
- ❖ Kòman Bondye te fè mond la.
- ❖ Kòman Bondye te fè tout moun.
- ❖ Yo pral konnen kòman Adan ak Èv te obeyi Bondye.
- ❖ Yo pral aprann obeyi Bondye.

Bondye se Kreyatè nou epi dezire ke tout konnen kisa li te fè nan mond sa a ak tout sa ki ladann. Avèk pouvwa pawòl li, li te fè tout sa ki ekziste. Pèmèt ke tout moun nan klas la nan lajwa lè y'ap aprann ke Kreyatè a te renmen nou epi li okipe nou!

A travè lesón sa yo, elèv yo pral aprann ke tout kreyasyon an bon paske Kreyatè a te fè li avèk lanmou. Yo pral konprann ke Bondye te bay kretyen vivan yo devwa pou pran swen kreyasyon an.

Ede yo konprann ke tout sa ki antoure nou se pati kreyasyon Bondye a, konprann epi yo dwe rekonesans pou yo.

Sa gen plis enpòtan sèke yo fòme yon pati esansyèl nan inivè mèvèye sa a ki kreye pa Seyè a.

# **BONDYE TE FÈ MOND LAN**



## **ASPÈ JENERAL**

**Baz biblik:** Jenèz 1:1-3.

**Objektif lesón an:** Ede timoun yo pou yo konnen ke Bondye te kreye mond lan.

**Tèks pou aprann:** *Bondye te wè tout sa li te fè, te bon nan tout fason* (Jenèz 1:31).

## **PREPARE POU ANSEYE!**

Bondye te vle moun yo konnen ke li te fè mond lan ak tout sa ki ladann.

Istwa sa a pale nou sou pouvwa Kreyatè a Bondye a te souleve anpil deba ant syantifik yo ak tewològ yo. Pandan se tan, Ebre 11:3, RV95; fè parèt verite sa a la: "Se konfyans nan Bondye ki fè nou ka konprann se ak pawòl bondye, Bondye te fè tout bagay". Sa ki enpòtan nan kreyasyon an sè ke li pa ekri anyen pou nou sou Kreyatè a. Se yon verite ki p'ap fini ke Bondye te fè mond lan ak tout sa ki ekziste.

"Nan kòmansman Bondye te kreye syèl yo ak tè a". Aprè premye twa pawòl Ekriti yo: "Nan kòmansman", imedyatman, yo pale nou sou Kreyatè tout bagay, sa vle di Bondye, jenerè yon patwon komen nan tout Bib la, ki idantifye tankou Kreyatè a, epi ki ini nou ak li kòm kreyati li.

Bondye te kreye epi bay tout bagay fòm anyen. Li te fè oseyan yo, rivyè yo, kaskad, fimanman ak limyè yo, animal yo ki sou tè a ak bèt nan dlo yo. E li te fè lòm avèk imaj li e resan-blans li, menm jan kreyasyon an kourone li.

## **KONTÈKS**

Elèv preskolè yo twouve yo nan yon etap eksplorasyon ak dekouvèt. Aprantisaj la li sansoryèl, eksperimente ak tout sa ki genyen alantou li. Kiryozite li ensasyab: Nou vle konnen poukisa van an nwi fèy bwa yo, poukisa solèy la ak la lin nan briye, poukisa genyen tout klas animal sa yo, elatriye.

Sa se yon bon opòtinite pou yo dekouvrir yon verite fondamantal: Bondye se Kreyatè tout inivè a. Atravè eksperyans kout yo, yo konnen pati kreyasyon Bondye a, men li nesesè ke yo konnen ke li se otè epi mèt tout sa ki ekziste.

Nan lesón sa a, timoun yo ap aprann ke tout kreyasyon an bon paske Bondye te fè yo ak lanmou, e ke lòm gen devwa pou pran swen li. Sitou, li bay lòd sa yo menm.

Kòm pati espesyal e inik nan kreyasyon Bondye.

## **DEVELOPMAN LESON AN**

### **Atansyon**

Aktivite sa yo ap ede timoun yo kapte enterè yo ak prepare yo pou koute istwa biblik la.

### **Sa Bondye te kreye**

Remèt fèy Blanch yo ak kreyon koulè yo ak timoun yo, epi di yo bay koulè keseswa pati kreyasyon Bondye a (li kapab nenpòt tip animal, plant, lanmè, solèy, elatriye). Si yo dezi-re, yon fwa ke ou mande yo fè yo bay koulè, ba yo plastik oswa mas pou modèl la, pou yo ka bay fòm animal ke yo prefere.

Lè tout fin tèmine, pou yo montre travay yo ak lòt yo, epi di yo: Sa se yon bagay nan tout sa Bondye te fè. Li te kreye mond lan ak tout sa ki ladann, men gen kèk bagay anplis ke Bondye te kreye anplis tou, Nou konnen sa nan istwa biblik jodi a.

### **Rechèch**

Si kote a pèmèt ou, mennen timoun al fè yon ti pwomennen. Mande ke granmoun akonpaye yo pou pran swen ak sekirize yo.

Pandan y'ap mache, di yo mansyone tout sa Bondye te fè ke li siyale yo.

Aktivite sa tou kapab reyalize andedan sal la. Bay elèv yo revi, liv oswa fotografi peyizaj, bèt oswa moun.

Pesiste ke tout sa ke yo wè se pati nan sa ke Bondye te kreye.

### **BIB**

Atravè aktivite sa yo, elèv yo ap aprann ve-rite biblik la pou yo kapab rakonte li ak lòt yo.

### **Sa Bondye fè**

Reyini elèv yo epi montre yo Bib la. Fè yo mete aksan ke se yon liv ki espesyal anpil pas-ke se pawòl Bondye. Nan li n'ap aprann

Bondye se Kreyatè tout sa ki ekziste, tankou zetwal yo, solèy la, lalin ak zannimo yo. Istwa biblik la montre plis sou kreyasyon mèvèy seyè a.

### **Istwa biblik**

Pou konplete aprantisaj la, prepare materyèl visyèl pou ilistre klas la. Ou kapab itili-ze lam syèl la ak tè a, zannimo, peyizaj, moun,

elatriye. Montre chak lam pandan w'ap eksplike tanzantan istwa kreyasyon an.

### Bondye Kreyatè

Nan kòmanse sèlman Bondye ki te ekziste. Pa te gen pesonn, ni anyen anplis. Tè a pat nan lòd epi li te fè nwa, pèsonn pa te rete ladann.

Bondye te deside kreye yon mond mèvèye. Premyeman, mond lan te fè nwa epi plen dlo. Alò Bondye te di: se pou limyè parèt”, konsa limyè te parèt. Aprè li te di: “Se pou syèl la fet”, epi syèl la parèt imedyatman. Aprè sa, Bondye te di: “Se pou dlo a rasanble yon sel kote, pou tè a parèt”. E seyè a rele pati sèch la, tè epi dlo yo, lanmè.

Yon lòt fwa ankò vwa Bondye pale: “Se pou plant yo ak pye bwa yo pouse”, epi se konsa plant nan tout klas te pouse (Kèk te bay fri), zannimo ak anpil flè.

Seyè a te di: “Se pou limyè parèt nan syèl la pou separe jou ak nwit”, e li te fè solèy la pou klere jou a, lalin ak zetwal yo pou klere nan nwit.

Yon lòt fwa Bondye te pale epi di: “se pou gen pwason ak lòt kreyati vivan nan dlo a, ak zwazo nan syèl la”. Nan moman sa lanmè yo te plen bèl pwason ak gwo mamifè, e tout klas zwazo pou te vole nan syèl la.

Bondye te bay lòd nan sisyèm jou kreyasyon an: “Se pou gen tout klas kreyati vivan nan tè a”, e li te fè tout zannimo ki ekziste.

Anfen, li te panse ke sa te bon pou fè bagay ki espesyal anpil, li di: “Annou fè moun. Y'ap gen pou pran swen mond lan epi y'ap yon pati espesyal anpil nan kreyasyon mwen an”.

Se konsa Bondye te kreye Adan ak Èv, li ba yo yon kote pou yo viv ak aliman pou yo manje. Li te bay Adan responsabilite pou bay tout zannimo yo non.

Aprè sa, Bondye te wè tout sali te fè li te panse que ke yo te bon.

Setyèm jou a, lè li te fin fè tout travay li, li te repoze.

### KONEKSYON

Itilize aktivite sa yo pou timoun yo kapab relasyone verite biblik la nan lavi yo chak jou.

### Jwèt memwa kreyasyon an

Remet fèy aktivite liv elèv la, sizo ak yon valiz plastik oswa yon anvlop.

Ede timoun yo koupe kat yo nan liy pwentiye yo. Aprè sa, chak nan yo dwe melanje kat yo epi mete yo bouch anba nan tab la; yo dwe pran swen pou yo pa mele yo ak lòt yo. Di yo chwazi de kat epi vire yo fas pou wè si yo egal. Pandan y'ap divèti yo nan jwèt, repase sa yo te aprann pandan lesan an.

Asire tout timoun yo sere kat respektif yo nan bous plastik la, epi pou yo pote yo lakay pou rakonte istwa avèk fanmi yo.

### N'ap pran swen kreyasyon an

Gen nan men ou yon plant, yon jwèt zannimo ak yon poupe. Mande timoun yo chita an sèk, epi di yo: Bondye se kreyatè tout sa ki ekziste (montre plant la), li te fè tout plant sou tè a.

Aprè sa, montre jwèt animal la epi di: Bondye te kreye tout zannimo k'ap viv nan tè a, nan syèl ak nan lanmè.

Anfen, montre poupe a, e mansyone ke Bondye te kreye tout bebe yo ak moun yo ki abite nan mond lan, epi vle ke nou menm pran swen kreyasyon an.

Bay yon ide touman sou kòman yo kapab pran swen kreyasyon Bondye a.

### Non pou zannimo yo

Istwa sa a anseye Bondye te bay Adan dwa pou bay tout zannimo non nan kreyasyon an. Jwe ak timoun yo imajine ke youn nan yo se Adan. Mande yon moun ki gen volonte pou reprezante li, ak eksplike yo: Adan dwe bay kèk bagay non nan tout sa Bondye te fè. M'ap di: “Adan te bay non ak...”, epi mwen pral bay non kèk nan kreyasyon an. Koute ak atansyon, paske si Adan bay yon animal non, nou tout ap gen pou imite son animal. Pou chanjman, si ou di kèk bagay ki pa animal yo dwe kanpe epi rete trankil.

Si timoun yo pa konnen ki son kèk animal, anseye yo.

### ANÈKS

#### MEMORIZASON

Pran men yo pou fòme yon sèk, epi y'ap repete ansanm Tout tèks pou aprann de fwa pandan y'ap vire li. Lè yo konnen li, kèk timoun dwe di tèks la li menm sèl.

Aprè sa, tou vire epi repete ansanm yon lòt fwa menm enstriksyon an. Y'ap jwe jis yo tout patisipe.

#### POU FINI

Ekzote elèv yo pou remèsyé Bondye pou kreyasyon mèvèy li. Di Bondye mèsi pou solèy ki chofe a, lalin ki klere, van ki souke cheve yo, aliman ki soti nan pye bwa oswa plant yo, zannimo yo sitou, paske li te kreye yo tou.

Plede pou demand priyè yo. Sonje timoun yo dwe pran swen kreyasyon Bondye a epi respekte li.

Mande yo rakonte istwa yo ak fanmi yo ak zanmi yo sa yo te aprann nan klas pandan y'ap itilize jwèt memwa yo.

Tèmine ak antouzyas, epi envite yo nan klas pwochen.

## BONDYE FE MOUN



### ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Jenèz 1:27-31; 2:8, 15, 19-21.

**Objetif lesón an:** Timoun yo dwe aprann ke Bondye te kreye tout moun.

**Tèks pou aprann:** *Bondye te wè tout sa li te fè, te bon nan tout fason* (Jenèz 1:31).

### PREPARE POU ANSEYE!

Nan sisyèm jou a, Bondye te konplete kreyasyon li a epi li te fè kèk bagay mèvèy: Li te kreye lòm ak imaj e resanblans li.

Menm jan kreyasyon limyè a tankou zannimo yo montre pouvwa ak sajès Bondye. Sa li te kreye nan etap kòmansman an se te yon baz pou sa li ta pral fè aprè: Lòm.

Lòm se klima kreyasyon an; sèlman nou fèt ak imaj e resanblans Bondye. Men si nou gen relasyon avèk lòt kreyati ke li te kreye, sèlman nou genyen Bondye kòm Papa nou. Nou se reflèks li nan mond lan. Bondye se modèl original kote ke lòm dwe konpare, si yo vle konnen verite nati lòm nan.

Eunice Bryant relate enplikasyon sou jan nou kreye ak imaj Bondye. Li di: "LaBib defini aklè lòm kòm yon èt ki gen rezon ak moral. Nou gen konsyans ak detèminasyon pèsonèl. Nou diferan ak rès kreyasyon an, pou sa nou gen koneksyon dirèk ak mond espirityèl la. Nou konnen ekzistans Bondye e nou kapab kominike ak li. Atravè labib ak Lespri sen an Bondye kominike ak nou".

Sèlman lòm gen abilite epi okipe pou devwa espesyal Bondye te ba yo: Gouvène nati a. Puiske Bondye te kreye nou avèk imaj li, nou gen kapasite adore, renmen, obeyi ak konfye.

Tout kreyati Bondye te fè a, sèlman lòm ki kapab devlope epi jere yon relasyon pèsonèl avèk li. Pa konsekan, nou gen privilèj ak responsabilite pou travay ansanm ak Seyè a.

Nan Sòm 139 David dekri fason Bondye vle pi pre nou. Li vle gen yon relasyon pèsonèl ak lòm nan yon nivo ki fon anpil. Li vle pi prè nou, menm si nou konnen entimite li, poukisa li te fè nou. Li te fòme nou depi nan vant manman nou; li konnen kòman nou fòme; li konnen jou nou ak panse nou yo.

### KONTÈKS

Kòman li te kreye inivè? Se pa yon bagay difisil pou panse majorite élèv preskolè yo. Konnen ke Bondye te fè mond lan ak tout sa ki ladann gen ase pou yo ak sa pou satisfè yo. Sa ki empòtan yo dwe konnen ke Bondye se Kreyatè. Sa se yon baz fondamantal pou konprann byen kiyès li ye epi kreyasyon an.

Li empòtan ke élèv preskolè yo konprann lòm gen karakteristik ki distenge yo de lòt zannimo ki kreye yo, fas ak kreyasyon maksimal Bondye a.

Chak moun empòtan e gen yon valè espesyal pou Bondye. Sa yo se baz biblik pou yon otoestim korèk, e pou konprann abilite nou ak atitud pou posesyon yo.

Ou memm tankou pwofesè ou kapab ede élèv yo eksperimente verite pèsonèl sa a. Sa kapab fè nou konnen li renmen yo, li ba yo valè ak asepte chak nan yo.

### DEVELOPMAN LESON AN

#### Atansyon

Itilize aktivite sa yo pou kapte atansyon gwooup la epi mete yo nan aprantisaj verite biblik la.

#### Bondye te fè lòm

Itilize plastik oswa mas pou bay modèl, ak pèmèt ke élèv yo fè foto lòm. Si yo pa konte sou materyèl sa yo, y'ap kapab fè desen moun. Di yo montre travay yo fini an, epi mande yo: Kiyès ki kapab di mwen kisa Bondye te kreye an dènye? (Lòm). Kite yo reponn epi di yo ke nan lesón jodi a nou pral pale plis sou respè.

#### Miwa, miwa

Pran yon miwa ki gen bon gwosè, epi mete li nan yon kote asire andedan salon an pou evite aksidan. Chak timoun dwe pase e gade nan li. Nan mezi ke y'ap pase, mande yo: Kisa nou wè? (Mwen menm menm).

Di yo: sa mwen se pati kreyasyon Bondye

a. Li te fè lòm epi li renmen yo. Li te fè ou, li fè mwen ak tout sa n'ap viv nan mond lan.

## BIB

Atravè aktivite sa yo prepare elèv yo pou aprann verite biblik jodi a.

## Moun diferan

Chèche foto moun diferan ras yo nan revi a oswa liv, e montre elèv yo li. Di yo ke Bondye te kreye tout moun, e ke menm si nou te fêt ak imaj e resanblans li, li gen diferans ki karakterize yo tou. Pandan se tan, menm si deyò nou diferan, Bondye te mete santiman ak emosyon egal nan tout moun nan kreyasyon li.

## Istwa biblik

Kenbe foto Adan ak Èv nan men ou pou ilistre relans la. Rakonte istwa nan yon faison pou kapte atansyon gwoup la.

## Bondye te fè moun

Di ak timoun yo: Nan leson pase a nou te aprann tout sa ke Bondye te kreye. Kèk moun kapab nome kèk bagay?(Koute repons yo).

Aprè li te kreye pye bwa yo, syèl la, tè a ak zannimo yo, li te deside fè kèk bagay espesyal: Li fòme lòm ak pousyè tè. Aprè sa, li te soufle souf la vi a, epi premye lòm nan te kòmanse ap bouje ak mache. Bondye te rele nonm sa a Adan. Li te mete li anfans tout kreyasyon, epi li te ba li devwa pou bay non ak tout zannimo yo. Pandan setan, Adan te santi li sèl, konsa seyè a te deside ba li yon èd e Bondye kreye Èv, premye fanm.

Bondye te di yo pran swen youn lòt, ak plant yo e zannimo yo tou. Li te di yo ka manje tout fri nan jaden an.

Seyè a te kontan anpil ak kreyasyon an e avèk moun yo ke li te kreye. Li te renmen yo epi pran swen yo. Nou menm tou nou se pati espesyal nan kreyasyon Bondye a.

## Repase

Pandan y'ap repase istwa a, chante kèk chante ki pale sou kreyasyon Bondye a. Anime timoun yo pou eksprime rès gwoup la sa yo santi lè yo konnen ke yo se pati kreyasyon mèvèy Seyè a.

## KONEKSYON

Aktivite sa yo ap sèvi èd pou timoun yo relasyone verite biblik la nan lavi yo chak jou.

## Kòman ou ye?

Remèt timoun yo fèy aktivite liv travay la. Di yo make mo lafwa, epi rakonte sa yo te aprann nan klas la. Konsa menm, y'ap koupe foto animal ki koresponn ak leson seksyon koupe a. Pandan y'ap pale sou non ke Adan te bay zannimo yo, ede yo kole foto yo nan peyzaj fèy aktivite a.

Pèmèt timoun yo pale sou zannimo yo renmen, pandan y'ap mansyone sa yo renmen plis nan yo.

## Bondye te fè mwen espesyal

Gwoup la dwe chita nan yon sèk. Gen nan men ou yon boul eponj, ki kapab pase de men nan men, pandan w 'ap chante yon kè louwanj. Lè kè a fini, timoun nan ki gen boul la dwe di poukisa li espesyal pou Bondye, oswa ki kalite espesifik li genyen. Pa ekzanp: "Bondye te fè mwen espesyal paske mwen kapab kouri rapid anpil", oswa paske mwen konn li byen", elatriye.

Repete jwèt la jis yo tout patisipe.

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

Pou jodi a, nou gen nan men nou vèsè pou aprann koupe sou silyèt timoun, yon silyèt pou chak mo. Mete yo nan lòd sou mi an epi ede timoun yo li li. Repete plizyè fwa. Aprè sa kòmanse retire kèk mo e ke tout ap repepte ankò. Repete aksyon sa jis ou fini ak tèks la.

Nan lafen, sere tout mo pou itilize yo nan pwochen klas.

Si ou bezwen ke yo konsève nan bon eta, koupe pyès yo ak plastik adeziv transparan. Ou kapab kolore yo, ekri mo nan men oswa kole yo tou. Si nou fè yo nan òdinatè asire ke yo gen yon gwosè ki gran pou kapab wè jis lwen.

Sonje elèv preskolè yo kòmanse ak lekti a. Swa pasyan ak yo epi ranfòse aprantisaj yo atravè tèks biblik la.

## POU FINI

Ede elèv preskolè yo sonje tout sa yo dwe pote lakay yo (fèy travay, elatriye.). Remèse ye yo chak paske yo te asiste nan klas la jodi a. Anonse kèk bagay nan rès leson an, eseye fè yon koneksyon epi reve enterè pou yo pa manke.

Finalize avèk yon priyè. Pa bliye remèse Bondye paske li te kreye lòm ak imaj li e resanblans li.

## Lesson 20

# ADAN AK ÈV TE DEZOBEIYI BONDYE



### ASPÈ JENERAL

Baz biblik: Jenèz 2:8-9; 3.

Objektif leson an: Timoun yo dwe konprann ke Adan ak Èv te deside dezobeyi Bondye.

Tkès pou aprann: Bondye te wè tout sa li te fè yo, te bon nan tout fason (Jenèz 1:31).

### PREPARE POU ANSEYE!

Adan ak Èv t'ap viv nan yon kote ki te bélki t'ap koute nou chè pou imajine. Yo te gen pou pran swen jaden an ak zannimo yo ki te nan jaden an. Yo te kapab mache avèk Bondye e pale avèl ak tout libète. Yo te gen tout sa yo bezwen, e pa te gen soufrans nan kè yo.

Bondye te fè yo yon pati ki espesyal anpil nan kreyasyon li, epi te pran swen yo.

Adan ak Èv te kapab manje tout fri ki te donnen, esepte youn ki te nan mitan jaden an. Sa se inik lòd Bondye te ba yo. Yo te aksepte san konplikasyon, epi yo te viv byen nan bél jaden an.

Men yon jou, Èv te chita. Tantasyon an te fè li dezobeyi kòmandman Bondye te ba yo a, nan fason sa a pou rive gen menm konesans ak Bondye. Sèpan an te sedwi e te rive twon-pe fanm nan, li te manje epi bay mari li nan fri Bondye te entèdi yo manje a.

Rapid, lespri pi ak ke li te vin tache, yo te santi yo wont paske yo te touni. Apati moman sa a yo te kòmanse ap eksperimente yon seri santiman ke yo te touni.

Bondye repouse sèpan an akoz manti, epi li chase Adan ak Èv nan jaden an. Se pa te li kite bay sispansyon an. Kounye a yo dwe travay pou yo kapab manje. Aprè sa, Bondye te voye yon zanj veye nan rantre jaden an, epi mete yon zam a dife pou anpeche yo rantre nan Jaden an.

Menm si, Bondye te kontinye renmen yo e ak tout lèzòm, li te ba yo rad pou ko yo te kapab kouvri. Nan menm fason sa a, nou menm, menm si nou dezobeyi Bondye, li disponib pou padone nou. Li pwomèt Sali pou peche yo atravè sakrifis Pitit li, Jezi. Nou resevwa benediksyon paske n'ap sèvi yon Bondye ki gen gras ak lanmou.

### KONTÈKS

Èske ou obeyi oswa dezobeyi? Keson sa a kapab difisil pou timoun piti yo. Kèk fwa tantasyon an two fò pou yo kapab reziste ak li.

Yon lòt fwa li posib ke yo santi yo konfonn sou kòman yo te fè yè, yo pat konprann kon-sèp byen ak mal la.

Pandan setan, tout moun yo, swa timoun oswa granmoun, dwe konnen ke dezobeyi-sans se yon peche kont Bondye. Nou lòm nou rebèl pou nati a. Sèl pouvwa Bondye ki kapab chanje kondit nou, ki kapab modere nou ak emosyon nou.

Elèv preskolè yo twouve yo nan yon etap fomasyon, kote yo dwe distenge sa ki byen ak sa ki mal. Li enpòtan pou ke yo konnen yo kapab deside yon fason pou konpòte yo, konsa men Adan ak Èv te fè li.

Leson sa a ap yon gran èd pou konprann lè yo dezobeyi yo toujou dwe sibi konsekans yo, sitou, lè yo separe ak Bondye.

Priye pandan prezantasyon klas sa a pou yo toujou vle obeyi ak fè volonte Bondye.

### DEVELOPMAN LESSON AN

#### Atansyon

Itilize aktivite sa yo pou kapte atansyon elèv yo ak entwodwi yo nan aprantisaj verite biblik jodi a.

#### Kisa mwen dwe chwazi?

Nan yon papye bristòl blan ekri non elèv yo avèk gwo lèt ke yo kapab pentire ak koulè.

Mete sou tab la diferan kreyon koulè oswa fet, epi mande yo chwazi sa yo plis renmen epi pou yo pentire non yo nan papye bristòl la.

Lè yo fini, mande yo: Èske li fasil oswa difisil pou yo chwazi yon koulè? (Pèmèt yo reponn).

Ou kapab entwodwi tèm nan nan fason sa a: Kèk fwa nou dwe pran desizyon fasil yo e pafwa dezizyon pi difisil. Nou kapab deside yo bon ak obeyisan oswa konpòte nou yon fason korèk. Bondye vle ke nou obeyi li.

Nan istwa biblik jodi a n'ap koute yon desizyon ke Adan ak Èv te pran.

Sonje kiyès Adan ak Èv te ye? (Premye moun Bondye te kreye).

### Repase

Fè yon brèf repase nan sa yo te aprann pandan inite a, pou oryante elèv yo nan istwa biblik la. Ou kapab itilize materyèl yo pou eksplike istwa a. Pèmèt elèv yo patisipe.

### BIB

Aktivite sa yo ap yon gran èd pou timoun yo koute ak aprann verite biblik la.

### Adan ak Èv

Gen nan men ou de foto ki reprezante Adan ak Èv. Montre timoun yo, y'ap pale sou pèsonaj biblik sa yo. Y'ap Repase sou fason Bondye te kreye yo, e kisa li te fè yo andedan jaden an. Pèmèt elèv yo imajine kòman lavi de moun sa yo te ye nan jaden Edenn nan.

### Istwa biblik

Anrichi avèk ilistrasyon istwa ki kapab ede yo kapte pi bon atansyon elèv preskolè yo. Si ou pa gen nan men ou resous vizyèl, modile vwa yo epi fè klas entèraktif, pèmèt timoun yo patisipe pandan y'ap bay opinyon yo pou anrichi istwa a.

### Adan ak Èv te dezobeyi

Bondye, kreyatè a, te fè yon bél mond. Nan li te gen anpil plant kite bay fri ak zannimo ki t'ap pwomennen trankil nan gran jaden an. Adan ak Èv te anchaje pou pran swen tout.

Yo t'ap viv ere paske Bondye te toujou avèk yo. Yo te kapab pwomennen nan jaden an, pandan yo t'ap konvèse pou Bondye. Bondye te ba yo lòd manje tout fri pyebwa nan jaden an. Sèlman li te ba yo yon lòd: Pyebya ki te nan mitan jaden piga yo manje li.

Yon jou gen yon bagay ki te chanje istwa lanmou nan jaden sa a. Èv te deside dezobeyi Bondye epi manje fwi defandi a. Adan te manje tou.

Madanm ak Mari sa yo pat kontan. Yo te dezobeyi zanmi yo, kreyatè a. Yo pa te kapab mache plis avèk Bondye. Seyè a te chase Adan ak Èv nan jaden an. Yo pa te kapab rete nan bél kote sa a. Kounye a yo genyen pou travay anpil pou yo jwenn lavi. Pandan setan, Bondye te kontinye renmen yo, epi li te fè rad pou yo pat santi fredi.

Malgre dezobeyisans yo, Bondye te pado-ne yo moun sa yo epi toujou kontinye pran swen yo.

### KONEKSYON

Aktivite sa yo ap ede timoun yo relasyone verite biblik la nan lavi yo chak jou.

### Obeyi oswa dezobeyi?

Mande elèv yo fè yon desen sou moman ke yo deside obeyi oswa dezobeyi. Pa ekzanp: Fè oswa non devwa, ede oswa non nan travay fwaye, elatriye.

Bay yon tan brèf pou yo chak montre desen yo ak rès gwoup la.

Aprann timoun yo toujou obeyi e remèsyé Bondye nan tout sa li fè pou yo.

### O... O!

Remèt timoun yo fèy aktivite yo ak yon kreyon. Pèmèt ke yo ekri non yo, epi make mo lafwa (Kreyatè). Bay èd avèk sa yo ki apenn kòmanse ekri.

Yo dwe ini pwen yo pou wè desen konplè pye bwa a. Di yo yo dwe rankontre Adan ak Èv, epi fè yon sèk alantou a. aprè mande yo tounen paj la pou konplete ak sèn nan seksyon koupe tablo 1 ak 2 a. Timoun yo ap gen pou koupe epi kole foto yo selon sekans evenman an. Itilize seksyon sa a pou repase istwa biblik la.

### ANÈKS

### MEMORIZASYON

Itilize silyèt timoun yo, ke nou te sijere nan klas pase a.

Melanje yo, epi pèmèt keseswa elèv yo ki akomode

Tèks la pou aprann, epi repete yo ansanm. Ede lòt yo piti yo

Oswa lòt ki gen difikilte ak aprann pa kè.

Mande paran yo repase ansanm ak pitit yo tèks pou aprann nan pandan yon semèn.

### POU FINI

Priyè a dwe yon aktivite konstan nan lavi elèv preskolè yo. Aprann yo priye lakay yo epi mande gras pou lòt moun ke yo renmen. Nan okazyon sa a dirije, epi mande yo obeyi nan tout moman.

Bay Bondye remèsiman pou padon ke nou resevwa atravè Jezi.

Tèmine klas la pandan w'ap make enpòtans ke kretyen yo genyen nan obeyisans. Bondye vle ke nou obeyisan ak paran nou e mèt nou. Lè nou obeyi yo nou fè Bondye plezi.


# **NOYE TE OBEYI BONDYE**

## **ASPÈ JENERAL**

**Baz biblik:** Jenèz 6:9-22; 7:11; 8:22.

**Objektif leson an:** Timoun yo dwe aprann obeyi Bondye ak renmen li.

**Tèks pou aprann:** *Bondye te wè tou sa li te fè, te bon nan tout fason* (Jenèz 1:31).



## **PREPARE POU ANSEYE!**

Bondye te santi li te tris anpil lè l'ap kontanble kreyasyon li a. Mechanste ak dezobeyisans te ranpli kè lèzòm e yon netwayaj te nesesè nan mond lan.

Bondye te panse ak yon dezas natirèl pi gran ke istwa kreyasyon an: Yon gwo delij. Pandan setan, nan mitan destriksyon an se te yon apwòch, yon fwa plis Bondye te gen mizerikòd pou yon nonm obeyisan.

Noye te renmen Bondye epi li te obeyi li. Konsa Bondye te chwazi li pou konstwi yon lach ki pral sove li, fanmi li ak zannimo yo. Seyè a te deside lese yon rès pou revitalize epi peple yon lòt fwa latè. Pandan delij la, Noye ak fanmi li te rantre nan lach la pou plis ke yon lane.

Aprè sa, gran navi bato a kanpe, yo te rete andedan ap tann enstriksyon Bondye. Noye te montre obeyisans ak imilite devan Kreyatè a, epi li te fè tout jan Bondye te passe lòd la.

Aprè anpil tan, tout sa ki te nan lach la desann. Konsa istwa a bay yon apèsi sou redanpsyon an. Imedyatman, Noye te vin konstwi yon otèl epi ofri yon sakrifis pou Bondye pou adore li, remèsyé li, epi rekonèt ke sèlman li menm ki te kapab sove yo.

Bondye te fè yon alyans ke li p'ap janm detwi mond la avèk dlo ankò.

Pou obeyisans Noye, li te deside pou lavi kontinye sou tè sa a.

## **KONTÈKS**

Reflechi sou atitud ou devan kòmandman Bondye ak kondisyon Bondye a. Èske ou montre obeyisans nan aksyon ou yo chak jou?

Èske ou imite atitud Noye nan obeyi Bondye, menm si sikontans yo te di?

Pou kapab anseye obeyisans ak elèv yo, premyèman ou dwe mete li an pratik.

Priye epi mande Seyè a ede ou pran fòs

nan aspè lavi espirityèl ou konsa jan li vle li.

Obeyisans san kesyone se yon konsèp etranj pou anpil elèv preskolè yo. Poukisa? Se yon kesyon ke nou tande avèk frekans lè n'ap mande yon bagay.

Nan leson sa a pale yo sou obeyisans senp ak imilite Noye. Ede yo konprann ke Bondye renmen pitit li yo, epi vle pou nou renmen li ak obeyi li.

Li enpòtan ke timoun yo genyen byen konprann konsèp obeyisans la, epi rekonèt nan pèsonaj biblik sa a yon ekzamp pou swiv.

## **DEVELOPMAN LESON AN**

### **Atansyon**

Pandan w'ap itilize aktivite sa a, ou bezwen kapte atansyon gwoup la epi entwodwi li nan konesans verite biblik jodi a.

### **Lach Noye a**

Montre timoun yo yon desen lach. Pèmèt ke yo pran plezi rakonte sa yo konnen sou leson biblik la.

Di yo: Nan istwa jodi a n'ap dekovri kòman nonm nan te konstwi lach la e obeyi Bondye.

### **Ki zannimo li ye?**

Di elèv yo devinèt sa yo, epi mande yo sa ki konnen repons la pou kanpe epi di li byen fò:

- ◆ Gen moustach non zannimo peze. A!
- ◆ Se rich pou manje fwomaj! (sourit).
- ◆ Chan jon, chè anpil, pa gade koup la lè li sou nich (kanari).
- ◆ Vitès li pa nouvèl, karòt, delis (lapen).
- ◆ Ale nan forè rayè, ak li ou dwe fè atan-syon (tig).
- ◆ Mache lantman, viv sou tè oswa nan lanmè (Toti).

Lè aktivite a fini, di yo: Mwen kontan paske Bondye te fè diferan zannimo epi yo bèl. Istwa jodi a rakonte yon nonm ki te deside obeyi Bondye epi sove anpil zannimo.

## BIB

Itilize aktivite sa yo pou anseye verite biblik la epi ranfòse konesans klas la.

## Animal favori mwen

Pote nan klas la yon ilistrasyon sou animal favori ou. Di timoun yo sa ke yo renmen plis nan li ak kèk karakteristik. Bay yon tan pou kek timoun ki gen volonte tou rakonte a gwoup la sou animal favori yo.

Entwodwi istwa a, pandan w'ap di yo: Jodi a n'ap pale sou kòman Noye te sove zannimo yo lè li te obeyi Bondye.

## Istwa biblik

Si ou rakonte avèk materyèl vizyèl yo sou istwa jodi a pa doute itilize yo. Pou li pa konsta desine nan yon papye bristòl yon bak, epi pran koupe, desine oswa fotografye zannimo yo. Desine yon foto ki reprezante Noye, epi itilize ilistrasyon sa yo kòm èd vizyèl pandan w'ap rakonte a.

## Noye te obeyi Bondye

Aprè Bondye te kreye Adan ak Èv, anpil moun te fèt. Tout t'ap viv nan bèle mond lan ke Bondye te kreye.

Nan pase tan moun yo te blyie Bondye epi fè sa ki mal. Yo pa tande vwa Bondye epi yo te dezobeyi li: yo te fè sa yo te konnen ki pa te kòrèk. Sa te fè Bondye tris anpil, li te regrettè dèské li te fè lòm.

Men Noye se te yon nonm ki te renmen Seyè a epi li te obeyi tout lavi li. Yon jou Bondye te di li: "Ou se inik bon moun epi jis ki genyen soutè a. Lòt yo mal epi dezobeyisan. Pou sa mpral fè yon gran delij pou netwaye tout mal nan tè a. Konstwi yon lach pou fanmi ou ak pou yon pè nan chak espès animal. Nan fason sa a yo te sove nan dlo a".

Noye te travay anpil pou konstwi lach la, li te pran de pè nan tout tip zannimo epi mete yo andedan. Li rantre fanmi li ou tou. Aprè, Bondye te fèmen pòt lach la epi lapli kòmanse tonbe. Lapli te tonbe pandan karant jou ak karant nwit.

Lè lapli a te fin tonbe, tout tè a te kouvri dlo. Sèlman Noye te kapab wè se te dlo tout kote. Tout sa ki te rete se te lach la ak sa ki te ladann yo.

Aprè anpil moman dlo te a kòmanse ap dessann, epi lach la te rete sou yon montay. Yo te pase 40 jou, epi Noye te voye yon kòbo deyò, lè li retounen nan yon ti tan. Aprè sa, li te deside voye yon pijon. Li pa te ka jwenn tè sèk, konsa

li te retounen nan lach la. Noye t'ap tann sèt jou anplis, li te voye yon lòt pijon, ki retounen ak yon fèy oliv. Sa te vle di tè a t'ap fleri ankò.

Yo te pase sèt jou, Noye te retounen voye pijon an. Fwa sa a li pa te retounen paske li te jwenn tè sèk pou viv.

Anfen, tout dlo a te seche. Se te lè sa a Noye, fanmi li ak zannimo yo te soti nan lach la. Bondye te fè parèt yon bèle akansyèl, li te pwomèt ke li p'ap janm voye lòt inondasyon ankò pou detwi latè.

Noye te konstwi yon otèl ak wòch epi remèsy Bondye paske li te sove yo nan gran inondasyon sa a.

## KONEKSYON

Aktivite sa yo ap ede yo relasyone verite biblik la nan lavi yo chak jou.

## De an de

Remèt timoun yo fèy aktivite a, bay tan pou yo reyini nan liy chak pè zannimo yo. Repase ansanm istwa a epi tounen fèy la pou wè zannimo yo kite andedan lach la. Make mo lafwa epi nimewo pati enferyè a.

## Travay manyèl: Akansyèl mwen

Bay chak elèv mwatye plat katon. Pèmèt yo dekore yo avèk makè. Prepare plizyè moso papye koulè pou kole yo nan plat yo, fòme yon akansyèl. Ede yo kole yon ekstrèm moso papye sou kote won nan mitan plat la, yo dwe soti ladann, pou chak lè yo ajite li pou li kapab deplase pi fasil.

Pandan y'ap travay, mansyone ke akansyèl se yon souvni ke Bondye ap pran swen nou epi renmen nou.

## ANÈKS

## MEMORIZASYON

Ranje elèv yo nan ran, di yo lè ou di "anlè" yo dwe tire plis wo posib, tankou eseye touche twati a, nan menm moman an di byen fò tèks pou aprann nan. Pou chanje, lè ou di "anba", yo dwe tire pi plis anba ke yo kapab, di tèks la byen ba. Repete jwèt la plizyè fwa pou ranfòse memorizasyon an.

## POU FINI

Pou tèmine klas la, di Bondye mèsi pou swen li bay pitit li yo.

Fè anfaz ke Bondye te pran swen Noye yon fason espesyal pou li te ka yon nonm obeyisan. Mande elèv yo toujou obeyi Bondye.

## ***LABIB ANSEYE NOU SOU ABRARAM***

**LABIB ANSEYE NOU SOU ABRARAM:** Objektif inite sa a elèv preskolè yo ap aprann ke Bondye te akonpli pWomès yo ke li te fè ak Abraram.

**Tèks pou aprann:** Abraram te konplètman asire ke Bondye te gen pouvwa pou akonpli pwomès li (Romen 4:21, BLA).

**Pawòl lafwa:** Pwomès: Siyifi akonpli avèk pawòl nou. Bondye toujou akonpli sa li pwomèt.

**Leson inite a:**

- Leson 22** Bondye fè yon pwomès ak Abraram
- Leson 23** Lòt pran yon desizyon
- Leson 24** Bondye akonpli pwomès li te fè ak Abraram nan
- Leson 25** Nesans Izarak
- Leson 26** Elyezè jwenn yon madanm pou Izarak

**Anseye lesон sa yo ak elèv preskolè yo:**


- ❖ Abraram te kwè nan pwomès Bondye epi li te obeyisan ak manda li.
- ❖ Bondye pran plezi lè yo pran bon desizyon.
- ❖ Bondye kenbe ak akonpli sa li pwomèt.
- ❖ Yo kapab mande Bondye lè yo bezwen èd.

Yo te rele Abraham “papa lafwa” paske li te tann ak pasyans moman akonplisman pwomès Bondye nan lè li gen pou fêt. Tout istwa inite sa a rakonte nou ak lafwa epi valorize nan lavi patriyak biblik sa a.

Ekziste posibilité pou kèk nan elèv yo gen eksperyans ki pa ilizyon ak desepsyon ke y'ap gade konfyans yo nan moun. Ede yo rekipere konfyans yo, fè yo konnen ke Bondye pa janm bay manti. Ede yo depoze tout konfyans yo nan Seyè a, menm jan Abraram te fè li.

Elèv preskolè yo bezwen konnen ke Bondye Fidèl e ke li toujou akonpli pwomès li yo. Pandan w'ap anseye leson inite sa a, fè yon reflechi sou fidèlite Bondye pou timoun yo. Sonje yo ke nou kapab konfyе e l'ap akonpli pwomès li yo, paske li gen pouvwa pou fè sa li di.

## BONDYE FÈ YON PWOMÈS AK ABRARAM



### ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Jenèz 12:1-7.

**Objektif lesoun an:** Timoun yo dwe konnen ke Abraram te kwe nan pwomes Bondye a, e li te obeyi.

**Tèks pou aprann:** Abraram te konplètman asire ke Bondye te gen pouvwa pou akonpli pwomès li (Women 4:21, BLA).

### PREPARE POU ANSEYE!

Abraram te yon nonm Bondye beni, pou sa li te renmen epi onore li. Li te genyen an-pil richès, yon bon madanm ke li te renmen anpil. Li t'ap viv nan yon rejyon enpòtan anpil, li te rele mezopotami, kote te bay manje e anpil moun abite.

Lè Bondye te pase lòd pou kite kote sa a epi ale nan yon lòt se te yon moman difisil pou li. Pou akonpli manda seyè a te genyen pou paran yo ak sekirite nan fwaye yo, pou abite nan yon tè etranje e enkoni.

Pandan setan, nonm sa a te deside konfye nan Bondye ak pwomès Bondye yo. Li te lese paran yo, li te pran fanmi li ak tout sa li te genyen, e li te kòmanse mache.

Bondye te pwomèt li ke l'ap toujou bò kote li epi l'ap miltipliye desandans li an-pil tankou zetwal nan syèl la. Seyè a te vle fòme yon gran nasyon ak li epi ba li yon tè espesyal pou li viv. Pwomès sa a te afekte fiti tout mond lan. Atravè konfyans ak obeyisans li, Abraram te konvèti yon enstriman Bondye pou beni tout nasyon yo. Menm jan avèk li, nou dwe deside si nou konfye nan pwomès Bondye yo epi obeyi yo, oswa swiv pwòp chemen nou.

Reflechi sou lavi li: Èske kèk fwa ou te gen pou pran yon desizyon difisil pou obeyi Bondye? Èske ou konfye nan pwomès ke Bondye genyen pou ou? Nan ki fason desizyon yo afekte relasyon ou ak Bondye?

Nou, tankou pwofesè, nou se enstriman seyè a pou beni lavi elèv yo tou. Atitud nou genyen yo anvayi nan lavi yo. Kontinye modèl Abraram epi konfye nan pouvwa absoli Bondye.

### KONTÈKS

Timoun yo nan klas ou a bezwen aprann verite fondamantal la atravè lesoun sa a: premye a sèke Bondye ap akonpli pwomès li yo;

Dezyèm nan, Kòman nou dwe obeyi Bondye. Lè nou konfye nan pwomès seyè yo nou obeyisan, nou kapab jwenn lapè ak byennèt.

Elèv preskolè yo te eksploré konsèp obeyisans atravè kèk lesoun pase. Kounye a yo konnen ke obeyisans ak dezobeyisans genyen diferan konsekans.

Kèk fwa yo chwazi chemen dezobeyisans e yo soufri pèn. Atravè etid sa a y'ap konnen ekzanz Abraram, yon nonm lafwa ak obeyisan. Sonje aplike verite biblik la nan kontèks jounalye elèv yo, pou aprantisaj la kapab plis gen siyifikasyon.

### DEVELOPMAN LESON AN

#### Atansyon

Itilize aktivite sa yo pou kapte atansyon timoun yo ak entwodwi yo nan aprantisaj verite biblik la.

#### Ekzèsis konfysans

Mete andedan yon valiz papye oswa yon resipyen fè nwa plizyè objè, tankou ti boul, koton, eponj epi kèk karamèl. Okenn objè pa dwe gen fil, pou evite timoun yo deranje.

Mande yo chak vin jwenn ou epi mete men andedan valiz la oswa resipyen. Yo dwe touche eleman ki genyen, aprè, retounen nan plas yo. Lè tout fin patisipe, reflechi avèk yo epi di yo: Mwen p'ap janm mande nou fe yon bagay k'ap deranje nou. Nou konte sou mwen, mete men nou nan valiz la san konnen sa ki andedan li.

Pèmèt ke yo eksprime kòman yo te santi yo le y'ap chèche andedan valiz la san yo pa kapab wè sak ki genyen ladann. Eksplike yo ke istwa biblik jodi a pale sou yon nonm ki te obeyi Bondye, san konnen ki desten li.

#### N'ap chante!

Chante, ansanm avèk elèv yo, chante ki pale sou lafwa ak obeyisans. Yo kapab fè li si yo fòme yon sèk epi vire oswa sote. Sonje

yo ke lè nou chante nou fè louwanj Bondye, e sa se yon fòm obeyisans kòmandman yo.

## BIB

Aktivite sa yo ap ede elèv yo konprann verite biblik la.

### Yon gran delojman

Mennen timoun yo deyò salon an pou yon moman; yo kapab fè yon jwèt, pandan yon granmoun volonte ap ede yo gaye tout chèz yo nan yon ekstrèm nan salon an.

Aprè, y'ap retounen nan sal la epi mande yo:

Kote chèz nou yo ye? (Pèmèt ke yo reponn). Nou dwe mete yo kote yo te ye avan an epi aranje yo.

Lè salon an pare, yon lòt fwa, bay tan repo epi di yo: Deplase yon kote al yon lòt kote se yon travay difisil. Nou fatige sèlman nan deplase chèz yo. Bondye mande Abraram deplase e sa mande anpil travay. Ann aprann plis de sa nan istwa jodi a.

### Istwa biblik

Di timoun yo chita, mande yo mete anpil atansyon pandan ekspoze a. Y'ap mansyne lè yo tande non "Abraram" yo dwe vire tèt yo devan ak dèyè, lè y'ap asiste.

### Yon gran deplasman

Istwa Abraram te pase sa fè anpil tan. Li te yon nonm ki te renmen epi obeyi Bondye. Kay li te yon kote byen lwen, ki te rele Mesopotami. Li te rich anpil, li te gen anpil zannimo, ajan ak anpil sèvant ki t'ap sèvi li. Li t'ap viv ere, touprè fanmi li yo, ansanm ak madanm li Sara.

Yon jou, Bondye te di li dwe kite paran li yo ak tè li pou ale viv yon lòt kote. Bondye te pwomèt li li p'ap janm lèse li sèl, l'ap fè li vin yon gran nasyon. Bondye te di l'ap beni li anpil tou ak tout moun nan mond la ap beni atravè limenm.

Abraram te konfye nan Bondye, li te obeyi sa Bondye anonse li a. Li te kite zanmi li yo, li te prepare tout afè li, ansanm ak madanm li, sèvant li yo ak zannimo li yo, li te kòmanse yon long vwayaj. Li te deside akonpli volonte Bondye. Li te konfye nan pwomès Seyè yo, epi li te asire ke anyen p'ap rive li.

Konsa yo te vwayaje jis yon kote yo te rele Kanaran. Lè yo te rive, yo di Bondye

mèsi epi adore li. Yon lòt fwa ankò Bondye te pale avèk li epi di: "M'ap ba ou tout tè sa a ke ou wè ak pitit ou". Abraram te konnen sa te verite, paske Bondye toujou akonpli pwomès li yo.

## KONEKSYON

Itilize aktivite sa yo pou timoun yo relasyone verite biblik la nan lavi chak jou.

### Bondye fè yon pwomès ak Abraram

Reyini timoun yo toutotou tab la. Remèt yo fey aktivite yo epi pemèt ke yo koupe foto ki koresponn ak lesion seksyon koupaj sa a.

Y'ap repase istwa a, pandan y'ap kolore foto Abraram ak sara. Aprè sa, ba yo kòl pou mete foto ke yo te koupe a kote ki koresponn. Kontinye ekzanz liv elèv la.

Anfen, y'ap make mo lafwa (pwomès) epi y'ap ekri non yo.

### Pwomès akonpli

Avan klas la kòmanse, asire elèv yo ke y'ap gen yon moman jwèt. Aprè yo fini ak aktivite a, pran tout materyèl epi prepare yo pou reyalize jwèt yo renmen. Di yo ke ou akonpli pwomès ou te fè yo depi nan kòmansman klas la. Yo tout dwe akonpli pwomès ke nou fè. Bondye toujou akonpli pwomès li yo. Li renmen nou epi vle sa ki bon pou nou.

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

Endike gwoup la pou chita epi fòme yon sèk. Rete nan mitan. Lanse yon boul anlè. Timoun ki resewa li dwe kanpe epi di tèks pou aprann.

Nan: "Abraram te konplètman asire sou Bondye ki te gen pouvwa pou akonpli Pwomès li" (Romen 4:21).

Repete ekzèsis sa a, de fason ke tout elèv yo patisipe. Ede sak pi piti ki gen difikilte yo pou aprann.

### POU FINI

Pran yon moman priyè epi defann demand yo pote a. toujou priye ak remèsyé Bondye pou akonplisman pwomès yo.

Fè yo mete aksan nan obeyisans Abraram, e ekzote timoun yo pou obeyi pandan semèn nan. Remèt aktivite ke yo reyalize yo ak ranvwaye yo ak afeksyon.

## **LO PRAN YON DESIZYON**

### **ASPÈ JENERAL**

**Baz biblik:** Jenèz 13:5-7.

**Objektif lesyon an:** Elèv yo dwe konnen ke Bondye pran plezi lè yo pran bon desizyon.

**Tèks pou apran:** Abraram te tèlman asire ke Bondye te gen pouvwa pou akonpli pwomès li. (Women 4:21, BLA).



### **PREPARE POU!**

Abraram ak fanmi li te rankontre yon pwoblèm komen pou majorite fanmi li yo: Yo pa te gen espas ase!

Bondye te beni Abraram ak neve li Lòt apre lè yo te vin nan tè kanaran. Fanmi li yo te pwospere anpil, e yo te genyen anpil zannimo ak byen. Bèt yo te tèlman anpil yo pat gen kote ankò, e gadò bèt yo te toujou ap goumen antre yo menm.

Abraram te okipe li; li pat vle genyen pwoblèm ak neve li, pou sa li te deside separe e viv nan yon tè diferan. Lòt te chwazi viv nan tè plat ki bay manje nan Jouden, pandan ke Abraram te etabli li nan kanaaran, kote ke Bondye te pase li lòd la.

Abraram te toujou konfye nan pwomès Bondye, li te rete viv kote sa a; Li te konnen ke Seyè a t'ap kontinye pwospere li.

### **KONTÈKS**

Pandan etap devolpman sa a timoun yo aprann pran desizyon. Anpil fwa kèk nan yo santi yo wont pou eksprime opinyon yo. Pèmèt ke tan yo nan klas la dwe yon kote ke yo kapab eksperimente nan pran desizyon avèk libète. Ede yo konprann ke desizyon yo menm si yo bon oswa mal, y'ap toujou genyen konsekans. Chak desizyon ofri nou opòtinite pou grandi ak aprann.

Elèv preskolè yo gen pou deside nòmal. Obsève yo pandan y'ap deside nan klas la. Èske nou gen konfyans oswa santi nou pa asire lè nou deside? Kèk desizyon konn plis enpòtan ke lòt. Pou sa pandan devolpman lesson sa a yo dwe aprann ke Bondye kapab ede yo lè yo pa konnen ki desizyon ki korèk.

Bondye tou puisan ak saj la; konnen sa ki pi bon pou nou. Lè nou konfye nan volonte li epi mande li èd nou kapab asire ke nou pran desizyon korèk yo.

### **DEVELOPMAN LESON AN**

#### **Atansyon**

Aktivite sa yo ap pèmèt yo santre atansyon elèv preskolè yo epi prepare yo pou tandem ansèyman biblik la.

#### **Diferan fòm**

Remèt chak manb klas yo yon fèy blan epi moso papye koulè. Mande yo itilize papye koulè yo, fè fòm oswa foto ke yo vle, apre kole yo nan fèy Blanch la.

Di yo: chak nan nou travay nan pwòp fèy pa nou epi fè pwòp foto selon gou yo. Tout travay yo distenje. Chak moun pran desizyon diferan, kèk nan yo enpòtan plis ke lòt. Bondye te bannou kapasite pou deside, men non sèlman sa, li toujou vle ede nou tou deside sa ki korèk.

#### **Zannimo mwen yo**

Bay elèv yo plastik oswa mas pou modere, epi ti bwa tou. Mande timoun yo pou yo bay fòm ak zannimo yo renmen an. Yo kapab fè anpil tankou kantite materyèl ke yo kapab.

Lè tout gen zannimo yo pre, mande yo: Kisa ki pral rive si zannimo yo vin anpil e okipe tout espas tab la? (Yo dwe pote zannimo yo nan lòt tab la).

Mansyone ke istwa jodi a pale sou yon pwoblèm ant Abraram ak neve li Lòt pou zannimo yo te genyen, yo pral antere sa yo te deside fè.

#### **BIB**

Aktivite sa yo ap yon èd pou timoun yo aprann verite biblik la.

Pèmèt ke yo rete yon kote ke yo vle pou tandem istwa a (yo kapab fè yo nan chèz yo, nan sòl oswa rete kanpe si yo prefere li).

Di yo istwa y'ap tandem a pale sou desizyon Lòt ak Abraram te gen pou pran avèk respè kote yo t'ap viv la.

## Istwa biblik

### Lòt pran yon desizyon

Abraram ak Lòt te pwosede anpil zannimo, sitou mouton ak kabrit; zannimo sa yo te manje nan patiraj yo, tèlman yo anpil, patiraj la pat sifi pou tout te kapab manje. Gadò Abraram yo ak Lòt t'ap diskite souvan. Yo toujou ap goumen pou tèren.

Abraram te deside pale avèk neve li Lòt, li te di li: "Lòt, ou menm ak mwen nou gen anpil zannimo, ou fè pati fanmi mwen, ou se neve mwen, mwen renmen ou. Travayè nou yo pa kapab kontinye ap goumen. Nou pa kapab viv menm kote, nou dwe separe, ou kapab chwazi an premye kote ou vle viv. Si ou ale a goch mwen prale adwat; si ou ale adwat mwen prale a goch".

Lòt ak Abraram t'ap obsèye tè kite antoure li. Lòt te gade yon vale ki te twouve nan lès, tou pre rivyè jouden. Sa te gran anpil li te ranpli bêt, pye bwa ak dlo pou naje; pou sa li te di: "Mwen pral viv nan platon rivyè Jouden an".

Aprè sa, li te pran fanmi li, travayè li yo zannimo li yo li te mennen yo nan nouvo tè ke yo t'ap viv la.

Abraram te respekte desizyon neve li a e li rete kanaran. Li te konnen ke Bondye t'ap akonpli pwomès li pou pran swen li ak fanmi li. Bondye te kontan anpil pou wè lafwa Abraram.

Yon fwa plis seyè a te pale ak li epi di li: "Tout tè ke ou wè la m'ap ba ou ak desandans ou pou tout tan. M'ap fè desandans ou tankou pousyè tè: si yon moun kapab konte pousyè tè a, konsa tou y'ap ka konte desandans ou. Leve epi pakouri tout longè ak lagè tè a, paske mwen ba ou li." (vv. 15-17). Abraram te konfyé nan Bondye epi Bondye te akonpli pwomès li.

### KONEKSYON

Itilize aktivite sa yo pou relasyone verite biblik la nan lavi elèv yo chak jou.

### Lòt pran yon desizyon

Pataje fèy travay liv elèv yo, timoun yo dwe chèche seksyon koupaj foto ki korespondan nan lesон an. Bay sizo e pèmèt timoun yo koupe foto yo epi kole yo nan nyaj yo kote Lòt.

Di yo: Lòt te neve Abraram e yo t'ap viv ansanm, men pa te gen anpil kote pou yo gade zannimo yo, Jodi a nou aprann ke Abraram te kite Lòt deside ki kote li te vle viv.

Kole foto yo nan fèy aktivite yo pou nou kapab wè de opsyon Lòt te genyen. Desine yon liy ki ini Lòt ak tè li te pran an.

Sonje, Lòt te pran tè li wè kite pi bon an, patiraj pou bêt li yo, pye bwa, yon rivyè ki te travèse nan tè a. (Pèmèt yo pentire avèk koulè tinik Lòt).

### Mwen kapab deside!

Fè anfaz, konsa menm Lòt te pran yon desizyon nan istwa jodi a, nou menm tou nou kapab deside. Tounen fèy aktivite a, mande elèv yo fè yon desen sou kèk bagay yo kapab deside fè lakay. Pa ekzanp: "Mwen kapab deside jwe ak frè mwen"; "Mwen kapab deside ede manman mwen", elatriye. Mande yo montre desen rès gwoup yo.

### Panye fwi

Pandan jwèt sa a elèv yo ap kapab egzèse kapasite yo pou deside. Chak timoun dwe chwazi yon non fri diferan. Tout salon an ap konvèti yon gran panye fwi.

Ranje chèz yo pou fòme yon gwo sèk, kite espas sifilan pou yo kapab deplase andedan sek la. Ou dwe rete kanpe nan yon ekstrèm pandan tout ap chita: Ou dwe mansyone non de oswa twa fwi (pa ekzanp: Pòm, zoranj ak pèl). Elèv yo te chwazi fwi sa yo abandone plas yo epi deplase lòt chèz ki pa okipe. Lè ou di: "panye fwi", tout dwe soti nan plas yo epi chèche lòt. Nou pa dwe kite chèz yo vid. Nan chak wonn w'ap kite yon chèz. Nan fason sa a kèk moun ap rete san chèz epi ki gen pou soti nan jwèt la. Dènye a kapab rete a ap genyen.

### ANÈKS

### MEMORIZASYON

Timoun yo dwe chita pou fòme yon sèk. Remèt yo yon boul, y'ap kapab pase li men ak men, pandan w'ap fè son (ou kapab itilize yon tanbou, grelo, mizik, elatriye.). Lè mizik la fini, timoun nan ki gen boul la nan men li dwe kanpe epi di tèks memwa a. Kontinye jwèt la jis tout fin patisipe.

### POU FINI

Remèt elèv yo travay ke yo te fè yo pandan moman klas la, mande yo pou yo pa rate pwochen semèn nan.

Fè yo priye epi prezante tout demand timoun yo te fè jou sa a. Sonje yo dwe mande èd Bondye lè y'ap pran desizyon difisil.

# BONDYE AKONPLI PWOMÈS LI TE FÈ AK ABRARAM



## ASPÈ JENERAL

Baz biblik: Genez 17:5; 18:1-10, 16-19.

Objektif leson an: Ede timoun yo konnen ke Bondye kenbe e akonpli pwomes yo.

Tèks pou aprann: Abraram te konplètman asire sou Bondye, li te gen pouvwa pou akonpli pwomès li (Women 4:21, BLA).

## PREPARE POU ANSEYE!

Abraram te toujou obeyi epi kwè nan Bondye. Seyè a te pwomèt li ke l'ap Papa yon gran desandan k'ap abite nan tè Kanaran. Pandan setan, Abraram te gen laj avanse epi li pat gen pitit ak madanm li Sara. Yo t'ap tann avèk pasyans e konfyans nan pouvwa Bondye. Lè twa vizitè yo te rive tou prè tant Abraram nan, li te santi prezans Bondye, Bondye te konfime plan li yo pou Abraram ak fanmi li.

Pa mwayen vizit sa a Bondye te vle sonje pitit li Abraram ke li p'ap janm blyie pwomès li yo, menmsi moman li t'ap tan nan te long, li pat dwe doute sou pouvwa Bondye.

## KONTÈKS

Reyalite sou kiyès vizitè Abraram yo te ye ap difisil pou timoun piti yo konprann. Nan echanj, si y'ap kapab konprann ke Bondye te avèk vizitè yo, se te li menm ki te voye yo vin vizite Abraram. Rapwòch lesон sa a sè kè Bondye ap akonpli pwomès li yo, menm si nou dwe tann. Pou timoun yo sa se yon bagay ki difisil pou konprann. Chak ane y'ap tann ak ansyènte evènman espesyal la, tankou fèt anivèsè oswa nowèl.

Sonje elèv yo ap grandi nan yon sosyete "repons imediat". Pou moman sa a tout konnen ke tan yo t'ap tann nan kout anpil. Se poutèt sa ke li enpòtan anpil pou kiltive pasyans nan memwa ak elèv preskolè yo.

Moman Abraram t'ap tann nan te anpil, kounye a li menm ak Sara te vin gen yon pitit. Ede elèv yo kòmanse rann kont ke yo kapab konfyé epi kwè nan pwomès Bondye, menm si sa egal ak tann. Abraram te dwe tann akonplisman pwomès Bondye te fè li a. Aprann tann se yon bagay enpòtan pou grandi espirityèl.

Bay elèv yo aktivite pou aprann tann sa yo bezwen.

Elèv preskolè yo vle granmoun yo akonpli pwomès yo. Sa ka rive nan kèk okazyon yo pa konprann poukisa kèk pwomès te akon-

pli. Granmoun yo dwe gen konsyans nan sa ki enpòtan ki akonpli pwomès ke yo fè ak timoun yo. Pou yon timoun pwomès soti al jwe kapab plis enpòtan ke lè y'ap kriye.

Sonje elèv yo ke Abraram te tann pwomès ke Bondye te fè li kado yon pitit. Li te sanble li menm ak Sara te gen laj avanse anpil pou gen yon pitit. Pandan se tan, Bondye te akonpli pwomès li.

## DEVLOPMAN LESON

### Atansyon

Itilize aktivite sa a pou kapte enterè elèv yo e entwodwi yo nan aprann lesон jodi a.

### N'ap netwaye kap la

Mete yon ti kap nan youn nan kwen salon an, oswa mande timoun yo pou ede yo kreye youn pandan y'ap itilize chèz ak dra. Envite yo nan sa, mande: Koman yo prepare kay yo lè y'ap tann yon vizit? (Lèse yo mansyone sitiayson yo tankou: Netwaye kay la, prepare aliman yo, elatriye.)

Di yo: Annou prepare yon kay pou vizitè yo. (ou kapab ba yo yon bale yon sevyèt pa pye pou netwaye andedan kay la).

Kesyone: Kisa yo sonje sou sa nou rakonte sou Abraram nan lesон pase yo? Ki pwomès Bondye te fè ak Abraram.

Nan istwa jodi a Abraram menm lè li kontinye ap tann pwomès sa. N'ap pale sou lè li t'ap viv nan yon tant epi te resevwa vizitè espesyal yo.

### BIB

Itilize aktivite sa a pou anseye verite biblik la.

### Twa vizitè

Avan klas la kòmanse mande yon frè le gliz ou rakonte istwa biblik ak timoun yo. Ou kapab abiye ak kèk manto biblik, si ou vle, envite lòt de anplis pou akonpanye yo nan klas la.

Di: Byenveni nan klas nou! Nou kontan anpil pou genyen yo avè nou. Nou te pale

nan klas pase a sou Abraram ak twa vizitè espesyal anpil ki te ale yon jou nan tant li. Èske kèk nan nou kapab rakonte plis sou istwa biblik sa a?

Timoun yo dwe chita nan yon demi sèk touprè vizitè yo, mande yo pou yo prete ou atansyon pandan istwa a ap rakonte.

### Istwa biblik

Yon jou ki te difisil anpil, Abraram te repose deyo tant li, le li te we twa nonm t'ap rapwoche. Se konsa li te pwoche pou salye yo.

—Li pote dlo pou yo kapab lave pye yo epi repoze — li te di yo. M'ap pote kèk bagay pou nou manje tou.

—Mèsi anpil. —Avèk plezi yo te asepte, yo te fatige, grangou ak anpil chalè.

—Pa dekwa. Chita tankou nou te lakay nou. Abraram te prese al cheche madanm li Sara. —¡prese prese! Sara pran farin frans pi fen epi li kòmanse fè pen.

Aprè sa, li te ale kote zannimo li yo te ye a, li te pran yon belye epi li te bay youn nan sèvant li yo pou pou prepare manje. Aprè sa, li mete ansanm kèk bagay lèt ak mantèg epi li te sèvi vizite yo pandan li te ofri yo yon manje gou.

Pandan yo t'ap manje, Abraram te rete kanpe anba yon pye bwa.

—Ki kote madanm ou ye? —Lòm yo te mande li.

—Abraram te reponn —andedan tant la.

—Youn nan yo te di: Nou te vini pou di ou ke Sara, madanm, pral gen yon pitit —

Yo te leve epi mache. Abraram te montre yo chemen k'ap mennen yo nan vil sa a ke yo vin vizite a. Pandan y'ap mache, Bondye te pale avek Abraram sou pwomès li yo.

Bondye te voye vizitè yo pou sonje Abraram ke li pa te bliye li nan pwomès li te fè depi lontan an.

Nan fen istwa a, envite youn nan vizitè yo pou rakonte group la yon ekzanp sou kòman Bondye te kenbe ak akonpli pwomès li yo.

### KONEKSYON

Itilize kèk nan aktivite sa yo pou timoun yo relasyone verite biblik la nan lavi yo chak jou.

### Bondye akonpli pwomès li yo

Pataje fèy aktivite liv elèv la, chèche nan seksyon koupaj la foto ki koresponn ak lesion sa a. (vizitè yo, pen an ak resipyen pou bwè).

Mande timoun yo koupe yo ak swen, pan-

dan y'ap fè yon repase de sa yo te aprann, di yo kole chak foto nan plas ki koresponn nan. Vizitè yo dwe ale bò kote tab la, kòmsi yo te chita, manje yo sou nap la. Konsilte ekzanp liv elèv la.

Di yo make mo lafwa (pwomès) inite a, remèt fèy la pou yo kapab pote li lakay yo epi reyalize aktivite ki koresponn ansanm ak paran yo.

### Jwèt limyè wouj la

Reyalize jwèt pou fè alizyon ak pasyans, e swiv enstriksyon yo:

Desine foto yon limyè rouj oswa kèk papye a koulè ki gen limyè (wouj, jon ak vèt). Nan jwèt sa a yo tout timoun dwe patisipe.

Timoun yo dwe mete an wonn epi tann lòd mèt la.

Ou dwe bay eksplikasyon respektif siyifikasiyon koulè limyè pano a, aprè y'ap adapte ak lòd endikasyon yo. Ou kapab aktyalize li ak pano a, montre yo kat koulè yo.

Koulè wouj vle di timoun yo dwe rete kanpe.

Koulè jon siyifi yo kapab kouri a distans (lant).

Koulè vèt la siyifi e yo kapab kouri ak tout vitès.

Sa ap ede elèv yo tann lè pa yo epi obeyi enstriksyon yo. Pafwa, nan moman lè nou anfas limyè yon pano, nou dwe tann. Bondye vle pou nou gen pasyans epi konfyen li.

### ANÈKS

#### MEMORIZASYON

Ou kapab reyalize nan gwoup oswa fòm endividiyèl. W'ap bezwen genyen vèsè ekri a nan yon papye bristòl ak sizo.

Depann aktivite a, si li endividiyèl oswa pa group, remèt timoun yo vèsè a pou yo koupe epi pou yo separe mo pa mo, oswa pote li prepare nan avan bwa ou. Lèse timoun yo plase mo vèsè yo nan lòd korèk pandan y'ap aprann li.

#### POU FINI

Pran yon moman priyè pou elèv yo ak demand yo mansyone yo. Di Bondye mèsi paske li anseye nou pou nou gen pasyans atravè ekzanp Abraram nan.

Ekzote timoun yo pou demontre pasyans pandan semèn lakay la, rakonte ak lòt sa yo te aprann jodi a nan istwa biblik la.

Envite yo kontinye asiste, si li posib, envite yon lòt zanmi nan klas pwochen.

## Leson 25

# NESANS IZARAK

### ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Jenèz 21:1-8.

**Objektif lesoun an:** Timoun yo dwe konprann ke Bondye gen pouvwa pou akonpli pwomes li yo.

**Tèks pou aprann:** Abraram te konplètman asire ke Bondye te gen pouvwa pou akonpli pwomès li (women 4:21, BLA).



### PREPARE POU ANSEYE!

Abraram te gen plis pase san ane lè Izarak te fêt e Sara madanm li te yon mandanm ki gen anpil laj. Malgre sa li te pwouve fwa li nan yon long peryòd ap tann, Bondye te akonpli pwomès li.

Akonplisman pwomès Bondye te fè riz enkredil Sara te konvèti ak remèsiman. Lè Izarak te gen twa ane yo te fè yon gran fêt kote yo te selebre devlopman sen li.

Panse nan yon epòk nan lavi li Bondye te akonpli youn nan pwomès li yo, li te remèsye Bondye pou sa. Sonje epi rakonte jwa ke li te santi, pandan w'ap anseye lesson sa ak elèv yo.

### KONTÈKS

Timoun yo bezwen reyafime ke Bondye akonpli pwomès li yo. Li tris pou konnen swa kèk moun nan klas la k'ap viv nan fwaye kote pwomès yo te fè, men janmen akonpli. Pafwa li difisil pou yo konprann ke Bondye akonpli pwomès li yo.

Kèk elèv preskolè gen paran ki efose yo pou akonpli sa yo pwomèt. Pandan setan, sikonstans yo kapab anpeche ke pwomès sa yo akonpli. Li enpòtan pou timoun yo aprann ke Bondye akonpli pwomès li yo e li gen pouvwa ase pou fè li.

Elèv preskolè yo kapab di ki demand priyè yo pou lòt yo. Eske lafwa timoun yo grandi pa mwayen demand priyè yo? Eske yo montre yo grandi konfyans yo ke Bondye ak yo nan chak sitiayson? Nan lesson sa n'ap wè akonplisman pwomès Bondye te fè ak Abraram, atravè nesans Izarak.

Elèv preskolè yo pran plezi pou tan-de istwa sou Bondye. Li fasil pou timoun yo kwè e reyini istwa biblik yo. Pandan timoun yo komanse ap dekouvri mevey istwa sa a, ede yo konnen Bondye akon-

pli sa li pwomèt. Ranfòse konsèp la ke Bondye te pwomèt Abèraram yon pitit, Abraram ak Sara te kontan le Bondye te pwomèt yo Izarak.

### DEVLOPMAN LESON A

#### Atansyon

Itilize aktivite sa a pou kapte enterè elèv yo epi prepare yo pou tan-de istwa biblik la.

#### Yon bebe!

Pran yon foto, koupe oswa ilistre bebe yo. Kòmanse yon konvèrsasyon ak elèv yo sou karakteristik sa yo. Pèmèt ke yo pale sou eksperyans yo, si yo gen frè piti.

Fè yo konnen lè yon maryaj gen premye pitit yo santi yo ere epi kontan, yo vle bay sa ki pi bon pou timoun yo.

Pataje ak timoun yo mwatye nan yon fèy blan, mande yo fè desen yo lè yo te bebe. Pandan y'ap travay, di yo nan istwa jodi a n'ap aprann sou yon bebe ke Bondye te pwomèt ak kèk paran.

Le desen yo prè, kole yo sou kote salon an pou dekore li.

#### BIB

Itilize aktivite sa a pou anseye elèv yo verite biblik la.

#### Istwa biblik

Zanmi Abraram ak Sara yo te sezi tan-de nouvèl nesans Izarak. Sara te yon fanm ki te ansyen e Abraram te gen san ane lè li te vin papa. Yo te ansyen anpil pou genyen yon bebe!

— Sara te di: Bondye bon anpil.

Abraram te reponn wi, Sara Bondye te akonpli pwomès li.—. Bebe sa a se yon kado Bondye pou nou.

— Se akonplisman pwomès Bondye te fè

— Sara te konkli.

— Konsa — Abraham te pran kouraj.

Moman an te pase rapid anpil, rive nan fen yo t'ap tan bebe a fêt. Abraram te souri, pandan li t'ap gade bote li ak ptit sen sa. Tout te emosyone. Sara te soutni bebe a sou bra li epi te bay Bondye glwa pou opòtinite a paske li te fè li vin manman.

—Sara te di: Bondye fè mwen ri, tout sa ki konnen li ap rejwi avèk mwen.

Abraram te konfime Ptit nou an ap rele Izarak ki siyifi souri.

—Sara te reponn: konsa l'ap ye, menm.

Yo te kontan, pandan yo te wè ptit la t'ap grandi.

Lè Izarak te gen de oswa twa ane li te prêt pou manje anpil manje solid. Men Abraram ak Sara te yon gran fêt, tout moun te selebre ak yo.

Yo te kontan anpil paske yo te konnen ke Bondye akonpli pwomès li.

## KONEKSYON

Chwazi kek nan aktivite sa yo pou timoun yo kapab relasyone verite biblik la nan lavi yo chak jou.

### Nou pran swen bebe yo

Pou aktivite sa a w'ap bezwen yon poupe. Anime chak timoun pou kenbe poupe a pou yon ti moman, mande yo: Kòman nou dwe pran swen bebe sa a? Pou kisa bebe yo fè granmoun yo kontan? (Kite lòt timoun yo reponn epi ede yo si li nesesè).

Aprè chak timoun fin kenbe poupe a, kesyon: Poukisa Abraram ak Sara te kontan anpil lè yo te genyen Izarak? (tande reponns yo).

Yo te renmen Izarak paske se te ptit yo, yo te konnen atravè li menm Bondye te akonpli pwomès li a. Labib di nou ke Bondye gen pouvwa pou akonpli pwomès li yo (Women 4:21).

### Nesans Izarak la

Bay chak timoun fèy aktivite a. Fè yo ekri non yo nan pati dèyè fèy la, di yo: Izarak se ptit Abraram ak Sara.

Labib di ke Sra te ri lè li te fè ptit li a. Non Izarak siyifi "souri". Nou kapab devine kisa ki manke nan desen an? (souri nan vizaj Sara ak Abraram).

Timoun yo kapab bay koulè desen yo vle, bay koulè souri yo nan vizaj pèsonaj biblik yo.

Aprè sa, koupe foto bebe Izarak ki vini nan paj koupe a, pèmèt ke yo kole yo nan men Sara.

Sonje yo ke Bondye gen pouvwa pou akonpli pwomès li yo (Women 4:21).

### Nou akonpli pwomès yo

Timoun yo dwe fòme yon sèk. Di yo: Bondye akonpli pwomès li te fè ak zanmi li Abraram lè Bondye te ba li Izarak, ptit li. Kounye a n'ap panse sou pwomès yo ke nou te fè e nou dwe akonpli. M'ap kòmanse di yon pwomès ke mwen te fè epi mwen akonpli li( ekzanp: "Mwen te pwomèt pou mwen vizite Grann mwen"). Aprè m'ap pase boul la ak kèk nan nou, yon moun ki resevwa li dwe di yon pwomès ki dwe akonpli. Lè yo fini, bay boul la ak kèk ki pa te ko patisipe menm, konsa a kontinye.

Itilize jwèt sa a kòm yon fason sa elèv yo ka eksprime ide yo.

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

Tout elèv yo dwe chita pou fòme yon sèk. Remèt yo. Yon boul ke yo dwe pase men nan men, pandan w'ap Fè kèk son (ou kapab itilize yon tanbou, grelo mizik, elatriye.). Lè mizik la fini, timoun ki gen boul la nan men yo dwe mete kanpe epi di tèks pou aprann nan. Kontinye jwèt la jis yo tout patisipe.

### POU FINI

Remèt elèv yo travay yo te fè a pandan klas la epi mande yo pou yo pa manke nan pwochen klas la.

Reyini yo, pou yo kòmante sou aktivite yo. Fè yo met aksan, menmsi anpil fwa moun yo pa akonpli sa yo te pwomèt, nou kapab toujou konfyé nan Bondye, l'ap Fidèl ak pwomès yo.

Anime yo eksprime demand priyè yo. Aprè priyè pou demand yo tèmine ak priyè sa a: "Mèsi, Bondye, pou lanmou ou. Mèsi paske ou toujou akonpli pwomès ou yo. Ou gen pouvwa pou fè sa ou pwomèt. Nou renmen ou. N'ap priye nan non Jezi, amèn".

Evalye devlopman klas la ak chèche fason pou anrichi klas aprè a, yon fason pou aprantisaj goup la kapab chak fwa gen plis siyifikasyon.

## Leson 26

# ELYEZÈ JWENN YON MADANM POU IZARAK



### ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Jenez 24:1-66.

**Objektif lesoun an:** Timoun yo dwe konnen ke yo kapab rann kont ak Bondye le yo bezwen èd.

**Tèks pou aprann:** Abraram te konplètman asire ke Bondye te gen pouvwa pou akonpli pwomès li (Women 4:21, BLA).

### PREPARE POU ANSEYE!

Bondye te akonpli pwomes li avèk nesans Izarak. Padan setan, pou pwomès la kontinye, Izarak te bezwen yon madanm ki kwè nan Bondye. Abraram te vle pou Izarak marye ak yon madanm nan lavil orijin li, se pa ak yon fanm Kanaran. Li te konfye ke Bondye t'ap akonpli pwomès li e li t'ap bay pitit li yon madanm kòrèk.

Sèvitè Abraram nan sete yon òm Bondye ki te rele Elyezè. Li te fè yon semèn solanèl pou rantre yon madanm pou Izarak. Li te priye epi li te mande Bondye pou ede li nan rechèch li. Rebeka te akonpli ak tout kondisyon yo. Rive li bò pui a ak tout sa ki te rive demonstre ke Bondye te reponn demand Elyezè a.

Kilè nan dènye fwa li te chèche senserite èd Bondye nan kèk sitiyasyon?

Nan ki fason repons Bondye a te akonpli demand li a? Pandan w'ap priye pou elèv yo, sonje pouvwa Bondye disponib pou ou ak pou timoun yo ke w'ap anseye a.

### KONTÈKS

Elèv preskolè yo vin ti kras pa ti kras plis endepandan, yo vle fe tout bagay pou yo menm. Nan lit yo pou endepandans sa a, yo kapab devye sa yo wè nan foto ki reprezante otorite yo. Pandan setan, menm nan etap la "Mwen kapab sèl", Timoun piti yo ap kite yon gramoun ede yo, aprè yo eseye pwòp yo menm san jwenn rezulta.

Elèv preskolè yo bezwen konprann yo kapab toujou chèche Bondye lè yo bezwen èd. Li enpòtan ke yo wè ou tankou gramoun tou ki depan sou èd Bondye. Li plis ke yon papa oswa yon mèt, e toujou disponib pou ede nou nan tout moman.

Fè elèv yo konnen ke Bondye vle ede yo e li toujou tandé priyè yo.

Fason timoun yo konprann lanmou Bondye ak mèvèy pwomès li yo atravè eksperyans yo nan mond ki antoure yo a. Kèk fwa timoun piti yo konnen atitud oswa eksperimante ak-syon opoze nan nati lanmou Bondye. Istwa sa a bay yon opòtinite pou afime ke Bondye akonpli pwomès li yo. Anime timoun yo ki konfye nan Bondye epi chèche èd li yo.

### DEVELOPMAN LESON AN

#### Atansyon

Itilize aktivite sa yo pou reveye enterè elèv yo.

#### Izarak grandi

Pou aktivite sa a w'ap bezwen kèk foto ou lè ou te piti oswa kèk lòt mèt. Kole foto yo ak adezif ak yon papye bristòl. Pandan timoun yo ap gade yo, di yo: Foto sa yo se lè yo te piti. Èske yo ekri diferans ant chak nan yo? Èske yo sonje sa nou te aprann semèn pase a?

Abraram ak Sara te gen yon pitit. Izarak pa te rete piti. Kisa nou kwè ki te rive Izarak? (Li te vin gramoun). Bondye te akonpli pwomès li te fè ak Abraram nan, lè Izarak te fèt. Kouanye a ak pwomès kwè nan yon gwo nasyon pa mwayen Abraram te dwe kontinye. Izarak te bezwen genyen pwòp pitit li.

#### N'ap mande èd

Pran yon plas nan yon chèz oswa nan kèk ban. Di timoun yo: mwen bezwen leve. Èske ou kapab ede mwen, Lwi? Pandan Lwi ap ede li, di: mèsi Lwi kèk fwa nou bezwen èd. Mande èd se yon bagay ki bon, nou kapab toujou mande èd Bondye.

Yo te voye Elyezè, sèvitè Abraram nan al chèche yon madanm pou Izarak.

Kisa nou kwè li te fè? (Li te priye pou Bondye ede li).

Ou kapab repete aktivite sa a ak chak timoun.

## BIB

Aktivite sa a ap pèmèt elèv yo rakonte istwa biblik la.

### N'ap mache ve istwa a

Avan istwa biblik la kòmanse, fè tout timoun yo mache toutotou salon an. Pandan y'ap mache, di: Abraram te voye sèvitè li Elyezè pou chèche yon madanm pou Izarak. Konsa li te priye epi li te mande Bondye ede li pou jwenn yon madanm pou Izarak. Eske ou kapab kwè ke Elyezè te jwenn madanm nan pou Izarak lè li bò pui a? (Kite timoun yo reponn, aprè di yo chita pou tande istwa a).

### Istwa biblik

#### Bondye te ede sèvitè Abraram nan

Izarak te ptit Abraram ak Sara. Li te fèt lè yo te vye. Abraram te wè Izarak ap grandi, li te yon timoun e aprè li vin granmoun. Li te konnen ke se te moman pou Izarak te marye, li te vle ke li genyen yon madanm byen espesyal.

Abraram te di sèvitè li a: "Elyezè, ale nan tè mwen an. Mwen bezwen ou jwenn yon madanm pou marye ak Izarak. Madanm sa a dwe kwè nan Bondye. "Pwomèt mwen ke w'ap fè sa".

Elyezè te pwomèt Abraram ke l'ap chèche madanm nan pou Izarak. Konsa li te kòmanse rasanble kado espesyal ak manje pou antre-prann vwayaj la. Dezè a te sèch epi te fè anpil chalè. Lè Elyezè te rive bò pui dlo a, li te deside mande èd Bondye.

Elyezè te priye: "Bondye, tanpri voye yon madanm pou Izarak". E li te mande pou Bondye mennen yon fanm espesyal bò pui a. "O Seyè, tanpri, pèmèt fanm ki banm dlo ak chamo mwen yo".

Nan yon ti moman, Rebeka te rive bò pui a, e li te bay Elyezè dlo ak chamo li yo.

Bondye te reponn demand li! Li te konnen se te fanm sa ki t'ap marye ak Izarak la! Konsa li te ale lakay Rebeka epi li te bay fanmi Rebeka kado. Lè li retounen, li te vini ak Rebeka.

Rebeca ak Izarak te marye. Elyezè te konnen ke Bondye te ede li jwenn fanm ideyal la pou Izarak. Pwomès Bondye kounye a ap kontinye atravè ptit li yo.

### KONEKSYON

Itilize aktivite sa a pou timoun yo relasyone verite biblik la nan lavi yo chak jou.

### Priye ak adorasyon

Aprè istwa a rakonte, di timoun yo: Elyezè te priye Bondye epi li te mande èd pou jwenn moun ki t'ap madanm Izarak la. Èske nou ka-

pab di mwen kòman Bondye te reponn priyè yo? Èske kèk fwa nou bezwen èd Bondye? Sonje ke paran yo ak mèt yo kapab ede yo.

Labib tou kapab ede yo konnen kisa ke Bondye vle pou yo fè. Yo kapab depann de Bondye pou ede yo lè yo bezwen yon bagay.

Kòman nou kapab mande Bondye èd? (Atravè priyè a).

Kiyès ki kapab di mo lafwa a? (Pwomès). Kisa yon pwomès ye? (Akonpli sa ke nou di ke n'ap fè).

Bondye te akonpli pwomès li yo paske li renmen nou epi li gen pouvwa pou fè li.

Elyezè jwenn yon madanm pou Izarak

Pataje fèy aktivite liv elèv la, pèmèt timoun yo chèche nan seksyon koupaj la foto Rebeka epi y'ap koupe li.

Chak dwe ekri non yo nan pati enferyè fèy la epi bay koulè desen Elyezè. Aprè sa, ba yo kòl pou kole foto Rebeka andedan sèn nan.

Si ou vle li, ou kapab itilize aktivite sa a pou repase ansèyman biblik la.

Mwen priye

Y'ap vire fèy aktivite a, y'ap make mo lafwa.

Di elèv yo: Sou kote fèy la nou kapab wè foto kèk men nan atitid priyè. Y'ap sonje nou ke nou kapab priye lè nou bezwen èd, nan menm fason sa ke Elyezè te fè li.

Pèmèt elèv preskolè yo pentire men yo, dekore rès fèy aktivite a.

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

Nan yon resipyen mete plizyè ti papye

Ki genyen endikasyon diferan, tankou ekzanz: Di tèks la pandan w'ap sote. Kriye pandan w'ap li tèks la. Resite tèks la ak rèl. Di tèks la ak jès gras. Di tèks la pandan w'ap ri, elatriye.

Mete yon resipyen nan mitan an, epi mande timoun yo pase youn ak youn pou pran yon ti papye epi y'ap akonpli li nan lo ki bay la. Yo dwe repeate tèks pou aprann nan.

### POU FINI

Fè yon brèf repase nan inite ki fini jodi a, souliye verasite pwomès Bondye yo ak enpòtans konfye nan yo. Pou fini sonje timoun yo ke nou dwe kontinye ekzanz Abraram epi konfye nan direksyon Bondye pou lavi nou.

Priye pou elèv yo epi envite yo nan klas pwochen.

Pou li posib, fè yon entwodiksyon nan inite swivan an.

## ***LABIB ANSEYE NOU SOU JOZÈF***

**Objektif inite a:** Atravè inite sa a timoun preskolè yo ap aprann ke Bondye vle fanmi yo renmen epi pran swen yo.

**Tèks pou aprann:** M'ap bannou yon novo kòmandman: Se pou nou renmen youn ak lòt; menm jan mwen renmen nou an (Jan 13:34a, RV95).

**Pawòl lafwa:** Lanmou: Se demontre tandrès ak afeksyon pou lòt yo. Bondye renmen tout moun.

### **Leson inite a:**

**Leson 27** Jakòb renmen ptit li Jozèf

**Leson 28** Jozèf jwenn frè li yo

**Leson 29** Jozèf ede fanmi li

**Leson 30** Jakòb renmen ptit ptit li yo

### **Ansèyman lesон yo pou timoun preskolè yo:**

Lanmou ant manb fanmi an dwe demontre ak swen, lanmou ak pwoteksyon youn ak lòt.

Atravè ansèyman biblik yo nou konnen ke Bondye vle lòm renmen ak pran swen youn lòt, sitou lè se manm nan fanmi an. Paran yo dwe renmen epi pran swen ptit yo; nan menm fason an ptit yo dwe renmen e respekte paran yo.

Fanmi yo dwe fonksyone nan baz lanmou ak respè, Mete Bondye kòm fondman prensipal.

Kòm ou konnen, menm si papa Jozèf te renmen li anpil, men se pa te menm ak frè yo. Menm sitiayasyon sa a kapab prezante nan salon klas la. Genyen swen espesyal pou ek-spoze lesón yo si ou konnen ke gen kèk timoun paran yo te mouri, yo te separe oswa gen karans afeksyon. Sonje mete aksan ke Bondye se sous tout lanmou pafè.

Mande elèv preskolè yo renmen fanmi yo, e viv ak pwensip ansèyman biblik pou yo kapab yon benediksyon pou fanmi yo.

## Leson 27

# JAKOB REMEN PITIT LI JOZEF

### ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Jenèz 30:22-24; 37:2-3.

**Objektif lesoun an:** Ede timoun yo konprann ke manm yon fanmi dwe renmen e pran swen youn lot.

**Teks pou aprann:** M'ap bannou yon nouvo kòmandman: Se pou nou renmen youn lòt; menm jan mwen renmen nou an (Jan 13:34a, RV95).



### PREPARE POU ANSEYE!

Istwa nesans Jozèf rapwoche yon bann evenman ki enpòtan anpil k'ap ede nou konprann anpil evenman nan lavi jenn sevitè Bondye yo. Nan premye lye Rachèl Manman Jozèf ak Leya te sè, madam menm mari. Jakòb, papa Jozèf, te renmen Rachèl plis, ki pa te ka fè pitit; pandan setan Leya te manman pitit li yo.

Aprè anpil ane Rachèl te gen yon pitit, kote li te ba li non Jozèf, ki siyifi "Bondye ajoute", men se te yon repons priyè paran yo.

Jakòb te renmen Jozèf anpil, kòm li te montre afeksyon pou li te ofri li yon bèl manto koulè, se te yon siyal distenksyon ak li. Se pa pou itilize yon travayè nan chan an, tankou lòt pitit jakòb yo, yo te travay kòm bèje epi yo te konn abiye ak rad kout e senp. Istwa sa a sonje nou lanmou san kondisyon ke Bondye montre ak pitit li yo.

### KONTÈKS

Jakòb prefere youn nan pitit li yo ki pa te korèk, pandan setan, sa relate li montre nou yon lanmou san parèy yon papa anvè pitit li. Nan 1 Korentyè 13:7 Li dekri klas lanmou sa a kòm yon lanmou ki: "soufri ak tout, kwè nan tout, tan tout, sipòte tout".

Li enpòtan ensiste ke fanmi an se mond imedyat timoun piti yo, se nan nwayo sa a kote yo kapab eksperimante lanmou san kondisyon ak aseptasyon, oswa nan kontré a, rejè ak doulè. Pou timoun sa yo ki asire sou lanmou yon fanmi, santiman Jakòb yo pou Jozèf ap yon bagay fasil pou konprann, pandan setan, kèk timoun pa santi lanmou yo e pou yo se yon bagay difisil pou konprann konsèp istwa a.

Tout timoun ta dwe grandi avèk konesans moun legliz la ki se bati yon fanmi espriyèl ki laj, yon ekzanz vivan sou sa ki reprezante yon fanmi ki gen renmen. Ou menm, kòm mèt, ou gen devwa enpòtan pou ede elèv

yo konprann lanmou patènèl Bondye a, li enpòtan pou etabli afeksyon ak fanmi lafwa a.

Pwofite opòtinite istwa biblik la ofri nan fanmi an jodi a pou estimile elèv yo pou gen lanmou youn lòt, pou yo viv nan amoni avèk fanmi yo.

### DEVELOPMAN LESON AN

#### Atansyon

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou kapte enterè timoun yo ak prepare yo pou aprann verite biblik yo jodi a.

#### Desine fanmi ou

Di elèv yo fè yon desen fanmi yo, pou yo bay koulè epi y'ap mansyone klas yo plis renmen an sou yo.

Ede yo kolore foto yo, ekri non chak manm nan fanmi yo nan desen an.

Fè anfaz ke Bondye pran plezi nan fanmi ki renmen epi ki pran swen; mande elèv yo demonstre santiman manm fanmi yo.

#### Rad papye a

Ou bezwen yon valiz gwo papye oswa pake sik vid, sizo, make briyantin ak kòl.

Koupe valiz papye a epi fè yon moso lalin nan pati enferyè a pou fòme kou egiy an. Aprè sa fè de egiy bò kote men yo. Koupe yon valiz pou chak timoun nan klas yo. Pèmèt ke chak elèv yo dekore. Yo kapab pentire li epi ajoute briyantin. Mete non chak manm nan klas yo andedan yon valiz. Bay tan pou rad yo sèch, e mande timoun yo mete yo pou repase istwa biblik la.

Pandan timoun yo ap fabrike rad yo, di yo: Istwa biblik jodi a se sou Jakòb. Jakòb te renmen Jozèf pitit li anpil e li te fè li yon kado espesyal anpil, yon manto koulè klè. Ou kapab fè yon bèl manto kòm souvni istwa biblik jodi a.

## Kisa fanmi yo fè?

Ou bezwen desen oswa moso revi kote ki montre fanmi k'ap fè diferan aktivite, papye bristòl oswa papye konstriksyon.

Avèk desen yo oswa fòm lam koupe a, kole yo nan papye konstriksyon an oswa papye bristòl la (ou kapab dekore bòdi lam nan ak koulè epi fè yo plis klè pou elèv yo).

Montre klas la lam yo youn pa youn, eksplike yo enpòtans fanmi yo e kòman yo konfòme yo. Kesyone elèv yo sou fanmi yo ak aktivite yo reyalize ansanm. Li enpòtan ke yo konprann plan Bondye pou paran yo pou yo renmen pitit yo epi ede youn ak lòt.

## LABIB

Chwazi ant ide sa yo sak kap ede elèv yo eksperimante ak aprann istwa biblik la.

## Chante lanmou

Chante ak group la chante ke yo pale sou lanmou Bondye. Si li posib, montre timoun yo yon kè ke yo pa konnen epi di yo: Plan Bondye pou paran yo se pou yo renmen pitit yo; istwa jodi a sou Jakòb, ki te renmen pitit li Jozèf epi li te ba li yon kado espesyal anpil. Nan ki fason li montre lanmou li pou paran yo? (Kite timoun yo reponn).

## Istwa biblik

Ouvri bib ou nan pasaj etid la epi kite li ouvri pandan tout istwa a; nan fason sa elèv yo ap reyafime ke sa y'ap tandem a soti nan pawòl Bondye.

## Jakòb renmen Jozèf

Jakòb ak madanm li Rachèl te gen yon bebe, yo te kontan anpil pou ti pitit yo e yo renmen li anpil. "Bondye bon avèk mwen", Li te di Rachèl, "ti pitit sa a ap rele Jozèf" (ki siyifi: Bondye ajoute).

Jozèf te grandi epi te vin yon ti gason an jwa epi obeyisan. Paran li te renmen li anpil epi pran swen li, paske manman li Rachèl te mouri. Lè li te gen 17 lane kèk fwa li te ede frè pi gran yo pran swen sa ki fèb yo.

Jozèf te genyen dis gran frè! Nan kèk okazyon gason sa yo pa pote yo byen, e Jozèf rakonte papa li sa gran frè li yo te fè. Men yo pa te renmen sa kote yo te vin fache anpil.

Yon jou Jakòb te bay Jozèf yon gwo kado: Yon manto espesyal anpil, ki gen plizyè koulè, avèk manch long e bèl detay. Sa se te yon demonstrasyon jan li renmen Jozèf.

## KONEKSYON

Itilize aktivite sa yo pou ede elèv preskolè yo konekte verite biblik yo nan lavi yo chak jou.

## Jakòb renmen pitit li Jozèf

Remèt fèy aktivite yo ak kreyon koulè yo. Montre elèv yo pentire lèt yo ki gen yon pwen. Nan fason sa a y'ap kapab li san difikilte mo "renmen".

Pandan y'ap travay, sonje yo ke nan istwa jodi a yo te aprann sou lanmou ke Jakòb te genyen pou pitit li Jozèf. Fanmi yo demontre lanmou an nan fason diferan. Bondye vle ke nou renmen epi pran swen fanmi nou.

## Mwen renmen fanmi mwen

Ekri, nan yon ti papye diferan fason timoun yo kapab demontre ke yo renmen fanmi yo( ekzanp: "Mwen renmen manman mwen, pou sa mwen fè devwa mwen bonè", "Mwen renmen granmè mwen pandan mwen ede li pote valiz li", elatriye.). Mete yo andedan yon resipyen, e pèmèt yo chak pase, pran yon moso epi li byen fò. Sa ap sèvi yo pou ba yo ide sou kòman demontre lanmou ak ranfòse lèkti yo. Nan sans ke timoun yo menm pa konnen li, ede yo ak aktivite sa a.

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

Ekri tèks la pou aprann nan yon gran papye bristòl ak lèt klè. Li mo pa mo ak elèv yo, y'ap repete ak ou. Sa ap ede yo kòmanse nan lèkti a. Sonje ke elèv preskolè yo te aprann reyini silab ak fòme mo, pou sa ka plis senp pou yo aprann tèks fason sa a. Repete li plizyè fwa, si li posib, mande paran yo ranfòse aprantisaj la pandan semèn nan.

### POU FINI

Priye ak elèv yo, bay remèsiman pou manm fanmi yo ak pou benediksyon pou fòme pati youn nan fanmi an.

### Nòt pou pwofesè a

Li pwobab pou timoun paran yo mouri asiste klas yo oswa fanmi yo demisyone. Gen swen espesyal pandan prezantasyon lesyon sa a, e ede yo konnen ke yo fè pati yon mond espesyal nan fanmi Bondye, ki se yon Papa ki gen lanmou ki renmen yo epi pran swen yo.

Mete lòd nan salon an ak èd timoun yo, e verifye ke tout gen travay manyel yo pou pote lakay yo.

Chante kèk chante ranvwa, mande yo asiste avèk ponktyalite pwochen klas la.


# JOZÈF RANKONTRE AK FRÈ LI YO

## ASPÈ JENERAL

Baz biblik: Genez 37:12-17.

**Objektif leson an:** Timoun yo sipoze konprann ke manm yo nan yon fanmi dwe ede youn lòt.

**Tèks pou aprann:** *M'ap bannou yon nouvo kòmandman: Se pou nou renmen youn lòt; menm jan mwen renmen nou an* (Jan 13:34a, RV95)



## PREPARE POU ANSEYE!

Frè Jozèf yo te mennen mouton yo bay papa yo pou ba yo manje nan Sichèm. Kote sa a trouve preske 100 km. Nan nò kote Jakòb rete. Sa pa etranj pou bèje yo ki te gen pou pote mouton yo nan distans sa a; pi gran yo manje anpil, yo te dwe chèche lòt kote ak anpil frekans.

Jakòb te deside voye Jozèf al chèche frè li yo pou pote nouvèl ba li sou kote yo te ye. Jozèf te yon pitit obeyisan, konsa li te ale chèche frè li yo jan papa a te mande li a. Lè li pa wè yo Sichèm, li te kontinye ap chèche, li te montre detèminasyon li ak responsabilite li. Anfen, li te jwenn yo nan yon rejyon Dotan.

## KONTÈKS

Lè nou gen yon fanmi nou soti, nou gen responsabilite. Pou elèv prekolè yo pa-fwa li difisil pou akonpli yo ak asepte yo. Li enpòtan ke yo asime wòl ke yo genyen nan fanmi yo, y'ap akonpli devwa yo ak jwa epi reponsabilite. Developman yo nan lajwa pou sèvi ak satisfaksyon pou itil moun ke yo renmen.

Leson sa a ap ofri opòtinite pou eksplike elèv yo enpòtans ke yo genyen kòm manm nan yon fanmi, responsabilite sa enplike. Bondye vle ke fanmi yo renmen epi pran swen.

Pandan klas la pale ak timoun yo sou responsabilite yo lakay yo ak nan legliz yo. Lè yo akonpli ak travay e devwa yo sa ap anpil èd e konsa y'ap obeyi Bondye. Seyè a vle manm fanmi yo ede youn lòt, sa enkli nan fanmi nou nan lafwa.

## DEVELOPMAN LESON AN

### Atansyon

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou enkanne atansyon timoun yo epi prepare yo pou aprann verite biblik yo jodi a.

### Fèy fanmi an

Remèt timoun yo mwatye nan fèy blan ak kreyon koulè. Montre yo desine yon fason k'ap ede yo ak fanmi yo. Lè yo tout fin kole yo oswa kwoke desen yo nan yon mi pou fòme yon miray, ou kapab mete nan pati siperyè a tit la: "Bondye vle ke nou ede fanmi nou". Pèmet ke yo chak pase pou eksplike desen yo ak kisa yo reprezante.

### Tikras lòd

Bay yon tan pou manm gwoup yo kolabore ak ou nan aranje salon klas la. Yo kapab ranje chèz yo oswa netwaye yo, bale, pran fatra, ranje liv oswa lòt aktivite ou chwazi. Pandan y'ap travay di yo ke li enpòtan pou kolabore tou avèk fanmi lafwa, nou tout nou se pitit Bondye e tanp la se kay li, Nou gen responsabilite pou pran swen li epi pou li rete pwòp e òdone.

### Diferan tip fanmi

Pran fèy revi a koupe oswa fè diferan tip fanmi. Eksplike elèv yo ke fanmi yo differan youn ak lòt. Anpil nan fanmi yo fòme pa papa, manman ak pitit yo. Pandan setan, gen lòt kote se sèlman papa ak pitit yo oswa manman ak pitit yo; kote gen kèk ki enkli pitit yo k'ap viv avèk gran papa yo ki mouri deja oswa ki lwen. Li ekziste fanmi tou kote mari yo ap viv sèl paske yo pa gen pitit.

Bondye renmen tout fanmi menm jan epi vle ede youn lòt.

## BIB

Pa mwayen aktivite sa a elèv yo ap kapab konnen verite biblik la.

Chwazi moun ki gen volonte yo pou prezante istwa a pandan w'ap rakonte li. Si gen yon gran gwoup

Ou kapab enkli tout frè Jozèf yo. Kèk timoun kapab imite bwi mouton yo.

## Istwa biblik

### Jozèf al chèche frè li yo

Jozèf te gen anpil gran frè ki te responsab pou pran swen mouton yo. Kèk fwa yo te genyen pou vwayaje long distans pou jwenn manje ak dlo pou twoupo yo. Nan okazyon sa, frè Jozèf yo te mennen mouton yo yon kote byen lwen ki te rele Sichèm ki yon distans 80 km a lakay yo. Sa se yon long chemen.

Jakòb te bezwen kèk moun dèyè yo pou chèche konnen kòman pitit li yo ak mouton li yo. "Jozèf"

—Jakòb di li, "Mwen bezwen èd ou pou al chèche frè ou yo epi wè si yo byen, aprè sa pote nouvèl yo pou mwen".

Jozèf te renmen papa li anpil epi toujou obeyi li, konsa li te di, "M'ap ale rapid e m'ap jwenn frè mwen yo". Aprè li te prepare e anbake pou vwayaj la. Li te pote manto espesyal la ke papa li te fè li kado a tou.

Jozèf te mache anpil jou, anfen li te rive Sichèm. Li te chèche tout kote men li pa te jwenn ni tras frè li yo oswa mouton yo. Ki kote yo ye?, li t'ap panse.

—Yon nonm ki te toupre mande li: kiyès w'ap chèche?

—Li te reponn: Frè mwen yo. Èske ou kapab di mwen si ou wè yo?

—Y'ap pran swen mouton yo

Nonm nan te di li, y'al Dotan, konsa Josèf te kontinye mach li aprè kèk jou nan chemen pou te jwenn yo.

## KONEKSYON

Aktivite sa yo ap ede timoun yo relasyone ansèyman biblik la nan lavi yo chak jou.

### Mwen ede!

Reyini timoun yo nan sèk epi ou mete nan mitan. Di: Mwen ede lave plat yo lakay mwen.

Nan fason sa a mwen kolabore ak fanmi an. Siyale yon manm nan klas la epi mande li: Nan ki fason ou ede lakay ou? (pèmèt li reponn).

Kontinye jis yo tout gen opòtinite patisipe. Ekzòte yo pou yo se kolaboratè aktif andedan fanmi an.

### Jozèf jwenn frè li yo

Bay timoun yo fèy aktivite liv elèv la epi ede yo coupe frè Jozèf yo nan seksyon koupaj ki koresponn nan lesion sa a.

Pèmèt yo kole foto nan pati siperyè dwat fèy travay yo, trase chemen pou Jozèf jwenn yo. Avèk aktivite sa a reyalize yon brèf repase istwa biblik la.

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

Ekri tèks biblik la nan kat papye a, yon kat pou chak vèsè, sere yo andedan salon an. Mande timoun yo pou yo chèche. Lè yo reyini kat yo, yo dwe mete tout nan lòd epi di byen fò tèks pou aprann nan. Pou fè aktivite a plis emosyonan ou kapab divize gwoup ekip la epi pran tan yo chak. Sa ki fòme tèks la nan mwens tan ap genyen.


### POU FINI

Mansyone demand priyè yo epi eksplike timoun yo yon fason pou ede fanmi nou se lapriyè pou yo. Mande kèk moun ki gen volonte priye byen fò pou tout fanmi gwoup yo.

Bay elèv yo tan epi ede yo ranje salon an e y'ap mete nan lòd sak pou yo a. Verifiye pou yo pote tout materyèl yo lakay epi fèy aktivite yo. Remèsyé yo paske yo asiste epi anime pou retounen pwochen semèn.



# JOZÈF EDE FANMI LI



## ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Jenèz 41:39-41, 46-49, 57; 42:5; 45:3-28.

**Objektif leson:** Anseye élèv yo ke manm yo nan yon fanmi dwe ede youn lòt.

**Tèks pou aprann:** *M'ap bannou yon nouvo kòmandman: Se pou nou youn renmen lòt, menm jan mwen renmen nou an* (Jan 13:34a, RV95)

## PREPARE POU ANSEYE!

Bondye te akonpaye Jozèf pandan li te esklav, Bondye te ede li lè li te vin gouvènè Ejip. Farawon te nonmen li gouvènè lè li te genyen trant lane, epi li rive dezyèm pèsosaj plis enpòtan nan peyi sa a. Bondye te itilize ejipsyen Farawon pou bay Jozèf otorite, nan fason sa a li te kapab ede fanmi li ak anpil moun pandan moman kritik nan yon sechrès ki sevè.

Rèv Jozèf te genyen lè li te jenn nan te vin reyalite. Li te gouvènè epi frè li yo te dwe onore li.

Bondye akonpli pwomès li yo pou bay sa pitit li yo bezwen.

Jozèf te dekouvri ke Bondye te kapab itilize li pou ede lòt moun. Li te kapab padone frè yo epi ede yo. Menm jan ak anpil moun.

Jozèf te mennen tout fanmi li vin viv Ejip. Farawon te ba li pi bon tè epi li te trete yo tankou envite espesyal.

## KONTÈKS

Jozèf ak papa li te gen yon lanmou ki fon epi yon gran respè.

Efezyen 6:1-4 sonje enpòtans lanmou nou ak respè nan fanmi nou.

Nan sosyete aktyèl la, enstitisyon familyal la chak fwa dekoraje plis rapid. Yo te pèdi valè yo e sa pa te sanble gen enterè pou rejwenn inyon ak lanmou familyal. Modèl yo te chanje, kounye sanble pitit yo pa bezwen enstriksyon ak swen paran yo. Bò kote paran yo yo divòse e vin marye ak plis fasilité. Yo toumante timoun nou yo epi ekspose yo yon emosyon sevè ki pa estab.

Vwala enpòtans élèv preskolè yo aprann ke Bondye gen yon plan diferan pou nou. Bondye deside pou fanmi yo renmen, respekte ak aprann padone youn lòt.

Itilize ekzanp Jozèf la pou anseye élèv yo enpòtans pou kiltive lanmou, respè ak padon andedan fanmi an.

## DEVELOPMAN LESSON AN

### Atansyon

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou kaptite enterè timoun yo epi prepare yo pou aprann verite biblik yo jodi a.

### Boutik la

Jwenn anpil boutèy manje (Netwaye), bwat sereyal, fri ak manje itil. Jwe ak élèv yo nan ti boutik (pou yo achte), epi di yo: Istwa jodi a pale nou sou kòman Jozèf te pran swen fanmi li.

Fanmi Jozèf te bezwen manje, men li pa te genyen anyen pou ba yo manje. Kisa ou kwè yo te fè? (Bay tan pou yo reponn).

Bondye vle ke fanmi yo renmen epi manm yo pran swen youn lòt.

### Jozèf te pataje manje yo

Prepare kèk bwason ak bonbon pou timoun yo. Chante yon kantik louwanj, mande yo aranje yo pou tandem istwa biblik la.

Di yo: Leson an pale sou kòman Jozèf te pran swen fanmi li Ejip. Youn nan fason yo se te ede yo jwenn manje. Jozèf te renmen fanmi li e pou sa li te ba yo manje. Pote kèk bagay manje pou yo. Pandan y'ap pran plezi ak dine yo sonje yo ke Bondye renmen yo epi vle manm nan fanmi an pran swen antre yo.

## LABIB

Aktivite sa yo ap yon apui pou apranti-saj leson an jodi a.

### Yon vwayaj Ejip

Mete Bib ou nan yon kote fè klè, di timoun yo: Jodi a n'ap fè yon vwayaj Ejip! Èske nou konnen ki kote peyi sa ye? (Pèmèt yo reponn). Ejip se yon peyi ki lwen anpil.

Se la Jozèf ak fanmi li t'ap viv. Imagine nou n'ap ale ak fanmi Jozèf Ejip.

Fè timoun yo mache avèk ou. Pou fini, di yo chita pou tandem istwa kòman pèsonaj bilik sa a te ede fanmi li jwenn manje.

### Istwa biblik

Pataje a chak elèv ou yo yon valiz plastik. Fè atansyon, pandan w'ap rakonte istwa a, y'ap kenbe valiz la nan men yo epi yo p'ap jwe avè li pou evite aksidan.

Di yo: Nou chak gen yon valiz. Y'ap koute ak atansyon istwa biblik jodi a. Aprèsa m'ap mete kèk bagay nan yo pou yo sonje sa yo te aprann.

### Manje pou fanmi Jozèf la

Bondye te ede Jozèf, li te fè li konnen ke l'ap rive yon moman kote p'ap gen okenn manje Ejip nan reydon touprè yo. Jozèf te di sa, li te reponn: "Ou responsab chaj tout peyi sa a, fè sa ou kwè k'ap bon".

Jozèf se te yon nonm ki te gran, li te gen trant lane, li te yon moun enpòtan anpil nan peyi sa; li te responsab tout manje. Sèl Farawon ki te genyen plis pouvwa ke li menm. Pandan setan, te gen anpil tan Jozèf pa te wè fanmi li sa te fè li tris.

Pou sèt ane rekòt yo te anpil, Jozèf te sere anpil manje pou moman serèch la. Bodèg li yo te ranpli nèt. Pandan yon tan pase, lapli pa te tonbe epi tout rekòt te fini. Moun kòmanse pa gen manje, mande ak Farawon pou vann yo manje. Jozèf te vann sa li te gen sere, nan fason sa a peyi a te genyen anpil lajan. Aprè moun reydon yo te vin achte manje, men pa te rete anyen.

Fanmi Jozèf te bezwen manje menm jan ak lòt yo, konsa frè li yo te vwayaje pou vin Ejip. Yo pat wè Jozèf pandan anpil ane, ni te konnen si li t'ap viv. Lè yo te wè li yo pa te konnen li men li te konnen yo.

Li te di yo pandan l'ap kriye: "Mwen se Jozèf!", "Eske papa mwen anvi?"

Frè li yo te sote. Gouvènè tout Ejip la se te ti frè nou! Jozèf te di "Bondye te voye mwen isi Bondye te vle pran swen moun yo, e ou menm tou, pou sa li te sere tout manje sa a".

Frè yo te retounen lakay yo ak anpil manje ke Jozèf te fè yo kado. Lè yo rive, yo te bay Jakòb nouvèl ptit li jozèf te vivan. Tout fanmi an te vwayaje Ejip pou viv la. Farawon te ba yo pi bon tè pou yo te ka abi-

te. Kounye a Jozèf te kontan pou li kapab touprè fanmi li.

Lè fini relans la, Mete yon ti kantite sereyal oswa gress (mayi, diri, pwa oswa ariko) nan valiz timoun yo. Ekplike yo ke Jozèf te sere anpil gress pou bay moun manje pandan moman sèk la.

### KONEKSYON

Akitivite sa yo ap ede timoun yo konekte verite biblik yo nan lavi chak jou.

### Jozèf ede fanmi li

Bay elèv yo fè aktivite a, ede yo koupe ilistrasyon ki koresponn yo ak lesyon seksyon koupaj sa a.

Mande yo kole foto ble yo nan fèy travay la. Pandan y'ap fè li, sonje yo istwa jodi a.

### N'ap ede!

Nan fèy Blanch yo, fè sèt tablo ki rezante sèt jou nan semèn nan, distribye youn pou chak manm gwoup yo. Envite yo pou kolabore pandan y'ap reyalize travay fanmi (ekzanz, leve plat yo, netwaye tab la, bale, elatriye).

Yo dwe desine yon zetwal nan chak ankadreman depann nonm jou ke yo ede nan fwaye yo. Nan pwochen reyinyon montre yo fèy klas la pou konnen kiyès ki fè plis etwal.

### ANÈKS

### MEMORIZASYON

Mande timoun yo pou yo mache pa dèyè, oswa antravè pandan chak pa yo dwe di yon mo nan tèks la pou aprann. Yo dwe repte tèks la jis lè yo vire tout salon an.

Aprèsa repase ak yo yon fason endivid-yèl epi apiye sa yo ki prezante difikilte pou aprann li.

### POU FINI

Priye epi bay Bondye remèsiman pou swen li ke nou chak resevwa nan fanmi yo. Plede pou timoun ki pa gen manman ak papa yo. Pèmèt ke timoun yo eksprime demand priyè yo, envite yo priye pandan semèn nan.

Remèt yo chak materyèl ki koresponn yo, envite yo nan pwochen klas. Sonje yo pou yo rakonte fanmi yo sa yo te aprann pandan klas la. Chante kèk chante ranvwa avan y'ale.





# **LABIB ANSEYE NOU SOU MOYIZ**

**Objektif inite a:** Inite sa ap ede timoun yo konprann swen Bondye pou pèp li. Nan fason sa a y'ap afime konfyans yo nan li.

**Tèks pou aprann:** Bondye nou gen bonte epi pran swen sa yo ki kwè nan li (Nahom 1:7, BLA).

**Pawol lafwa:** Konfyans: Se kwè ke Bondye ap fè sa ki bon epi jis pou nou.

### **Leson inite a:**

**Leson 31** Bondye pwoteje Moyiz Leson

**Leson 32** Moyiz obeyi Bondye

**Leson 33** Moyiz konfyé nan Bondye

**Leson 34** Moyiz anseye moun yo pou konfyé nan Bondye

**Leson 35** Bondye bay manje ak pèp li a

### **Ansèyman lesон an pou elèv preskolè yo:**

- ❖ Swen ke Bondye te genyen pou Moyiz depi li te bebe.
- ❖ Bondye pran plezi lè nou obeyi li.
- ❖ Remèsiman Bondye lè nou konfyé nan li.
- ❖ Nou dwe remèsye Bondye paske li bannou manje.

Fè resòti travay Bondye nan lavi Moyiz. Timoun yo ap aprann ke Bondye te pwoteje li lè li te piti, aprè Bondye ede li pou vin yon gwo lidè pou izrayelit yo.

Elèv preskolè yo ap gen opòtinite aprann kòman Moyiz te konfyé nan Bondye epi te obeyi li; e kòman Seyè a te toujou pran swen pèp li. Sa ap bay kòm rezilta ke yo grandi konfyans yo nan lanmou ak pwoteksyon Bondye pou lavi yo.

Pandan etap devlopman an, timoun yo ap kòmanse aprann sa ki siyifi konfyé nan lòt. Atravè paran yo, fanmi yo ak moun ki antoure yo, y'ap aprann konfyé.

Pa mwayen istwa Moyiz la, ansèyman efikas kòm mèt, elèv yo ap aprann mete konfyans yo nan Bondye.

# BONDYE PWOTEJE MOYIZ



## ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Ekzòd 1:8; 2:1-10.

**Objektif leson an:** Timoun yo dwe konnen ke Bondye te pwoteje Moyiz depi lè li te bebe.

**Tèks pou aprann:** *Bondye nou an gen bonte epi li pran swen sa yo ki konfye nan li* (Nawoum 1:7, BLA).

## PREPARE POU ANSEYE!

Istwa nesans Moyiz ak lè li t'ap travèse rivyè Nil la, an reyalite, istwa prezans Bondye nan lavi pèp li a. Liv ekzòd santre sou fason ke Bondye te chape pèp li a nan men ejipsyen yo epi mete yo nan tè li te pwomèt la. Liv la rakonte nou bèle pasaj ki pale sou pouvwa byenfè Bondye te reyalize pou ede izrayelit yo pandan envazyon ak pelerinaj yo.

Inite sa a pale nou sou istwa Bondye kòman li te travay atravè Moyiz. Bondye te rankontre yon levit ak yon fanm pou li te kapab konfye plan preparasyon yo pou libere pèp li a nan esklavaj Ejip. Moyiz, ptit koup sa a, te vin yon nonm ke Bondye t'ap itilize pou ede pèp Izrayèl. Lòd Farawon pou touye tout ti gason ki te fèt nan pèp ebre a se te yon evidans ke li pa te ka tann ak tande Izrayelit yo. Pèp la te miltiplier anpil e krentif ak yon rebelyon te vin ogmante pi plis. Pandan setan. Ti feblès Farawon sa a pa ka fè anyen kont pouvwa Bondye.

Mesaj fondamantal istwa radikal sa a kote Bondye ap pran swen pèp li a. Èske ou santi prezans Bondye nan lavi ou chak jou ? Èske ou konsyan ke Bondye renmen ou epi pran swen ou? Mande li ede ou kominike lanmou li ak swen li ak timoun nan klas yo; se nan etap sa nan lavi y'ap konprann Bondye pran swen yo.

Mande timoun yo eksprime fason Bondye te pran swen Izrayelit yo. Istwa yo ap bay opòtinite pou elèv yo eksprime ak lòt kòman Bondye pran swen yo; ranfòse ekspresyon sa yo. Ede gran yo fè koneksyon ak verite biblik yo, pèmèt yo eksprime santiman yo pou pwoteksyon epi poze kesyon sou kòman Bondye vle ke yo ye. Ede timoun piti yo aprann swen ke

Bondye genyen pou yo. Repase istwa biblik la atravè eksperyans nan klas la, montre pwoteksyon Bondye atravè pawòl li yo ak aksyon yo.

## KONTÈKS

Anpil nan elèv preskolè yo Bondye pran swen yo lakay yo. Kèk timoun resevwa mwens atansyon ak pwoteksyon lòt yo, konsa li kapap sansib pou bezwen yo. Nenpòt kilanswa pwoteksyon nan kay, Bondye vle ke manm fanmi yo ofri lanmou mityèl. Li vle ke paran yo pwoteje ptit yo.

Sa se yon fason Bondye montre pwoteksyon li ak nou. Nan istwa biblik jodi a fanmi Moyiz te pran swen yon timoun epi pwoteje li. Se te atravè pwoteksyon Bondye te demonstre pa mwayen fanmi Moyiz ki t'ap viv. Ede timoun yo dekouvi nan ki fason fanmi yo pran swen yo. Èske yo gen manje, yon kay, yon kabann ak rad? Tout sa se pwovizyon Bondye. Pwoteksyon an genyen ladann tou pawòl afeksyon epi aksyon lanmou. Felisite timoun yo ki demonstre afeksyon epi pwoteksyon pou lòt yo nan klas la.

Kòm mèt, demonstre pwoteksyon Bondye ak pawòl ak aksyon yo. Konfòmeman elèv yo rann kont pwoteksyon Bondye atravè ou menm, y'ap kòmanse etann pwoteksyon pou lòt yo nan klas la.





# MOYIZ OBEYI BONDYE



## ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Ezkod 3:1-12; 4:18-20.

**Objektif lesон an:** Ede élèv preskolè yo konprann ke Bondye renmen lè nou obeyi li.

**Tèks pou aprann:** *Bondye nou an bon epi pwoteje sa yo ki konfye nan li* (Nawoum 1:7, BLA).

## PREPARE POU ANSEYE!

Istwa Moyiz la ak gwo dife a resilte emosyon pou élèv preskolè. Yo te etone lè yo tande evenman biblik enkwayab. Leson sa an patikilye pale nou sou yon rankont enpòtan ke Bondye te genyen ak Moyiz.

Istwa a devlope nan dezè a, yon kote lwen epi arid, sa Bondye demonstre ke Bondye kapab pale nenpòt kote oswa nan nenpòt sikonstans. Moyiz te tande vwa Bondye nan yon touf zèb oswa touf dife ki t'ap brile. Moyiz te sote, men pandan li te tande enstriksyon yo li gen konfyans ke Bondye te avè li.

Nan kòmansman li te parèt difisil pou li te asepte apèl seyè a, li posib pou li ta santi li se yon lach aprè li te kouri kite Ejip. Men Bondye pa gade sou karakteristik fizik ni entèlektyèl, Li itilize nou nan fason ke li vle pou beni pèp li a.

## KONTÈKS

Nan pèsonalite Moyiz nou kapab jwenn anpil karakteristik tankou moun: dout, perèz, santiman enferyè, lachte, angwas, elatriye. Pandan setan, Bondye te modere yon fason volontè ak karaktè nonm sa a ki te rive yon gran lide pou pèp izrayèl; Men sitou yon ewo lafwa ak valè.

Pandan w'ap prepare pou lesón sa a konsidere relasyon ou ak Bondye. Èske ou santi prezans li chak jou? Èske ou konnen ke Bondye pran swen ou e ke li agreye lè ou obeyi? Nou, menm jan ak Moyiz, nou kapab itil pou plan Bondye yo. Sèl bagay nou gen pou fè se soumèt nou ak volonte li ak obeyisans.

Menmjan sa rive ak élèv yo. Li pwobab pou yo santi yo enferyè oswa pa kapab reyalize kèk devwa. Itilize istwa a jodi sa a pou anseye yo ke Bondye itilize tout moun lè yo obeyisan epi imid.

Aprann obeyi ak swiv enstriksyon se yon bagay ki pran tan ki pratik nan timoun piti yo. Majorite nan yo aprann pi fasil avèk repetisyon. Yon timoun senk ane gen pou obeyi paske li vle akonpli règ yo pou fè lòt yo santi yo ere epi fyè. Èlèv preskol yo bezwen afime konsèp obeyisans epi aplike li nan lavi yo. Mande Bondye pou ede timoun yo pou koute ak pasyans e lanmou. Ou se yon modèl lavi pou yo, pandan y'ap aprann konfye nan Bondye epi obeyi li.

## DEVELOPMAN LESON AN

### Atansyon

Itilize aktivite sa a pou kapte enterè timoun yo epi prepare yo pou tande istwa biblik la.

### N'ap fè sandal

Pou aktivite sa a w'ap bezwen katon, sizo, makè, riban soulye oswa kòd fen.

Trase chak pye timoun yo (a gòch ak adwat) sou katon an. Aprè ou reyalize yon koupaj ki pi gran ke mezi a. Ouvri kat twou nan chak kote sandal la. Mande timoun yo dekore sandal yo. Aprè ede yo mare avèk kòd oswa tep, pase yo nan twou yo. Pèmèt ke yo mete yo.

Di yo: Nan istwa biblik jodi a Bondye te pale ak Moyiz, li te tande ak obeyi.

Bondye pran plezi lè nou tande e obeyi li. Pita y'ap antere sa ki te pase ak Moyiz ak sandal yo.

## BIB

Itilize ide sa yo pou ede timoun yo eksperimante epi revize istwa biblik la.

### Nan ti pye bwa a

Pou aktivite sa a n'ap sijere nou pou nou genyen kèk branch bwa epi moso papye koulè wouj. Mete kèk branch piti nan tè a. Branche moso papye wouj la pou bay dife.

Reyini timoun yo, epi mande yo mete. Fè entwodiksyon leson an, mansyone ke Moyiz te jwenn yon ti touf bwa ki sanble ak sa yo wè a, men sa te gen dife verite. Bondye

Te pale atravè li. Di yo chita nan sèk pou tande sa ki te pase. Mansyone ke y'ap aprann kòman Moyiz te konfye nan Bondye lè li te gen perèz.

## Istwa biblik

### Touf dife k'ap brile

Moyiz te grandi nan palè Farawon an epi te vin grandi. Nan yon okazyon li te gen yon gran pwoblèm, li te santi li nan yon obligasyon pou kite pale a. Li te deside al viv Madyan. Konsa bo pe li t'ap pran swen mouton yo. Yon jou, pandan li t'ap pran swen twoupo a, yon zanj te parèt nan yon touf zèb oswa touf zèb ki te anflame, men ki pa te brile. Moyiz pa te ka wè li.

—Li te di ak sezisman touf zèb sa a pa brile.

—Zye li te vin wè epi li gade ank. Aprè li te tande yon vwa ki t'ap rele li:

—Moyiz, Moyiz! —se te Bondye ki t'ap rele li.

—Moyiz te reponn: Se Seyè a menm

—Seyè a te di li: Pa pwoche la a, rete sandal ki nan pye ou paske tè sa a se yon tè ki sen.

—Moyiz te di Seyè ak perèz epi li te kouvri vizaj li.

—Bondye te di li: Ou pa bezwen pè, pèp mwen an ap soufri anpil Ejip e mwen vle ke ou retounen pou gide yo pou kite kote yo ye a.

—Moyiz te reponn: Kòman m'ap kapab fè sa? Mwen pa yon gwo nonm ni kapab.

—Bondye te di li: M'ap la avèk ou, mwen p'ap janm kite ou pou kont ou.

Moyiz ale chèche bo pè li Jetwo, li te di ke Bondye te vle li retounen Ejip. Moyiz te konfye nan Bondye epi li te obeyi Bondye. Li te pran madanm li ak pitit li, li t'ap vwayaje pou Ejip.

### Repase leson an pou adaptasyon

Mande elèv yo pou yo fè yon pyès teyat pou repase leson an. Ou menm kòm mèt tande vwa Bondye.

Lè yo fini, mete aksan: Bondye pwoteje sa yo ki konfye nan li. Bondye te pran swen Moyiz paske li te koute epi obeyi vwa seyè a.

Kòman Moyiz te obeyi vwa Bondye nan leson jodi a? (Kite timoun yo reponn). Bondye pran swen nou. Kòman nou kapab tande ak obeyi vwa Bondye? (Tande repons yo).

## KONEKSYON

Itilize ide sa yo pou ede timoun yo konekte verite biblik yo nan lavi yo chak jou.

### Bondye te pale ak Moyiz

Remèt fèy aktivite liv elèv yo ak timoun yo, bay tan pou pou yo koupe avèk swen sèn dezè a ak band kote dwat.

Ede yo fè koupi vètikal make avèk lèt A ak B nan sant sèn nan. Aprè sa, timoun yo dwe kache band sèn dezè nan fas la, kole ekstrèm yo dèyè. Kounye a y'ap kapab deplase band la, repase sa ki te rive Moyiz nan istwa biblik la.

Miray obeyisans

Plase yon gran papye nan mi salon an sou fòm miray. Envite timoun yo pou dekore li avèk desen sou fason yo kapab obeyi Bondye. (Priye, li Labib, respekte paran yo, ede lòt yo, elatriye).

Lè yo fini, pale ak yo sou desen yo te fè yo ak met aksan enpotans nan obeyisans la.

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

N'ap kontinye trase yo

Fè 30 tras papye journal oswa papye bristòl, kole yo avèk adezif atè nan salon an pou fòme yon santye. Mande timoun yo fè yon ran e y'ap kouri nan chemen an antre yo. Fè yon wotè chak twa tras yo epi y'ap repete ansanm tèks pou aprann nan (Nawoum 1:7).

### POU FINI

Mande timoun yo pou yo di ki aktivite yo te prefere pandan leson an. Met aksan ke yo kapab konfye nan Bondye tout moman, chante kèk chan ki gen relasyon ak ansèyman.

Anfen, y'ap Chita an sèk epi kenbe men nan atitud priyè. Mande si gen demand, chak moun ap fè yon brèf priyè.

## Leson 33

# MOYZ KONFYE NAN BONDYE



### ASPÈ JENERAL

Baz biblik: Ezod 14:1-31.

Objektif lesoun an: Timoun yo dwe aprann konfye nan Bondye, menm jan Moyiz te fè li a.

Tèks pou aprann: Bondye nou an bon epi pwoteje sa yo ki konfye nan li (Nawoum 1:7, BLA).

### PREPARE POU ANSEYE!

Bondye te libere Izrayelit yo Ekip atravè lidèschip Moyiz. Moun yo te konfye nan Moyiz epi enstriksyon li yo, paske se te evidan ke Bondye te dirije li.

Istwa jodi a pale nou sou kòman israyelit yo te travèse lanme wouj. Kote yo te travèse a pa rete klè ekzat. Sa nou konnen sè ke, pandan pèp Bondye a te rive touprè lanmè a, lame Farawon t'ap mache dèyè yo dispoze pou evite yo ale. Moun yo te pè epi kòmanse ap rele Bondye.

Men Bondye te gen yon plan espesyal anpil: Bondye te konfye pouvwa li ak fòs li pou libere yon lòt fwa ankò israyelit yo nan men Farawon.

Pandan istwa sa a nou kapab apresye ke Moyiz se te yon nonm ki te gen lafwa.

Reflechi sou lavi pèsonèl li. Kòman lafwa li ye? Èske ou santi kèk fwa lafwa li fèb? Si se konsa, chèche èd Bondye epi mande li pou konfime lanmou li nan ou.

Prezante lesoun konfòm sa a ak timoun yo, sonje yo ke Bondye te pwomèt yo ke l'ap toujou ak yo.

### KONTÈKS

Lanmou ak konfyans se konsèp abstrè difisil pou konprann. Pandan setan, yo fondamental ak enpòtan pou devlopman emosyonèl elèv preskolè yo.

“Bondye pran swen pep li a” se yon pwomè ki dwe plante nan timoun yo pandan y'ap grandi. Ou kapab fè yon koneksyon espirityèl avèk yo pou sonje yo pwomès Bondye. Lè y'ap chante ak priye, mete aksan nan fraz yo ke y'ap pale a sou pwoteksyon ak lanmou yo.

### DEVELOPMAN LESON AN

#### Atansyon

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou reveye enterè timoun yo epi prepare yo pou aprann verite biblik yo jodi a.

### Bondye pran swen nou

Chante kèlkeswa chante ki pale sou lanmou Bondye. Ou konte sou yon tanbou oswa enstriman mizik nan klas yo, pèmèt ke elèv yo itilize yo. Eksplike yo konfye nan Bondye se yon bagay espesyal anpil ki bannou sekirite. Di: Nan klas jodi a n'ap aprann nan ki fason Moyiz ak pèp Bondye a te konfye nan Seyè a.

### N'ap jwe ak men yo

Pratike jwèt sa a devan klas la. Timoun yo ap aprann plis nan repete mo yo ak aksyon yo aprè lidè a. Ou dwe li fraz yo epi fè mouvman jwèt epi envite group yo pou yo repete. Kontinye jis pou timoun yo familyarize avèk jwèt la. Mete yo separe, ak espas sifi antre yo pou kapab fè mouvman yo avèk libète.

—Pèp la t'ap kriye: Moyiz! Moyiz! (Moyiz te mete men sou vizaj li aprè sou tèt li).

—Moyiz te reponn: Nou dwe konfye nan Bondye. (Siyale anlè).

—Lame Farawon an ap pwoche byen vit. (Vire epi siyale pa dèyè).

Kisa nou kapab fe? Nou anfas lanmè.

(Fè mouvman zèl avèk men yo)

Moyiz te konfye nan Bondye. (Li plase men yo nan pozisyon priyè).

—Lanmè a te ouvri! (Li separe men yo lòt kote. Bondye bò kote nou! (Aplodi epi vole).

### BIB

Aktivite sa yo ap ede timoun yo prè pou aprann istwa biblik la.

### Konnen lanmè a

Chèche ilistrasyon sou lanmè nan liv oswa revi, montre elèv yo sou fòm entwodiksyon. Timoun yo ki déjà konnen lanmè mande yo rakonte eksperyans yo.

Sonje yo ke Bondye te kreye lanmè, li gran anpil ke yo p'ap ka kouri fè laviwonn tout. Kote anpil zannimo diferan ap viv; kèk gran, tankou la balèn; lòt piti, tankou krevèt. Li fon anpil epi majeste.

Jodi a nou pral aprann yon istwa ki raple nou ke Bondye genyen kontwòl absoli sou lanmè a.

## Istwa biblik

Kite bib ou louvri nan pasaj etid la pandan w'ap kite bib ou ouvri nan pasaj etid la ki relate istwa a. Pou elèv yo ka rann yo kont ke se yon istwa pawòl Bondye.

## Bondye ouvri lanmè a

Pèp la te kontan. Moyiz te retounen epi li te di yo kite Ejip.

“Bondye vle nou kite peyi sa a pou nou ale nan lòt kote ki presye. “Farawon konnen li dwe libere nou e kite nou ale”.

Yo tout te emosyone. Yo te pase anpil ane ap viv kòm esklav Ejipsyen yo anfen yo te lib. Yo chaje tout bagay yo byen vit, yo pran bêt yo, epi yo te kòmanse kite peyi ap swiv Moyiz. Izrayelit yo te kòmanse ap mache nan dezè a. Yo tap apwoche bò rivaj lanmè rouj la lè yo te tande bri cheval yo. Yo tout te vire, epi yo te pè anpil lè yo te wè Farawon ak lame li ki tap vini dèyè yo. Pèp la te pè anpil epi Moyiz tap priye Bondye, ki te di li: “Pa pè map anglouti wa a ak tout lame li; “Sa se pou onè non mwen e pou Ejipsyen yo konnen ke mwen se Seyè a”.

Bondye te gen yon plan pou sove Moyiz epi Izrayelit yo.

“Moyiz, wa a ap vin pi prè, kisa pou nou fè?” kesyon sa a pèp la tap poze. Men Moyiz te kwè nan Bondye, li te di yo: Nou pa bezwen pè, sèlman ret tann, konfyé nan Bondye epi gade sa Bondye pral fè.

Bondye te di Moyiz pran baton ou te itilize pou mache epi leve li sou anlè direksyon lanmè a. Moyiz te obeyi e lanmè a te fann an de, kon-sa pèp la travèse nan mitan san mouye. Lame Ejipsyen yo te kòmanse ap swiv Izrayelit yo nan mitan lanmè a nan pati ki te sèk la. Bondye te di Moyiz itilize ankò baton, epi li te fe sa.

Nan menm moman an lanmè a te anvayi ejipsyen yo e yo te neye. Izrayelit yo te wè sa Bondye fè epi yo di: “Moyiz te kwè nan Bondye epi li sove nou anba wa a”.

## KONEKSYON

Itilize resous didaktik sa yo pou konekte ti moun yo ak verite biblik nan lavi yo.

## Travèse lanmè wouj

Bay ti moun yo fèy aktivite liv elèv la epi sizo (pwent won pou evite aksidan). Pran yon tan pou koupe figi ak sèn nan nan lanmè Wouj la. Fè yon ti koupe orizontal nan pati anba nan figi yo, epi rantre bann yo jan yo montre nan ekzanz la. Pou figi yo ka rete kanpe.

Pliye sèn lanmè a fè devan, pou ka wè kijan li te kouvri tout. Itilize figi yo epi sèn, repase istwa biblik la.

Lè yo temine, bay yo chak yon chasè plastik pou yo mete figi yo kapab ale ak yo.

## Nou mete konfyans

Ou pral bezwen yon ti boul ki swa. Chita ak timoun yo fòme yon sèk, chante yon chante, pandan yap pase ti boul la youn ak lòt. Le yo fini chante, sa ki genyen boul la pral reponn youn nan kesyon sa yo. Repete jwèt la jiskaske tout moun patisipe. Si ou vle, ou ka ajoute plis kesyon tou depann de kantite elèv ou gen nan klas la.

Eske ou te chita sou yon chèz nan klas la? (Wi) Profesè a reponn: Ou konte ke chèz la te ka kenbe w.

Kòman ou fè pou rive la jodi a? (Nan oto mobil, bis oswa mache). Repons lan mèt la: Ou fè konfyans ou te ka vini jwenn nou pou reyini ansanm).

Kijan moun yo te janbe lanmè wouj la? (Bondye te fè yon chemen pou yo) Profesè a reponn: Moun yo te kwè Bondye te ka fè yon chemen.

Ou gen dwa ajoute lòt aktivite chak jou, tankou kouche, dòmi, limen yon limyè. Tèmine aktivite a ak twa zyèm kesyon an. Mete aksan sou sa nou pa toujou konnen ki pral vini epi kòman, Men an jeneral tout bagay sou kontwòl.

Nou pa toujou konnen pa ki mwayen Bondye pral ede nou; men nou mete konfyans ke li ap fè tout sa li te pwomèt. Nou dwe asire ke li pral pran swen nou.

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

Repete tèks biblik la plizyè fason (Ekzanz: ak rèl byen fò, ak aplodisman, sote, anbrase, ak vizaj kontan, elatriye). Sa pral ede yo aprann ak plis plezi, elèv yo kapab repase plizyè fwa kontni vèsè pou aprann nan.

### POU FINI

Ankouraje timoun yo eksprime ide yo sou sinyifikasyon konfyé. Ou ka mande kesyon tankou: sou ki moun nou ka konfyé.

Chita ak timoun yo epi mande yo pou mete men nan men pou yo priye. Mande yo genyen demann lapriyè.

Priye: Nou di ou mèsi Bondye paske nou te aprann ke Moyiz te konfyé nan ou. Ede nou pou nou aprann toujou konfyé nan promès ou yo; mèsi pou lanmou ak pran swen nou ; (ajoute demann) Amèn”.

Ede ti moun yo pou yo pa blyie sa yo dwe pote lakay yo. Nou remèsyé chak timoun ki te asiste e ankouraje yo retounen semèn pwochen.

# MOYIZ APRANN MOUN YO POU YO KONFYE NAN BONDYE



## ASPÈ JENERAL

Baz biblik: Égzòd 15:22-27.

Objektif leson an: Anseye timoun yo ke Bondye kontan lè nou konfye nan li.

Tèks pou aprann: Bondye nou an bon e lap pran swen tout moun ki konfye nan li (Nawoum 1:7, BLA).

## PREPARE POU ANSEYE!

Moyiz te konfye nan Bondye, li swiv Jezi menm jan li dirije pèp Izrayèl la nan dezè a. Pèp Bondye a te kontan pou libète yo. Aprè sa yo te kite lavi chak jou ta pral transfòme nan dezakò lè yo te vin eksperimente pa difikilte yo pat panse. Yo te kontan anpil jan yo te janbe lanmè Wouj la, men, aprè yo, men lè sa a yo te gen yon kriz, e konfyans te vin chanje an dout.

Istwa Moyiz ak pèp la kite travèse lanmè Rouj la pou raple pou plent konstan pèp la pote.

Yo te pèdi tout pèspektif, epi yo te kite advêsite sitèlman ke yo te chaje epi panse yo. Yo te blye tout mirak ke Bondye te fè pou libere yo e yo vin sonje ak nostalgi jou yo te depòte nou an nan peyi Lejip. Pandan setan, mizerikò Bondye te fò, epi li bay yo dlo dous epi dlo fre.

## KONTÈKS

Kèk fwa, kèk kretyen gen dout nan Bondye lè tout bagay parèt difisil. Timoun piti yo kapab reponn tou menm fason an. Lè Bondye pa proteje ti pwason nan ti basen yo, oswa lè fanmi li fè l mal, li difisil pou yo kwè nan protexyon Bondye. Kòm ou prezante leson sa a, eseye ranfòse verite fondamantal ke Bondye pwomèt pèp li a. Raple yo renmen koston ak swen Bondye pou yo. Sa a pral pèmèt yo ogmante konfyans yo nan pouvwa Bondye epi viv trankil lè yo konnen gen yon moun ki gen plis pouvwa ke yo ki dispoze pou ede yo.

## DEVELOPMAN LESON AN

### Atansyon

Chwazi nenpòt nan aktivite sa yo reyalize enkyetid nan timoun yo e prepare yo pou yo aprann verite biblik jodi a.

Yon ti mache nan dezè a

Pran elèv ou yo mache alantou tanp la, answit retounen nan salon klas la. Sèvi yo

kèk bonbon pòm de tè fri, men pa bay yo anyen pou bwè.

Sa ap fè yo santi yo swaf. Pou kòmanse ak istwa biblik la kòmanse pale sa ki pase lè nou santi nou t swaf dlo anpil.

### Dlo anmè

Prepare yon ji fre pa twò dous pou timoun yo; pa ajoute sik. Sonje yo te swaf pou fè egzèsis ak sàndwich.

Di yo: Imagine nou ke nou te pèp Izrayèl la epi nou te yon kote ki rele Mara. Nou swaf anpil, nou te pase 3 jou long nan yon dezè san bwè dlo.

Sèvi yon ti kras ji e pèmèt yo bwè li. Si fri yo chwazi a se yon bagay ki anmè ou pral tande plenyen sou gou a.

Eksprime kòm entwodiksyon ak istwa: Menm sak pase nou a te pase pèp Izrayèl la nan dezè a, yo te jwenn dlo, men yo pat kapab pran li. Ki sa nou panse yo te kapab fè? Nou pral chèche konnen nan istwa nou an jodi a.

Yo te deja swaf, pote sik epi sikre rès ji a pataje ak tout klas la.

### BIB

Aktivite sa yo pral sèvi nou pou prezante istwa biblik epi repase li.

### Istwa Biblik

#### Bondye konveti dlo anme an dlo dous

Moyiz fè pèp la kite Lanmè Wouj la. Yo tap mache nan deze tre cho a. Premye jou a Moyiz e pèp la t'ap gade tout kote, men yo pat jwen dlo; Yo te tre fatige epi yo te swaf. Dezyem jou yo te mache pandan anpil tan, men yo pat janm jwenn dlo. Konsa yo pase twazyem jou a toujou ap cheche dlo san yo pat janm jwenn anyen pou yo bwe.

Apre yo te rive yon kote ki te rele Mara, anfen yo te jwenn dlo. "Dlo a te sanble gen bon gou", Tout moun te kòmanse bwè dezespereman.

Men yon bagay te pase dlo a pat gen bon gou li te anmè.

“Moyiz, Moyiz”, pèp la kòmanse fache sou Moyiz. “Nou swaf anpil”. Kisa pou nou bwe? “Dlo a anmè”.

Moyiz te konfye nan Bondye epi li te priye Bondye pou mande l èd. Pandan Moyiz t'ap priye, Bondye te montre l yon ti moso bwabe li te di l tire moso bwa a nan dlo a. Yon lòt fwa ankò pèp la kòmanse bwè dlo.

Yo te di: “Moyiz, dlo a bon pou bwè, li gen bon gou!”.

Bondye te di di yo “Mwen vle obeyi lwa m 'ak fè sa ki dwat, nou dwe konfye nan mwen e mwen pral proteje yo”.

Pep la te aprann konfye nan Bondye, epi li mennen yo nan yon kote yo rele Elim, kote yo moute kan ak jwi bote nan pye palmis ak yon sous pwòp e dlo kle.

## KONEKSYON

Aktivite sa yo pral ede elev yo konekte verite biblik yo sou la vi chak jou.

### Dlo anmè Mara a

Bay chak timoun yo fèy aktivite liv elèv, epi kite yo koupe kat yo pa liy nan pwentiye an. Answit pou yo kole yo sou tab la avèk figi a desann, nan de fil. Jwe vire pou n de kat a la fwa pou n eseye fòme yon pè yo dwe egal. Ankouraje timoun yo pou yo plase figi yo nan lòd istwa a.

Raple yo Moyiz te kondwi pep la nan lanme Rouj epi nan deze a.

Kisa ki te pase jodi a nan istwa? (Moun yo te swaf). Kisa ou fè ou menm lè ou swaf? (ou bwè dlo).

Pèp Izrayèl la te trouve l nan yon lye ki te gen dlo, men dlo a te anmè. Kisa ki te pase apre? (Bondye chanje gou dlo a, epi pèp la te di l mesi).

Moyiz te ede pèp la pou yo kwè nan Bondye.

Mete non chak timoun nan yon bous plastik, epi kole anndan kat yo pou yo kapab pote yo lakay yo.

### Bondye ban nou bwason ki gen bon gou

Pou aktivite sa nou pral bezwen èd kèk jèn ou granmoun, zoranj san grenn ki divize an twa, sache plastik, ak chalimo plastik pou absòbe likid la, (nan kek peyi yo rele yo chalimo ou sigaret).

Avan klas la, lave zoranj yo e divize yo an twa pati. Mete youn nan yo nan yon sache plastik, retire lè a nan sache a epi fèmen l. Pran yon sak ak yon ti tranch nan zoranj pou chak elèv nan klas yo. Distribye sache yo ak yo, epi di yo: Bondye ban nou anpil bon bwason pou nou jwi. Yo te konnen ke anpil nan bwason yo kapab soti nan fwi ak legim? Nou pral fè yon bon bwason. Yo dwe peze zoranj la andedan sache plastik la. (Pèmèt chak timoun yo peze ak pridans zoranj yo a andedan sachè a. Answit ouvè li epi mete chalimo pou timoun yo kapab bwè.

Raple yo: Moyiz te kwe ke Bondye te ba yo bon dlo pou yo bwe. Nou menm tou nou kapab kwè nan Bondye epi li pral toujou ba nou sa ki bon pou nou.

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

Ekri teks pou memorize sou ti table a (Nahum 1:7), epi li l yon fwa ansanm avek elev ou yo. Apre efase premye ak denye mo, epi mande yon volante di mo sak manke yo. Ale efase mo yo jiskaske table a rete san pyes ekriti e pou elev yo rive di tout nan tet yo. Pa blye preskolè yo fek komanse ak lekti, pasyan ak yo epi ede yo konnen mo ki paret ke yo pa konnen oubyen yo pa kapab prononse byen.

### POU FINI

Ankouraje timoun yo ede yo aranje salon klas yo, epi remèsyé yo pou èd yo.

Di yo: Mwen kontan konnen ke Moyiz te kwè nan Bondye. Nou menm tou nou ka fè konfyans nan renmen ak swen li.

Mande elèv yo si yo genyen demand priyè. Tèmine ak yon priyè: Mèsi Bondye, Pou istwa biblik Moyiz la. Mèsi paske ou aprann ak Izrayelit yo, epi ak Moyiz pou yo kwè ou tap pral ba yo bon manje ak bwè. Mèsi paske ou te proteje yo lè yo tap travèse lanmè wouj la. Ede nou pou nou aprann konfye nan ou. Nou renmen ou Bondye. (Ajoute lòt demand) Amèn.

Ede timoun yo pou yo pa blye tout sa yo kapab pote lakay yo. Remèsyé chak paske yo te asiste, epi ankouraje yo pou yo retounen semèn pwochèn.

# **BONDYE VOYE MANJE POU PÈP LI**



## **ASPÈ GENERAL**

**Baz biblik:** Ekzòd 16:1:18.

**Objektif lesson an:** Ede ti moun yo pou yo rekonesan avek Bondye pou manje li voye pou ptit li yo.

**Tèks pou aprann:** *Bondye nou an bon anpil epi li pran swen moun ki mete konfyans yo nan li.* (Nawoum 1:7, BLA).

## **PREPARE POU ANSEYE!**

Pèp Izrayèl la te tankou yon timoun piti. Bondye te bezwen anseye yo yon nouvo estil de vi. Pandan tan yo t'ap viv an Ejip la yo te lwen Seyè a epi kwayans yo.

Moyiz te konfye nan Bondye, e li te swiv menmjan li tap gide Izrayelit yo nan lanmè wouj la. Men, pandan tan sa, yo te blye mirak yo Bondye te fè pou libere yo, yo te fache de tout bagay ki te rive yo. Bondye te voye anpil vèmin sou Ejipsyen yo pou pini yo pou mechanste yo, li te louvri lanmè wouj pou te pèmèt yo pase, epi li te proteje yo avèk yon kolòn dife pase, pou nwit la ak yon gwo nyaj pandan la jounen. Seyè a proteje pèp li ak yon gran amou ak enkwayab pasyans li.

Sepandan, yo te kontinye fache, plenyen kont Moyiz. Yo te panse ke yo t'ap mouri grangou nan dezè a, ak anvi pou manje yo te gen nan peyi Lejip. Bondye te tande yo, epi li voye zotolan ak pen soti nan syèl la pou yo chak maten. Lamàn te prensipal manje Izrayelit yo pandan 40 ane yo te dire nan vwayaj la pou rive tè li te pwomèt la. Men sa pat sèl pwo-blèm. Epitou yo te soufri. Moyiz te soufri akoz de akizasyon li te resevwa nan men pèp ki te libere a. Men lanmou ak pasyans enfni Bondye te kontinye entak. Epi li bay yon woche li te bay pèp li a dlo dous ak dlo fre pou bwè.

Bondye montre lanmou li ptit li Izrayèl, menmjan yon manman fè pou ptit ak ptit li ki grangou ak nesesite.

## **KONTÈKS**

Majorite fwa, elèv preskolè yo montre enpasyan ak enkyetid lè yo bezwen oubyen dezire yo pa satisfè. Atravè istwa sa yo ka konprann ke Bondye satisfè nesesite ptit li yo paske li renmenn nou ak preokipe pou nou. Yo kapab remake, lè yo konnen ke Bondye aji nan lavi nou nou plenyen san rete ap doute de pouvwa li.

Ede elèv yo devlope sansiblite renmen an ak swen nan Bondye, gras ak leson sa a. Di yo ke legliz se yon bon lye pou aprann sou lanmou Bondye. Fè yo sonje ke li renmen yo, e li sousye de yo, menm si yo tonbe pandan y'ap jwe oswa yo pase yon move jounen nan lekòl yo.

## **DEVELOPMAN LESON AN**

### **Atansyon**

Chwazi kèk nan aktivite sa yo sa ki entè-rese timoun yo e prepare yo pou aprann verite biblik jodi a.

### **Zòtolan yo vole**

Kòmanse klas la pandan w'ap pale ak elèv yo sou manje prefere yo. Tout dwe mansyone manje ki plis fè yo plezi. Fè yon brèf entwodik-syon de leson an, pale sou yon ti bèt ki itilize tankou aliman pou moun, zòtolan. Eksplike yo sa se yon espès ti zwazo ki gen koulè kafe. Gen kèk chasè tranpe yo pou manje yo.

Mande elèv yo fè tankou zwazo vole nan sal la, lè ou touche yo, yo santi yo sou tè.

Di yo ke istwa jodi a pale nou kòman Bondye alimante pèp li a ak zòtolan.

### **BIB**

Ide sa yo pral itil pou ede timoun yo prè pou eksperimente ak konprann istwa biblik.

### **Kan ete**

Prepare avan klas kèk gwo chèz, ak yon dra epi yon kabann. Mache ak ti moun yo pli-zyè fwa alantou salon klas la. Answit reyini yo nan zòn ki rezève pou istwa biblik la.

Di: Nou sot mache enpe; mwen kwè se manan pou nou (Pèmèt timoun yo ede yo mete

Chèz yo bò kote ou. Aprè mete dra a sou chèz yo jiskaske ou jwenn espas nan mitan pou yo tout epi fè yon tant oubyen yon gran boutik).

Di: Izrayelit yo te mache long distans nan dezè cho a. Yo te fatige ak grangou; yo pat gen manje. Rantre nan tant nou yo (avèk swen rantre anba tant la)

Kesyone: Èske yo wè bagay pou manje? (Non) Antouka, Izrayelit yo tou pat genyen manje; Ann nou al wè kòman Bondye te ede yo.

## Istwa Biblik

### Bondye voye manje

Izrayelit yo te kite Elim, yo te kontinye ap mache. Lè yo te rive nan dezè a yo kòmanse plenye:

Yo t'ap di : Moyiz, Moyiz, nou grangou, lestimak nou ap fè nou mal—. Nou t'ap pi byen an Ejip, nou grangou anpil isit la.

Moyiz te di : Bondye koute rèl pèp la,

—Mwen pral fè manje tonbe soti nan syèl la tankou lapli pou pèp la. Ale deyò a, pran tout sa yo bezwen pou jounen a, tout moun ap jwenn kantite sifizan pou yo manje.

Moyiz te kwè nan Bondye, epi li bay pèp la mesaj ke Seyè a te di a:

Menm lè a, Bondye te fè parèt nan yon nyaj epi li di Moyiz:

—Di moun yo pral manje vyann pou nwit sa, epi chak maten yo pran manje lamàn yo vle. Yo pral konnen ke Mwen se Bondye e m'ap voye manje pou yo. Nwit sa a zòtolan yo te vini yo te plen kan an. Bondye te voye yo pou yo te jwenn manje pou yo manje. Jou ki swiv la nan maten, pen piti blan tankou lanèj, Yo te gaye toupatou sou kan an tout antye —Kisa sa ye? —pèp la tap poze kesyon—. Nou pa konnen!

—Moyiz te di: Se pen Bondye ban nou poun manje.

Konsa Izrayelit yo te ranpli kantite manje yo te bezwen. Yo te kwè nan Bondye ak obeyi, epi li te voye manje pou te alimante yo. Lè istwa a fini, ou kapab sèvi ak elèv yo yon flakon sereyal kòm yon rapèl manje Bondye te voye soti nan syèl la pou pèp li.

## KONEKSYON

Aktivite sa yo pral ede elèv yo konekte verite biblik yo sou la vi yo chak jou.

### Bondye voye Zotolan

Distribye fèy aktivite, epi pèmèt elèv yo koupe ak zèl zòtolan ak anpil atansyon. Lè fini, ede yo fè yon ti koupe vètikal anlè tèks la, montre yo rantre zèl yo, menm jan yo montre nan egzanp ki nan fèy aktivite a.

Bay tan pou bay zòtolan yo, e si yo vle yo kapab kole koulè yo nan janm yo de baton oubyen de palèt krèm glase pou itilize yo tankou ti maryonèt.

Si ou vle ou ka vire toutotou sal la ak zwazo jan yo repete tèks pou yo fini pou.

### Bondye bay manje pou nou tout

Aranje timoun yo fòme yon sèk, ak pote ilistrasyon yo sou manje, fri, legim, vyann letye, dous epi tout nou kapab jwenn konsènan aliman yo. Di yo ke Bondye ba nou anpil aliman bon gou pou nou manje. Bondye fè poul yo ponn ze, epi li fè bèf yo, ki ba nou lèt. Pyebwa yo pwodwi zoranj, pòm, sitron, pwa, elatriye.

Tout aliman sa yo Bondye te fè yo pou nou. Nou dwe rekonesan anvè li epi pataje ak moun ki nan nesesite.

Bay mwatye fèy blan fè yo desine manje yo plis renmen.

## ANÈKS

### Ekspozisyon

Si moman ak espas la pèmèt ou, fè yon ekspozisyon sou travay elèv yo reyalize pandan inité sa. Konsa pral konnen travay ti moun yo, epi paran yo pral kapab idantifye plis avèk ptit yo ki t'ap etidye.

Mete yon atansyon espesyal si gen paran yo ki ap asiste ki pa manb regilye kongregasyon an, fè yo santi yo byen vini.

## MEMORIZASYON

Ekri chak mo nan tèks la Bib nan diféran kat sou fòm fwi yo, epi ou kache yo nan salon an. Montre yo ke yo dwe chèche, epi, konfòme yo ale rankontre, ti moun yo dwe monte tèks la epi repete tout ansanm byen fò.

## POU FINI

Fè yon brèf repase de sa yo te aprann pandan inité sa sou Moyiz. Mete aksan ke yo ta dwe mete konfyans nan Bondye ak obeyi li nan tout moman.

Priye, remèsyé Bondye pou ansèyman yo, epi mande li ede ou fè tankou Moyiz, ranpli ak lafwa ak timoun obeyisan. Lapriyè pou demann lapriyè yo.

Fè yon brèf entwodiksyon sou kontni prochen inité: “Bondye pale nou atravè Bib la”, epi envite yo nan prochen klas la.

## **BONDYE PALE NOU ATRAVÈ BIB LA**

**Objektif inite a:** Anseye elèv preskolè yo ke Bib la genyen anpil istwa yo kapab aprann sou Bondye ak kòman obeyi volonte li.

**Teks pou aprann:** mwen pral obeyi pawòl ou (Sòm 119:17b, NVI).

**Pawòl lafwa:** Bib: Bib la se yon liv espesyal ki pale nou sou Bondye ak ede nou konnen li.

**Lesson inite yo:**

**Lesson 36** Jozafa voye profesè yo ak pawòl Bondye

**Lesson 37** Moyiz resevwa pawòl Bondye

**Lesson 38** Jozyas li pawòl Bondye

**Lesson 39** Jeremi proklame pawòl Bondye

**Anseye lesson yo pou preskolè yo:**

- ❖ Bib la anseye nou plis sou Bondye.
- ❖ Bib la ba nou enstriksyon pou nou viv mye.
- ❖ Bondye pale nou atravè Bib la.

Istwa Biblik yo pwovoke imajinasyon timoun yo ak motive yo pou yo aprann plis sou Bondye.

Menm si ke yo jwi istwa diferan sou moun ki obeyi, renmen ak satisfè pawòl Bondye a, ou ka mete aksan sou enpòtans ki genyen nan konprann Bib la kòm yon gid ak konsèy.

Atravè istwa yo nan Jeremi, Jozafa, Moyiz ak Jozyas, elèv preskolè yo pral aprann enpòtans ki genyen nan aprann epi obeyi pawòl Bondye a.

## Leson 36

# JOZAFÀ VOYE PROFÈSÈ YO AK PAWÒL BONDYE



### ASPÈ JENERAL

Baz biblik: 2 Kwonik 17:3-9.

**Objektif lesон:** Elèv preskolè yo konprann ke Bib la anseye yo yo aprann plis sou Bondye.

**Tèks pou aprann:** m'ap obeyi pawòl ou (Sòm 119:17b, NVI).

### PREPARE POU ANSEYE!

Jozafa, ptit Asa, konnen kòm youn nan wa Jida ki te fè travay byen devan zye Bondye. Se pa tout desizyon li yo kite korèk (2 Kronik 17). Pandan setan, li te chache fè volonte Bondye e li te viv korèk ak kòmandman Bondye te ba li yo, ki ekri nan "Tora", Ekriti ebre yo. Kòm rezilta lwayote, Bondye te beni li.

Jozafa te deside pou Bondye rete nan lavi li, menm jan nan rèy li a. Yon rejim teyokratik k'ap gouvènè Jida, sa vle di, Bondye te gen plis otorite, ak kòmandan lwa li yo. Bagay enpòtan Jozafa te fè li te mansyone kòmandman Bondye ak li a.

Jozafa te detwi lotèl Baal yo. Aprè sa, mete pwofesè yo anseye pawòl Bondye a ak pèp la. Group professè sa yo te fòme pa ofisyèl gouvènman yo, moun levit yo ak prêt yo. Sa yo te anseye yo te souvan sa yo rele jounen jodi a "Pentatèk", ki se senk premye liv yo nan Bib la, e petèt kèk lòt ekri nan tan an.

Istwa sa reflete enpòtans pou aprann pawòl Bondye. Se sèlman atravè li yo ak ansèyman li nou ka fidèl anvè Senyè a. Pèp la kite koute mesaj Bondye a atravè Jozafa te reponn trè byen. Epi menm jan li te viv, pèp la te obeyi avèk fidèlite ak Bondye.

Nan dezyèm epit Pòl ak Timote. (vv. 3:16-17, RV60) Nou rankontre baz biblik pou verite sa: "Tout ekriti enspire pa Bondye e itil pou anseye, pou reprimande, pou korije, pou enstwi nan jistis, pou lòm Bondye pafè pou prepare antyèman tout bon èv.

Mesaj sa pèmèt nou konprann ke Bondye patisce nan chak pawòl ki ekri nan Bib la. Kidonk, nou reyafime konfyans nou nan pawòl Bondye a ap viv ak aktif.

Bib la se yon liv espesyal anpil, pa mwayen sa nou konnen plis sou Bondye epi nou genyen yon relasyon pèsonèl ak li. Se sa

elèv yo dwe aprann pandan kat leson sa yo.

Yo bezwen Bondye. Ede yo pou yo dekouvrir plis sou la Bib. Remake byen ke elèv preskolè renmen tande istwa, Bib la ranpli ak yo. Obsève elèv ou yo pandan y'ap eksploré Bib la ansanm ak ou. Èske ou montre enterè pou aprann? Èske ou reponn kesyon yo pandan istwa biblik la? Sa yo sèlman se kèk siyal kap ogmante nan konesans pawòl Bondye

Mwen ankouraje ou atravè leson sa yo fòme timoun yo nan lanmou Ekriti Sakre a.

### DEVLOPMAN LESON

#### Atansyon

Itilize aktivite sa yo pou atire enterè elèv yo.

#### Lye espesyal pou Bib la

Fè sak posib, chèche yon kote espesyal nan salon an, oubyen yon kote nan klas la, kote kapab mete yon bib ak liv istwa biblik ilitre yo. (li kapab yon ti tab andedan salon an). Pran yon moman pou poze timoun yo kesyon ki soti nan istwa biblik yo sou istwa yo plis renmen yo. Ba yo tan pou yo konprann byen istwa yo konsa y'ap aprann plis.

Kote espesyal sa nou chwazi a kapab dekore ak desen ti moun yo, flè, papye koulè, elatriye. Itilize kreyativite yo pou espas la gade espesyal.

#### Kouwòn mwen espesyal

Avan klas la, prepare gro papye (de 10 cm.), de preferans epe oswa bwat katon. Ou pral bezwen yon sèl bann pou chak elèv.

Distribye bann, kòl, papye koulè, figi, makè yo oswa makè ak tout bagay ki ka sèvi yo pou dekore kouwòn yo. Kole bann papye alantou tèt chak timoun, epi make kote bann la korespenn pou kouwòn nan kapab byen ajiste. Koupe papye a depase. Si yo vle, yo ka fè pwen nan fen a anwo nan

kouwòn yo ak sizo pwent won. Pèmèt ke yo ekri non yo nan kouwòn yo ak dekore yo ak tout materyèl yo vle. Ede timoun yo ini kouwòn yo ak bann adeziv.

Menm si yo travay, kesyone yo: Kiyès ki itilize kouwòn? Ki kote Wa ak Rèn yo ap viv? Kisa yo fe?

Di yo nan istwa jodi a yo pral pale sou yon wa ki te renmen Bondye epi li te montre yon bagay enpòtan anpil ak pèp li a. Yo kapab itilize kouwòn yo pandan tout klas, epi aprè sa pote yo lakay.

## BIBLIA

### Istwa Biblik

Mande timoun yo mete kouwòn yo, menm si yo santi yo nan yon sèk nan etaj la. Envite yo pou yo tandé ak atansyon sa ki te pase nan istwa biblik avèk wa Jozafa. Gade bib la louvri yon kote vizib, pandan w'ap rakonte istwa a.

### Woulo Jozafa

Jozafa te yon wa, tankou tout wa yo, li te itilize yon kouwòn. Li te renmen Bondye anpil e Bondye te renmen li tou. Gen Moun nan pèp la ki te konn pote kado pou li poutèt li se yon bon wa.

Wa a te li kèk bagay enpotan anpil ki te ekri nan liv la lwa a. Liv la lwa te itilize pou ekri, menm jan tankou nou itilize fèy papye. Sa Jozafa te li a se te pawòl Bondye. Sa te ede li ak moun pou konnen kòman konpòte li avèk Bondye ak prochen li. Bondye te vle pèp li a renmen li epi adore li menm sèl.

Kesyone: Ki sa nou genyen nou menm ki ede nou konnen sa Bondye vle nou fè? (La Bib). La Bib se pawòl Bondye, li ede nou aprann plis de li pi konnen li plis.

Jozafa te deside yon bon wa, poutèt sa li te li anpil fwa la Bib. Sa te ede li obeyi Bondye atravè sa li te aprann. Mwen ta vle tout moun konte sou Bondye, poutèt sa li te voye plizyè moun pou yo ede li anseye pèp la. Moun sa yo yo te ede sasèdòs ki te renmen Bondye ak obeyi li nan tout.

Bondye vle pou nou konnen li plis lè nou li pawòl li, ki se Bib la.

## KONEKSYON

Aktivite sa yo pral ede elev yo konekte verite biblik la nan lavi yo chak jou.

### Woulo Jozafa a

Distribye papye aktivite liv elev la, epi mande timoun yo chèche sesyon desen wa Jozafa a ki kapab koupe a. Di yo taye epi kole yo nan sant liv la lwa a.

Y'ap ekri mo la fwa. (**Bib**), epi ekri non li nan pati enferyè nan liy pwentiye yo double fèy la sou fòm liv la lwa.

Di elèv ou yo liv lalwa ke Wa Jozafa te li a te enpòtan anpil wa Jozafa paske li te genyen pawòl Bondye. Nou menm nou pa genyen liv la lwa yo, men, Bondye ban nou la Bib pou nou li, etidye li ak obeyi li.

### Rapèl

Ba yo posiblite pou yo demontre sa ki te pase pandan semèn nan, pou sa, ou dwe bay fèy papye tankou papye bristol avèk yon fòm Bib ki louvri. Ou dwe genyen lajè sifizan pou elèv preskolè yo ekri tèks pou aprann andedan li. Remèt yo, ak bay tan pou yo dekore Bib yo. Ede sa ki pi piti yo ak sa ki gen difikilte pou ekri tèks la. Yo kapab dekore ak kreyon koulè ou penti epi briyantin, epi envite yo kole yo yon kote vizib pou yo kapab raple yo lè yo wè li, Bib la se pawòl Bondye e nou dwe obeyi li.

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

Ekri tèks pou aprann nan nan yon gwo papye bristòl pou yo tout kapab wè li. Gide elèv yo nan lèkti, epi repeète li plizyè fwa. Sonje yo pandan semèn nan yo kapab itilize Bib papye Bristòl ke yo te fè a pou etidye tèks ak aprann li pou prochen klas la.


### POU FINI

Kiltive elèv ou yo disiplin lapriyè, entèsedè pou yo ak pou fanmi yo pandan chak klas. Si yo gen anpil demand, yon bon ide se ekri yo nan yon bout papye epi kole yo nan salon an pou raple yo; Yo kapab mete tou yon etwal nan sa ki déjà rezoud yo.

Bay remèsiman ak Bondye poutèt li ban nou Bib la kòm gid ak yon èd fidèl.

Pou fini klas la, chante kèk chan ki pale sou Bib la. Envite yo pou yo li diran semèn nan ; oub-yen yo kapab mande paran yo li kek pasaj pou yo.

# MOYIZ RESEVWA PAWÒL BONDYE



## ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Ékzòd 20:1-17; 24:12-14; 32:15-16.

**Objektif lesón:** Elèv preskolè yo konprann ke Bib la anseye yo aprann plis sou Bondye.

**Tèks pou aprann:** *Mwen pral obeyi pawòl ou* (Sòm 119:17b, NVI).

## PREPARE POU ANSEYE!

Bondye bay dis kòmandman yo ak Moyiz, li te chwazi li pou bay konesans pawòl la ak pèp Izrayèl la.

Nan komansman, Bondye te prezante Izrayelit yo kòm Yahvé, ki siyifi "Mwe se" (Ekzòd 3:14-15, RV60). Avèk non sa, Bondye montre li se yon Bondye dinamik, dirèkteman li enplike nan lavi pèp li a. Pa mwayen dis kòmandman yo li etabli yon alyans ak Izrayelit yo: li se Bondye yo e yo se "posesyon presye li" (19:5, RV60).

Kòm repons avèk alyans lanmou sa, pèp li a konparèt pou viv an akò ak kòmandman yo. Prensip sa yo te aprann yo viv ak pèp la devan Bondye ak relasyone yo youn lòt.

Bondye te tann yon lwayote, lanmou ak obeyisans. Pa te genyen lòt ti dye yo nan vi yo. Anplis, yo te dwe respekte prochen yo ak sa yo kwè.

Nou menm kòm pèp li, nou viv e gide pa komandan sa yo, nou genyen yon relasyon avèk Bondye atravè Pitit li Jezi.

konsidere relasyon pèsònèl ou avèk Bondye vivan an sèl, pandan w'ap prepare pou klas sa. Kalite relasyon ak li pral detèmine nouvo enpak ki pral genyen sou lavi ak ansèyman timoun yo.

## KONTÈKS

"La B-I-B, se liv Bondye mwen an..." kantik tankou sa nou sonje timoun nou yo. Pandan ou ap prepare klas sa, medite pou yon moman kòman li te konnen Jezi ak pawòl li.

Si ou te rankontre ak Kris depi anfans ou, rakonte elèv yo enpòtans Bib la nan lavi ou. Si ou pat konnen li nan yon laj bonè, ou kapab di yo kòman pawòl Bondye te ede ou afime nan chemen lavi etènèl. Timoun yo dwe aprann egzanp yo wè. Rakonte elèv yo

eksperyans pèsònèl, nan fason pou motive ak bay la Bib yon lye espesyal ak enpòtans nan lavi yo.

Kiryozite natirèl elèv preskolè yo fè yo jwi anpil pase fèy liv yo ale retou, yo kontan wè ilistrasyon istwa yo menm si yo tande ak atansyon.

Jodi a yo konnen istwa yo byen, pa retire ankenn pati. Pèmèt timoun yo ede devlope! Sa pral afime plis konesans yo, e y'ap pral devlope konfyans pou yo kapab eksprime ak libète devan lòt moun.

## DEVLOPMAN LESON

### Atansyon

Itilize aktivite sa yo pou atire enterè elèv yo nan aprantisaj la.

### Tab Iwa yo

Bay timoun yo yon ti pòsyon pat oswa mas pou konstwi.

Di yo: Bondye te bay Moyiz règ espesyal yo ki rele "dis komandman". Yo ekri nan gro wòch yo. Yo kapab fè ak pat kèk pye kòman Bondye te bay Moyiz la.

Monstre yo kòman yo fè tab lalwa yo. Avèk yon kreyon bwa ou kapab reyalize kèk liy sanble ak lèt.

## BIB

Itilize aktivite sa pou aprann laverite Biblik jodi a.

### Istwa biblik

Fè yo desine tab lalwa yo ki ede yo ilistre lesón sa. Kite bib ou louvri, epi pèmèt ke elèv yo patisipe pote sa yo konnen pandan istwa a.

Itilize yon papye ak dis komandman yo ki ap yon gran èd pou repase sa yo te aprann.

## **Bondye revele pawòl li**

Moyiz te gade sou montay la. Li te vrèman gran! Bondye te di li monte jiskaske li rive anlè pou pale ak li, li t'ap ba li yon bagay espesyal.

Moyiz ekskize pèp la epi li di yo li pral tann yo. Aprè sa, li kòmanse monte montay la li monte jis rive anlè montay la.

Bondye te rankontre ak Moyiz sou montay la epi li te pale, li ba li enstriksyon yo pou pèp li a.

Konsa menm, pawòl yo ekri nan kèk tab wòch pyè yo. Pawòl Bondye se te pou aprann moun kòman pou yo viv.

Nou gen menm pawòl sa yo jodi a. Yo nan Bib la! Pawòl Bondye yo, ki se yon liv espesyal ki di nou kòman Bondye vle nou viv.

Bib la di selman li menm ki se Bondye, moun ki renmen li yo pa kapab genyen anyen ki plis enpòtan. Bondye pa vle okenn moun itilize non li nan move fason. Li vle nou louwe li yon jou espesyal nan semèn nan, menm jan nou fèl dimanch.

Bondye vle tou nou tandé li ak obeyi paran nou. Li mande nou pa fè pèsonn abi ak sa nou fè oswa panse. Li pa vle nou pran sa ki pa pou nou, ni pale manti.

Moyiz te dwe ale de fwa sou montay pou obeyi lalwa Bondye, aprè sa li te desann epi montre pawòl Bondye te ekri nan tab wòch la, sa yo se dis kòmandman yo.

## **Dis kòmandman yo**

Ouvri Bib ou nan Ekzòd 20:1-17 epi li Dis kòmandman yo ak vwa wo. Sonje ke elèv preskolè yo pa genyen yon vokabilè ki gran, pou tèt sa li nesesè pou eksplike kèk mo ki difisil pou konprann.

Montre enpòtans Dis komandman yo kòm pati esansyel pawòl Bondye a.

## **KONEKSYON**

Aktivite sa yo pral ede elèv yo konekte verite biblik yo sou lavi yo chak jou.

## **Yon liv espesyal anpil**

Distribye papye aktivite liv elèv la, epi chèche nan bib la pou jwenn nan seksyon koupi ki koresponn ak lesion sa a ak koupe yo avèk swen.

Fasilite yo kole li nan pati ki endike ke yo remake mo laFwa, epi ekri non li nan liy anba.

Apre mande elèv yo nan lòt pye a fè yon desen istwa biblik favori yo.

Lè ou tèmine tout, pale sou istwa ke yo chak te desine a epi mande yo pou ki yo renmen li anpil konsa.

Ba yo fèy pou yo ale lakay yo ak pou itilize yo pou rakonte istwa jodi a ak fanmi yo.

## **Jwèt istwa yo**

Ekri nan bann papye yo nann diferan istwa Biblik (pa egzanp, "David ak Golyat", "Danyèl nan fòs Lyon yo", "mouton pèdi", elatriye.). Epi sere yo nan salon klas yo avan ke timoun yo rive.

Lè yo tèmine aktivite liv elèv la, di yo ke genyen anpil istwa biblik kache nan salon an. Yo dwe chèche yo epi mete band yo ke yo rankontre nan yon resipyen.

Aprè yo tout fin jwenn, fè aplikasyon aktivite a, di yo ke tout istwa Biblik genyen yon ansèyman pou nou epi ede nou konnen mye Bondye.

## **ANÈKS**

## **MEMORIZASYON**

Fè elèv yo fòme yon liy epi mete ou devan, kòm lidè. Mache alantou salon an, oubyen nan yon espas pi gran, reyalize diferan aktivite yo (pa egzanp, mache pwen pa pwen, y'ap sote sou yon pye, bay detou, elatriye). Chak fwa ke ou bay yon lòd diferan pou chanje aktivite yo dwe kanpe epi di ak vwa wo tèks pou aprann nan.

## **POU FINI**

Priye pou elèv yo epi bay remèsiman ak Bondye pou ansèyman Dis kòmandman. Raple yo pou yo priye pandan semèn nan ak li Bib yo pou yo aprann sa Bondye vle pou lavi yo.

Remèt travay yo te reyalize yo, ankourage pou asiste ak prochen klas la.


# **JOZYAS LI PAWÒL BONDYE**

## **ASPÈ JENERAL**

**Baz biblik:** 2 Kronik 34:14-33.

**Objekti lesón:** Elèv preskolè yo konprann ke Bib la anseye yo aprann plis sou Bondye.

**Tèks pou aprann:** *Mwen pral obeyi pawòl ou* (Sòm 119:17b, NVI).



## **PREPARE POU ANSEYE!**

Wa Jozyas te netwaye nasyon an nan idòl payen yo e te restore tanp Bondye a. Pandan kija t'ap travay nan tanp la li te jwenn liv lalwa kontra Seyè a te pase ak pèp li a. Liv lalwa a kapab sa ki gen senk premye liv nan Bib la, ki rele "Pentatèk", oswa petèt sèl liv Detewonòm nan.

Pandan Chafan, li te ekri, li te li liv lalwa a devan wa a, wa a dechire rad sou li tèlman li te sezi plis li tap tandé. Jozyas vin konprann jistis ak problèm ki pral tonbe sou pèp la. Konsa li te voye ansyen yo nan pèp li a pou konsilte devan Bondye sou sa yo tandé nan lekti liv lalwa a. Bondye te kontan wè preyokipasyon Jozyas pou tout mal pèp li a te fè, li te promèt lage mal sou moun menm si yo dezobeyi wa a. Nan kote sere lòt fwa liv alyans Bondye a, Jozyas te konvoke tout pèp la nan yon reyinyon nan tanp Jerizalèm nan pou koute pawòl Bondye, sa ki ta li piblikman. Wa a ta vle lavi li, epi te bay li ak moun , li te dakò ak alyans Bondye te fè a ant li ak pèp li. Pèp la, lè yo koute pawòl Bondye, li renouvre konpromi pou sèvi ak renmen sèlman Seyè a.

Kòm repons ak Bondye, wa Jozyas ogmante efò li yo pou netwaye peyi a ak idòl detestab yo, antere ti dye payen yo. Li te konsakre peyi a, gouvènman epi lidè li yo devan Bondye. Li te gide tout moun nan obeyisans nan Seyè a epi, menm jan li te viv, Bondye te resevwa Onè, obeyisans ak egzaltasyon.

## **KONTÈKS**

Nan relasyon pèsonèl li ak Bondye, jwe yon wòl enpòtan anpil pou sèvi ekzanp ak modèl pou elèv yo ak fanmi yo. Mande Bondye pou li pèmèt ou obeyisan ak li, konsa w'ap kapab gide lòt nan obeyisans.

Nan premye lesón inite sa elèv preskolè yo te aprann sou lalwa Jozafa, li menm kite renmen ak obeyi Bondye. Twazyèm lesón an trete sou lavi

De yon wa. Pandan setan, se pa tout wa ki te gouvène pèp Bondye a ki te fè sa ki bon devan li. Nou genyen yon egzanp: Papa Jozyas, wa Manase. Wa sa te fè sa ki mal devan Seyè a, inyore lalwa yo epi li te ekzije pèp la adore lòt ti payen yo.

Pandan moman wa a te mal, lalwa Bondye yo te abandone ak blyie, e konplètman retire. Elèv yo konnen sa kapab rive, aprè yo menm te eksperimente sa ki pèdi ou blyie yon bagay.

Rejwi avèk yo ke wa Jozyas te rankontre pawòl Bondye, amelyore menm si, li te viv ak fè plezi ak renmen Bondye.

Montre enpòtans pa sèlman li sa la Bib di, men obeyi li epi renmen Bondye ak tout kè nou.

Elèv yo kòmanse tandem ak konprann ke Bib la se yon liv espesyal, paske se pawòl Bondye. Obsèye yo avèk atansyon pou note kèk siyal ke se verite biblik ki akimile nan kè yo.

## **DEVELOPMAN LESON**

### **Atansyon**

Aktivite sa pral ede yo kapte enterè group la ak prepare li pou tandem istwa biblik la.

### **Bib mwen pedi!**

Avan timoun yo rive nan salon an, mande pou kèk frè sere byen bib li nan yon lye ki p'ap fasil pou jwenn li.

Aprè ou fin bay byenvini, di ke ou prewokipe anpil. Paske ou pa jwenn bib ou, epi mande yo ede ou chèche li. Lè yo jwenn li, pèmèt timoun yo mansyone kòman yo te santi yo pandan yo t'ap chèche li.

Kesyon yo: Èske ou te prewokipe pou nou jwenn Bib? Istwa jodi a pale nou sou yon wa ki te rankontre pawòl Bondye epi sa te chanje touman vi li ak peyi a antye.

## BIB

Kòm istwa sa trete sou wa, elèv yo kapab retounen kouwòn ke yo te fè pou leson 36 (“Jozafa voye profesè yo ak pawòl Bondye”), epi pote li mete pandan klas la.

### Istwa biblik

#### Liv la pèdi

Wa Jozyas te prewokipe pou tanp Bondye a, aprè li te fin abandone ak pa proteje pou anpil tan.

Li te rankontre anpil eleman ki te krase. Tout te dezòdone, konsa li te difisil pou te jwenn yon bagay ki te twò an dezòd. “Nou kapab trete tanp Bondye nan fason sa”, li te di. Pou sa li te mande ak kè kolaboratè li yo pou netwaye li epi aranje li. “silvouplè, asire ou netwaye ak aranje tout bagay byen!”, wa a te mande. Moun yo travay anpil pou netwaye kote sa.

Rapid, yon bagay te pase! Ilkija, sîprèm sasèdòs la, li te rankontre yon bagay espesyal ki te pèdi depi lontan.

Kisa ki ta plis? Li te rele liv la. Poukisa li te espesyal anpil? Poukisa se te yon pachemen lalwa ke Bondye te bay Moyiz tan pase a.

Lalwa sa yo te anseye ak pèp la kòman Bondye ta vle yo viv. Ilkija te montre dekouvèt sa ak Chafan youn nan kolaboratè yo.

“An nou al montre liv lalwa wa a!”, Chafan, te di, ak anpil kè kontan. Lè li resevwa nouvèl la, wa te emosyone, epi li te mande Chafan ale li sa ki te gen ekriti liv lalwa sa espesyal anpil. Chafan te li liv lalwa a, ki te di ke Bondye ta vle ke pèp li a renmen, obeyi ak sèvi li.

Lè Jozyas tande lekti a, Jozyas te atriste, aprè li te konnen ke tout te dezobeyi Bondye. Konsa li voye kolaboratè li yo pou al pale ak yon fi ki te rele Oulda. Fi sa te renmen ak obeyi Bondye, epi Seyè a te anonse sa ki te dwe di mesaje Jozyas yo.

Bondye bay tristès lè moun yo pa tande ni obeyi li ; men kounye a li rejwi paske wa Jozyas vle obeyi li ak renmen li. “Bondye vle tout moun koute li, obeyi, ak renmen”, Oulda te di.

Wa Jozyas te voye reyini tout pèp la pou li pawòl Bondye. “Mwen pral fè tout sa Bondye vle fè”, wa a te promèt. “Nou menm nou pral obeyi, nou pral renmen”, tout pèp la te pwomèt. Nou p’ap janm blyie ni pèdi Pawòl Bondye a.

Ki fason nou konnen kòman nou dwe viv? (Pa mwayen la Bib). Se yon liv espesyal paske se pawòl Bondye; Nou kapab aprann plis de Bondye lè nou koute istwa mèvèye istwa li yo.

### KONEKSYON

Aktivite sa yo pral ede elèv yo konekte vereite biblik yo nan la vi chak jou.

### Pachemen pèdi yo

Remèt fèy travay liv elèv yo, ak ankouraje ti moun yo rankontre tout band ke yo te pèdi nan tanp la nan rin. Kisa yo remake de mo la Fwa, epi repalize tout aktivite ki endike yo.

Bay tan pou yo fè desen Bib nan pati dèyè a.

### Devinèt Bib la

Di ak elèv yo: Bib la ranpli ak bèl istwa, se si ke ou konnen anpil ladan yo.

Ann nou wè si yo kapab di ou de ki pèsosaj devinèt sa yo pale:

- ◆ Li te libere pèp li anba Farawon, epi li te mache nan dezè Arawon (Moyiz).
- ◆ Yon pwason te pote li epi li vwayaje nan lanmè (Jonas).
- ◆ Pou fè jistik, yon bebe te vle divize, konsa vrè manman an te reyisi dekouvrir (Wa Salomon).
- ◆ Nan gran avès la li te sove, ansann ak zannimo li yo li t’ap navige. (Noye).
- ◆ Papa Jakòb ak Ezawou, ak ransèyman sa ou konnen (Izaak).

## ANÈKS

### MEMORIZACIÓN

Ekri tèks biblik nan yon bristòl ou fèy papye, mete li nan salon klas la, avan timoun yo vini.

Di: Tèks jodi a pèdi men nou dwe jwenn li. Ou kapab ede nou chèche li? (Fè deskripsyon materyèl ki itilize pou ekri tèks la, epi lese ti moun yo ap chèche. Si yo pa jwenn li, gide yo tou prè zòn kote li sere a, konsa timoun yo kapab jwenn li yon fason pi fasil). Lè ou fete ak elèv yo. Remèsyé yo pou èd epi proklame tèks biblik la ak yo.

### POU FINI

Leson jodi a te pale sou kòman wa Jozyas te deside obeyi pawòl Bondye. Ankouraje timoun yo pou yo imite atitid bon wa sa epi ak rakonte sa yo te aprann yo ak zanmi epi fanmi yo.

Priye nou tout ansanm pou demann ke nou te mansyone yo. Tèmine ak nenpòt chanter ki pale sou la Bib.


# JEREMI PROKLAME PAWÒL BONDYE

## ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Jeremi 36:1-10.

**Objektif leson:** Elèv preskolè yo dwe konprann ke Bib la anseye yo aprann plis sou Bondye.

**Tèks pou aprann:** *Mwen pral obeyi pawòl ou* (Sòm 119:17b, NVI).



## PREPARE POU ANSEYE!

Jeremi se te yon pwofèt Fidèl ki te renmen, obeyi, ak koute Bondye avèk tout kè li. Li te di pèp la sa Bondye ta vle yo fè, ak konsekans (byen ak mal) aksyon yo.

Yon jou, Bondye te mande Jeremi ale ekri tout mesaj ke li te ba li yo ak pèp li pandan moman ministè li. Li te tou prè pou profesi Bondye te bay ak pèp Izrayèl la te akonpli, ki te di ak yo, yo te nan kaptivite; menm nan moman sa, Bondye te tann ke yo te repanti. Li te gen esperans ak swen moun, lè yo koute pawòl, yo t'ap repanti. Rekopilasyon mesaj sa yo reflete nati Bondye. Petèt si pèp la te rann kont nati li, yo t'ap repanti pou yo pa pèdi padon.

Barik se te sekretè Jeremi, answit nan moman sa a te fasil pou bay travay ak yon moun ke li ede genyen yon rejis mesaj, dokiman, papye ofisyèl, elatriye. Aprè plizyè mwa travay, ekri Jeremi yo, li te eksprime nan yon liv lalwa, yo te prè pou li yo bay pèp la.

Pandan setan, Jeremi te entèdi pale an publik nan tanp la. Konsa Barik ale nan tanp la yon jou ki te genyen jèn. Te genyen anpil moun ki t'ap tandem atantivman lekti pawòl Bondye a pa mwayen Barik.

Yo kapab siphime pawòl Bondye, nou bezwen li, e li toujou verite ak efisyen. Kòm monitè lekòl dominikal, ou genyen yon ministè enpòtan anpil: pataje li ak elèv ou yo. Menm jan Barik, nan chak klas te konekte ak timoun yo ak Bondye atravè pawòl yo, aksyon yo ak priyè yo. Mande Seyè a ede nan chak leson pou transmèt byen mesaj pawòl li ak timoun yo.

## KONTÈKS

Bondye te itilize, Jeremi ak Barik pou bay mesaj li a ak pèp la. Nan leson final, ede timoun yo konprann ke yo menm tou kapab transmèt pawòl la ak ti zanmi yo epi fanmi yo.

Bondye vle nou konnen li, ke nou aprann de li menm pa mwayen Bib la ak renmen prochen nou.

Motive elèv ou yo rakonte istwa biblik ak kèk moun ke yo renmen.

Eseye pou bay bib ak sa ki pa genyen. Fè sa ki posib, nan fen klas la ba yo yon surpriz, kado separe lekti ak desen, ti liv istwa biblik yo, ilistre ou dekalkomani biblik.

Nan nivo sa a, elèv preskolè yo dwe considere Bib la kòm yon liv espesyal anpil. Obsèye menmsi yo kenbe Bib yo pandan klas la.

Kesyone yo: Èske nou emosyone chak fwa nou aprann yon nouvo istwa? Nou kapab raple nou istwa biblik sa yo?

## DEVLOPMAN LESON AN

### Atansyon

Itilize aktivite sa yo pou atire enterè elèv yo, ak kòmanse yo nan aprantisaj verite biblik la.

### Pachemen

Eksplike timoun yo ke yon liv lalwa se yon tip fèy nan antikite ki te itilize pou yo ekri. Anpil fwa li te fèt ak po bët, sa ki te fè li te trè rezistan epi di anpil.

Lakay ou, prepare kèk fèy blan awoze ak ti kras dlo ak sitwon, mete yo seche nan solèy pou yo bay aparans sanble ak yon vye fèy. Aprè sa pase yon alimèt oswa alimèt limen sou kote, nan fason l'ap sanble ak yon dokiman ansyen. Pote yo nan klas la, epi bay youn ak chak manb group ou a. Pèmèt yo ekri nan li tèks biblik ak dekore jan yo vle. Di yo ke istwa jodi a pale nou sou yon pwofèt ke Bondye te itilize pou bay ak konnen pawòl pèp la.

### Bib la se pawòl Bondye

Mete Bib ou a yon kote ki vizib, epi pale elèv ou yo sou li.

Di yo: Bib la se pawòl Bondye, men sa pa vle di li te ekri li ak men li. Li te enspire ak plizyè moun pafwa pou yo te ekri sa li te vle pèp li a konnen.

Nan Bib la nou kapab rankontre lwa yo pou viv, istwa mirak yo ak sante, pèsonn vanyan ak ranpli lafwa, menm jan ak plan pou sali Bondye pou lavi nou.

Nan senk gwo kat la ekri chak lèt Bib la, epi divize elèv yo nan ti group. Bay yon lèt ak kèk semans (yo kapab ariko oswa diri, lantiy) oswa mòso papye koulè. Di yo pou yo dekore lèt la ak materyèl sa yo.

Lè tout ekip yo tèmine, reyini let yo pou fòme mo "Bib", epi kole yo nan salon klas la.

## BIB

Aktivite sa pral pèmèt ou anseye ak elèv yo verite biblik la.

### Istwa Biblik

Jeremi se te yon pwofèt Bondye. Yon pwofèt se yon moun espesyal ke Bondye bay mesaj li pou li transmèt ak moun yo.

"Moun dezobeyi Bondye", Jeremi di. "M'ap kontinye anonse yo mesaj Bondye yo, men yo pa vle tandé! Yo pa prè pou fè sa Bondye vle, Kisa mwen kapab fè?"

Jeremi te santi li tris anpil, konsa li pale ak Bondye sou fason moun yo te konpòte yo.

"Jeremi", Bondye di, "mwen vle ou ekri tout pawòl mwen bay ou pou di ak pèp mwen an".

Se tap pral yon travay di, konsa Jeremi te mande ak barik ede li ak travay sa. Barik te ekri nan liv lalwa chak mo ke Bondye te dikte li. Kisa ki liv la lwa? Yon woulo papye oubyen po ke moun te itilize pou ekri, menm jan nou menm jodi a nou itilite kaye oubyen ti liv.

Jeremi pat gen dwa pou ale nan tanp Bondye a, poutèt sa li te mande ak Barik pou ale nan plas li pou li kapab li kontni liv lalwa a, pawòl Bondye a, devan tout moun.

Konsa, nan lòt okazyon an moun yo ale nan tanp la, Barik te li mo ki te ekri nan liv la lwa a. Li te di yo ke Bondye renmen yo epi yo dwe obeyi sa li mande yo.

Li te fè yo konnen tou kisa k'ap pase si yo ta dezobeyi kòmandman yo: "Priye epi di Bondye ke yo repanti e mande li padon.

Barik te kontinye avèk lekti a, moun yo t'ap tandé pawòl Bondye.

Nou menm tou, kòm pèp sa, nou kapab koute pawòl Bondye (Bib la) pou aprann de li, konsa pou nou obeyi Seyè a.

## KONEKSYON

Aktivite sa pral ede yo kapte enterè gwoup la ak prepare li pou tandem istwa biblik la.

### Jeremi pale sou pawòl Bondye

Distribye fèy bay elèv yo ak kreyon koulè yo. Ankouraje elèv preskolè yo pou kolore rad ak cheval Jeremi, chèz ak cheval Barik. Si yo vle, yo kapab dekore rès fèy la. Kole plim ki nan seksyon pou koupe a, nan men Barik pou reprezante moman ke Jeremi te dikte pawòl Bondye a.

Repase istwa a, pandan y'ap reyalize aktívite a, envite elèv yo pou li Bib la pandan semèn nan. Di yo remake mo fwa, ak konsevè sou sa ki fè Bib la se yon liv espesyal.

### Tan pou chante

Ankouraje timoun yo pou chante kèk chan sou la Bib. Itilize men yo epi si ou genyen enstriman pèmèt ke ti moun yo itilize yo pou akonpanye.

Raple yo ke Bib la se yon kado espesyal Bondye pou nou. Atravè li nou kapab konnen volonte Bondye pou lavi nou.

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

Kòm dènye klas inite, prepare kèk prim pou sa yo ki te aprann tèks pou aprann nan. Wap Kapab bay kat fòm Bib oubyen liv separe ak vèsè ekri andedan li. Ba yo tan pou ke yo tout ki vle kapab repete tèks la.

### POU FINI

Ansanm ak klas la, fè yon brèf repase lesyon yo ke yo te etidye pandan inite sa, bay yon ti tan pou eksprime ki istwa ki te frape yo plis. Montre empòtans ke Bib la genyen pou tout kretyen yo.

Envite yo pou yo li ak etidye, men, sitou ak obeyi li epi renmen li.

Si yo vle, ou kapab envite paran yo pou obsèvè travay timoun yo te reyalize pandan inite a. Ekzòte yo pou fòme timoun preskolè yo nan lanmou ak respè pou pawòl Bondye.

Priye avan ou tèmine, epi bay remèsman ak Seyè a pou benediksyon Bib la kòm gid ak konseye.

## **BIB LA ANSEYE NOU SOU POUVWA**

**Objektif inite a:** Atravè inite sa a elèv preskolè yo pral aprann ke Bib la anseye nou sou pouvwa enfini Bondye.

**Tèks pou aprann:** Bondye nou an gen pouvwa, li gen anpil fòs (Sòm 147:5a, BLA).

**Pawòl fwa: Pouvwa:** Bondye genyen gran pouvwa e li kapab etone nou avèk sa li fè.

**Leson inite yo:**

- Leson 40** Pouvwa Bondye nan Jeriko
- Leson 41** Pouvwa Bondye lè pa gen lapli
- Leson 42** Pouvwa Bondye sou mòn Kamèl
- Leson 43** Pouvwa Bondye nan fou tou limen
- Leson 44** Pouvwa Bondye ak Danyèl nan fòs Lyon yo

**Ansèyman lesон pou preskolè:**


- ❖ Bondye itilize pouvwa li pou ede pèp li a.
- ❖ Bondye proteje Eli ak pouvwa li.
- ❖ Bondye reponn priyè yo avèk pouvwa.
- ❖ Bondye genyen pouvwa pou ede yo nan nenpòt sitiyasyon difisil.

Elèv preskolè yo aprann sou Bondye atravè istwa biblik yo. Yo chak montre nou yon karakteristik espesyal sou Senyè a.

Konfòme pou tandé istwa mèvèye pouvwa Bondye nan vi Elyas, Jozye, Sadrak, Mechak, Abèdnego ak Danyèl, konfyans preskolè yo nan Bondye pral ogmante. Timoun piti yo bezwen chak jou pawòl afimasyon pou yo santi yo asire. Bondye montre pouvwa li pou ede pèp li, pèmèt yo santi yo plis trankil epi nan konfyans.

Ranfòse bezwen elèv yo pou yo nan kominyon avèk Bondye e ekzèse priye kòm yon disiplin chak jou. Rapple yo Bondye gen pouvwa pou reponn priyè yo.

# POUVWA BONDYE NAN JERIKO



## ASPÈ JENERAL

Baz biblik: Jozye 6:1-25.

**Objektif leson:** Elèv preskolè yo dwe aprann ke Bondye itilize pouvwa li pou ede pèp li.

**Tèks pou aprann:** *Seyè nou an gen pouvwa, li gen anpil fòs* (Sòm 147:5a, *BLA*).

## PREPARE POU ANSEYE!

Lè 12 espyon yo te retounen sòti Kanaran, Tout te dakò ke lavil yo te gran, barikade, ak miray yo. Nan Jozye 6:1 di ke pòt Jeriko yo te byen asire. Abitan yo santi miray yo.

Enstriksyon Bondye te bay Jozye pou pran Jeriko asireman yo te reve yon bagay etranj pou sòlda Izrayelit yo; pandan setan yo te kwè nan promès Bondye (v. 2) epi yo te obeyisan:

“Mwen lage nan men ou Jeriko”, Seyè a te di yo.

Jozye te fòme yon karavan sèt prêt avèk sèt twonpèt kòn belye, ak bwat kontra epi sòlda yo. Ou menm ak tout sòlda ou yo, nou pral mache fè wonn lavil la yon fwa chak jou pandan sèt jou. Setyèm jou a, nou dwe mache fè wonn lavil la sèt fwa; Lè na tande yon kòn ki trennen, tout pèp la va pran pouse yon sèl rèl byen fò. Miray lavil la pral tonbe plat. Ki fason etranj pou lage atè miray yon vil ! Èske nou pa remake sa?

Pandan setan, plan an te fonksyone, paske Jozye ak pèp la te kwè ak obeyi Bondye, menm lè yo pat konprann rezon lòd yo. Seyè a te fè sa li te promèt la.

Lafwa Jozye te bay kòm rezulta yon total viktwa pou Izrayelit yo. Kanaran yo te panse ke Jeriko te envensib. Bondye te montre pouvwa ak fidèlite, e afime, ke li se sèl Bondye verite a, li toujou prè ak dispoze pou ede pèp li.

## KONTÈKS

Aprann konfyé nan Bondye gen yon konfeksyon dirèk avèk li aprann konfyé nan lòt yo. Kòm granmoun, kèk fwa mande ak yon ti moun fè yon bagay ke li pa konprann. Men sa pa bon. Nou dwe ba li yon eksplikasyon pou kisa nou mande li; fason sa nou pral ede nou.

Pandan setan, gen okazyon timoun yo dwe swiv enstriksyon moun ki gen otorite nan lavi yo, menm si lè yo pa konprann rezon yo. Nan pwen sa yo dwe kwè paran yo yon

lidè yo. Timoun yo konprann ke granmoun yo konnen sa byen.

Lè Bondye mande nou pou nou fè yon bagay se pou nou toujou fè li san mande poukisa; nan ka sa yo li plis difisil pou yo obeyi.

Pandan setan, nou dwe toujou obeyisan. Ede elèv yo konprann ke yo kapab obeyi Bondye san perèz, ak sekirite ke li konnen sa ki bon pou nou.

Leson jodi a se yon bon ekzanp tip konfyans sa. Enstriksyon Bondye te bay ak Jozye yo te kapab parèt yon tikras ridikil; pandan setan obeyisans pèp la te pèmèt yo ke Bondye te akonpli promès li, ak kraze miray Jeriko.

## DEVELOPMAN LESSON

### Atansyon

Ativite sa yo pral pèmèt ou atire enterè etidyan yo.

### Kontèks biblik

Lè nan istwa biblik la nou pase yon inite ak yon lòt, li probab ke ti moun yo santi yo konfond. Etabli relasyon ant istwa yo, epi lokalize elèv ou yo nan kontèks biblik inite sa.

Di yo ke aprè anpil ane retou pèp Bondye a, Moyiz te mouri e li ale nan syèl. Jozye te vin konvèti nouvo lidè, Se Bondye ki te chwazi li.

### Desen miray yo

Pèmèt elèv yo fè desen miray yo nan ti tablo a. Yo kapab fè li fason yo deside.

Lè yo tèmine travay la, fè eloj travay yo epi di yo: Kòman ou kwè nou kapab demoli miray sa yo ki te desine a? (Efase yo). Èske ou kapab efase menm fason sa miray reyèl yo? (Non).

Moun Jeriko te genyen gwo miray ki te proteje vil la. Jozye ak Izrayelit yo pou yo te rive la. Istwa jodi a pale nou sou kòman Bondye te itilize pouvwa li pou ede Jozye ak pèp li a.

## Konte jiska sèt

Mete yon resipyen sèt objè, nan yon gwo fèy ekri nimewo sèt avèk yon koulè klè

Di ti moun yo ede konte konbyen objè ki genyen andedan resipyen an. Answit, montre yo nimewo sèt pou yo relasyone avèk kantite objè yo.

Di yo: Sèt se yon nimewo ki bél anpil. Bondye te fè nimewo yo pou nou kapab konte objè yo.

Jodi a nou pral pale sou kèk pèsonaj ki te vire wonn vil la pandan sèt fwa.

## BIB

Aktivite sa pral pèmèt ou anseye ak elèv yo verite biblik la.

## Twonpèt yo

Chache kèk kòn papye oubyen elabore yo ak fèy resikle yo. Pran fèy la double li pou fòme yon kòn epi koupe ekstrèm piti a pou fè yon sigarèt De fason pou genyen twonpèt pou elèv yo. Si yo vle bay fèy yo avan ou transfòme yo nan kòn, pou yo dekore yo epi itilize yo pandan eksposizyon lesion an.

## N'ap mache, N'ap mache!

Mache avèk timoun yo, vire sèt fwa kote salon klas yo. Konte avèk vwa fò chak fwa nou konkli yon vire wonn epi jwe twonpèt la.

Lè yo tèmine, pèmèt ke yo aranje yo pou tandem la Bib. Di yo pou yo pote anpil atansyon.

## Istwa biblik

### Miray yo te kraze

Jozye te renmen Bondye, e li te konnen ke li gen gwo pouvwa. Bondye ba li yon travay ki gran anpil: Pran vil Jeriko pou pèp Bondye a. Men an premye se te lage gran miray la atè vire tounen vil la.

Bondye te di li sa li dwe fè pou miray la te tonbe, e Jozye te transmèt ak pèp la:

“Bondye vle nou mache fè viwonn vil la pandan sèt jou. pa si, ni senk, ni kat, sinon sèt! Premye sis jou yo n'ap vire wonn li yon sèl fwa an silans, san pèsonn pa di menm yon pawòl. Pandan n'ap mache, sèt prêt yo jwe twonpèt yo”.

Premye jou a, Jozye, pèp la ak prêt yo te vire wonn vil la yon sèl fwa. Prèt yo t'ap jwe twonpèt yo fò anpil! (Mande ti moun yo pou yo jwe twonpèt yo).

Dezyèm jou a yo retounen fè viwonn, e prêt yo ankò tap jwe twonpèt yo.

Nan menm jan sa yo te fè pandan sis jou ke Bondye te òdone yo. Pou dènye, setyèm

jou, tout te alinye epi t'ap vire wonn Jeriko yo te vire pandan sèt fwa vil la. Prèt yo t'ap jwe twonpèt yo pi fò ke janmè. Jozye mande pèp la rele avèk plis fòs.

“Yo rele, answit Bondye bay yo vil la!”, yo te di. Èske ou konnen sa ki te pase aprè? Yon brik te tonbe, youn aprè lòt, aprè anpil, konsa tout te tonbe jiskaske miray la te kraze nèt! Vil la te vin rete san pwoteksyon, epi Jozye pran lavil ak pèp Bondye a.

Pouvwa Bondye gran anpil, li pa sèlman kapab lage yon miray atè sinon fè plis bagay toujou.

## KONEKSYON

Aktivite sa pral ede ou ranfòse verite biblik ke timoun yo ap kapab genyen yon relasyon nan lavi yo chak jou.

## Miray yo tonbe

Bay timoun yo fèy aktivite ak yon kreyon. Bay tan pou ekri non yo ak remak sou mo lalwa.

Mande yo pou pran prekosyon pou koupe ak sizo pwent won, kontou sen biblik, epi kontinye liy pwentiye yo ak kat lanse ilistrasyon yo.

Rasanble lans yo youn ak lòt, ak bann adezif oubyen kòl, swiv nimerasyon an, pou fòme yon sèk. Gade ekzanp nan pati dèyè fèy elèv.

Ede yo pou yo double nan liy pwentiye yo lans miray yo, ini pati dèyè a ak kote ki endike yo. Nan sans sa pral rete yon kare ki reprezante vil la.

Lèse elèv yo itilize figi yo pou repase istwa biblik la.

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

Ekri tèks la sou tab, epi repete li twa fwa. Efase kèk mo, epi repete li de fwa plis. Answit efase lòt mo, repete de fwa. Aprè sa efase lòt yo fè menm jan. Kontinye pwosesis sa jikaske ou pa rete okenn mo sou tablo a.

Answit, elèv yo dwe vire wonn sèt fwa nan salon klas yo, epi nan fen yo chita pou simile tonbe miray yo pandan yo ap repete tèks la yon lòt fwa.

## POU FINI

Remèsye chak timoun dèske yo asiste klas la. Anonse yon bagay pou prochen lesion an, epi reveye enterè pou yo pa rate prochen klas la.

Montre enpôtans pou nou kwè nan pouvwa Bondye lè nou pè. Mete fen ak yon priyè. Pa blye kesyone yo pou demann priyè yo tout la.

# **POUVWA BONDYE LÈ LAPLI PA TONBE**



## **ASPÈ JENERAL**

**Baz biblik:** 1 Wa 17:1-6.

**Objektif lesón:** Anseye elèv yo sou pouvwa Bondye pou proteksyon li bay Eli.

**Tèks pou aprann:** *Seyè nou an gen pouvwa, li gen anpil fòs* (Sòm 147:5a, BLA).

## **PREPARE POU ANSEYE!**

Twa ensidan chapit 17 dekri pouvwa Bondye. Pwoblèm ke yo genyen ki menm se lanmò. Leson sa lokalize li nan premye ensidan yo. Bondye te voye Eli sa te gen plizyè fason. Li te konbine fòm òdinè yo ak ekstrawòdinè pou libere li de lanmò. Pou Eli, evenman sa yo nan ministè li yo te sèvi kòm yon peryòd preparasyon.

Dispozisyon Eli chanje de pasiv a aktiv. Nan premye istwa sèl obeyi, Bondye te alimante li. Nan dezyèm, rakonte sa Bondye pral fè, rete anba proteksyon li epi se temwen pouvwa Seyè a.

Poukisa Bondye te voye kòbo yo pou yo te pote manje pou Eli? Animal sa yo distenje yo pou mank netwayaj, kèk fwa manje a pa nan gou li, oubyen plis pwobab li te manje sa li te plis anvi manje.

Nan lesón sa tou n'ap wè Bondye gen kontwòl tout bagay, e li te pase kòbo yo lòd pou pote pen ak vyann bay sèvitè li.

Nan fason diferans avèk vyann ke kòbo yo te pote a, Bondye te itilize yon rekou natirèl anpil pou bay Eli dlo: li te di li pral bwè nan yon ti mòn nan yon ti rivyè. Aprè li te fè sa, te vin gen yon gran sèk, ravin te sèch. Men menm sa ki te okazyone sechrès la, dispoze tout pou Eli lakay ak yon tab. Bondye te voye Eli Sarepta nan Sidon, lakay yon vèv. Nouvèl li te voye a, profèt la bezwen nan yon fason inik e diferan. Tout tan vèv la t'ap pran swen Eli se konsa manje li yo t'ap miltpliyé. Lwil ak farin pou fè pen se eleman òdinè yo; men se te bagay ekstrawòdinè, yo pa te janm fini.

## **KONTÈKS**

Anpil timoun pa konsyan sou kòman yo sipliye bezwen yo chak jou. Pou yo sa natirèl anpil pou pa janm manke manje sou tap yo ak genyen kote pou yo viv. Kèk fwa yo prewo-kiye yo plis yon moun ki abiye, ke chalè ak

pwoteksyon ke sak kapab bay yo.

Konsa menm, kèk timoun pa prete atansyon ak tout provizyon Bondye bay yo.

Ede elèv preskolè yo konnen ke Bondye se Seyè, ki bay lavi, ke li te kreye mond la ak tout sa ki ladan.

Anpil moun wè pwovizyon Bondye yo tankou ekstrawòdinè oubyen mirak.

Itilize lesón sa pou ede etidyan yo konprann ke men Bondye voye tout sa yo bezwen, selon fason li deside: òdinè ou ekstrawòdinè.

## **DEVELOPMAN LESON AN**

### **Atansyon**

Inite sa anglobe anpil istwa Bib la ki pa genyen yon sekans fasil pou elèv preskolè yo konprann. Eksplike yo tout istwa yo ki aprann pandan inite ki pale sou pèsonaj biblik yo ki t' ap viv nan diferan épòk yo.

Nan okazyon sa nou pral pale sou Eli, yon pwofèt ki te preche mesaj Bondye. Li te transmèt ak Wa Izrayèl la lòd ke Bondye te ba li. Men wa a ak madanm li te mal epi dezobeyisan ak Seyè a, konsa yo te pèsekite Eli pou touye li. Sepandan, Bondye te itilize pouvwa li pou pwoteje pwofèt ak pwoteje li pou sove.

Pandan lesón sa nou pral aprann plis sou istwa li.

### **Kòbo modèl yo**

Pou aktivite sa nou pral bezwen modèl oswa mas pou bay koulè nwa, gri epi jòn. Kouvri tab yo ak plastik yo oubyen papye resikle yo. Pèmèt elèv yo fè kòbo yo avèk materyèl endike yo.

Si yo pa konnen yon kòbo, montre yo yon ilistrasyon pou yo familyarize yo avèk li. Pandan y'ap travay rakonte yo ke kòbo yo fòme pati istwa biblik jodi a. Bondye te itilize ti animal sa yo pou alimante ak kèk sèvitè li yo.

## BIB

Aktivite sa pral pèmèt ou anseye élèv yo verite biblik la.

### Yon vizitè espesyal

Mande yon manb nan kongregasyon ou reprezante Eli epi ede yo rakonte istwa biblik la. Ou kapab itilize yon abiman oubyen dra kòm degizman. Remèt ak antisipasyon pasaj biblik la ak istwa a, pou kapab repare sa ki dwe di pandan semèn nan.

Di ti moun yo ke jodi a yo pral resevwa yon vizitè espesyal anpil ki pral eksplike istwa biblik la. Mande yo pou yo koute avèk anpil atansyon, si yo genyen kesyon yo kapab fè li sou istwa a.

### Istwa biblik

Lè yo prè pou moman istwa, envite vizitè a pou pase epi sede li tan nesesè pou patisipasyon an.

### Manje ak dlo pou Eli

Sa fè lontan an Izrayèl yon wa ki pat obeyi Bondye. Li te rele Akab. Li menm ak madanm li te fè anpil bagay mal. Yo te fè pèp la lèse adore Bondye pou te fè yo adore fo idòl lòt nasyon yo. Yo te konstwi anpil tanp pou idòl sa yo. Konsa Bondye te vin fache kont yo.

Eli te yon nonm ki te renmen Bondye ak obeyi lòd Bondye yo. Souvan, Bondye te bay mesaj ak pwofèt sa pou transmèt ak wa Akab. Sepandan, wa a pat janm koute li. Alò Seyè a deside pini wa a epi pèp la pou dezobeyisans ak mal kondwit.

“Lapli pap tonbe nan peyi a pou anpil tan”, Bondye te di Eli. Esa te vle di ni rivyè ni lawouze. Kòm konsekans bêt yo ak moun yo te swaf anpil. Bondye kapab fè lapli pa tonbe paske li gen toupisan.

Eli ale kay Akab, li di li: “Bondye di menm yon gout dlo lapli p'ap tonbe sou tè sa pou anpil tan”. Wa a fache. Seyè a fè Eli al kache nan yon ravin. Li te di li kapab bwè dlo la epi l'ap voye kaw pote manje pou li.

Tout jou yo kaw pote manje pou Eli, li te kapab bwè dlo ravin nan. Bondye te pwoteje pwofèt sa epi te ilize pouvwa li pou alimante li ak proteje li.

### KONEKSYON

Aktivite sa pral ede ou pou ranfòse verite biblik ke timoun yo kapab gen yon relasyon avèk vi yo chak jou.

### Bondye alimante Eli

Repati fèy aktivite yo, pèmèt ke élèv yo chèche nan sesyon ki pou koupe a desen kòbo yo ak rivyè a, ki koresponn ak lesion sa.

Pou yo taye yo ak swen epi kole yo nan espas ki koresponn, pandan raple yo kòman Bondye te itilize pouvwa li pou pwoteje pwofèt Eli.

Vire fèy la epi di yo remake mo lafwa nan lesion sa.

Li ansanm ak élèv ou yo tèks ekri a, epi chanje desen yo pou mo endike yo.

### Pouvwa Bondye imans

Ekri fraz sa yo nan yon papye, epi sere yo alantou salon an. Mande ak yon volontè, avèk zye fèmen chwazi nenpòt ti papye. Rès group la kabap bay endikasyon vèbal yo pou ede li jwenn. Ti moun ki jwenn lans la dwe li fraz la avèk gwo vwa.

- ◆ Pouvwa Bondye fè solèy la briye.
- ◆ Pouvwa Bondye pèmèt nou respire.
- ◆ Bondye itilize pouvwa li pou pwoteje pitit li. Mwen kapab kwè nan pouvwa Bondye.
- ◆ Bondye kapab geri malad yo paske li gen anpil pouvwa.
- ◆ Bondyen genyen pouvwa pou fè mirak.

### ANÈKS

#### MEMORIZASYON

Nan yon tèks biblik (koulè yo, plim yo, fèt yo, papye koulè yo, kòl yo, elatriye.) fè fason yo vle. Lè yo tèmine, repeète tèks la epi kole bristol yo nan yon kote nan salon an kote tout moun kapab wè.

Bristòl blan, ou byen yon gwo mòso papye, ekri ak lèt byen vizib tèks pou aprann ansanm ak fraz biblik la. Bay materyèl pou élèv yo dekore katel la.

#### POU FINI

Bay yon tan pou priye ak élèv yo. Bay remèsiman pou Bondye poutèt li itilize pouvwa li pou proteje pitit li yo, entèsedè pou demand yo ke yo te pote nan klas la. Raple ak élèv yo, yo pa bezwen bay tèt yo pwoblèm pou sa k'ap vini, Bondye genyen pouvwa pou ede yo.

Ankouraje yo pou retounen semèn pwochen pou aprann plis sou pouvwa enfini Bondye.

# POUVWA BONDYE SOU MON KAMEL LA



## ASPÈ JENERAL

Baz biblik: 1 Wa 18:16-39.

**Objektif lesion:** Aprann ke Bondye itilize pouvwa li pou reponn priyè yo.

**Tèks pou aprann:** *Seyè nou an gen pouvwa, li gen anpil fòs* (Sòm 147:5a, BLA).

## PREPARE POU ANSEYE!

Nan istwa pèp Izrayèl la nou kapab rankontre de tanzantan peryòd kote yo t'ap sèvi lòt ti dye yo. Atraktiv adore fo idòl yo te parèt irezistif. Ak moun yo te sedwi adore dye latè kanaran ak lòt yo ki te reprezante fòs natirèl yo. Pandan setan, lwayote yo te divize; yo te deklare yo kwè nan Jewova, men yo te pratike adorasyon Baal.

Eli te fè yon apèl ak pèp la pou yo sèvi sèl ak Bondye. Li di yo: "Kilè n'ap sispann woule debò? Si se Seyè a ki Bondye, swiv li. Si se Baal ki Bondye, swiv li." (v. 21, RV95).

Pwofèt la te konnen trè byen repons la. Nan anpil okazyon li te eksperimente men tou pwisan Bondye nan lavi li, eli te soufri akoz dezobeyisans ak idolatri pèp la.

Sa ki te pase sou mòn Kamèl la se te yon egzanp ekstrawòdinè de lafwa ak konfyans ke Eli te genyen nan Bondye. Li te sèl pwofèt Jewova ki t'ap viv toujou, li te montre wa a ak pèp la imans pouvwa Seyè a.

Pi gwo fonksyonè gouvènman, ak rèn, yo apiye adorasyon Baal. Se te prêt yo ak pwofèt yo. Sa pat enpòtan pou Eli. Li te sèvi Bondye vivan, li te konnen byen ak konnen ki moun ki t'ap kontwole sitiyasyon an.

Lafwa Eli fè nou panse ke li te yon Ewo, jis sou kèk pwen se konsa. Men Jak 5:17 rappe nou ke: "Eli te yon moun menm jan ak nou". Sa enplike ke nou menm tou nou kapab gen lafwa li a, demonstre avèk valè ak lafwa ke moun yo ap sèvi a inik e vrè Bondye tou pwisan.

## KONTÈKS

Elèv preskolè yo gen enterèse aprann plis sou pouvwa Bondye. Ak laj sa anpil ti moun aksepte avèk facilite sa lòt moun di yo sou li. Kòmanse konnen diferan anbyans kote yo konfwonte ak lòt moun ki genyen lòt nouvo ide ak fòm panse.

Nan lekòl yo konnen divès reliyon, ak lòt ki adore lòt dye.

Li enpòtan ke, nan tout sa yo vin akimile

nouvo ekspresyon reliyon yo ak sa k'ap konfwonte, yo kapab asire pouvwa Bondye. Yo bezwen wè Bondye nan aksyon, tande istwa kote Bondye omnipotan.

Konfrontasyon Eli ak pwofèt baal yo ede ou konprann pouvwa konesans absoli Seyè a.

## DEVELOPMAN LESON AN

### Atansyon

Itilize aktivite sa yo pou atire enterè elèv yo, ak kòmanse yo nan aprantisaj verite biblik la.

### Bondye manifeste pouvwa li plizyè fason

Atravè ekzanp Eli ak Jozye, timoun yo aprann enpòtans pou konnen Bondye kòm sèl chèf suprèm inivè a, konfyé nan pouvwa li. Se enpòtan pandan tan sa yo pou yo konnen ke li se menm ak sa nou pale nan istwa biblik la.

Chèche revi liv oswa ilistrasyon ki montre manifestasyon natirèl pouvwa Bondye yo (pa egzanp: yon trè, yon kaskad, yon eripson yon volkan, elatriye.), montre nan klas ou a. Montre ke Bondye nou kontwole la nati epi manifeste pouvwa li divès fason.

Ba yo fèy blan ak kreyon koulè pou ke, atravè yon desen, yo eksprime fason yo kapab konprann pouvwa Bondye nan lavi yo.

### Katèl priyè

Prepare yon bristòl epi dekore bòdi yo avèk kèk desen. Answit kole li yon kote vizib nan salon an. Mande timoun yo chita pou fòme yon wonn, epi prepare yo pou koute istwa biblik la.

Di: Bondye reponn priyè pitit li yo. Li gen anpil pwisans li kapab fè sa li vle. Lè nou priye, li toujou tande nou.

Katèl sa a se pou resevwa demann priyè klas la. Lè yo reyalize yo pral fè yon ti desen ke yo kontan epi di mèsi ak Bondye.

## BIB

Itilize aktivite sa pou anseye istwa biblik jodi a.

### Istwa biblik

Itilizasyon de kèk lam pou vizualize etid ou pral yon gran èd. Si ou pa genyen yo, fè kèk desen sou istwa pou ilistre li.

### Dife Seyè a

Eli te renmen Bondye anpil li te tris anpil, paske wa Akab ak pèp Izrayèl la te dezobeyi epi yo pat onore Seyè a.

Lè wa rankontre avèk Eli, li te fache anpil epi li di: Se ou menm kap rale malè sou pèp Izrayèl la konsa?"

"Se pa mwen ki rale male sou pèp Izrayel la. Se ou menm ak tout fanmi papa ou yo ki koz, paske nou dezobeyi lòd Seyè a, n'al adore zidòl Baal".

Pwofèt Eli te konnen ke Seyè a se inik Bondye tou pwisan, epi li genyen pouvwa pou reponn priyè yo.

Eli lanse yon defi ak pwofèt baal yo pou ofri yon sakrifis sou mòn kamèl, sa ki voye dife pou reponn lan se li ki Bondye. Yo fè yon lotèl pou dye yo a, epi Eli sèl pou Jewova.

Jou a te akòde, tout pèp la te reyini pou wè sa ki pral pase.

Pwofèt baal yo epi Eli te prepare animal yo pou ofri sakrifis. Fo pwofèt yo te kòmanse rele dye yo depi nan maten jis byen ta, pandan setan yo pat janm jwenn repons. Eli t'ap pase yo nan betiz. Li di yo: "Rele pi fò, li kapab ap dòmi".

Konsa pase tout anpil tan jiskaske tou pa Eli a rive. Tout pèp la te reyini alantou, pandan l'ap prepare lotèl la avèk douz wòch epi li fè yon kanal fè wonn li. Aprè sa li mete animal li vide sou li plizyè krich dlo. Twa fwa li vide dlo sou animal la ak bwa a. Answit, li te priye Bondye epi li mande pou voye dife nan syèl la pou pèp la wè pa egziste lòt dye ke li menm.

Rapid anpil, yo tandé yon bri, yon boul dife desann soti nan syèl la pou boule sakrifis Eli a.

Bondye te reponn priyè li a!

Tout la te rekonèt ke Jewova te inik epi tou pwisan.

### KONEKSYON

Aktivite sa pral ede ranfòse verite biblik ke timoun yo kapab relasyone ak lavi yo chak jou.

### Bondye voye dife

Prepare papye koulè gri, wouj ak aktivite sa.

Distribye fèy travay yo, epi pèmèt elèv yo mete non yo, make mo lafwa epi nimewote chan yo.

Answit, ba yo tan pou kole moso papye ble a nan baz lotèl, tankou se te dlo. Papye gri a koupe an kare, itilize pou kole sou wòch yo, epi wouj yo pou dife. Repase istwa biblik la pandan timoun yo ap travay.

### Jwèt repase

Divize klas la an group epi poze kesyon sa yo. Group ki reponn gen 5 pwen pou repons kòrèk. Si yo pa konnen repons la, lòt group kapab reponn epi genyen pwen respektif yo. Gwooup ki genyen plis pwen an se li ki chanpyon. Si youn nan de group yo pa konnen repons la li nesesè pou fè yon brèf repase sou epizòd istwa biblik la:

Nan ki lye Eli te mande pou reyini pwofèt Baal yo?

Kòman te rele wa peyi ki t'ap gouvènen pèp Izrayèl la?

Konbyen tan ki pat gen lapli?

Kòman te rele majòdòm wa Akab la?

Ki defi pwofèt Eli te bay pwofèt Baal yo?

Ki sa te pase pandan pwofèt baal yo pandan yo t'ap rele dye yo?

Kisa ki te pase lè Eli te priye?

Ki reyaksyon pèp la lè yo wè repons Bondye?

Bondye Eli a, èske se li menm nou konnen?

Ki fason Bondye montre pouvwa aktyèlman?

### ANÈKS

### MEMORIZASYN

Itilize pati dèyè fèy aktivite liv elèv la pou reyalize yon brèf repase tèks biblik la.

Mande paran yo pou ede pitit yo sonje tèks la pandan semèn la.


### POU FINI

Bay elèv yo tan pou mansyone sa yo plis renmen nan istwa jodi a. Aprè sa pran yo pou

Priye, epi ekri nan katèl la yo te fè a tout demand yo te pote. Nan fason sa y'ap kapab raple yo epi priye pou yo. Epi fè yon afich ki gen tout demand yo te pote.

Tèmine ak kèk chan ki pale sou pouvwa Bondye..

# POUVWA BONDYE NAN FOUNÈZ LA



## ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Danyel 3:8-28.

**Objektif leson an:** Konnen ke Bondye gen pouvwa pou ede pèp li nan nenpòt difikilte.

**Tèks pou aprann:** *Seyè nou an gen pouvwa, li gen anpil fòs* (Sòm 147:5a, BLA).

## PREPARE POU ANSEYE!

Nan lesон sa yo nou pral aprann gran istwa nan liv Danyèl la. Sa yo montre byen klè pouvwa inik Bondye tou Pwisan. Li revele tou Bondye kòm protektè pou tout moun ki renmen li, lè yo resevwa menas pou devosyon yo. konsa menm, li bay pouvwa pou gade temwanyaj li.

Wa Nebikatneza se te wa sou anpi Babilon nan ane 605-562 a. C. Nan istwa sa nou pral aprann sou konfontasyon ki te passe ak twa jenn Ebre yo: Sadrak, Mechak ak Abèdnego. Bagay sa te passe nan kòmans-man rèy li a. Wa a te respekte e onore twa mesye yo, epi li mete yo gouvènen pwovens Babilòn (2:49). Men Sadrak, Mechak, ak Abèdnego te dezobeyi lòd wa a. Mesaj la te klè: Lè li te mete imaj wa a devan ofisyèl yo, yo te gen lòd pou yo prostène e adore estati lò a (v. 5, RV95). Konsekans dezobeyisan tou te klè anpil. Lage nan yon founèz moun ki dezobeyi lòd la.

Sadrak, Mechak ak Abèdnego yo pa dissite sou tèm dezobeyisans lè yo te repòte bay wa a. Yo te konnen Bondye yo t'ap sèvi a te gen plis pouvwa ke tout gouvène mond sa. E, yo te konfyé nan li san konnen konsekans yo.

Pwen santral leson sa se pa kòman sèvitè yo te sove, sinon konnen ke Bondye gen pouvwa pou ede pèp li. Ou kapab transmèt ak elèv ou yo konfyans sa nan Bondye.

## KONTÈKS

Timoun yo twouve istwa sa emosyonèl anpil..

Yo konnen konsèp yo. "Pran prekosyon, pa ale brile!" "Sa cho!" Si kèk nan elèv yo te brile yon fwa l'ap raple li ke se temwayaj Bondye. Ou kapab bay yon temwanyaj ke Bondye tou Pwisan, li te proteje ak twa jèn nan founèz la.

Se enpòtan montre Bondye te pwoteje yo poutèt yo te pwouve fidèlite yo pou yo pa te adore ni bese devan estati. Yo te konnen gen sèlman yon Bondye vrè ak pwisan. Elèv preskolè yo konnen yo pa dwe touche dife. Asire ou elèv yo konprann ke temwayaj founèz la ak volonte yo yo pat rantre nan founèz la ak volonte yo, sinon ke se wa a ki te mete yo, kòm pinisyon paske yo pat adore imaj li a. Sadrak, Mechak, Abèdnego te konfyé nan Bondye nan mitan dife a, san konsan sa ki ta pral rive.

Leson sa pral ede elèv preskolè yo konprann ke pouvwa Bondye kapab ede yo nan sitiyasyon ki plis danje tou.

## DEVELOPMAN LESON AN

### Atansyon

Aktvite sa yo pral ede ou reveye enterè elèv yo.

Kounye a nou plase nan yon moman tan egzil pèp Ebre a, anpil ane aprè tan pwofèt Eli a. Eksplike ak elèv yo istwa pèp Bondye fò epi li ranpli ak mirak pwisan Seyè a.

Plase elèv yo nan sitiyasyon Sadrak, Mechak ak abèdnego viv nan yon peyi etranje kote yo te ap adore ak lòt ti dye, epi montre , malgre sa, yo te rete Fidèl epi konfyé nan Bondye.

### Desen founèz mwen an

Fè yon brèf entwodiksyon istwa a. Kole papye ak kreyon koulè sou yon tab, epi en-vite ti moun yo pou desine ide yo de yon fou dife.

Di: Jodi a nou pral konnen Sadrak, Mechak ak Abèdnego, epi kòman Bondye te gade yo nan yon fou parèy ak sa nou te desine yo, ki te menm cho anpil

Twa jenn yo te renmen Bondye ak te konfyé nan lanmou li, epi yo te konnen ke li t'ap proteje nan danje.

## BIB

Itilize aktivite sa pou rakonte istwa biblik.

### Dife, dife!

Reyalize aktivite sa avèk anpil prekos-yon pou evite aksidan. Limen yon balèn oubyen yon alimèt (alimèt), epi mete sou kote yon fèy pou li kòmanse boule.

Lè papye a boule, fèmen li ansanm ak balèn lan.

Pale ak timoun yo sou karakteristik dife yo ak sa li kapab fè. Di: dife se yon bagay ki danje anpil. Menm jan papye a te boule, se konsa dife a kapab boule tout sa li jwenn. Sepandan, li gen yon moun ki plis pwisan.

Nou konnen ki moun? Bondye nou! Nan istwa jodi a nou pral aprann kòman li te pwoteje sèvitè li yo nan founèz adant la.

### Fou dife a

—Lè yo Tande , mizik la! —li te di yo. Yo te tonbe ajenou, ak te adore yon gran estati an lò ke wa Nebikatneza te fè li menm menm.

Wa sa te santi li pwisan anpil lè li te wè tout moun t'ap adore imaj li a. Li te òdone pou tout moun te dwe ajenouye devan estati lè yo tande mizik la.

— kèk moun ki t'ap di wa a:Nou konnen ou te bay lòd chak fwa mizik la jwe, tout moun dwe mete ajenou epi adore estati ou te fè a. Tout moun fè sa, eksepte Sadrak, Mechak, Abèdnego, yo pa adore imaj ou a—

Lè wa a te tande sa li fè kòlè, li te rele Sadrak, Mechak ak Abèdnego pou pale ak yo.

—Èske se vre nou derefize adore estati mwen yo? Nou konnen si nou pa adore estati yo y'ap jete nou nan founèz la?

— Jèn vayan reponn ak wa a : Si yo lage nou nan founèz la Bondye gen pouvwa pou li sove nou. Men si li pa sove nou, de tout fason nou pap adore estati an lò a.—

Repons sa mete wa a an kolè, wa a mande pou yo chofe fou dife a ankò plis ke nòmal! Pandan tan sa, kèk gwo gason jete twa jèn yo nan fou dife a.

Wa gade nan founez la epi li kòmanse konte:

—Èske se en, de, twa, kat... kat moun? Wi nou te jete twa!

Sadrak, Mechak epi Abèdnego y'ap mache nan mitan dife a epi gen yon lòt moun k'ap mache ak yo.

—Ki katriyèm moun sa? Li sanble ak yon zanj Bondye! Wa a mande: Retire, Sadrak, Mechak ak Abèdnego! —

Youn nan yo pat boule, ni yo pa te santi lafimen! Pou mirak sa, wa Nebikadneza te adore Bondye. Pouvwa li te sove lavi twa jèn vayan yo.

### KONEKSYON

Aktivite sa pral ede ou ranfòse verite biblik ke timoun yo kapab relasyone nan lavi yo chak jou.

### Fou tou limen an

Bay fèy aktivite yo, ak pèmèt elèv yo make mo lafwa epi nimewo ki endike kantite konbyen moun ki te genyen nan fou dife a.

Chèche sesyon ki pou koupe a koupe desen anj ki koresponn ak inite a, epi kole li nan fou a ansanm ak Sadrak, Mechak ak Abèdnego.

Ba yo tan pou kolore fèy aktivite a. Pandan y'ap fèl, pale ak yo sou kòman yo kapab konprann pouvwa Bondye nan lavi yo chak jou.

Ke yo tounen fèy la wonje ak yon sèk figi sa yo ki pa kapab reziste ak dife a. Rapple ke Sadrak, Mechak, Abèdnego te kapab paske Bondye te avèk yo.

### ANÈKS

#### MEMORIZASYON

Distribye fèy yo ak kreyon koulè bay elèv yo. Ba yo tan pou ekri tèks pou memorize epi dekore yo nan fason yo. Lè yo tèmine, lèse yo montre ak klas la epi fè yo repete tèks la byen fò.

Yo kapab pote fèy la lakay yo pou mete yo kote ki vizib epi repase tèks la pandan semèn nan.

#### POU FINI

Avan ou tèmine klas la eklere tout dout ke group la kapab genyen, epi ede yo finalize travay ki rete yo. Ankouraje yo pandan semèn nan pou mete an pratik konfyans nan pouvwa Bondye, ak di ak zanmi yo epi fanmi yo sa yo te aprann nan lesion sa yo. Pou dènye, entèsede nan priyè pou bezwen espesifik demanb klas la.

# **POUVWA BONDYE AVÈK DANYÈL NAN FÒS LYON AN**



## **ASPÈ JENERAL**

**Baz biblik:** Danyèl 6:1-23.

**Objektif lesion:** Ke elèv preskolè yo louwe epi glorifye Bondye pou pouvwa li.

**Tèks pou aprann:** *Seyè nou an gen pouvwa, li gen anpil fòs* (Sòm 147:5a, *BLA*)

## **PREPARE POU ANSEYE!**

Rèy wa Nebikadneza te pase nan istwa a, menm jan wa Belchatza. Lakay li, Daryo Medya t'ap renye sou tèritwa Babilòn yo ki te gen anpil Pès la.

Wa Dariyis te nome ofisyèl yo pou gouvenen nan rèy li a. Sèlman twa administratè ki te genyen pi gwo otorite ke ofisyèl yo. Youn ladan yo sete Danyèl. Li te jis, li menm yo te pote kòm kaptif Babilòn lè li te jèn. Pou tan sa a li te pwobab anpil paske li te déjà majè. Wa a te gade kondwit li te Fidèl epi onèt epi li te deside rekonpanse li pou ekselan kalite li yo. Konsa li te planifye pou mete Danyèl anchaje tout rèy li a.

Lòt ofisyèl yo te konspire pou bay manti sou Danyèl devan wa a, men yo pat jwenn fason pou te akize li. Konsa yo te fè wa a ekri yon lòd sevè ki pat kapab chanje. Pandan trant jou, pèsonn pat dwe priye sèlman wa a yo te dwe priye. Plan an sete yon konplo kont danyèl, ke wa a pat menm imajine.

Danyèl te afwonte menas lanmò, paske li te konnen ke li pat kapab dezonore Bondye. Konsa wa a pat gen lòt chwa ke jete li nan fòs Lyon an, menm si li pat dakò epi li te apresye Danyèl anpil.

Dariyis te dirije nan fòs Lyon an epi li te di Danyèl: "Bondye fidèl w' ap sèvi a... li menm l'ap sove ou" (v. 16).

Mirak sove Danyèl nan bouch Lyon yo te pwouve Bondye vivan e byento l'ap sove tout ptit li yo. Dariyis te kontan ak ranpli jwa lè li konnen Bondye te pwoteje Danyèl.

Fidèlite Bondye pou pwoteje ptit li yo se yon reyalite nan lavi Danyèl e se menm bagay la nan tan pa nou an. "Li se menm moun ki te la yè, jodi a e pou tout tan".

Pandan w'ap prepare klas la, bay remèsiman ak Bondye paske pouvwa ak pwoteksyon li travay nan lavi nou.

## **KONTÈKS**

Pandan inite sa, elèv yo te aprann kòman Bondye manifeste pouvwa epi li itilize

pou beni moun ki renmen ak sèvi li. Relasyone verite biblik sa avèk reyalite chak jou elèv ou yo.

Ankouraje yo pou yo konfyé nan Bondye gen pouvwa pou ede yo afwonte pwoblèm ak bezwen yo. Mete aksan sou pouvwa Bondye pa chanje, li enfini epi absoli. Menm jan li te ede epi pwoteje Ewo biblik yo, li kapab pwo-teje nou tou ak pwojè lavi nou.

Fè lesion sa yon tanp louwanj a Bondye pou inegalab pouvwa, pou pèmèt yo tèmine inite sa.

Fini lesion sa avèk yon priyè, ak demann priyè elèv yo. Ou pral rann kont kòman ke yo kòmanse konfyé nan pouvwa Bondye pou reponn demann yo.

## **DEVELOPMAN LESSON**

### **Atansyon**

Aktivite sa yo pral pèmèt ou kapte enterè elèv yo epi prepare yo pou yo tandé istwa biblik la.

Twouve yo nan kontèks biblik istwa a. Mande kolaborasyon yon manb kongregasyon ki reprezante Danyèl. Li kapab itilize yon tinik oubyen dra kòm degizman.

Envite li rakonte ak timoun yo pati istwa la vi Danyèl, epi fòm ke Bondye te ede abiye de onè nan gouvènman wa Dariyis la.

Nan fason sa pral kòmanse ak timoun yo nan lavi pèsonaj biblik jodi a. Si li vle, yo kapab fè yon wonn kesyon ak respons avèk envite espesyal la.

### **Mas Lyon**

Pou aktivite sa wa pral bezwen yon plat katón pou chak manb group yo, yon gran moso bwa ak lèn oswa lans papye koulè kafe.

Mande kolaborasyon yon lòt granmoun pou ede yo koupe sant plat yo, pou fòme yon sèk pou timoun yo kapab rantre figi yo.

Aprè, endike timoun yo pou yo kole lèn oswa lans papye sou kote sèk la, nan fason

pou fòme long cheve Lyon an. Nan pati en-feryè, kole ti moso pou elèv yo kapab sout-ni mas e rantre figi a. Anime yo imite jan Lyon yo fè a.

## BIB

Itilize aktivite sa yo pou anseye verite biblik ak elèv preskolè yo.

## Yon istwa avèk Lyon yo!

Reyini ak elèv yo pou tandem istwa biblik la, epi felisite yo pou bon travay nan elaborasyon mas yo. Pèmèt yo itilize epi fè tankou Lyon fewòs yo. Di yo ke istwa jodi ak gen pou wè avèk Lyon, pou yo konprann rès la yo dwe prete anpil atansyon diran sijè a.

## Istwa biblik

### Danyèl nan fòs Lyon yo

Danyèl se te moun ki t'ap ede wa a Dariyis ki te plis enpòtan. Danyèl te entelijan anpil ak renmen Bondye. Tout jou san manke li te priye nan chanm li, twa fwa pa jou.

Lòt moun ki t'ap ede wa a pat vle Danyèl. Yo te nwi li lite youn nan moun plis espesyal pou wa a. Konsa moun ki pat vle wè li yo te di yon bagay pou gate li.

Yo vini anfas wa a yo di: "Dekrete yon lòd ki di pyès moun pa kapab priye pèsonn sinon ou menm. E si, yon moun fè sa, y'ap lage li nan fòs Lyon pou devore li".

Ide a te fè wa a plezi, epi li di ak kolaboratè : "Se byen".

Danyèl te sezi tandem reg sa, konsa li te nan chanm li ap priye Bondye. Kolaboratè yo espyone Danyèl yo te wè li t'ap priye, imedyat yo pote nouvèl la bay wa a, yo te akize li pat respekte nouvo lwa a.

Sa te fè wa Dariyis tris, paske Danyèl se te zanmi li epi li pat vle lage li nan fòs Lyon.

Kolaboratè wa yo te di: "Ou te fè la, pou sa nou pa kapab vyole li, ou dwe lage Danyèl nan fòs Lyon yo".

Wa a konnen ke sa se te verite. Li pat kapab vyole lwa, konsa li bay lòd pou lage Danyèl nan fòs Lyon an.

Kolaboratè yo te pran Danyèl pou men-nen li bay Lyon grangou yo. Wa Dariyis te mache ansanm ak Danyèl nan direksyon fòs la, li te wè kòman yo t'ap mennen li, se-pandan li te di Danyèl: "Mwen espere Bondye ou a ap sove ou!"

Nan demen maten wa a kouri al wè kisa ki te pase avèk zanmi li a.

Wa a di li : Danyèl, Danyèl, ou byen Èske Bondye ou a sove ou?

—Bondye sove m! —Danyèl te reponn depi nan fon fòs la,

Lyon yo pa fèm anyen mal.

—Wa te bay lòd retire Danyèl rapid , li te kontan wè li sove sen e sof.

Lyon yo pa te kapab fè li anyen ki mal paske Bondye te pwoteje li.

Bondye genyen pouvwa sou animal yo ak sou tout bagay ki egziste. Li pi pwisan ke tout.

## KONEKSYON

Aktivite sa pral ede ou ranfòse verite biblik ke timoun yo kapab relasyone nan lavi yo chak jou.

## Danyèl ak Lyon yo

Distribye fèy aktivite yo, epi bay tan ak elèv yo pou yo ini yo ak yon liy Lyon ak lòm li. Obsève yo kòman Danyèl te frankil li te sove nan fòs Lyon an.

Di yo make mo lafwa nan inite a, nan pati dèyè fèy la fè desen yon Lyon, menm jan ak istwa biblik jodi a.

## Chan de louwanj

Chante ansanm ak timoun yo chante pou louwe pouvwa Bondye. Ankouraje yo selebre ak lajwa Bondye pwisan nou an, li prè pou ede nou nan moman nou bezwen li.

Fè yon brèf repase de sa yo te aprann pandan leson yo, epi pale sou sa yo santi paske yo se pitit yon tou pwisan.

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

Sa se dènye leson inite sa, se si majorite elèv ou yo te aprann tèks memwa a. Si li posib, pale ak pastè ou pou timoun yo kapab resite tèks la ak rakonte ansèyman inite sa nan kongregasyon pandan sèvis la.

## POU FINI

Fè yon brèf repase de sa yo te aprann pandan kat leson inite sa. Pran yon tan pou elèv yo raple istwa biblik la, ak ansèyman yo. Envite yo nan pwochen klas, epi fè yon entwodiksyon sou pwochen inite a.

Priye pou bezwen elèv yo, epi mete ou an kontak avèk fanmi yo pou konnen kòman yo aplike lakay yo sa yo te aprann nan klas la.

# **LA BIB ANSEYE NOU SOU PYÈ**

**Objektif inite a:** Atravè inite sa elèv prekolè yo pral aprann ke Bondye vle moun yo tankou Pyè pou yo pale ak lòt yo sou Jezi.

**Teks biblik pou aprann:** Pa lese ansèyman ak anons bon nouvèl Jezi se Mesi a (travay 5:42b,NVI).

**Pawol lafwa: Disip:** Yon disip se yon moun ki renmen Jezi ak pale ak lòt moun sou li. Pyè te disip Jezi.

**Leson inite a:**

**Leson 45** Pyè pale de Jezi

**Leson 46** Pyè te ede yon nonm bwate

**Leson 47** Pyè rakonte bòn nouvèl yo ak Kònèy

**Leson 48** Zanmi pyè yo priye pou li

**Asèyman lesон an pou preskolè yo:**

- ❖ Bondye te ede ak bay kapasite ak Pyè pou anonse bòn nouvèl Jezi yo.
- ❖ Atravè Pyè Bondye te geri yon nonm bwate.
- ❖ Bondye te ede Pyè pou al pale de Jezi ak Kònèy.
- ❖ Aprann priye pou zanmi ak fanmi yo ki bezwen èd Bondye.

Simon Pyè te yon brigan e vyolan. Devan pankotis yo li te genyen anpil problèm akoz karaktere enpilsiv ak violan li. Sepandan, Bondye te chanje kè ak lespri li, Bondye te ba li yon espri trankil e enb.

Yon senp pechè pwason te rive konvèti yon gran lidè legliz kretyen primitif.

Atravè seri istwa sa yo, ede preskolè yo aprann Pyè te kwè nan Bondye ki te ede l pale sou lanmou Jezi.

Ou menm di elèv ou yo tou yo kapab pale ak lòt moun de Jezi epi yo dwe kwè ke Bondye pral ede yo.

## Lesson 45

# PYÈ PALE DE JEZI

### ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Travay 2:14, 22-24, 32-33, 37, 38, 41.

**Objektif lesion:** Yo dwe konnen ke Bondye te bay Pyè kapasite epi ede li pou anonsé bòn nouvèl Jezi yo.

**Tèks pou aprann:** ... Pa sispann anseye bòn nouvèl la ke Jezi se Mesi a (Travay 5:42b, NVI).



### PREPARE POU ANSEYE!

Pyè te yon senp pechè pwason, ki te konvèti an yon Fidèl disip Jezi. Se te youn nan premye li rele pou swiv li (Sen Jan 1:35-42).

Pyè te yon nonm fò, vayan e vyolan. Se pou sa yo Bondye te rele li "Wòch". Kèk fwa pèsonalite li koz problèm, deja li te aksyone san panse, menm jan li te nye Jezi aprè yo te arete li (Sen Jan 18:17, 25-27). Sepandan, Jezi te konnen ke Pyè e li konnen li t'ap konvèti yon gran lidè pèp li a.

Aprè rezireksyon, Jezi te padone Pyè pou nye li te nye li di li pa konnen li, epi li envite li ankò pou swiv li (Sen Jan 21:19).

Nonm violan sa a pa refize envitasyon mèt la, zanmi e sovè li, sinon ke li te konvèti yon lidè kominate kreyèn nan. Se te yon elokan predikatè, li te prezante ak anpil moun bòn nouvèl levanjil Jezi kris la.

Nan pankotis Sentespri a te fè yon bèl bagay nan lavi Pyè: li te ede domine karaktè li ak travay ak plis achaneman nan ministè Jezi kris te ba li. Anpil moun te tandem predikasyon li yo epi yo te konvèti nan mesaj Sali a. Nan fason sa kwayan yo t'ap miltipliye, ak proklamasyon levanjil la te kouvri tout kote.

### KONTÈKS

Natirèlman Pyè te yon nonm vyolan anpil fwa li te repanti de sa li te fè oubyen sa li te di san panse. Nou menm anpil fwa sa pase nou; sikontans yo oubyen karatè li fè nou aji anpil fwa ak presipitasyon, san reflechi de konsekans aksyon nou yo.

Kontwole tandans sa aji avan panse.

Èske note nan kèk élèv yo tandans sa, reyaksyone gide pa enpilsyon yo?

Trè souvan timoun piti yo aji ak emosyon.

Sa enpòtan pou élèv klas ou yo rive idantifye ak apòt Pyè ak aprann, malgre karaktè li, Bondye te itilize pou preche ak inonbrab bòn nouvèl Jezikris yo, pitit li.

Nan okazyon sa a Bondye deside itilize ou pou pwoklame bòn nouvèl ak élèv ou yo. Aprè se yo menm k'ap pote mesaj la bay lòt yo.

Sa se yon bèl ansèyman sou mesaj Sali a: Bondye itilize pitit li yo kòm pòt pawòl lavi.

### DEVELOPMAN LESON

#### Atansyon

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou reveye enterè élèv yo ak prepare yo pou aprann verite biblik la jodi a.

#### Nou konnen Pyè

Envite ak yon manb kongregasyon an pou reprezante apòt Pyè (kapab itilize abiman ou dra degizman). Mande l pou mansyone ak élèv yo kèk bagay enpòtan sou lavi de pèsonaj biblik la (pa egzanp: travay li kòm predikatè, vil natal, moman rankont li ak Jezi, elatriye.).

Ke group la santi yo, fòme yon semi sèk epi mete yon chèz pou envite a chita. Di byenvini, e pèmèt li kòmanse prezantasyon li a. Si ti moun yo gen kesyon, lèse yo fè li ak tout libète.

Se enpòtan pou timoun preskolè yo familyarize yo ak Ewo biblik inite sa.

#### Konsa pyè te ye

Aprè envite a tèmine, distribye fèy blan ak kreyon koulè pou timoun yo desine Pyè. Lè yo tout fini, endike yo kole desen yo sou yon miral.

Di yo: Ala nou gen anpil desen sou pèsonaj biblik inite sa. Pyè te yon nonm ki te renmen ak obeyi Bondye. Diran lesion sa yo nou pral aprann anpil sou lavi li.

## BIB

Itilize aktivite sa yo pou anseye verite biblik ak elèv ou yo.

## Istwa biblik

### Pyè pale devan anpil moun

Apòt pye te swiv Jezi pandan tout ministè li sou tè a. Li te wè ak pwòp zye li tout mirak ptit Bondye a te fè; ladan li ; mache sou dlo ansanm ak Jezi.

Lè Jezi te mouri, Pyè te santi li tris anpil. Men lè Jezi te resisite li te ranpli ak yon jwa espesyal. Li te asire konnen ptit Bondye epi li te konnen li te gen pou ranpli devwa ke li te kite : preche levanjil ak tout moun.

Yon jou, pandan li te ak lòt disip yo Jerizalèm, yo te resevwa yon vizit espesyal anpil: Sentespri Bondye te desann sou yo, yo ranpli pouvwa. Pyè te soti nan lari epi li te kòmanse preche mesaj sali.

Li te di moun yo Jezi se te ptit Bondye, ki te vini nan mond lan pou mouri pou peche tout moun. Li te rankonte yo tou, Byenke yo te wè lè yo te krisifye Jezi, Bondye te resisite li pami mò yo sou twazyèm jou. "Li resisite, li vivan!", Pye te di, "li vle tout moun repanti de peche yo epi retounen jwenn li".

Jou sa plis ke twa mil moun te kwe nan mesaj levanjil la. Bondye te itilize Pyè kòm enstriman pou pwoklame ak lòt yo plan sali atravè de lanmò ak rezireksyon Kris la.

## KONEKSYON

Itilize aktivite sa yo pou timoun yo kapab aplike verite biblik nan lavi yo.

### Mwen kapab pale de Jezi!

Pandan semèn nan, prepare kèk lam ak desen timoun yo ke yo te rakonte ak lòt mesaj sali a. Pa ekzanp: yo priye pou yon malad, yo li Bib la ak yon ansyen, yo konsole yon moun ki tris, elatriye.

Montre yo group la, pale sou sa yo kapab fè pou rakonte ak lòt yo istwa Jezi. Mete aksan, byenke yo piti, yo menm tou gen obligasyon pou rakonte ke Kris renmen yo epi te mouri pou peche yo.

Ankouraje yo swiv ekzanp Pyè, pandan y'ap rakonte ak elèv lekòl la, epi ak fanmi yo bòn nouvèl sali yo.

### Pyè pale de Jezi

Remèt fèy aktivite liv elèv yo, epi chèche sesyon pou koupe foto Pyè ki koresponn ak lesion sa.

Koupe yo ak swen epi kole yo nan mitan miltitud, pou raple jou Pyè te pale ak moun yo ki te Jerizalèm. Bay tan pou timoun yo bay koulè ak figi yo ki an blan, epi make mo lafwa inite a.

Lè tout tèmine, vire fèy la epi pentire espas yo ki gen yon pwen pou rankontre non ministè. Si yo vle, yo kapab pentire rès kare a ak diferan koulè.

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

Ekri tèks pou memorize a an gran lèt nan yon

Bristòl. Kole li pa devan epi li li. Aprè sa, mande

Yon volonté repete li pandan y'ap sote, lòt di li yo aplodi, elatriye.

Ajoute plis aksyon. Bay fòm ak tout yo tandé plizyè fwa tèks la divize yo ak sa kamarad yo fè.

### POU FINI

Preskolè yo dwe ranfòse ide ke lapriyè se baz lavi kretyen yo. Ede priye sa ki fèk kòmanse ap fè li, epi ankouraje yo pale avèk Bondye ak pawòl pa yo.

Entèsede pou demann priyè yo, epi mande Seyè pou li ede yo pale ak lòt moun de mesaj levanjil la.

Pandan inite sa ou w'ap gen opotinite pou gide elèv preskolè yo pou anonsé ak lòt yo lafwa yo nan Jezi kris. Mande yo pou di ak yon moun pandan semèn nan: "Jezi renmen ou".

Pote atansyon epi asire ou ke yo tout pote lakay yo fèy aktivite a, pou yo repase tèks.

Tèmine ak nenpòt chante ki pale de Jezi.

## Leson 46

# PYÈ TE EDE YON NONM ENFIM

## ASPÈ JENERAL

Baz biblik: Travay 3:1-10.

Objektif lesion: Bondye te geri yon nonm bwate atravè Pyè.

Tèks pou aprann: .. Yo Pat sispann anseye bòn nouvèl ki pale sou Jezi se Mesi a (Travay 5:42b, NVI).



## PREPARE POU ANSEYE!

Aprè la pankot, apòt yo te kontinye priye ak adore nan tanp la. Yon jou, Pyè epi Jan te rantre nan tanp la pou priye. Se te abitid relijwon jida a priye twa fwa pa jou. Premye priyè a se te a nevè nan maten, dezyèm nan a twa zè aprè midi epi dènye a lè solèy la kouche.

Pyè ak Jan rantre nan pòt tanp la "Bèl la" pou asiste priyè twa zè a. sa se te yon bon kote pou yon nonm estwopye te mande. Trè souvan moun chaje lajan yo, pou te pote pou ofrann epi pou achte zannimo pou sakrifis.

Pòt "Bèl la" sete rantre prensipal. Sa te ale depi sal saj yo jiska navi pati enterè tanp la, depi sal fanm yo epi sal gason yo jiska rive nan lotèl.

E Jou sa, pandan nonm nan t'ap mande charite, li te resevwa yon bagay ke pou anpil tan li te panse kite enposib. Pyè ak Jan pa te gen lò ni lajan pou ba li, men yo gen Jezi ak pouvwa Espri sen an, epi pandan nonm nan reponn ak lafwa li te geri.

Nonm nan te sote ak jwa, moun ki te kote li yo te gade li avèk etonman. Tout sa se mèvèy! Èske ou kapab imajine ou tout pale ki te soulve?

Yon lòt fwa ankò, Pyè te jwenn opòtinite pou bay temwanyaj sou zanmi li, sovè, Jezi kris.

Ki opòtinite ou genyen pou pale ak lòt yo de Jezi? Priye Bondye pou itilize ansèyman pou ede elèv yo konnen Jezi kòm zanmi e sovè yo.

Istwa biblik sa pale sou mirak, men sa ki plis enpòtan se pa nonm nan ki te geri a, sinon ke li te kwè nan Jezi kòm ptit Bondye a

Pandan ansèyman lesion sa, ede elèv ou yo konprann ke Pyè nan non Jezi te geri

nonm enfim nan men li te jwenn yon bagay ki gen plis valè: li prezante ak Jezi. Jis moman sa nonm nan pat konnen anyen sou li;

Men, aprè aksyon sa, li te konnen Jezi kòm ptit Bondye, sèl moun ki gen pouvwa pou transfòme vi li.

## KONTÈKS

Elèv preskolè yo aksepte kòm yon moun reyèl. Yo priye ak pale tou sou Jezi. Majorite konnen li kòm ptit Bondye. Ede yo kontan pou relasyon ak Jezi, pandan w'ap reyalize aktivite lesion an. Tande pandan y'ap pale sou Jezi. Èske Pawòl yo, aksyon yo, ak demann priyè yo reflete avansman relasyon pèsonèl ak li?

Konsa tankou lòm bwate a istwa sa, kèk fwa elèv yo tou prè pou pataje lafwa sa a. Envite yo pou pale ak ou pèsonèlman sou relasyon ou ak Jezi.

Si kèk nan yo montre enterè nan aksepte Jezi, itilize plan sali infantil epi pote yo nan pye profesè a. Reyalize yon swivi sou devlopman eprityèl yo chak, espesyalman sou sa yo ki kòmanse relasyone yo ak Bondye.

## DEVLOPMAN LESON

### Atansyon

Itilize aktivite sa pou reveye enterè elèv yo.

### Moun espesyal yo

Ke elèv yo santi yo, epi fòme yon sèk pou pale sou moun ki gen yon andikap fizik. Li pwobab nan klas ou oubyen kongregasyon gen yon moun andikap fizik. Li enpòtan ke elèv yo respekte epi renmen a tout moum egal, san gade kondisyon li.

Fè yo konnen ke moun sa yo gen limit nan kò yo ki gen pou wè ak diferan faktè,

tankou maladi, aksidan oubyen pwoblèm depi nesans. Sepandan, yo kapab devlope yo egal ak tout moun.

Di yo ke istwa jodi a pale nou sou yon moun ki te gen yon andikap fizik, li te bwate. Sa vle di li pat kapab mache byen. Men Bondye te gen yon plan pou li.

## BIB

Itilize aktivite sa yo pou anseye verite biblik ak elèv ou yo.

### Yon envite espesyal anpil

Envite yon manb legliz ou pou ede yo ak pati lesoun sa a. Reyini timoun yo pou rakonte yo istwa a epi di yo: Mwen vle prezante yo yon moun. Nonm sa abiye tankou yon enfim nan istwa nou pral wè jodi a. Enfim sa pat kapab mache, e li te chita deyo tanp la tap mande lajan pou li manje. Pyè ak Jan pa te gen lajan, men yo te pale ak nonm nan sou Jezi. yo pral wè sa ki te pase plis nan istwa sa. Vizitè yo ap rete ak yo pou tandem leson an.

### Istwa biblik

“Yon ti lajan silvouplè, yon ti kòb”, nonm enfim nan tap mande. Li te malad depi nesans li. Li pat kapab mache. Chak maten yon moun te mennen li devan pòt tanp la ki te rele Bèl la.

—Yon ti lajan silvouplè— te di enfim nan, Pandan de nonm pwoche kote li—. Èske yo te gen yon ti lajan pou nonm enfim nan?

Pyè ak zanmi li jan te renmen Jezi, yo te disip li, epi jou sa yo te ale nan tanp la pou priye. Nonm nan te tante gade Pyè atantivman li te espere li t'ap al jwenn yon bagay.

—Mwen pa gen lajan ni lò, men sa mwen genyen an m'ap ba ou li: nan non Jezi, Leve epi mache!

—Pyè te di li, aprè li pran men nonm nan epi ede li kanpe.

Nan moman sa, pye nonm enfim nan te pran fòs! Epi li te kòmanse kouri ap rele ak ranpli jwa.

—Louwanj pou Bondye! — nonm nan te kriye, pandan li te kouri, li te mache epi ap vole tout kote. Li te kwè nan Jezi, epi kounye a li se youn nan moun kap swiv yo.

—Moun yo te mande: Èske se nonm enfim nan? — Sak pase? Kounye a li kapab mache!

Tout moun te wè mirak ki te pase a, epi Pyè te pale li pou yo konnen mesaj Jezi a. Jou sa anpil te repanti de peche yo epi yo te aksepte Kris nan kè yo.

## KONEKSYON

Aktivite sa pral ede timoun yo relasyone ansèyman nan lavi yo chak jou.

### Labirent la

Repati fèy aktivite a. Pandan y'ap travay, di timoun yo: Yon moun k'ap swiv Jezi se yon moun ki renmen li epi rann temwan-yaj li. Ou menm ou kapab pale sou Jezi ak lòt yo.

Pèmèt timoun yo mete non yo nan fèy aktivite a, epi kontinye chemen an depi Pyè ak Jan jiska nonm enfim nan (gen twa chemen ki posib). Lè yo fini fè sa, repete vèsè inite a(Travay 5:42). Aprèsa di yo koupe foto nonm enfim ki deja geri a, ke yo jwenn nan seksyon Koupe a pou kole anlè foto dèyè a.

Di: Pyè te pale ak nonm enfim nan sou pouvwa Jezi! Bondye te geri li, li kapab mache ak sote. Mèsi, Bondye, pou lanmou ou. Mèsi pou pitit ou Jezi.

Vire fèy la epi mande souliye mo lafwa. Bay kreyon koulè ak elèv yo epi ba yo tan pou desine yo menm menm kare blan an. Rapple yo li espesyal anpil ak enpòtan pou Jezi.

## MEMORIZASYON

Pou aktivite sa nou pral bezwen ekri tèks pou aprann nan nan bann papye yo oubyen bristòl, epi mete yo nan yon bwat oubyen yon valiz.

Answit, melanje yo, epi fè elèv ou yo retire youn pa youn, epi ede yo òdone tèks la yon fason kòrèk. Si nan posiblite ou, ba yo prim ak yon bagay dous.

## POU FINI

Remèt travay yo ak materyèl yo ak timoun yo, epi ankouraje yo pou yo bay lòt yo mesaj levanjil la pandan semèn nan.

Mande èd Bondye pou pale san pè ak lòt yo sou Jezi.

Chante chan louwanj pou Bondye, e en-vite yo nan pwochen klas la.

## Leson 47

# PYÈ RAKONTE BÒN NOUVÈL YO AK KÒNÈY



### ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Travay 10:1-2, 17-24, 28, 34-36.

**Objektif leson:** Yo dwe konnen ke Bondye te ede Pyè pou li te ale pale ak Kònèy sou Jezi.

**Teks pou aprann:** ..Yo Pat sispann anseye bòn nouvèl ki pale sou Jezi se Mesi a (Travay 5:42b, NVI).

### PREPARE POU ANSEYE!

Aprè Lespri sen an te vini, Pyè te vwayaje pou ale nan nò, depi Jope jis rive Sezare, pou vizite yon janti, sa vle di, yon nonm ki pat Jwif, ki te rele Kònèy. Se te yon santityon women ki te bezwen konnen Pitit Bondye a ak konnen sou plan Sali a. Bondye te voye Pyè pou pale li sou Jezi.

Kònèy te planifye ap tan rive Pyè. Li te prè pou tande sou Jezi, sa li te bezwen konnen, konsa li te envite fanmi li pou vin koute mesaj bòn nouvèl Kris la.

An ankò ak tradiksyon, Pyè ak lòt Jwif yo pate dwe vizite kay janti sa. Nan yon vizyon, Pyè wè animal ki pi ak sa ki enpi ansanm epi li vin wè vizyon sa siyifi plis ke animal yo. Li te avèti ke Bondye retire baryè ant Jwif yo ak janti yo. Kònèy ak fanmi li te resevwa kado pè ak rekonsilyasyon ak Bondye pa mwayen Pitit li Jezi.

### KONTÈKS

Pyè te rann kont yon verite enpòtan anpil: Senyè a se Bondye tout moun. Nasionalite oubyen ras pa enpòtan.. Nou bezwen ouvri ak prè pou Lespri sen an gide nou. Reflechi sou atitud ou ak lòt yo. Èske prejije yo sèvi baryè? Pèmèt Bondye aji nan lavi ou pou kraze nenpòt baryè ki kanpe.

Mwen konnen yon ti pitit fi ki te asiste nan jaden timoun yo. Li di manman li: "Mwen pa blan, mwen woz. Zanmi mwen an pa nwa, li mawon". Avèk sèlman kat ane ti fi sa te kapab dekri moun yo selon koulè po yo. Anpil fwa kondwit sa yo enkonsyan epi nou aprann yo depi piti. Alèt sa pou idantifye nenpòt kondwit ki pa bon nan preskolè yo, epi anseye pou yo wè moun yo atravè lanmou Bondye.

Pandan etap devlopman sa, timoun yo relasyone pou fòme amitye. Kiltive nan yo santiman egalite ak ekite antre yo tout.

Ankouraje yo pou yo swiv ekzanp Pyè, ki te trete egal yon moun ki pat menm ras ak li.

Atravè leson sa a y'ap kapab aprann ke Bondye renmen tout moun, san pote atansyon de ras li, koulè, laj, gwosè, oubyen fizik . Nou tout nou egal devan zye Bondye.

### DEVLOPMAN LESON

#### Atansyon

Itilize aktivite sa yo pou kaptire enterè preskolè yo.

#### Diferan men egal

Pou aktivite sa w'ap bezwen jwenn lam oswa foto moun diferan ras. Pèmèt timoun yo gade, ak pale sou lye orijin chak ras ak karakreristik patikilye yo chak.

Di yo ke, menm si nou tout diferan pa deyò nou, pou Bondye nou tout egal. Bondye pa gade sou koulè po oubyen fòm cheve nou. Sa li vle se kè nou sen ak pwòp san peche. Istwa jodi a pale nou sou kòman Pyè te temwaye sou Jezi ak yon nonm ki pat jwif.

#### Dwèt men yo

Envite elèv ou yo pou gade ak atansyon men yo, epi kesyone: Konbyen dwèt men nou genyen? (Senk) Èske tout dwèt yo egal? (Pèmèt yo reponn).

Eksplike yo ke tout dwèt men nou diferan, nou gen sa ki pi pi piti e gran, youn wo epi fen ak lòt diferan gwosè. Sa ki enpòtan tout fè pati men an ak sèvi nou anpil. Nan sans sa, nou tout reprezante pati kreyasyon Bondye epi nou genyen diferan don.

Atravè istwa jodi a nou pral aprann mesaj Sali a pou tout egal.

## BIB

Itilize aktivite sa pou anseye verite biblik la.

### Yon santiryon

Chèche nan nenpòt liv istwa biblik yo desen yon santiryon women, epi montre li ak zanmi yo. Rakonte yo ke santiryon yo se te yon espès chèf lapolis. Yo genyen kòn chaj yon group sólda k'ap sèvi anpi romen an.

Santiryon yo pat jwif, menm si anpil t'ap viv Izrayèl. Izrayelit yo pa melanje ak lòt moun diferan de yo, paske yo te defann yo. Sepandan, Jezi te retire tradisyon an epi kouvri lanmou li sou tout. Nan istwa jodi a nou pral pale sou yon santiryon ki te tandé bòn nouvèl Ptit Bondye.

### Istwa biblik

### Pyè vizite Kònèy

Yon jou, pandan pyè t'ap priye, li te nan yon somèy espesyal. Bondye te pale li epi te fè li konnen tout moun gen yen dwa konnen mesaj Jezi, Ptit Bondye a.

Seyè a te mande Pyè al fè yon vwayaj yon kote ki rele Sezare, pou vizite yon santiryon women ki t'ap tann li. Koutim jwif yo nan tan sa pat pèmèt yon nonm ebre tankou Pyè te reyini ak yon janti tankou Kònèy. Sepandan, davans Bondye te enstwi apòt la, answit li kòmanse vwayaj la.

Kònèy te yon santiryon, yon bagay tankou chèf polis yo. Te genyen sou kont li yon gwoup sólda yo epi se te yon moun yo te respekte anpil. Nonm sa te gen krentif pou Bondye epi li te vle aprann plis sou li.

Lè Pyè te rive, Kònèy te resevwa li ak anpil emosyon. Li te envite zanmi li yo ak paran li yo lakay li pou tandé Pyè k'ap pale sou levanjil Jezi a. Anpil moun ki te reyini yo te kwè nan Jezi lè yo te tandé mesaj Pyè a. Sentespri te desann sou yo epi yo te gen yon gran anvi.

Yo tout te kontan!

Pyè te konprann ke Bondye pa fè distenksyon moun, epi li vle tout moun konnen Jezi kòn sovè pèsonèl yo.

### KONEKSYON

Itilize aktivite sa a pou ranfòse aprantisaj biblik la.

### Pyè konnen Kònèy

Distribye fèy aktivite a, epi pèmèt elèv yo regwoupe pwen yo swiv nimerasyon pou trase figi kay kònèy la.

Chèche nan Seksyon Koupi a foto Pyè ak Kònèy ki koresponn ak inite sa. Koupe yo ak swen epi kole nan rantre kay la. Repase sa yo te aprann pandan istwa biblik la, epi repeète tèks pou aprann nan ekri li nan pati enferyè fèy aktivite a.

Mete aksan sou mo lafwa, epi vire fèy la, pou trase ak koulè yo non Jezi. Pandan elèv yo ap travay, raple yo ke Pyè te yon moun ki t'ap swiv Jezi. Anpil moun te tandé bòn nouvèl sali a gras la. Nou menm tou nou kapab rakonte moun yo sa Bondye te fè pou nou.

### ANÈKS

### MEMORIZASYON

Ekri sou tablo a kèk lèt mo ki fòme tèks pou aprann nan. Lèt ki rete yo ekri yo nan yon moso papye, ki kolore nan yon bous. Mande kèk volonte soti kek let nan bous la epi gade si yo koresponn ak sa ki manke nan tèks la.

Timoun yo dwe kole lèt la yon kote ki koresponn nan tèks la. Lè yo fini li ansanm epi repeète yo plizyè fwa.

### POU FINI

Asire ou ke yo tout tèmine travay yo epi pote sa yo konnen lakay yo. Ekzòte yo pou rakonte ak fanmi ak zanmi yo bòn nouvèl Jezi pandan semèn nan, epi pou yo repase tèks pou aprann nan. Fòme yon sèk, priye pou chak elèv yo ak pou demann priyè yo genyen.

Raple yo li empòtan anpil asistans yo nan pwochen semèn pou tèmine ak istwa inite sa a.

## Leson 48

# ZANMI PYÈ YO PRIYE POU LI

### ASPÈ JENERAL YO

Baz biblik: Travay 12:1-17.

**Objektif leson an:** Timoun yo dwe aprann priye pou zanmi yo ak fanmi yo ki bezwen èd Bondye.

**Tèks pou aprann:** .. Yo Pat sispann anseye bòn nouvèl ki pale sou Jezi se Mesi a (Travay 5:42b, NVI).



### PREPARE POU ANSEYE!

Wa Ewod ta vle gen yon bon relasyon ak Jwif yo pou repitasyon gouvènman li a te ka favorab, konsa li te deside opoze ak tout sa ki gen pou wè ak Jezi epi moun k'ap swiv li yo..

Youn nan premye mezi yo se te pèsekite kwayan yo. Li te mete anpil nan prizon ak maltere yo. Li te touye tou Jakòb fre Jan. Chèf jwif yo ak prêt yo te santi yo konplike anpil, paske Ewod te deside chèche Pyè pou touye li.

Sòlda yo te arete Pyè epi pote li nan prizon, kote li te toujou fèmen an kaptif pa kat group de kat solda. Wa Ewod ta vle prezante Pyè nan plas piblik avan ekzekisyon, pou montre ak pèp la otorite li.

Nwit sa, pandan Pyè t'ap dòmi nan prizon an, frè legliz yo te reyini lakay Mari e yo t'ap priye pou li.

Yon ti moman, yon limyè te briye nan prizon an yon zanj Seyè a reveye Pyè, epi li te gide nan koridò yo ki te fè nwa nan prizon san okenn sòlda pat rann kont anyen. An fen yo te rive nan pòt ki soti sou wout la, yo te mache kèk pa anplis epi zanj la te disparèt. Pyè te konprann ke se te men Seyè a ki te libere li anba Ewod.

Pyè ale rapid lakay Mari, manman Jan. Yo tout te ouvè je yo lè yo wè li t'ap rantre. Alò yo te konprann ke Bondye te reponn priyè yo epi yo te louwe ak di li mèsi.

Istwa sa anseye nou ke Bondye reponn priyè pèp li a. Pandan w' ap prepare pou anseye, Priye pou chak elèv klas ou a. Ou genyen privilej ak responsabilite pou dirige preskolè yo ak Jezi epi anseye yo, ak ekzanp, pouvwa lapriyè.

### KONTÈKS

Sa a se dènye leson sou. Nan li nou selebre pouvwa lapriyè. Priyè enpòtan anpil pou kwayan yo, pou sa li enpòtan pou nou devlope li nan premye etap devlopman timoun yo.

Yo bezwen konnen ke lapriyè se yon kanal komunikasyon dirèk ak Bondye nou. Menm jan nou kominike ak zanmi nou nan lekòl la oubyen fanmi nou, konsa nou kapab fè li ak Seyè a.

Anpil preskolè yo reziste pou priye paske yo pa konnen kòman yo dirije yo a Bondye. Pèmèt yo konprann ke yo pa bezwen priye long ni konplike, sèlman li vle nou kominike ak li menm jan nou t'ap pale ak meyè zanmi nou. Nan mezi elèv ou yo eksperimante ak lapriyè nan tan klas la, yo vle repeete eksperyans la lakay yo.

Devlope moman priyè ak group ou a, e pèmèt yo eksprime demann yo pou entesède pou yo.

### DEVLOPMAN LESON

#### Atansyon

Itilize aktivite sa pou kapte enterè preskolè yo.

#### Men priyè yo

Desine nan yon bristòl kèk men ki gen atitud priye epi kole yo. Ou pral bezwen yon pè pou chak timoun. Si yo vle ou kapab chwazi modèl ou jwenn nan fèy aktivite liv elèv la, lesон 26.

Distribye men yo yo ak elev ou yo, epi pèmèt yo dekore jan yo renmen l. Pale ak yo sou sa li reprezante. Di yo anpil fwa lè nou priye ansanm men nou nan atitud de reverans. Istwa jodi a pale nou sou kèk moun ki te konnen priyè ak anpil fwa epi Bondye te reponn priyè yo.

## BIB

Itilize aktivite sa yo pou anseye verite biblik ak preskolè ou yo.

### Nou pale sou priyè

Fè elèv yo fòme yon sèk. Pèmèt yo eksprime sa yo panse ak konnen sou priyè. Tout long ane a yo te aprann sou tèm sa, e kounye a yo dwe genyen kèk eksperans ke yo kapab mansyone. Ankouraje yo rakonte ak gwoup la ki fason Bondye te reponn priyè yo.

Sonje yo ke priyè se pale ak Bondye. Di yo: Nou kapab pale avek Bondye sou nenpòt tèm; menm si li te déjà konnen tout sa ki pase nou, li renmen nou rakonte li.

Bondye toujou genyen tan pou tandem pitit li yo.

Nan istwa biblik nou parl aprann sou kèk pèsonaj ki te gen yon demann espesyal anpil epi yo te priye pou li. Bondye te reponn nan yon fason mèvèye. Èske nou vle konnen kòman? Pote anpil atansyon pandan istwa a pou konnen ki repons li te bay.

### Istwa biblik

#### Liberasyon Pyè

Pyè te nan prizon paske li t'ap pale sou Jezi, pitit Bondye a. Li se te youn nan moun ki t'ap swiv li, li te vle moun yo konnen Seyè a.

Anpil sòlda yo te kaptire. Yo dwe te asire ke li leve nan prizon an, yo te mete kadna pou li pa sove, de sòlda tou t'ap veye li pandan li t'ap dòmi, anplis lòt sekirite devan pòt la.

Pandan Pyè te anprizone, zanmi li yo te reyini lakay Mari, manman Jan pou priye pou li. Tout t'ap priye Bondye pou pran swen ak pwoteje zanmi yo a. Bondye te tandem priyè yo epi, pandan apòt la t'ap dòmi, yon zanj te parèt nan prizon an ranpli limyè. Ak anpil souplès, li leve Pyè epi li te di li: "Leve, Rapid!" Rapid, kadna yo te tonbe nan men li yo, li tache sandal yo e swiv zanj la nan fè nwa koridò prizon jiskaske li rive nan rout. San okenn sòlda pa rann kont anyen.

Pyè te panse se te yon rèv, li pat si. "Se pa yon rèv! Bondye te voye zanj li pou sove mwen nan prizon, Mwen lib!", li te di. Aprè li fè rapid li te rive lakay Mari, kote zanmi li yo te reyini. Lè yon jenn yo rele wod te

ouvri pòt la, li pat kapab kwè ki te devan li a. Yo tout te remèsyé Bondye pou reponn priyè ak liberasyon Pyè nan prizon an.

### KONEKSYON

Aktivite sa pral ede ranfòse ansèyman biblik la.

### Liv Pyè a

Bay fèy aktivite li elèv la ak sizo yo (pran swen pa gen anpil fil yo dwe pwent won pou envite aksidan). Mande elèv ou yo koupe foto Pyè yo ak zanj ke yo jwenn nan pati enferyè fèy la. Answit yo dwe koupe sen biblik ki swiv liy make a. Ede timoun yo double an sans dèyè fèy la nan fòm orizontal, swiv liy pwen-tiye yo. Aprè sa, double yo nan fòm vètikal, pou fòme yon ti liv. Kole foto Pyè nan prizon, nan premye paj ti liv la, ak foto zanj la nan paj nimewo twa. Ba yo tan pou yo bay koulè, epi repase istwa biblik la. Ankouraje yo pou itilize ti liv yo a pou rakonte ak zanmi yo ak fanmi yo istwa liberasyon mèvèye Pyè a.

### ANÈKS

#### MEMORIZASYON

Ekri nan tablo a tèks pou memorize, epi repepe li ansanm avèk elev yo. Efase kèk mo epi pou ti moun yo di l de nouvo. Repete menm aksyon sa jiskaske efase tout mo yo epi pou ti moun yo resite li nan tèt yo.

#### Jwèt repase

Kesyone timoun yo sou sa yo te aprann nan klas jodi a. Fè repase sou fason yon jwèt: Lanse yon boul oubyen yon lòt objè mou ak yon manb klas ou a. Moun ki resevwa dwe rakonte yon bagay sou sa li te aprann. Aprè li tire boul la oubyen objè a ak yon lòt kamarad, youn aprè lòt jis tout patisipe.

#### POU FINI

Rezèv yon tan espesyal pou adorasyon ak elèv yo. Mande pou yon moun ki gen volonte priye ak vwa fò, bay gras pou ansèyman pati sa epi pou sekirite konnen li reponn priyè nou yo. Tèmine priyè a mande pou elèv yo ak fanmi yo.

Remèt yo aktivite yo te reyalize pandan leson pase yo, epi fè yon brèf entwodiksyon nouvo leson an pou reveye enterè timoun yo. Fini ak yon chan ki pale sou pouvwa ak lanmou Bondye.

## **BONDYE VOYE PITIT LI**

**Objektif inite sa:** Inite sa pral ede elèv yo konprann ke Bondye renmen yo li te voye Pitit li Jezi kris.

**Tèks pou aprann:** Men ki jan Bondye fè nou wè li renmen nou. Li te voye sèl Pitit li a sou latè pou li te ka ban nou la vi (1 Jan 4:9, RV60).

**Pawòl lafwa: Jezi:** Jezi se Pitit Bondye ki te vini sou latè pou montre lanmou Papa li.

**Inite lesyon yo:**

**Leson 49** Bondye pwomèt l'ap voye Pitit li a

**Leson 50** Bondye voye pitit li a

**Leson 51** Bèje yo ale wè Jezi

**Leson 52** Simeyon ak Ana wè Pitit Bondye a

**Ansèyman lesyon yo pou preskolè yo:**

- ❖ Bondye te voye Pitit li a paske li renmen nou.
- ❖ Bondye te voye Jezi pou sove nou.
- ❖ Nou dwe selebre ak jwa nesans Jezi.

Rakonte ak elèv yo youn nan istwa yo ki plis enpòtan: Nesans Jezi.

Se admirab Bondye voye Pitit li a nan mond sa nan mitan sikontans mèvèy yo.

Kofòme ou pou prepare Leson sa, ede timoun yo eksperimante gwosè lanmou Bondye. Priye pou chak elèv, non pa non. Eksplike verite siyifikasyon Nowèl, ki se nesans Seyè nou an Jezi kris.

# **BONDYE PROMÈT LAP VOYE PITIT LI A**



## **ASPÈ JENERAL**

**Baz biblik:** Lik 1:26-35, 38.

**Objektif lesson an:** Ede elèv yo konprann ke Bondye renmen nou, ak pwomèt l'ap voye Pitit li a.

**Tèks pou aprann:** *Men ki jan Bondye fè nou wè li renmen nou. Li te voye sèl Pitit li a sou la tè pou li te ka ban nou la vi* (1 Jan 4:9, RV60)

## **PREPARE POU ANSEYE!**

Nesans Jezi se youn nan istwa yo ki plis enpòtan ki janm wè. Pwomès Bondye pou voye Pitit li yon mesaj lanmou ak esperans pou limanite. Lik raple nou nan pasaj sa ke Bondye ofri sali ak lòm atravè nesans Mesi ke Jezi te pwomèt la. Sa se plan sali Bondye.

Bondye tèlman renmen nou li voye Pitit li nan mond sa a anba sikorans inik yo. Ede ti moun yo konnen verite siyifikasyon Nwèl la. Yo rann kont aspè materyalis epòk sa nan ane a. Priyè pou lesion sa yo ak pou elèv yo. Lèse yo mete nan lespri yo ide ke Bondye renmen yo tèlman li voye Pitit li Jezi kris; li se akonplisman pwofesi Ansyen Testaman ke Bondye ap voye yon Sovè.

## **KONTÈKS**

Kilti nou materyalis anpil nan tout aspè yo. Se tris pou wè epòk Nwèl se youn nan epòk ki plis materyalis nan ane a. Kesyon tankou: "Ki kado Nwèl ou vle?" oubyen "Ki sa yo te fè ou kado pou Nwèl la?", yo bonbade timoun depi yo kòmanse pale.

Pètèt kèk timoun santi yo tris paske paran yo pa kapab achte kado, oubyen yo pa resevwa tèlman jan yo vle.

Elèv yo bezwen yon nouvo pèspektiv sou sa. Ede yo konnen ke meyè kado yo pa achte. Sèlman ba yo. Meyè kado paran yo oubyen nenpòt lòt moun kapab bay lanmou, se pa yon jwèt. Kòm rezulta, timoun yo pral aprann renmen Bondye, paran yo ak tout lòt yo.

Pale avèk yo sou verite siyifikasyon Nwèl la. Fè sòti lanmou Bondye gen pou yo atravè Jezi kris, Pitit li.

Sonje preskolè yo renmen Nwèl, fasine yo limyè, dekorasyon yo, emosyon, e kòm sipoze, kado yo.

Obsève timoun yo pandan epok sa. Selebre nesans Jezi kòm meyè tout kado? Yo

mete Jezi ladann lè y'ap pale sou emosyon Nwèl?

Raple, nivo atansyon timoun yo nan klas la ap redwi lè Nowèl plis apwoche. Chak fwa yo wè kèk motiv Nwèl, yo dwe sonje nou selebre Nwèl pou nesans Jezi, Pitit Bondye a.

## **DEVELOPMAN LESSON AN**

### **Atansyon**

Chwazi nan aktivite sa yo sa ki ka ede yo kapte enterè timoun yo nan lesion an, ak prepare pou aprann verite biblik yo.

### **Kantik Nwèl yo**

Pou aktivite sa nou sijere ou itilize enstriman rit yo (tanbou, grelo, triyang, oche elatriye.). Pèmèt timoun yo chwazi yon enstriman pou yo kapab jwe pandan aktivite sa yo. Chante kantik Nwèl sou Jezi. Aprè sa chante kèk chan, fè timoun yo chanje enstriman rit yo ak chante yon fwa plis. Pandan y'ap remèt enstriman yo, di yo ke nou menm nou selebre nesans Jezi nan Nwèl.

### **Abiman anj yo**

Chèche yon sevyèt, dra, oubyen yon twal koulè blan ki pa vann chè anpil; li kapab mande ak antisipasyon ak manman timoun yo oubyen lòt fanmi yo ki pote kèk dra oubyen nap koulè blan ki pa sèvi déjà. Lòt opsyon se fè yon tinik ak papye krèp. Degize ti moun yo de zanj yo, tankou sa ki pote bòn nouvèl la bay Mari . Aprè sa timoun yo kite mas yo, di: Zanj Gabriyèl te di Mari bon nouvèl. Nou menm selebre nesans Jezi nan Nwèl epi bay Bondye mèsi pou Pitit li te pwomèt l'ap voye.

## BIB

Istwa sa yo pral ede timoun yo eksperimante ak aprann istwa biblik.

### Anonse bòn nouvèl la!

Reyini timoun yo nan zòn ki deziye pou istwa biblik la. Chita ak yo fòme yon sèk epi di: "Mwen pral rakonte nou yon mesaj espesyal anpil ak nou chak". Mache toutou sèk la, epi di ak chak timoun pou tan-de, ak vwa ba: Nwèl se yon moman espesyal. Gras, Bondye, pou Pitit li Jezi.

Aprè ansèyman, repete ansanm: Nwèl se yon moman espesyal. Gras, Bondye, pou Pitit li Jezi. Istwa biblik jodi a pale sou zanj Gabriyèl, Li menm ki te pote yon mesaj espesyal pou Mari.

### Istwa biblik

#### Pitit Bondye a te pwomèt

Yon jou Mari te lakay li ap fè travay li. Nan fenèt te kapab wè kòman van t'ap balanse pye bwa yo. Li te kanpe yon moman epi li te tan-de yon bagay ke li te renmen, son van an paske li te fè li raple yon chan-te. Li te kòmanse chante ak vwa ba chan louwanj pou Bondye. Li te satisfè anpil ak li Nazarèt la. Li te di li mèsi tou pou Jozèf, avek li tap al marye trè byento. Li te kontan! Li te renmen Bondye anpil.

Mari te tèlman konsantre, li pat rann li kont si li te sèl.

—Vizitè a te di li: Mwen salye ou, Seyè a ak ou!

Mari te vire pou wè, ki sipriz li te genyen lè li wè se te yon zanj ki te devan li a, ak yon gran souri.

—Li tedi : Mwen pa kapab kwè sa mwen wè a!

—Ou pa bezwen pè —zanj la te endike li—. Mwen rele Gabriyèl, Bondye voye mwen pote yon bòn nouvèl pou ou.

—Ki sa — Mari te di epi li te gade zanj la pandan li t'ap mande li ki mesaj Bondye pou li.

—Bondye kontan ou renmen li anpil kon-sa—Gabriyèl te di—. Li pral ba ou yon bebe ki pral soti nan vant ou epi w'ap rele li Jezi.

—Men kòman sa kapab pase? —Mari te kesyone.

—Bondye pral voye Sentespri pou ba ou pwòp Pitit ou. Lè pitit ou a fèt w'ap rele li Jezi, Pitit Bondye.

Mari te sezi anpil, men, li te reponn zanj la ak fèmte:

—Mwen renmen Bondye epi mwen pral fè tout sa li vle mwen fè. Mwen kwè tout sa li di yo ap akonpli.

Lè zanj la ale, Mari te louwe Bondye pou privilèj li te genyen paske li te chwazi pou manman Mesi a.

### KONEKSYON

Itilize aktivite sa pou ede timoun yo fè koneksyon verite biblik la nan lavi yo.

#### Mari epi zanj la

Bay chak timoun fèy aktivite a, ede yo double yo fè dèyè nan pati mitan. Yon fason pou fèy la rete nan mitan. Avèk anpil swen koupe yo sou liy pwentiye yo, nan kare zanj yo ak Mari. Pran atansyon de-kole tablo liy agoch la, nan fason ou kapab ouvri ilistrasyon tankou se te yon fenèt epi obsève tablo andedan yo.

Fè yon brèf repase, pandan elèv y'ap travay, epi di yo: "Nan istwa biblik jodi a nou te aprann sou bòn nouvèl ke mari te resevwa. Ki moun li ye? (Manman Jezi). Ki bòn nouvèl yo? (Mari ou pral resevwa Pitit Bondye te pwomèt la, sovè a, Jezi). Ankouraje timoun yo pou itilize kare tablo yo pou rakonte lòt yo istwa biblik jodi a.

### ANÈKS

#### MEMORIZASYON

Koupe plizyè sèk gran epi dekore yo reprezante kadran yo oubyen dekorasyon Nwèl yo.

Ekri nan tèks pou memorize a, divize an fraz kout. Kole kadran yo devan epi di yo ansanm ak elèv ou yo. Answit, melanje kadran yo epi bay yo tan pou timoun yo òdone tèks la de novo epi konsa yo kapab kontin-ye repase li. Repete ekzèsis la plizyè fwa.

#### POU FINI

Favorize yon konvèrsasyon pou presko-lè yo eksprime aktivite favè yo ki rasable fanmi yo reyalize pandan Nwèl la.

Chita ak yo ke yo mete men nan men pou priye. Ankouraje yo eksprime demann priyè yo ke yo priye pou fanmi yo.

Priye, pandan w'ap di: Mèsi, Bondye, pou lanmou ou, mèsi paske ou voye pou nou Jezi, Amèn.

Verifye ke yo tout pote lakay yo tout bagay lakay yo; remèsyé chak timoun yo paske yo te asiste, e envite yo retounen semèn pwochen.

# **BONDYE VOYE PITIT LI A**



## **ASPÈ JENERAL**

**Baz biblik:** Lik 2:1-7.

**Objektif lesoun an:** Anseye timoun yo ke Bondye te voye Pitit li Jezi kris pou sove nou.

**Tèks pou aprann:** *Men ki jan Bondye fè nou wè li renmen nou. Li te voye sèl Pitit li a sou latè poul te ka ban nou la vi* (1 Jan 4:9, RV60).

## **PREPARE POU ANSEYE!**

Nan nesans Jezi akonpli tout pwomès Bondye yo ak lanmou li. Lik ede nou konprann siyifikasyon istorik ak politik de bél evenman sa.

Kiri niyis, gouvène Siri a, te voye dekrè ke tout moun dwe retounen kote yo te fet pou yo kapab anrejistre ak konte yo, Premye sans sa te sèvi pou Jezi fèt Belen, paske Jozèf te desandan wa David.

Se pou sa Jozèf ak Mari te vwayaje jiska Belen nan Jida. Avèk evenman sa te akonpli pwofesi Ansyen Testaman an ke Mesi a ki t'ap vini nan fèt Belen. Lik di nou ke nesans la nan yon pak bét, ke Mari te akouche Jezi nan yon pak bét manje, ki se yon resipyen pou alimante animal.

A la yon kòmansman pou Pitit Bondye a!

Ou genyen opòtinite mansyone mèvèyo de nesans Jezi ak timoun yo. Bondye ofri nou sali atravè Pitit li. Eksprime lanmou Seyè a ak ti moun yo atravè istwa sa.

## **KONTÈKS**

Ankouraje elèv yo panse kèk fòm yo kapab rakonte istwa Nwèl la ak lòt yo. Leson sa ap ofri opòtinite yo pou pale de nesans Jezi. Sa fondamantal pou konnen vrè siyifikasyon Nwèl la, ak fòme nan timoun yo yon koneksyon espirityèl bazik.

Kèk fwa, Paske se epòk Nwèl, gen vizitènan klas ou a. Ede ti moun sa yo eksperimente ak kòmanse konprann mèvèyo nesans Jezi a.

Raple ke aksyon yo ak pawòl yo aksantye grandè ke Bondye voye Jezi, Pitit li.

An jeneral, timoun yo emosyone pou Nwèl. Nan semèn sa yo emosyon yo pral ogmante. Obsève yo eksprime santiman yo. Èske yo dakò sou nesans Jezi lè yo pale de Nwèl? Èske Pawòl ou yo ak aksyon yo reflete verite ke Jezi se Pitit Bondye?

Pandan lesoun sa, preskolè yo dwe konprann konsèp sa yo:

(1) Nou selebre Nwèl paske Bondye te voye pitit li Jezi nan mond lan; (2) Nwèl se yon moman espesyal pou selebre lanmou Bondye pou nou.

## **DEVELOPMAN LESON AN**

### **Atansyon**

Chwazi nan aktivite sa yo sa ki ede yo kapte enterè timoun yo pou prepare yo aprann verite biblik lesoun sa.

### **Konnen yon kote yo gade bét**

Jwenn yon lam ki ilistre tankou yon pak kote yo gade bét yo. Li pwobab anpil pou timoun yo pa janm wè youn ni kapab imajine li.

Si ou pa jwenn yon lam, fè de nan yon bristol blan yon kote gade bét ak animal yo (ou kapab fè li tou itilize revi yo oubyen ilistrasyon yo sou diferan animal: bèf, kochon, poul, bourik, elatriye).

Montre ilistrasyon an ak elèv yo, epi pale ak yo sou pak bét yo. Kèk kote jiska prezan yo itilize kèk kote pou gade animal yo.

Di yo ke nan istwa sa nou pral pale sou yon mirak ki te pase nan yon pak bét.

### **Bebe yo**

Chita ak timoun yo, epi pale ak yo sou ti moun ki fèk pran nesans yo. Si kèk nan yo gen ti frè, li pwobab ke yo konnen kisa ki rele genyen ak pran swen yon bebe lakay. Pèmèt ke yo dekri eksperyans yo, ak pale sou swen bebe yo dwe resevwa.

Yo kapab pale tou sou pwòp nesans yo, pa ekzanp ki kote yo fèt, kòman yo te swaye yo, elatriye.

Di yo: Nan istwa sa nou pral konnen yon bebe ki te fèt nan yon kote diferan kote otè ti moun pran nesans jodi a. Sa se yon nesans tre espesyal, paske li akonpli pwomès Bondye.

## BIB

Itilize aktivite sa pou ede timoun yo konnen istwa biblik la.

Pandan semèn lan, Fè desen sou yon bristòl Mari, Jozèf, bebe Jezi, yon bourik ak lòt animal ki nan pak la. Ba yo koulè epi koupe yo.

Avan klas la, kache yo epi, lè timoun yo prè pou tande istwa biblik la, chita avèk yo fòme yon sèk, epi mande senk volontè chèche desen yo nan salon klas la. Lè yo jwenn yo, montre yo epi di yo ke istwa biblik jodi a pral itilize foto sa yo pou aprann plis sou premye Nwèl.

## Istwa biblik

### Premye Nwèl

Yon jou, aprè women Ogis Seza te vle konnen kantite abitan rèy li a, epi li bay lòd pou chak moun retounen nan kote yo te pran nesans la pou yo pran non yo epi konte yo. Jozèf ak mari te ale Belen, paske se te kote Jozèf te fèt la. Mari te vwayaje sou yon bourik, sepan dan jozèf t'ap mache sou kote li.

Se te yon chemen long anpil pou rive Belen. An fen yo te rive, lè solèy la ta pral kouche. Jozèf t'ap prese pou li te jwenn yon chanm pou Mari te kapab repoze, pwiske li te déjà epwize nan vwayaj la paske li te preske le pou li te akouche.

—Dezole— Yo te di Jozef nan tout otel li te ale, pep la te plen yo ak moun ki vini pou resanse, yo tout te fatige epi pat rete chanm disponib.

—Mari te fatige epi li te ta —Jozef te di.

—Akonpanye m— te endike youn nan anplwaye yo.

—Ann swiv li— Yo te di Jozèf ak Mari. Pandan yo tap swiv anplwaye bèje a yo te kapab tande bri bèf yo ak Bourik yo.

—Sa se kote nou gade animal yo—anplwaye a te di—. Pay la swa, ou kapab rete isit la si nou vle.

Nwit sa Jezi te fèt. Mari te vlope bebe a nan yon panye pou li te ka chofe, epi li fè yon kabann enpwovize nan pak la pou yo repoze.

Mari ak Jozèf te kontan pou bebe a, yo te di mèsi a Bondye.

Answit yo te afime: “Li rele Jezi”. Sa se te non zanj Gabriyèl te di pou te ba li avan li te pran nesans.

Nwit sa se te premye Nwèl. Pitit Bondye a te rive nan mond sa pou sove nou de peche nou yo.

## KONEKSYON

Travay ak elèv yo aktivite sa yo pou ede yo relasyone verite biblik la nan lavi yo.

### Nesans Jezi

Remèt fèy aktivite yo epi ede timoun yo koupe de sèk ki figire a. Di yo koupe fenèt sèk kote tèks la ye. Pèmèt yo mete non yo nan sèk yo epi byen ranje yo youn sou lòt, pou tèks la rete nan pati siperyè a. Gen nan men ou yon kwochè metal oubyen soutyen gòj papye pou ini de kawoutchou nan mitan, menm jan endike nan ekzanz la. Envite elev ou yo repase istwa pandan y'ap itilize kawoutchou nowèl

### Kouwòn nwèl

Pou aktivite sa nou pral bezwen yon bristòl koulè vèt oubyen lòt papye rezistan menm koulè, kòl, sizo pwent won, kreyon ak yon riban koulè wouj.

Remèt chak manb klas ou a yon moso papye koulè vèt ak yon kreyon, epi endike yo tra se yon pòtre youn nan men yo ouvè. Lè yo fini, ede yo koupe tout ti men yo, si yo vle kapab dekore yo. Yo dwe mete non yo nan sant men an.

Prepare yon sèk papye, ki déjà koupe, ki gran pou ki kapab pèmèt tout men elèv yo rete. Lè yo prè epi koupe yo kole yo nan sèk la depi nan baz men yo fòme yon kouwòn. Li enpòtan ke tout ti men yo kapab byen rasanble pou kouwòn limyè a meyè.

Pou tèmine, dekore kouwòn nwèl la ak yon bagèt wouj nan pati siperyè a, epi mete li yon kote ki vizib nan salon an.

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

Mande timoun yo fòme yon sèk andedan salon nan klas yo bese men yo mete sou jenou yo.

Mache nan sèk la epi, touche do youn nan yo, ou ta dwe redrese leve men yo anlè epi di tèks biblik la ansanm ak ou. Repete aksyon an jikaske tout patisipe.

### POU FINI

Chak dimanch avanse plis selebrasyon Nwèl, epi se tan ki meyè pou prepare elèv yo, mansyone

Ak lòt yo kado lanmou Bondye atravè Pitit li Jezi. Ankouraje yo envite zanmi yo nan klas la.

Pa blyie poze yo kesyon si yo gen yen demann priyè epi entèsede ansanm ak yo.

Ti moun yo santi yo rekondôte lè yo konnen ke ou entèrese sou pwoblèm yo. Ekzote yo pou asiste pwochen klas la pou kontinye aprann sou bèle istwa Nwèl la..

## BÈJE YO ALE WÈ JEZI

### ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Lik 2:8-20.

**Objektif leson an:** Ke ti moun yo selebre avek jwa nesans Jezi.

**Tèks pou aprann:** *Men ki jan Bondye fe nou we li renmen nou. Li te voye sel Ptit li a sou la te poul te ka ban nou la vi* (1 Jan 4:9, RV60).



### PREPARE POU ANSEYE!

Nan tan sa Istwa Nwèl fè aparisyon li kèk pèsonaj enpòtan: bèje yo . Yo te konsidere yo kòm moun ak mwayen limite. Sepandan, li te chwazi moun sa yo kòm egzanp, pou yo te premye moun ki tandem gwo mèvèy nesans Jezi.

Levanjil Sen Lik se sèl li ki pale nou sou vizit zanj yo te fè bèje yo. Pandan nwit la, yo t'ap pwoteje troupo yo tou prè Belen, nan yon ti lokalite ki pat twò konnen.

Bètleyèm se te yon vil rich nan istwa. Rachèl, madanm Jakòb, yo te antere la lè sa vil la te rele Efrat. Se te tou vil Neyemi, Rit, Boaz. Se la pwofèt Samyèl te rankontre David, fiti wa Izrayèl. Miche te pwofetize menm Mesi a t'ap fèt bètleyèm.

Anons anj la te tre kle pou di yo ki moun Jezi te ye. Li rele "Sovè" epi "Kris Seyè a" (Sen Lik 2:11). Nesans li se te yon bòn nouvèl pou tout (v. 10), pa sèlman pou jwif yo plis pwisan. Nesans Jezi te yon bòn nouvèl pou tout moun, jiska sa ki plis imilye yo sou te a.

Anons zanj yo te fè ak bèje a yo kontinye jounen jodi a, ane a pre ane nou selebre gran glwa verite Jezi, Ptit Bondye, te vini nan mond sa pou sove nou de peche nou yo.

Fòm espontane kwè ak repons bèje yo se yon ekzanz pou nou.

### KONTÈKS

Ede élèv yo rann kont istwa nesans Jezi diferan istwa anpil ki sikile pou tandem Nwèl. Pa plenyen si timoun pi gran yo konbine evenman ak nesans Jezi ak lòt istwa oubyen kont sikile yo. Ankouraje yo eksperimante esperans, jwa ak gran respè bèje yo te santi lè yo tandem anons zanj la. Bondye prewokipe li pou tout moun, menm sa yo ki pa imilye yo.

Bèje yo pa te gen kado gran pri pou Jezi. Sa sèlman yo te genyen pou yo te ofri se te adorasyon.

Egal ak bèje yo, timoun yo anpil fwa yo pa genyen anpil lajan pou bay kado pandan epòk Nwèl la. Eseye yo konnen Bondye bay valè ak adorasyon ke yo ba li. Menm jan bèje yo te di bòn nouvèl yo, yo menm tou kapab rakonte zanmi yo ak fanmi yo enkonvenyan sou nesans Jezi.

Timoun piti yo konnen sa ki siyifi yon evanjelis oubyen yon predikatè; Sepandan, yo konnen yo kapab di lòt yo sa yo te aprann. Menm ak ti laj yo kapab yon pati enpòtan nan evolisyon levanjil la.

### DEVELOPMAN LESSON AN

#### Atansyon

Chwazi youn nan aktivite sa yo pou ede reveye enterè timoun yo nan leson jodi a epi prepare yo pou aprann verite biblik yo.

#### Yon nwit ranpli etwal

Fè yon desen nan yon bristòl etwal yo trè gran epi koupe yo. Remèt youn ak chak timoun epi pèmèt yo dekore ak peyèt, briyantin oubyen fòm senp desine yo ak koule dore oubyen jòn. Lè tout genyen etwal yo tèmine, pèmèt yo ekri non yo, epi kole yo nan salon an pou montre se nan nwit epi zetwal yo briye nan syel la..

Pale sou zetwal yo. E pale timoun yo sa yo se kreyasyon Bondye, li fè bèl syèl la pou solèy la kouche.

Di yo ke istwa sa pale yon bagay ki te pase yon nwit kote zetwal yo te briye plis ke janmè.

## Nou konnen yon bèje

Envite ak antisipasyon yon jèn nan legliz ou a pou degize yon pastè. Mande li pou li itilize yon abiman ansyen ak pote nan men li yon baton.

Li dwe transmèt ak timoun yo kisa bèje yo fè (pa ekzamp: pwoteje mouton yo, li defann yo kont tout animal fewòs, li chèche manje pou yo ak mennen yo bwè dlo). Bèje yo dwe travay anpil. Kèk fwa yo rete san dòmi pandan nwit pou pran swen troupo a.

Lè jèn nan fini patisipasyon li a, pèmèt gwoup la poze li kesyon ak pale ak li.

## BIB

Aktivite sa pral ede ou prezante istwa biblik jodi a.

## Istwa biblik

### Jwa bèje yo

Istwa te kòmanse yon nwit ranpli ak etwal. Kèk bèje t'ap siveye mouton yo lè, yon moman, syèl la te klere. Bèje yo leve zye yo epi yo te gen yon perèz. “Ki limye li te ye?”, yo youn tap di lot.

Yon zanj te di yo: “Nou pa bezwen pè, Bondye voye nou pou ba nou bòn nouvèl. Jodi a gen yon timoun espesyal ki fèt. Bebe sa se Ptit Bondye n'ap wè li nan twoupo kote yo gade bêt Bètleyèm. Bondye te voye nou ale bay bòn nouvèl la.”.

Yon ti tan syel la ranpli ak yon miltitud zanj ki komanse louwe Bondye yo tap di: “Glwa a Bondye ki pi wo a” (ankouraje fè l ak ou).

Paste yo te emosyone anpil ak kontan anpil pou nouvel la ke zanj yo te sot bay yo a, yo te di: “Ann ale Belen pou we sa ki pase a”. Yo te pran tout afe yo yo te pre pou ale we ti moun sa.

Lè yo te rive, yo te jwenn Mari, Jozèf ak bebe a Jezi. Se te menm jan zanj yo te di yo. Lè bèje yo wè sa yo pat kapab moman pou rakonte ak lòt yo sou Jezi, Ptit Bondye a.

## KONEKSYON

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou ede ti moun yo konekte verite biblik yo nan lavi chak jou.

## Chemen Bèje yo

Distribye fèy aktivite liv elèv la, ak chèche nan seksyon Koupi materyèl ki koresponn ak seksyon sa.

Pèmèt timoun yo koupe desen yo (Bèje yo, zanj yo, mouton yo) epi, Pandan y'ap repase istwa biblik la, mansyone ke yo dwe kole sen yo selon sa yo aprann jodi a.

Aprè sa, mande yo ak yon kreyon koulè swiv tras ke yo pote jis bebe Jezi.

### Zanj yo ak bèje yo

Bay elèv yo fèy Blanch, kreyon koulè ak plim oubyen fèt.

Mande yo, pou repase, fè desen kote zanj yo t'ap anonse bèje yo nesans Jezi. Lè yo fini yo kapab kole desen yo nan salón an, epi envite paran yo nan kongregasyon an vizite eksposizyon yo a. Timoun yo pral genyen pou chaj eksplike sa ki te pase nan vizit espesyal bèje yo te resevwa a.

## ANÈKS

### Tan pou priye

Priye dwe fè pati lavi chak jou preskolè yo. Epòk Nwèl ranpli la toujou ranpli ak kado epi jwèt. Se yon bon moman pou montre ke priyè se pa sèlman yon lis demann ak Bondye, sinon yon fòm pou komike ak li, remèsyé li louwe li. Kite elèv yo itilize pwòp pawòl pa yo pou priye. Entèsede pou demann priyè yo, epi bay gras ak Bondye paske li voye Jezi kòm Redanmtè epi Sovè.

## MEMORIZASYON

Ke ti moun yo chita pou fòme yon sèk. Chita nan sant ou menm. Voye yon boul mou anlè. Ti moun ki jwenn li dwe kanpe epi di tèks pou memorize a. Repete ekzèsis sa yon fason pou tout elèv yo patisipe. Ede lòt sa ki pi piti yo ki genyen difikilte ak memorizasyon.

## POU FINI

Pou fini, priye bay gras ak Bondye pou twochen selebrasyon Nwèl la. Louwe li pou Jezi li voye kòm yon kado lanmou pou nou, epi mande li ede chak elèv yo pou rakonte ak lòt istwa Nwèl la.

Fini pandan w'ap chante yon chan Nwèl.

# SIMEYON EPI ANA WÈ PITIT BONDYE A



## ASPÈ JENERAL

**Baz biblik:** Lik 2:21-38.

**Objektif leson an:** Anseye preskole yo ke yo dwe bay Bondye mesi pou Pitit li Jezi li voye.

**Tèks pou aprann:** *Men ki jan Bondye fè nou wè li renmen nou. Li te voye sèl Pitit li a sou la tè pou l te ka ban nou la vi* (1 Jan 4:9, RV60).

## PREPARE POU ANSEYE!

Objektif Jozèf ak Mari nan vwayaj ale Jerizalèm se te pou prezante Jezi nan tanp la. Selon abitud jwif yo, sa te dwe reyalize 40 jou aprè nesans. Yo te pòv, pou rezon sa yo te pote pou sakrifye nan tanp Jerizalèm la yon senp ofrann de toutrèl oswa de pison. Se te pati nan koutim relijwon konsakre yo ak premye pitit yo pou sèvi Bondye. Simeyon te Fidèl nan sèvi Bondye. Bondye te pwomèt li p'ap mouri jiskaske li va wè Mesi a ak Je li. Pa mwayen Sentespri, Seyè a te ba li yon siyal espesyal, yon fason pou li te rekonèt Kris la.

Ana se te pwofèt, li t'ap viv nan tanp la epi li te adore Bondye jou ak nwit, ak jèn epi priye. Imagine jwa Simon ak Ana lè yo te wè Jezi. Yo te kontan anpil ak rekonesans pou Bondye paske li te revele yo Mesi a n'an fason sa.

Eske ou kapab santi menm jwa ke yo te santi a lè yo wè Jezi, Mesi a? Eske li di Bondye mèsi ak Bondye paske li te revele Jezi yon fason pèsonèl? Ke rekonesans ou ak espri louwanj ou pral anime timoun yo rekonesan ak Bondye.

## KONTÈKS

Ogmante devlopman espirityèl timoun yo, fè yo kwè nan sajès ak obeyisans, menm jan Jezi te fè. Ede yo kwè yo menm tou kapab swiv ekzanp li pou pran desizyon korèk yo.

Ekzanp Simeyon ak Ana pral itil pou anseye preskolè yo jwa ak rekonesans ke yo dwe genyen nan kè yo pou konnen Jezi kòm sovè pèsonèl yo. Timoun yo manifeste yon gran jwa pou fete Nwèl la. Leson jodi a se yon gran istwa ki rakonte nou sou lè Kris la fêt. Ra pwoche lesон sa ak yon santiman fêt ak jwa.

Simon ak Ana te di Bondye mèsi pou chans yo te genyen pou te wè Mesi a nan tanp la. Reflechi sou dinamik klas ou a.

Èske ou kapab gade yon santiman remèsiman ak louwanj nan elèv yo? Èske yo di Bondye mèsi pou Jezi?

Nan aprantisaj kat istwa sa yo, ti moun yo dwe kapab rakonte yon gran pati nan istwa nwèl la. Tande pandan y'ap rakonte ou istwa sa a.

## DEVELOPMAN LESSON AN

### Atansyon

Chwazi nan aktivite sa yo sa ki ede yo reveye enterè timoun yo ak prepare yo pou aprann verite biblik yo leson sa.

### Jwèt nwèl

Fòme de group timoun, poze yo kesyon repase sou leson pase yo. Group ki reponn korèk la genyen senk pwen, group ki rive genyen plis kantite pwen an se li ki champion. Prepare yon bann kesyon ki asosye ak tout tèm ki relasyone ak kontni biblik leson pase yo.

Si ou vle, ou kapab bay yon bagay senp kòm prim ak ekip ki genyen an.

### Simeyon ak Ana

Pandan semèn nan, ekri lèt ki fòme non Simeyon ak Ana nan kat (Itilize yon kat pou chak lèt). Melanje yo epi kole yo sou yon etap nan salon an. Mande plizyè volontè ranje yo pou fòme non yo. Ba yo tan pou yo tout tante. Lè non yo prè, kole yo nan kote ki vizib nan salon an.

Reyini elèv yo epi di yo: Sa yo se non pèsonaj biblik ki te renmen Bondye epi ki te kontan pou nesans Jezi. Nan istwa jodi a nou pral aprann plis sou yo.

### BIB

Aktivite sa yo pral sèvi yo pou anseye verite biblik ak elèv ou yo.

### Simeyon ak Ana we Jezi

Fè yon poupe ti bebe epi kenbe nan bra yo. Rasable timoun yo nan zòn nan istwa

biblik deziyen epi di yo: Lè Jezi te sou sis semèn anviwon depi li te fin fêt, paran li mennen l 'nan tanp lan prezante li. Sa de moun ki te renmen Bondye anpil te, epi yo te tann lontan yo pou te wè Pitit Bondye a. Jezi te yon ti bebe.

Pèmèt chak timoun yo kenbe poupe a ak mache nan sal la. Pandan ke tout ap fè l di: Jodi a nou chèche konnen sa ki te pase lè Simeyon ak Ana te wè tibebe Jezi nan tanp lan.

## Istwa Biblik

### Simeyon ak Ana di Bondye mèsi

“Jozèf,” te di Mari, “Jodi a se jou a ke nou dwe pote Jezi nan tanp Jerizalèm lan.”

“Wi,” Jozèf te di, “Jodi a n'ap pote li pou di Bondye mèsi paske li te fêt.”

Se konsa, yo chaje sak yo pou vwayaj Jerizalèm, kote yo jwenn tanp la. Moun yo te ale la pou yo adore Bondye, menm fason nou fè kounye a la.

Lè Mari, Jozèf ak tibebe Jezi te nan tanp lan, yo te rankontre yon nonm ki fin vye granmoun ki te renmen Bondye. Non li te Simeyon. Anpil ane anvan Bondye te pwomèt li la konnen Pitit gason li a. Epi, koulye a, lè li wè Jezi, li konfime atravè Sentespri a ke li se Mesi a ke yo te ap tann depi lontan an.

Lè Simeyon te wè Mari, Jozèf ak Jezi li te kontan anpil. Li pran timoun lan nan bra l, li di Bondye mèsi li di: “Mèsi Bondye pou Pitit ou Jezi. Kounye a mwen wè Sila a ki pral pote Sali.”

Mari ak Jozèf tap tandem sa Simeyon te di yo.

Yon fanm yo te rele Ana te rete nan tanp lan epi li te renmen Bondye. Lè li te wè Jezi, li te remèsyé Bondye li di, “Mèsi Bondye pou Jezi!”

Simeyon ak Ana te trè kontan wè tibebe Jezi. Apre sa, yo di Bondye mèsi pou privilej pou yo konnen Mesi a, Sovè a nan mond lan.

## KONEKSYON

Chwazi nenpòt nan aktivite sa yo pou timoun yo gen rapò verite biblik la nan lavi yo.

### Simeyon ak Ana di Bondye mèsi

Distribye fèy travay la pou sa a aktivite leson, ak ede timoun yo nan pliye papye yo nan mwatyé, se konsa ke figi a nan Simeyon ak Anna, paran yo nan Jezi te leve.

Di: Simeyon ak Anna te remèsyé Bondye pou Pitit Gason 1 lan Jezi. Ki jan yo te santi

yo lè yo te wè? (Kite timoun yo reponn.)

Ede yo koupe desen bwat nan mitan an vètikal, jan yo montre nan egzanp lan nan liv la, epi fè ranpa yo louvri pòt yo. Di: Ou kapab tou fè lwanj Bondye.

Bondye envite yo fè desen nan vid la yon fason kote yo ka di Seyè a mèsi.

## Chan nwèl

Fòme yon sèk ak psalmodye Nwèl chan. Si ou gen

enstriman mizik (tanbou, klòch, klikti, elatriye), pèmèt elèv yo sèvi ak akonpalye korral yo. Fè yo sonje ke yon fason pou remèsyé Bondye pou kado a nan Jezi se chante fè lwanj.

## Kat nwèl

Prepare materyèl avèk antisipasyon. Wap bezwen bristòl Blanch oubyen fèy papye, anvlòp, figi, koupi motif nwèl, kòl, sizo avèk pwen won, band koulè, briyantin, makè e kèk bagay pou kolore.

Remèt elèv yo fèy yo oswa bristòl koupe yo nan gwosè yon fèy lèt. Mande yo fabrike yon kat nwèl pou paran yo, gran papa yo oubyen moun yo dezire. Yo kapab itilize tout materyèl yo bezwen pou dekore kat yo ak plezi. Lè yo fini, ba yo tan pou yo ekri tèks pou aprann yon mesaj. Y'ap sere kat yo nan yon anvlòp e timoun yo ap pote yo lakay pou ofri yo.

## ANÈKS

### MEMORIZASYON

Sa se dènye leson inite a e, li plis faktib ke majorite elèv yo te aprann tèks pa kè a. Si li posib, konvèse ak bèje yo pou elèv yo reSITE tèks la e y'ap mansyone ansèyman inite sa a nan kongregasyon an pandan sèvis la.

### POU FINI

Pou kapab nan dènye leson liv sa a, prepare yon rekonesans ak elèv yo pou efò yo pandan tout ane travay la. Sonje ke tout ansèyman verite biblik yo te aprann yo ke Bondye vle pou yo aplike nan lavi yo.

Y'ap priye pandan y'ap bay Bondye remèsiman pou kado Jezi kòm sovè e Wa. Remèsyé li tou pou ane travay nan klas la, entèsedè pou demand yo ke yo te mansyone yo.

Si ou dezire, ou kapab organize yon fèt nwèl yon fason pou kilmine ane a. Pa sispann priye pou elèv yo ak pwokire devlopman espirityèl yo.

## ***Materyèl edikasyon kretyèn pou timoun***

Kay Nazareyen prezante Biblikasyon ak satisfaksyon koleksyon konplè liv edikasyon Kretyèn.

Yo fèt pou pwofèse timoun ak pou elèv de 4 a 11 laj ane .

Timoun yo pral aprann leson Bib yo selon laj yo. Epi, lè yo tèmine ane lekòl primè yo, y'ap gen pakou pwovokan istwa biblik yo, menm jan ak divès tèm apwopriye pou chak etap anfans preadolesan.

Materyèl sa desine difran danje pou atenn yon lavi sen. Li gen misyon klè e posib.

Liv mèt la ap ede ou ekipe kiyès ki gen bèl devwa pou kondi timoun pou yo konekte ak mesaj k'ap chanje lavi yo pou toujou.

Nan pwomouvwa timoun nan laj imedyat —an akò ak laj yo —, sa ap etidye sèlman yon fwa chak liv yo. Lè ou rive nan laj 12 ane —si ou te kòmanse avèk premye liv la. W'ap etidye wit liv nan koleksyon presye.

Liv yo fèt pou ke yo itilize nan lekòl dominikal, lè erè yo, lekòl biblik jou samdi yo, klèb timoun, fè disip nan lekòl yo an general.

Seri sa a vize:

- a. Defye timoun yo aprann pawòl Bondye.
- b. Pèmèt ke yo gen eksperyans kretyen yo grandi tankou Pitit Bondye.
- c. Grandi lafwa yo.
- d. Gide yo pou yo aksepte Jezi kòm sovè ak Seyè yo.
- e. Rive fè pati kominate lafwa a, legliz la.

Tab sa pral ede yo idantifye liv ki koresponn an akò ak laj elèv yo:

Preskolè —4 ak 5 ane laj (Ane / liv 1 ak 2).

Debutan —6 ak 8 ane laj (Ane / liv 1, 2 ak 3).

Pawòl lavi (preadolesan) —9 ak 11 ane laj (Ane / liv 1, 2 ak 3).



# PreSkole

Konpliman paske w te chwazi Lekòl Matènèl Ane 1!

Chè pwofesè, w ap jwenn bèl leson nan liv sa a pou yon ane.

Pratik pou anseye ak leson ilistre yo pral ede ou dekouvri, ansanm ak preskolè yo, verite tou nèf yo ki nan pawòl Bondye a ak pèsonaj biblik ke nou admire anpil yo.

Koleksyon liv sa a yo, pou oumenm ak elèv ou yo, pral sèvi nou kòm yon bon gid se pa sèlman pou klas lekòl di dimanch yo, men tou pou moman kè kontan yo, klèb timoun yo, klas edikasyon kretyen chak semèn yo ak nenpòt kalite fòm ke w vle adapte a.

Ekip KPN priye pou w kapab santi w enspire lè w'ap anseye istwa biblilik yo ki pap defye yon lavi kretyen ki an viktwa.



Edikasyon Kretyèn pou  
Timoun yo